TIDAK DIPERJUALBELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2011

Tetekon Padalangan Sunda



PNRI
Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

TETEKON PADALANGAN SUNDA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

TIDAK DIPERJUALBELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2011

Tetekon Padalangan Sunda

Patokan Padalangan Sunda
Sejak Priangan

Disusun ku: Atik Soepandi

Perpustakaan Nasional
Republik Indonesia
Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PIHATUR

Tetekon Padalangan Sunda, rakitan Atik Soepandi medar tatacara ngadalang nu geus ngabahu ditatar Sunda tug nepi ka kiwari.

Seni padalangan Priangan kaasup seni budaya bangsa Indonesia nu kudu dijaga kalestarianana sangkan ulah kalindih ku kabudayaan Barai. Seni budaya urang kiwari ditangtayungan ku undang-undang Nagara.

Kumaha tatacarana, undak usuk basana, kakawenna, igelna nu diiring gamelan, kilisik kawihna nu dibarengan keset rebab, jeung direuah-reuah sora celempungan, eta kabeh dibeberkeun ku Atik Soepandi dina ieu buku anggitananan.

Pikeun ngajaga kalestarian budaya bangsa jeung sastra Sunda, nya para nonoman kiwari nu kudu matekar ngajaga, rearing sangkan budaya buhun paninggalan para luluhur tetep tagen teu galideur.

Baiai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Penganteur

Sababaraha taun katukang Balai Pustaka ngayakeun rempugan jeung SENAWANGI pikeun nyitak naskah Pathokan Padalangan Gagrak Banyumas. Iwal ti nerbitkeun buku padalangan oge pikeun mikadedeuh jeung ngalestarikeun warisan budaya buhun.

Umumna di tatar Pulo Jawa, aya aneka ragam corak patokan padalangan. Aya model gagrak Surakarta, gagrak Yogyakarta, gagrak Pasundan, gagrak Cirebonan jeung gagrak Jawi Wetanan sakabehna masih keneh saruntagan tina puhuna.

Aya sababaraha hal nu perlu ditalungtik keur nerbitkeun buku padalangan nu diserat ku para susastra sunda pikeun ngajungjung luhur seni budaya bangsa.

Sena Wangi ngahaturkeun panuhun ka Atik Soepandi nu tos kersa ngangkit Tetekon Padalangan Sunda sejak Priangan nu baris dikaluarkeun jeung dicitak ku Balai Pustaka.

Mudah-mudahan sagala nu disajikeun tiasa ngajadikeun kamangpaatana. Amin.

Sena Wangi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PANGJAJAP

Lamun nitenan pidangan wayang golek ayeuna, loba pisan patokan anu geus teu dipalire ku para dalang, anu ngalantarankeun mundurna ajen seni padalangan/pawayangan di urang. Pangpangna para dalang angkatan ngora anu kurang motekar jeung anu teu puguh jujutanana anu karitu teh. Kode etik padalangan, susunan bedripan, carita, cepeng wayang, suluk/ kakawen, antawacana, basa jeung sastra padalangan, karawitan padalangan, drama padalangan, loba nu kurang merhatikeun, ingkar tina tetekon garapan padalangan bihari. Padahal ajen-ajen seni padalangan teh, gumantung kana komponen-komponen anu di luhur.

Ku lantaran kitu, perelu pisan nyatet komponen-komponen tadi teh, sangkan ulah leungit kabawà ku nu naratasna miheulaan balik ka alam kalanggengan. Sekretariat Nasional Pewayangan Indonesia (SENAWANGI) nunjuk nu nulis sangkan nyusun naskah Patokan Padalangan Sunda Sejak Priangan.

Ari eusina ieu buku/naskah teh di antarana: Sajarah jeung mekarna Padalangan di Priangan, ngawengku Pra Sajarah, mundurna ajen seni padalangan, usaha geusan ngaronjatkeun ajen seni padalangan. Sarta dina bab "Patokan Padalangan" medarkeun: Kode etik Padalangan, Carita, bedripan, cepeng wayang, Basa jeung sastra Padalangan, Antawacana, Karawitan Padalangan jeung Drama Padalangan. Ari dina pamungkas, nya eta dina bab Silsilah wayang ngarangkum: gagaman jeung padumukan wayang-wayang, berendelan riwayat hirup di antara para dalang, berendelan para dalang pinilih.

Samemeh nyusun ieu buku, nu nulis ngayakeun heula panalungtikan, ngalenyepan kaset-kaset, ngungkaban buku-buku, wawan-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

cara jeung para inohong, nyaksian pintonan-pintonan wayang sarta nyusun angket, pikeun bahan olaheun jeung susuneun.

Sok sanajan geus ngajalankeun rupa-rupa akal-tarekah, malar ieu buku teh mundel eusina, merele pedaranana, alus basana dumasar kana undak-usuk basa, ngiker-ngiker aturan-aturan, kaharti ku anu maraca. Tapi ku sabab nu nulis masih keneh bau-jaringao sarta kauger ku waktu jeung waragad, teu munasabah upama ieu buku teh loba kakuranganana sarta jauh tina udagan nu dipiharep. Ku lantaran kitu, ka sugri anu mere saran-saran atawa katerangan-katerangan geusan ngalengkepan, nyarungsum kana kakurangan ieu buku, nu nulis kacida nganuhunkeunana.

Nya kitu deui ka anu geus mere pituduh, luang pangalaman jeung pangaweruhna, sarta kanu mere bahan-bahan olaheun jeung ka anu ngarojong, ngadeudeul nepi ka ngawujudna ieu buku, nu nulis kacida tumarimana jeung nganuhunkeun pisan. Upadi ka SENAWANGI mah geus jentre, nu nitahna sarta ner-bitkeunana.

Bobot sapanon carang sapakan, nyanggakeun, geusan guareun, sungsieun jeung ulikeun anu sapandeurieun.

Bandung 1982

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

DAFTAR EUSI

Pihatur 5

PANGJAJAP

BAB I : PURWAKA 13

A. KASANG TUKANG 13
1. Dasar Pamjkiran 13
2. Kasulitan anu disanghareupan 14
3. Usaha ngurangan kasulitan 15
B. TUJUAN NYUSUN BUKU 17
1. Tujuan Umum 18
2. Tujuan Khusus 18
C. UGERAN PEDARAN 18
1. Wewengkon 19
2. Aspek-aspek nu rek diguar 19
D. CARA NGUMPULKEUN BAHAN 19
1. Kapustakaan 19
2. Ngayakeun Panalungtikan 20
3. Muter jeung ngalenyepan rekaman-rekaman 20
4. Conto-conto garapan 21

BAB II : SAJARAH JEUNG MEKARNA PADALANGAN PRIANGAN 22

A. PRA SAJARAH 23
1. Alam Animisme jeung Dinamisme 23
2. Alam Hindu 25
3. Alam Islam 28
B. MEKARNA DALANG DI PRIANGAN .. 32

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

C. MUNDURNA AJEN SENI PADALANGAN DI PRIANGAN 51
1. Pribadi dalang sorangan 52
2. Pangaruh Kasenian deungeun 57
3. Pangaruh Tehnik Modern 58
4. Lingkungan Masyarakat 60
D. USAHA GEUSAN NINGKATKEUN AJEN SENI 61
1. Panataran 61
2. Binojakrama Padalangan 62
3. Sawala 63
4. Buku-buku 64
5. Pakumpulan/Organisasi 65
6. Pagelaran 72
7. Panalungtikan 72

BAB III : PATOKAN PADALANGAN SUNDA SEJAK PRIANGAN 74

A. KODE ETIKA PADALANGAN 74
1. Kode Etik Seniman/Seniwati Padalangan 74
2. Panca Curiga 77
3. Tetekon Padalangan 80
B. CARITA/LALAKON 81
1. Babad Loka Pala 82
2. Ramayana 84
3. Mahabarata 87
C. SUSUNAN BENDRIPAN/BABAK 97
1. Tatalu 97
2. Jejer 98
3. Paseban Jawi 98
4. Jaranan 98
5. Bebegalan 99
6. Nagara Sejen 99
7. Perang Kembang 99

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

8. Patapan 99
9. Nagara Sejen 100
10. Nagara Jawastina 100
11. Widarba 101
12. Di Kaputren Widarba 101
13. Perang Ruket 101
D. CEPENG WAYANG 101
1. Ngigelkeun Wayang 102
2. Merangkeun Wayang 110
3. Gerakan Kuda 113
4. Ngagerakkeun Gugunungan U4
5. Ngagerakkeun Rerempah H4
E. BASA JEUNG SASTRA PADALANGAN 114
1. Murwa 114
2. Nyandra 121
3. Kakawen 137
4. Sendon 150
5. Pagurieman 151
6. Rumpaka Lagu 160
F. ANTAWACANA 173
1. Warna Sora 173
2. Surupan 177
3. Logat 179
G. KARAWITAN PADALANGAN 182
1. Susunan Waditra 183
2. Susunan Gending 185
3. Jalanna Gending 187
4. Nambang larasna Gending 188
5. Surupan, Patet jeung Lagon 189
6. Cempala jeung Kecrek 193
7. Kakawen 197
H. DRAMA PADALANGAN 201
1. Teori Penyutradaraan 202
2. Seni Peran/Acting 206
3. Diksi 208
4. Kontruksi Pentas 209

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

BAB IV : SILSILAH 204
A. PADUMUKAN WAYANG-WAYANG ... 204
B. SANJATA/GAGAMAN WAYANG 224
C. SILSILAH WAYANG-WAYANG 232
D. SILSILAH PARA DALANG 238
E. DAFTAR RIWAYAT HIRUP PARA DALANG 245
F. DAFTAR PARA DALANG PINILIH 294
BAB V : KACINDEKAN-KACINDEKAN 295
DAFTAR BACAAN 304
DAFTAR NU MERE KATERANGAN/INFORMAN 305
LAMPIRAN-LAMPIRAN: 307
1. Pasemon-pasemon Wayang Golek di Priangan 307
2. Gending-gending pamirig Wayang Golek di Priangan ... 309
3. Daftar di antara para dalang Priangan nu kungsi kasohor 311
4. Titi laras Gending-gending 321

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

BAB I
PURWAKA

A. KASANGTUKANG

1. Dasar Pamikiran

Dina Undang-Undang Dasar 45-nya eta dina ngajentrekeun pasal 32 ayat ***2,*** anu unina kieu:

> ***"Kebudayaan bangsa ialah kebudayaan yang timbuì sebagai usaha budi rakyat Indonesia seluruhnya. Kebudayaan lama dan asli yang terdapat sebagai puncak-puncak kebudayaan di daerah-daerah di seluruh Indonesia terhitung sebagai kebudayaan bangsa. Usaha kebudayaan harus menuju ke arah kemajuan adab, budaya, dan persatuan, dengan tidak menolak bahan-bahan baru dari kebudayaan asing yang dapat memperkembangkan atau memperkaya kebudayaan bangsa sendiri, serta mempertinggi derajat kemanusiaan bangsa Indonesia"!).***

Nya kitu deui dina "Pola Umum Pelita Ketiga" aya kalimah-kalimah kieu:

> ***"Nilai budaya Indonesia terus dibina dan dikembangkan guna memperkuat kepribadian bangsa, mempertebal rasa harga diri dan kebangsaan nasional serta memperkokoh jiwa kesatuan nasional. Kebudayaan nasional terus dibina atas dasar norma-norma Panca Sila dan diarahkan kepada penerapan nilai-nilai yang tetap mencerminkan kepribadian bangsa dan meningkatkan nilai-nilai yang luhur. Dalam pada itu perlu ditiadakan dan dicegah nilai-nilai sosial budaya yang bersifat feodal dan kedaerahan yang sempit"2).***

Lamun urang bener-bener ngalelekan kalimah-kalimah di luhur tetela yen urang teh kaasup seler bangsa mibanda ajen diri pikareueuseun, anu kudu terus dimumule geusan nanjeurkeun jeung mencarkeun ajen-ajen seni budaya luluhur urang, bakal katembong ku bangsa deungeun yen bangsa urang teh nyampak

1) Undang-Undang Dasar 45, jeung Garis-Garis Besar Haluan Negara, kaca 20.
2) , kaca 80

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pangadiwasa bangsa jeung kabudayaan anu nyongcolang ti bangsa-bangsa lianna.

Seni Padalangan/Pawayangan anu nyampak di sakuliah Indonesia mangrupa salah-sahiji kebudayaan karuhun urang kaasup anu kudu terus dijaga, dipiara sarta disina mekar ajen-ajen senina. Sok komo pintonan Wayang Golek Jawa Barat sejak Priangan mah rek ku saha deui diraksa, diriksa, jeung dironjatkeun harkat darajatna salian ti ku urang, bisi katanyaan ku seler-seler nu bakal datang. Lamun urang pageuh mibanda ieu warisan bari dibarengan ku mere luang jeung pituduh, kalawan nancebkeun ajen seni nu mandiri, tinangtu età barang warisan teh bakal didama-dama, diguar sarta dipireueus ku generasi sapandeurieun. Geus kitu mah ajen seni karuhun urang teh bakal tetep renggenek moal luntur ku usum moal laas ku mangsa.

2. Kasulitan anu disanghareupan

Dina waktu sapuluh taun ka tukang, masih keneh karasa ni'matna pidangan Wayang Golek Purwa teh. Asa loba pulunganeunana, tina basana, lalaguanana, bobodoronana, papatahna, pon kitu deui ibinganana. Estu matak deudeungdeuleueun jeung matak gantung denge, sabada lalajo pintonan Wayang Golek garapan dalang waktu harita. Upadi dina mangsa hudang lulungu keneh lantaran sapeuting jeput lalajo kacida pogotna, da età mah sapari-polah wayang-wayang ¿anu dipidangkeun ku età dalang teu weleh ngalangkang dina ciptaan. Nya kitu deui haleuangna juru kawih anu nambahan sambara kana età pidangan, dedengeeun wae. Sora tatabeuhan, kolearna rebab, ngungkungna sora goong, gulipekna kendang, ngopepangna gambang, galecokna sora saron, ngocomangna bonang, katut tingarenitna sora rincik jeung peking, asa nyelap wae dina ceuli. Età kabeh netelakeun yen seni padalangan urang teh ngabogaan ajen seni nu mandiri.

Para dalang, juru kawih katut para juru gending jaman harita mah pada ngarasa bagja, yen hirupna bisa mere kani'matan ka anu lalajo sajaba ti bisa nyumponan pangabutuh rumah tanggana tina età pagawean, nu ngalantarankeun ngarasa reueusna kana età puhitan jeung garapan. Jaba ti kitu, teu saeutik di antara para

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dalang anu dipikolot, diparentaan luang katut pangaweruhna boh kalahiran boh kabatinan, anu antukna kalungguhan para dalang pada ngajenan. Kalungguhan para dalang ayeuna kacida pikawatireunana. Tong boro para dalang anu tahapan dialajar keneh, dalah para dalang anu geus "maroyan" oge langka anu nampa panyeureuhan/panjeran tina manggungna t.eh. Hal ieu dilantarankeun ku kurangna masyarakat anu mikaresep kana wayang. Angot para nonoman ayeuna mah, leuwih mikaresep kana kesenian deungeun apan. Cindekna padalangan urang kiwari geus narik kolot, suda nu mikaheman.

Nyorosodna nu mikaresep kana seni padalangan di urang, sabab loba dalang anu teu puguh jujutanana, tegesna teu puguh guruna. Teu saeutik para dalang di urang anu naroong ti kolong, da kapaksa ku pangabutuh. Ari rek ngaguru teu wasa ku kaera, katurug-turug taya waragad, jeung waktu anu kacida samporetna. Ku sabab bisa ngadaralangna teh ngan saukur satimu-timu, ku hayang buru-buru manggung, balukarna ajen seni padalangan/pawayangan di urang teh nyorosod pisan.

Loba anu nyebutkeun yen dalang urang kiwari mah geus euweuh pulunganeunana. Arek nitenan jalan caritana geus teu puguh leunjeuranana, rek ngabandungan obrolanana/pagunemanana/antawacanana teu uni jejer anu dibahasna, bari teu merenah larap basana deuih. Mun ngadengekeun kakawen atawa sulukna, geus pasolengkrah; hayang ngalenyepan dramana jeung karawitanana beunang disebutkeun geus awut-awutan, ibinganana geus teu nurutkeun wanda, dina merangkeunana oge padu gapruk wae. Tah ieu pisan anu jadi masalah, anu kudu buru-buru dilelempeng teh, malar ajen seni padalangan/pawayangan di urang ngaronjat deui.

3. Usaha ngurangan kasulitan

Ayeuna urang tinggal barempug, kumaha carana sangkan kakurangan di luhur bisa ngurangan. Upamana; kumaha malar para dalang ngora ngalarapkeun undak-usuk basa, carita anu ngaguluyur, kakawen ninggang kana wirahma jeung surupanana, karawitan piriganana merenah, drama padalanganana hirup jeung

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sieup, igelanana payus, ngabojegna nyari henteu camplang, jeung rea-rea deui.

Sabenerna mah pamarentah geus ngayakeun rupa-rupa akal-tarekah sangkan ajen seni padalangan/pawayangan di urang tetep dina kaayaan hirup-hurip. Di antara akal tarekah anú geus di-jalankeun nya età:

a. Binojakrama Padalangan

Mimitina mah Binojakrama Padalangan teh mangrupa riungan macangkrama balakecrakanana para dalang, juru sekar, nayaga, jeung para tokoh padalangan geusan mieling ngawujudna Yayas-an Padalangan Pusat Jawa Barat. Dina età riungan teh ngobrol-keun atawa mintonkeun pangaweruh, pangalamanana, atawa kaparigelanana dina widang pawayangan di daerahna masing-masing. Tapi lila-lila sifatna jadi pasanggiri, sing saha anu jadi "rombongan pinilih bakal ngaboyong Bokor Emas ASTA-GINA".

Ku ayana età garapan, di daerah-daerah ubyag ngayakeun usaha geusan ngaronjatkeun jeung ngareka pidangan Wayang Golek, pada hayang nembongkeun wewesenna dina mangsa bino-jakrama. Nepi ka waktu ieu età bokor teh geus ngacacang ka saban kabupaten jeung kotamadya sa-Jawa Barat.

Tapi matak hanjakal, maranehanana ngayakeun usaha pikeun ngahontal cita-citana teh ukur saharitaeun wungkul, henteu di-jadikeun garapan anu mayeng; padahal lamun terus-terusan mah ngayakeun latihan geusan ngaronjatkeun kaparigelan, piraku teu matak onjoy ti anu lian.

b. Panataran

Garapan sejen pikeun ngaronjatkeun kaparigelan jeung pangaweruh padalangan, pamarentah ngayakeun panataran para dalang jeung juru kawih. Saperti anu geus dijalankeun sababaraha bulan ka tukang reh nyanghareupan Pamilu 1982, para dalang ditatar heula malar dina waktuna kampanye alus luwes nepi-keunana. Lain harita wae, tapi meh unggal taun pamarentah ngayakeun panataran para dalang. Tapi ku lantaran pangaruh

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

luar masih keneh kuat, hasil tina panataran teh ngan saukur ramang-ramang.

c. Sawala

Saben ngayakeun binojakrama, sok dibarengan ku sawala. Dina eta sawala teh, biasana ngabadamikeun kumaha jeung rek kamana kahirupan padalangan/pawayangan urang ayeuna? leu pasualan teu weleh jadi bahan utama dina unggal sawala. Hasil tins sawala karek ngawujud konsep anu kudu[r] dibebener deui, jeung kudu diajukeun ka anu boga wewenang. Jaba ti kitu teh loba hasil sawala anu kandeg lantaran taya waragad. Ahirna ngalengo ngadagoan bantuan ti pamarentah. Cindekna loba hasil-hasil sawala nu teu bisa dilaksanakeun atawa beunang disebutkeun ngabuntut bangkong.

d. Nyusun Buku/Diktat

Nepi ka mangsa ieu, buku padalangan di urang teh kakara karya M.A. Salmun jeung R.U. Partasuwanda, kitu oge geus euweuh beulieun lantaran di tokona geus beak, da panerbitna teu nyitak deui. Ku sabab eta aya nu usaha nyusun diktat padalangan boh dina basa Sunda boh dina basa Indonesia; di antarana kaluaran Proyek Penunjang Peningkatan Kebudayaan Jawa Barat jeung Lembaga Kesenian Bandung. Tapi matak hanjakal lantaran oplahna masih keneh kauger, katurug-turug teu aya di toko, jadi teu matak heran lamun loba para dalang anu teu mibanda eta diktat-diktat teh.

B. TUJUAN NYUSUN BUKU

Lamun urang rek nyusun buku kudu ngumpulkeun bahan-bahanna heula disambung ku ngokolakeunana. Eta bahan-bahan teh hasil tina panalungtikan-panalungtikan. Jadi nyusun buku teh dipitembeyan ku panalungtikan.

Tujuan panalungtikan jeung tujuan nyusun buku teh sajalan, nya kitu deui tujuan nyusun buku ieu anu diwangun ku 2 bagian:

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

1. Tujuan Umum

Ku ngawujudna buku Patokan Padalangan Sunda Gaya Priangan ieu, ngandung harti kapustakaan bakal nambahan jumlahna, hususna kapustakaan kabudayaan urang Sunda.

Sajaba ti eta nambahan bahan geusan guareun jeung cukcrukeun anu ngarora ka hareup. Saha nu terang di antara seler urang ka hareup aya anu boga hasrat geusan nalungtik data pawayangan/padalahgan, sarta kabeneran dina ieu buku dibere pituduh. Sugan wae ieu buku teh, mangrupa pamuka jalan pikeun incu buyut urang dina mangsa nu bakal datang.

2. Tujuan Khusus

Teu saeutik di antara para dalang anu kokotetengan neangan salah sahijisumber bacaan geusan kaperluan maranehanana dina pidangan Wayang Golek Purwa. Dina jaman ayeuna tea beunang disebutkeun jaman ilmiah. Asa moal salah-salah teuing lamun di antara para dalang teh, aya nu mibutuh kana pangaweruh, sarta kabeneran dina ieu buku geus kacatet.

Iwal ti kitu, ieu buku nuduhkeun yen padalangan/pawayangan urang teh ngabogaan patokan anu mandiri. Jadi anu rek ngagarap Wayang Golek teh ulah ngan dapon wae.

Tegesna mere titincakan ka sugri anu rek ngagarap wayang golek sejak Priangan sacara tradisi. Sok komo geusan para rumaja anu rek ngayakeun panalungtikan tina bab pawayangan/padalangan di Priangan, baris manggih pituduh tina eiu buku; nepi ka henteu poekeun teuing, Nya kitu deui pikeun para dalang anu mibutuh jeung mibanda pangaweruh.

C. UGERAN PEDARAN

Ari maksud mah hayang sakabeh unak-anik dina bab Padalangan/Pawayangan ditembrakkeun dina ieu buku. Tapi kulantaran kurang kamampuhan jeung waktu, dina ieu bahasan teh rek diuger wae, nya eta:

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

1. Wewengkon

Di luhur geus ditetepkeun yen bahasan padalangan/pawayangan teh ngan ukur sejak Priangan, anu ngawengku kabupaten jeung kodya Bandung, Kabupaten Garut, Kabupaten Ciamis, Kabupaten Sumedang, Kabupaten Tasikmalaya. Ku sabab kitu, bahan-bahan nu rek di.catetkeun di dieu ngan saukur pidangan wayang golek purwa nurutkeun daerah-daerah anu kasebut tadi. Kitu oge lamun daerah-daerah masih sawanda make sejak Priangan. Ari anu saluareun ti dinya mah ngan ukur dijadikeun bahan babandingan.

2. Aspek-aspek nu rek diguar

Sarerea geus pada terang, yen seni padalangan/pawayangan teh mangrupa pintonan diwangun ku sababaraha seni anu gumulung ngajadi hiji, kayaning seni ibing, seni sastra, seni karawitan, seni rupa, seni drama, jeung seni-seni sejenna. Kulantaran tadi oge geus disebutkeun yen sagala rupana oge kauger, atuh di dieu oge ngahaja rek diwatesanan tina:

a. *Seni Ibing:* ngarangkum; merangkeun wayang, ngigelkeun wayang, ngagerakkeun rerempah jeung gugunungan.
b. *Seni Sastra:* basa jeung sastra padalangan, ngurung rumpaka/kakawen, nyandra, murwa, antawacana katut palsafahna.
c. *Seni Karawitan:* nyakup seni sekar jeung seni gending.
d. *Seni Drama:* ngawengku teori panyutradaraan, acting jeung alur panggung.
e. *Seni Rupa:* ngawengtu tata busana, wanda jeung dedeg pangadeg wayang.

D. CARA NGUMPULKEUN BAHAN

Sakumaha biasana ngumpulkeun bahan anu reh disusun dijieun buku teh diwangun ku sababaraha cara, nya eta:

1. Kapustakaan

Salah sahiji usaha dina ngumpulkeun bahan nya eta sok dimimi-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tian ku ngungkaban buku-buku anu bakal ngabantu kana kalancaran garapan. Di dieu bahan-bahan bakal kapanggih, sok sanajan henteu nyugemakeun oge.

Buku-buku anu medar padalangan di urang teh kacida kurangna, ngan ukur buku padalangan karangan MA Salmun, RU Partasuwanda, Sacadibrata, pikeun ngalengkepanana kapaksa make buku-buku karangan nu lian, geusan bahan babandingan jeung guareun sarta olaheun. Perelean anu dijentrekeun referensi kacatet dina daftar pustaka

2. Ngayakeun Panalungtikan

Sanggeus meunang katerangan-katerangan atawa bahan-bahan tina kapustakaan, disambung ku ngayakeun panalungtikan ka saban daerah saperti daerah anu kaasup ka wewengkon Kabupaten jeung Kodya Bandung, Kabupaten Garut, Kabupaten Sumedang, Kabupaten Ciamis, jeung Kabupaten Tasikmalaya. Tapi teu sakabeh daerah anu kaasup wewengkon anu disebut tadi ditaiungtik, lantaran kauger ku waktu jeung >varagad tea. Cindekna dijojoan daerah-daerah anu katimbang jadi puseurna seni padalangan wae, anu di sungsi teh.

Ari bahan-bahan anu ditalungtik dumasar kana angket beunang nyieun samemeh ngayakeun panalungtikan.

3. Muter jeung ngalenyapan rekaman-rekaman

Keur ngalengkepan data tina kapustakaan jeung panalungtikan, ditambah ku hasil ngabandungan atawa ngadengekeun rekaman-rekaman kaset padalangan nu geus nyampak di Proyek Penunjang Peningkatan Kebudayaan Jawa Barat sarta kaset-kaset anu geus sumebar di toko-toko. Gending-gending pemirig wayang golek Purwa terus dinotasikeun, make anu geus ilahar di kalangan karawitan Sunda nya eta anggitan almarhum R. Machjar Angga Koesoemadinata anu nelah titilaras Daminatila.

Aya deui rekaman-rekaman nu mangrupa pangaweruh, nya eta rekaman sawala padalangan di Bale Endah dina taun 1980, ditambah ku rekaman saresehan padalangan sa-Jawa Barat dina taun 1976 di Bandung.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

4. Conto-conto Garapan

Sangkan leuwih lalugina, disarungsum deui ku conto-conto garapan ngawayang di antara para dalang anu geus kaasup alus tur merenah prakprakanana.

Sajaba ti cara-cara ngumpulkeun bahan-bahan atawa data saperti di luhur, dilengkepan ku tatanya ka para ahli dina widang padalangan/pawayangan, geusan nyacapkeun kapanasaran jeung nambahan bahan pikeun buku "Patokan Padalangan Jawa Barat Sejak Priangan" ieu.

Perlu ditembrakkeun di dieu yen dina raraga panalungtikan, make sarana nu jembar geusan ngumpulkeun data teh, lain ngan saukur alat-alat rekaman mangrupa potret jeung tape-racorder wungkul. Dina angket kudu murudul pertanyaan-pertanyaan ka para inohong teh dumasar kana bahan anu geus disadiakeun samemehna.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

BAB II

SAJARAH JEUNG MEKARNA PADALANGAN PRIANGAN

Kawasna kitu lumrahna mun urang ngadenge kecap "sajarah" bakal kasawang ulengna mikir, puyengna uteuk, jeung pakpik-pekna salah saurang ahli sajarah anu keur mukaan lambaran-lambaran bacaan alam ka tukang, bari kebek ku disiplin sajarah.

Eta tukang mikir teh bisa netelakeun kajadian-kajadian jeung sanggup nyinggetkeun masalah-masalah tina rentetanana kajadian, nepi ka bisa ngamasalahkeun antara dirina jeung ieu alam dunya.

Lamun ngingetkeun sawangan saperti di luhur, atuh moal nyumponan anu dimaksud ku ieu judul nya eta "Sajarah jeung Mekarna Padalangan Sejak Priangan".

Hai ieu dilantarankeun ku:

— Nepi ka waktu ieu can aya sarjana-sarjana urang anu nalungtik bener-bener tina widang sajarah padalangan di urang.
— Kapustakaan ngeunaan sajarah padalangan beuhang disebutkeun corengcang.
— Padalangan urang ngan sabagian leutik tina kabudayaan, anu geus tangtü pedaran sajarahna oge saukur pangeuyeub-euyeub wungkul, henteu husu sagemblengna.
— Hirupna padalangan di urang beunang disebutkeun kakara saumur jagong lamun dibandingkeun jeung hirupna kabudayaan di alam dunya.

Mun saukur bahan di luhur, pedaran masalahna teh ngan sakadar mangrupa catetan kajadian-kajadian dina padalangan urang. Tangtu perlu disarungsum deui, dirautan, jeung ditalungtik deui, ku anu sapandeurieun urang ka hareup.

Teu saeutik di antara anggota masyarakat urang anu boga anggapan yen seni padalangan/pawayangan di Pasundan teh asal-muasalna ti Jawa Tengah. Ieu anggapan dumasar kana kajadian

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dina sajarah, yen urang teh kungsi kaereh ku xMataram (Pasundan Eksi Ganda). Katurug-turug masih aya bukti-bukti anu nguat-keun, di antarana dina keufeutan beungeut wayang jeung makuta beunang nyonto tina wayang kulit. Bedana teh wayang golek mah dijieunna tina kai, ari wayang kulit nya tina kulit. Kakawen atawa suluk rrlasih keneh make Basa Jawa, da lamun teu kitu karasana camplang teu aya mamanisna. Nya kitu deui tina suai leunjeuran carita anu nyoko kumaha ceuk para Pujangga Jawa pangpangna Ranggawarsita. Jadi geus teu bisa mungkir deui yen seni padalangan/pawayangan di Priangan teh, jolna ti Jawa Tengah, anu ngaliwatan Tegal jeung Cirebon. Tapi sok sanajan kitu oge ulah diteureuy buleud satorojolna ti Jawa, lantaran ku urang Sunda oge diropea, diolah, disusurup, diluyukeun kana rasa Sunda jadina geus teu sarua deui jeung pintonan wayang kulit Jawa, dina harti pidangan wayang golek urang teh ngabogaan sejak mandiri.

Pikeun nyukcruk catetan kajadian-kajadian dina padalang-an/pawayangan teu aya salahna malah sakuduna lamun urang susud heula ti hulu-wotanana, ti Jawa Tengah. Kieu jujutanana:

A. PRA SAJARAH

Dina bahasan pra sajarah dibagi deui:

1. Alam Animisme jeung Dinamisme

Nurutkeun pamanggih Drs. Sudarsono, dina tahun 1500 S.M. geus kaasup kana jaman prasajarah pawayangan/padalangan.i) Harita karuhun urang masih muhit kapercayaan Animisme jeung Dinamisme, hartina percaya kana arwah-arwah para karuhun jeung percaya kana kakuatan gaib barang-barang pusaka, kaya-ning: ali, keris, isim, atawa jimat-jimat sejenna. Samalah nepi ka waktu ieu oge teu saeutik anggota masyarakat anu masih keneh percaya ayana lelembut anu ngancik dina batu, dina tangkal kai anu galede, dina tangkal caringin. Di antarana aya lelembut anu sok ngaganggu kana katentreman manusa. Nu matak loba jelema anu sarieun, lamun ngaliwat ka lebah eta tangkal atawa ka hiji

1) Drs. Soedarsono: Beberapa catatan tentang Seni Pertunjukan Indonesia, KONRI Yogyakarta, 1974, kaca 22.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tempat anu dianggap sanget. Rajeun wani sok dibarengan ku hiji barang panulakna, kayaning keris, sekin, ali, batu jeung rea-rea deui.

Keur nyingkahan tina bahía anu dilantarankeun ku arwah-arwah anu sok ngaganggu kana katentreman manusa harita, maranehna menta tulung ka roh-roh karuhunna. Para karuhun atawa karuhun anu diangkir linggih disadiakeun patempatanana anu disebut *unduk* di Jawa Tengah mah atawa Pratima di Bali (unduk nya eta jejelemaan leutik anu dijieun tina taneuh, parung-gu, beusi, atawa logam sejenna, pitempateun para karuhun anu rek dipentaan tulung tea). Ari anu ngalakukeun ngalinggihkeun arwah karuhun teh, nya eta *syaman* atawa *dukun* anu hadasna sarua jeung dalang, minangka cukang antara manusa jeun arwah tea.

Ayana unduk atawa pratima teh jadi bibit buit tina lahirna wayang, sabab luyu antara fungsi unduk atawa pratima jeung har-tina wayang (wa = wadah, yang = hyang) wadah atawa tempat linggihna para hyang (karuhun)2). Cindekna wayang dina waktu harita bisa dijieun sarana upacara panulak bahía. Ayeuna oge ka-jadian nu sarupa kitu teh aya keneh ngan pintonanana anu beda teh. Contona wae lamun aya budak nunggal, ugang-aging, budak kembar lalaki (pancuran emas), kembar awewe (talaga tangkal kausar), pandawa (anu ngabogaan budak lalaki 5) atawa pandawi (budak awewe 5), imah anyar, lembur anyar jeung rea-rea deui, kudu diruat make wayang atawa pantun. Sedengkeun dalang ngagem pancen saperti dukun atawa syaman tea nya éta nepikeun amanatna nu boga hadas ka karuhunna, samalah mah dalang teh sok terus ngadukun sagala rupa. Anu matak di Bali mah teu sam-barangan jelema nu jadi dalang teh "wungkul jalma anu asup kana kasta Brahmana". Cindekna sesa-sesa anggapan kana wayang paham animisme jeung dinamisme masih aya keneh ayeuna, kabuktian di kampung-kampung atawa di desa-desa anu muhit kana talari karuhun baheula.

Sedengkeun carita-carita wayang samemeh Hindú datang ka urang di antarana Sri Sadana, Makukuhan, Sri Pohaci nya eta

2) Akip Prawirasuganda: Gelarna Wayang, Budaya Sunda, No. 10, kaca 22.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

carita-carita kuno Malayu Pollenisia[3]). Bangsa Malayu Pollenisia teh nya eta anu ngarundaykeun bangsa Indonesia, atawa nu jadi bangsa Indonesia asli. Jadi lamun urang lalajo wayang dina carita Sri Sadada, Makukuhan, Watu Gunung, hartina urang teh keur nyaksian atawa ngabandungan kalangkang kahirupan luluhur karuhun urang baheula. leu saluyu jeung urang lalajo pidangan wayang kulit, anu dilalajoanan teh kapan kalangkangna, tegesna urang teh keur ngalenyepan kalangkang hirupna jaman baheula.

Carita-carita anu kasebut di luhur, nepi ka waktu ieu rajeun keneh dipidangkeun; di antarana carita Watu Gunung, atawa Sangkuriang mun di urang mah, jeung carita Sulanjana sok digelarkeun ku Pantun atawa ku Wayang Pakuan. Nya carita-carita anu ieu pisan anu disebut carita Purwa teh sabenerna mah, nya eta carita-carita nu munggaran, lain carita Ramayana jeung Mahabarata, lantaran eta mah carita Parwa saperti di Bali nepi ka ayeuna disebutna oge *wayang Parwa* lain *wayang Purwa.*

2. Alam Hindú

Carita-carita Parwa nya eta Ramayana (Sapta Kanda) atawa Mahabarata (Asta Dasa Parwa) nya eta carita buhun urang Hindú ti India. Eta urang Hindú India daratangna ka nagara urang teh ngungsi lantaran nagarana diranjah ku bangsa deungeun. Dina bubuarana di urang bari nyebarkeun Agama katut kabudayaanana.

Epos Ramayana jeung Mahabarata gancang pisan nyerepna jeung nyebarna di urang; lantaran aya kasaluyuan antara karesep masyarakat urang waktu harita jeung eusi carita eta dua epos nya eta carita-carita kapahlawanan. Dina Mahabarata dicaritakeun yen Pandawa aya dina jalan lempeng ngabelaan hakna jeung bebeneran, merangan sifat sarakah ti pihak Astina. Dina Ramayana kacipta kumaha riweuhna Ragawa jeung Lasmana ngalawan Dasamuka nu ngaberung nganteur hawa napsuna angkara murka. Nu matak teu matak helok lamun eta dua epos teh gancang nyebarna. Ku lantaran kabudayaan Hindú gancang ditarimana ku

3) RS. Sasongko: Pengantar Ethnologi di Indonesia Fadjar, Sala, taun 1955, kaca 41.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

masyarakat, timbul akulturasi/gumulungna antara kabudayaan Animisme-Dinamisme jeung Kebudayaan Hindú. Nya harita obyagna para bujangga, garetol nyalin Kakawin-kakawin anu asalna tina basa Sangsakerta kana basa Jawa Kuno atawa basa Kawi, malar leuwih kaharti ku masyarakat waktu harita. Sanggeus ngalarti, teu saeutik karuhun urang baheula nu nganggap yen eta dua epos teh ngandung panaribawa, tegesna pangaruh jeung kakuatan gaib nu leuwih kuat batan carita-carita anu geus nyampak.

Bawaning ku resep-resepna kana eta carita, loba gapura, lawang tempat pamujaan jeung candi-candi, tembok-tembok karaton nu make gambar ukiran nyutat tina carita Ramayana atawa Mahabarata. Eta gambar sarupa kitu disebutna *parba,* maksudna sangkan kabireungeuh ku jalma-jalma anu rek muja atawa ngaliwat ka dinya. Cindekna mah eta epos teh diparuhit jeung dipibeurat ku sarerea.

Ku lantaran parba teh ngan saukur bisa dilalajoan ku anu rek muja atawa ku nu aya didinya wungkul, da teu bisa dibawa ka mamana, timbul hiji upaya sangkan bisa dipindah-pindah, nya nyieun lukisan dina papan anu disebut wayang *balabag* tea. Ku ayana wayang balabag carita jeung ajaran Agama Hindú leuwih nerekab.

Heuleut sawatara lilana ti harita aya lukisan carita epos dina widangan kulit sapi atawa kulit munding, anu disebut *wayang beber.* Usaha ieu disababkeun ku parba jeung wayang balabag dianggap nu geus teu praktis deui, sarta waktu harita aya anu disebut wayang lontar laleutik teuing. Dina wayang beber mah geus mimiti aya tatabeuhan. Cara midangkeunana ngabeber-beber eta lukisan bari jeung dalang nyaritakeun eta lalakon. Atuh anu lalajo beuki pogot wae, antukna eta carita beuki nerekab matak dipikaresep sarta dipibeurat wae.

Dina abad ka VI aya urang Tionghoa datang ka nagara urang, maksudna rek nyebarkeun Agamana, bari ngamen wayang kulit dina pidanganana dilengkepan ku layar jeung damar/balencong atawa dalung ceuk urang Cirebon mah. Atuh eta pintonan teh tambah dipikaresepna ku masyarakat, anu ngahudang para pu-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

jangga kana ngareka deui pintonan wayang. Kabuktian pidangan anu tadina wayang beber, diganti wujud pagelaran make layar, dalung/balencong, sarta wayangna oge dikarawang siga wayang rampogan ayeuna. Pintonan wayang sarupa kitu jigana rada manjang, lantaran nepi ka abad ka X, can manggih laratan-laratanana acan yen pidangan wayang aya robahna ti harita. Kakara dina abad XI wangunan wayang teh aya gesehna, nya età wayang anu diukir, saperti anu kacatet dina Arjuna Wiwaha Kakawin, Sekar Rini Dina pupuh Wreta Sangsaya anu kieu kekecapanana:

> Hana nonton ringgit manangis aseseh muda hidepan huwus wruh yan walulang inukir molah, angucapi[4]) (jeung saterusna).

Pisundaeunana kira-kira kieu:

> Nu nongton wayang (ringgit) sedih, kasengsrem hatena sanajan maranehna nyaho yen età teh kulit anu diukir (ditatah) anu dirobah sina bisa meta tur ngomong ….

Kalimah-kalimah anu di luhur nuduhkeun yen kecap walulang inukir, hartina kulit anu diukir atawa ditatah. Kecap ringgit hartina wayang (lemesna wayang dina basa Jawa mah nya età ringgit nepi ka ayeuna oge). Aya deui nu ngahartikeun yen kecap ringgit teh pondokna tina Sunan Giri ing nganggit; hartina Sunan Giri anu nyanggií). Lebah dieu sok sanajan yen bener kitu ari dititenan tina basa mah, tapi ku urang kudu dilelekan deui. Lantaran asa pamohalan lamun Sunan Giri nu mekarkeun ajaran Islam geus gumelar dina abad ka XI. Sabab kapan Islam datang ka urang teh dina abad ka XIV, atuh beh dituna dina abad ka XIII, Islam teh asup ka Sumatra. Teu bisa jadi antara Sunan Giri jeung Erlangga nepi ka sajaman mah. Kakawin Arjuna Wiwaha teh jieunan Empu Kanwa, nyilokakeun Erlangga dina mangsa kawin jeung putri Sriwijaya, Sanggramawijayadharma Prasadotungga Dewi; anu eusina di antarána aya sari-sari teu panuju kana età kawinan dina mangsa prajurit ragot di palagan joang.

4) I Gusti Bagus Sugriwa: Ilmu Pedalangan/Pewayangan, Kokar Bali Denpasar, tanpa taun, kaca 1.

5) Kuswadji Kawindro Susanto, Hai Wayang, Budaya V, 1958, kaca 6.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kitu di antara eusi Kakawin Arjuna Wiwaha anu disanggi ku Empu Kanwa dina abad XI teh.

Dina alam Hindú teh aya Agama Hindu atawa Siwa, jeung agama Budha. Pangaruh Agama Budha dina wayang nya età wangunan tatahan anu niru tina gambar-gambar wayang nu nempel dina Candi Panataran, Prambanan jeung Candi Borobudur. Sanggeus età gambar-gambar ditiron kana wangunan wayang kulit, saterusna ditiron deui kana kai, jadi wayang Golek di Pasundan atawa di Jawa Barat. Pangaruh lianna nya età kecap Asta-gina, silib ajaran agama Budha (asta = dalapan, gina = juru atawa ajaran), ngawengku 8 ajaran agama Budha, anu disebut 8 kautamaan.

Dina carita Erlangga nu keur tatapa ngaharib-harib lalampahan Budha nu keur samadi, nya età anu dianggit jadi carita Arjuna Wiwaha.

3. Alam Islam

Dina jaman Islam wayang teh nya robah fungsina. Lamun dina jaman Hindu jeung Budha wayang teh dipake sarana pamujaan jeung panulak bahía anu loba pakuat-pakaitna jeung talari karuhun urang, ari dina jaman Islam mah wayang teh digunakeun geusan nyebarkeun agama Islam, cara dina mangsa para Wali. Nyebarkeun ajaran Islam teh make jalan nanggap wayang heula. Dina prungna ngawayang diselap-selapkeun ajaran-ajaran nu aya dina al Qur'an.

Sultán Demak, Raden Fatah anu katelah Sultán Syah Alam-Akbar, dina taun 1515 M, ngarobah bangun wayang anu asalna nambleg gambar jelema anu diharamkeun ku Agama Islam dijadikeun wangunan wayang anu teu diharamkeun ku Hadis. Pangpangna anu dirobah teh beungeut, dedegan, leungeun, jeung papakeanana bari disusurup kana karakter atawa adat tabe'atna wayang-wayang.

Jaba ti Raden Fatah, loba pangaruhna ti para Wali, Sunan Bonang ngalengkepan wayang sasatoan kayaning; gajah, kuda, galudra, oray jeung rampogan. Sunan Giri nambahan wayang ku wujud monyet-monyet pikeun ngalengkepan balad Ragawa dina

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

carita Ramayana. Sunan Kalijaga ng^tur kelir, gebog jeung balencong/dalung. Raden Fatah oge jaba ti ngareka bangun wayang teh, nyieun gugunungan jeung ngatur janturan deuih (simpingan di Jawa Tengah), malar payus jeung tartib katingalna. Dina tahun 1521 wayang-wayang teh leuwih lengkep.

Dina taun 1556 M, Ratu Tunggul ti Giri ngarobah bangun wayang babakuna wayang wanita anu make siger/jamang, kalung, geulang, anting, koroncong, samping jeung gelung disusurup malar leuwih sieup. Nya kitu deui tahapan martabatna ti para pandita, raja, ponggawa sarta buta-buta, dibeda-bedakeun pakeanana.

Taun 1564, Sunan Bonang ngawangun saparangkat gamelan keur mirig pidangan wayang, anu disebut *katiprak.* Katiprak diwangun ku waditra-waditra rebab, kendang, terbang, angklung, kenong jeung kecrek.

Tahun 1581 Sultan Pajang nya eta Sultan Adiwijaya ngalemesan tatahan wayang, pangpangna ngalusan tatahan rengga-renggi jeung ukiran-ukiran anu aya dina eta wayang-wayang. Maksudna sangkan kalangkang wayang katembong leuwih eces jeung leuwih alus.

Malar leuwih alus tur payus, dina tahun 1583 Sunan Kudus nyieun wayang tina kai anu disebut wayang golek. Dina pintonanana nyokot tina carita Islam, di antarana carita Amir Hamzah. Wangunan ieu wayang ditiron ku urang nya ngawujud wayang Golek Purwa tea. Sabenerna mah antara wayang golek anu dijeun ku Sunan Kudus jeung wayang golek Purwa di urang teh kacida bedana, boh dina beungeut, papakean, makuta, boh caritana, ngan anu sarua teh pedah sarua bahanna tina kai. Sedengkeun carita babad Mekah atawa Islamna mah diconto wayang Cepak atawa wayang Papak di Cirebon, jeung wayang Bendo atawa wayang Menak di Priangan cara anu digarap ku Saderek. Otong Rasta Cimindi-Cimahi titinggal karuhunna nya eta mama Rasta.

Pangna nyieun wayang tina kai teh, maksud Sunan Kudus mah, sangkan pidangan wayang teh bisa ti beurang. Turta anu ditarongton teh lain kalangkangna, tapi wayangna nu matak ngaranna

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

oge wayang golek/wayang boneka. Di Jawa Tengah oge aya anu sarupa wayang golek, nya età wayang tenggul, ngan hanjakal kurang dipikaresep ku masyarakat, antukna langka pisan anu daek ngagarap kana età wayang tenggul teh. Dina jaman Sultán Seda Karapyak di Mataram (1601-1613) wangunan wayang dilengkepan deui. Età Sultán teh nyumbangkeun pikiranana nu mangrupa parabot perang, saperti keris, panah, gada, nanggala, candrasah jeung rea-rea deui. Jaba ti età ngarobah wayang buta anu tadina teu dileungeunan anu bebas, ayeuna mah età wayang teh, leungeun hareupna dina taktak jeung sikuna make sambungan nepi ka bisa diobah-obahkeun, malah wayang sejenna mah dua leungeunna nepi ka bisa diigelkeun. lwal wayang Batara Guru anu angger keneh teh, minangka pengeling-eling yen asalna mah kabeh oge wayang kulit teh ngagarebleg. Nya ti mimiti harita wayang-wayang barisa disina molah kalawan tumaninah.

Balik deui kana wayang golek ciptaan Sunan Kudus tea anu dipake sarana nyebarkeun ajaran-ajaran Agama Islam ku para Wali. Ku jalan kitu teh masyarakat jadi leuwih ngarti jeung kataji. Ngahaja dina pidanganana leuwih nonjolkeun pahlawan-pahlawan Islam anu ngabela bebeneran katut Agamana. Nyebarna nepi ka tatar Cirebon, sarta kabeneran Cirebon teh jadi erehan Demak. Atuh teu matak helok lamun età wayang teh dimumule dihade-hade di Cirebon. Malah leuwih ti kitu, urang Cirebon nyieun wayang anu sumberna tina wayang Golek Sunan Kudus, nya età wayang Cepak atawa wayang Papak, anu mibanda ciri mandiri boh dina keureutanana boh dina pidanganna. Atuh caritana oge disaluyukeun jeung kabudayaan di dinya, di antarana aya lalakon Babad Cirebon, Babad Indramayu, Babad Pamanukan, Walangsungsang, Rarasantang jeung rea-rea deui.

Età wujud wayang golek tek di Pasundan oge kungsi hirup cara nu kapanggih di Cimahi ku dalang Rasta anu turun ka Otong Rasta di Cimindi. Dina pidanganana make gamelan Pelog. Ari lagu-laguna mah sarua wae tina kilindingan jeung pirigan wayang Golek Purwa, kayaning: Kawitan, Batarubuh, Badaya, jeung rea-rea deui. Nya kitu deui kakawen kakawenna oge nyutat tina anu sakumaha ilahar dina pintonan wayang Golek Purwa, ngan make surupan Pelog.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Anyar-anyar ieu wayang Cepak atawa wayang Bendo anu digarap ku turunan Rasta teh, dihudangkeun deui ku alpukahna Proyek Penunjang Peningkatan Kebudayaan Jawa Barat, sangkan masyarakat Pasundan bisa nyaksian deui eta pidangan. Malah kungsi manggung makalangan di Jakarta dina raraga Pekan Wayang Indonesia. Dina wayang Golek Purwa oge, ajaran Agama Islam teh diasup-asupkeun kana padalangan/pawayangan di Priangan di antarana:

Robahna karakter/sifat-sifat Dorna dina Padalangan di urang béda pisan jeung pintonan padalangan di Jawa Tengah atawa Jawa Timur. Di Jawa Tengah Dorna teh hiji pandita anu linuhung, luhur elmu, jembar panalar, sugih ku pangarti, sakti jeung wijaksana. Jadi Dorna teh pandita anu saciduh metu saucap nyata. Anu matak merenah pisan lamun jadi pananyaan raja Astina teh. Ari di Jawa Barat pangpangna di Cirebon ku kandelna Agama Islam ti eta wewengkon, sifat Dorna teh ditukeurkeun jeung sifat watek Sakuni, anu licik hiri dengki, jail kaniaya ka pihak Pandawa. Malah lamun aya jelema anu sok ngadu-ngadu rajawisuna disebutna teh Dorna. Nu matak nepi ka kitu jujutanana kieu:
Dorna teh urang sebrang anu ngahaja nyebarkeun elmu pangaweruh di nagara sejen (di Astina jeung Pandawa). leu nyilokakeun yen Dorna teh hiji kesatria anu nyamur jadi Brahmana ti sebrang (Hindú, India). Ceuk politik Agama waktu harita mah patonggong-tonggong pisan jeung ajaran Agama Islam. Nu matak Dorna gawena ngadu-dombakeun Pandawa jeung Astina (Kurawa). Sakuni mah da urang pribumi, pantes jadi "panasehat" raja Astina.

Conto sejen nu dirobah nurutkeun ajaran Islam nya eta Drupadi, hiji putri anu nyandung atawa boga salaki ka lima urang. Nepi ka ti saban salaki ngabogaan anak hiji sewang. Ti Darmakusumah ngabogaan anak lalaki ngaranna Pratiwindia, ti Bima anak lalaki ngarana Senasuta, ti Arjuna ngarana Suta Krama, anak ti Nakula ngarana Parsini jeung anak ti Sadewa ngarana £rutasena. Eta lima budak disebutna Pancawala. Tapi ku lantarán dina ajaran Agama Islam mah teu aya polyandri, Drupadi teh disebutkeun yen

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

boga salakina ngan ka saurang, Darmakusumah (putra Pandu nu cikal). Nya kitu deui eta lima budak teh diwujudkeun ku saurang, nya eta Pancawala tea.

Ka behdieunakeun beuki loba hal-hal dina pintonan wayang anu dirobah, sangkan ulah papalingpang jeung ajaran agama Islam. Di antarana Jimat Layang Kalima Ushada diganti ku kalimah Sahadat, jeung rea-rea deui.

B. MEKARNA DALANG DI PRIANGAN

Nurutkeun Siksa Kandang Karesian anu ditulis dina taun 1518 Masehi, karuhun urang geus nyaho kana wayang. Lantaran dina eta sumber geus~nyatet tokoh-tokoh wayang anu unina kieu di antarana:

"Hayang nyaho di sakweh ing carita ma, gos ma: Darmayanti, Sanghyang Bayu, Jayasena, Sedamana, Pu Jayakarma, Ramayana, Adiparwa, Korawasarma, Bimasorga, Rangga Lawe, Boma, Sumana, Kala Purba, Jarini, Tantri; sing sawatek carita **Tía** memen tanya6).

Tetela tokoh wayang anu di luhur teh nyutat tina Ramayana jeung Mahabarata. Sarta kecap memen hartina dalang.

Aya deui nu nyebutkeun yen wayang Jawa Barat teh asalna ti Jawa Timur anu dibawa ku Prabu Surya Amiluhur kira-kira dina taun 1244 M[7]). Tapi hanjakalna teh teu aya bukti-buktina anu bisa netelakeun yen bener kitu. Samalah ceuk Brandes mah samemeh datang urang Hindu karuhun urang oge geus nyahoeun kana wayang teh«).

Dumasar kana panalungtikan Saderek Wiryanapura, dina mangsa Bupati Bandung anu diangkat (dibisluitan) tanggal 20 Oktober 1794 nya eta Indradireja anu asalna tina patih anu katelah Adipati Wiranata Koesoema II, anu kabupatenna di Citeureup/Dayeuhkolot. Nya bupati ieu pisan (1794-1829) ngangkir dalang Tegal anu katelah dalang Ki Dipa Guna Permana, jadi

6) Drs. Saleh Danasasmita: Sanghyang Siksakandang Karesian; Proyek Pengembangan Permuseuman Jawa Barat, 1981, kaca 14

7) Wiryanapura: Asai-usul dalang, Kanwil Deppen Prof. Jawa Barat, 1977, kaca 3

8) Majalah Budaya Sunda No. 9, kaca 5.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dalang lebet,- sina ngadalang jeung ngamurid-muridkeun, malar Bandung mibanda dalang tetep di kabupaten. Jadi Ki Dipa Guna Permana teh bisa disebutkeun luluhur para dalang di Pasundan atawa di Jawa Barat. Ari murid-muridna di antarana: Ki Gubyar anu nyebarkeun di Purwakarta jeung Ki Klungsu anu ngamurid-keun deui di Garut.

Ki Rumyang murid Ki Dipa Guna Permana di Tegal datang ka Bandung meunang angkiran ti Bupati Bandung Adipati Wiranata-koesoema III (1829-1846) anu dibisluitan tanggàl 10 Mei 1829, sangkan ngajar pidalangeun di Bandung. Eta dalang teh dipika-meumeut pisan ku bupati nepi ka dilandi dalang Sawat. Ari murid-na ngaranna mama Anting anu oge kungsi ngaguru ka Ki Gubyar putra dalang Ki Dipa Guna Permana ti istrina anu ngaran Nyi Manggar Arum.

Dalem Karang Anyar atawa Adipati Wiranatakoesoema ka III ngangkir deui dua dalang ti Tegal nya eta Ki Darman jeung Ki Surasungging. Eta dua dalang teh ngemban pancen masing-masing; Ki Darma dititah nyoba-nyoba nyieun wayang tina kai atawa wayang golek Purwa, lantaran waktu harita masih keneh wayang kulit anu digarap teh, ari Ki Surasungging sina nyieun gamelan, sarta tetep tumetep di Cimahi.

Ki Dalang Darman tetep tumetepna di Cibiru, ngalaksanakeun sakumaha parentah kangjeng Dalem Karang Anyar tea. Nya eta nyieun wayang kai anu bisa digunakeun pikeun carita Purwa nya eta Mahabarata jeung Ramayana. Keureutan wayang anu keur di-jieun teh dumasar kana wayang kulit jeung pituduh Dalem Karang Anyar. Hasilna teu jauh ti wangunan wayang anu sok diparang-gungkeun ayeuna. Nepi ka ayeuna wayang-wayang jieunan ti Cibiru mah kasohor pisan, sarta Cibiru teh jadi tempat husus pikeun nyieunan wayang golek Purwa. Bubuarana di Cibiru nepi ka ngabogaan anak anu ngaran Ki Arsip sarta ngala ka bapa jadi dalang. Dalang Arsip ngabogaan anak nya eta dalang Takrim anu pernah ngelehkeun dalang Sukatma Cipatat tea. Dalang Takrim ngabogaan murid nya eta R. Hadiyan Suryahadiningrat (ex Residen Indramayu). Turunan dalang Takrim anu aya ayeuna di

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

antarana Yoyo Risyaman, Sarjana Muda Karawitan lulusan ASTI Bandung taun 1982.

Ki Sura Sungging migawe pancenna nya eta dititah nyieun waditra gamelan, anu nepi ka ngarundaykeun turunan. Nu matak pantes di Cimahi aya gamelan anu wangunan jeung beungeut waditrana beda ti anu lian.

Pikeun nyoba hasil gawe eta dua dalang anu di luhur Dalem Karang Anyar ngangkir Ki Dipa Guna (Ki Gubyar putrana Ki Dipa Guna Permana ti istrina Manggar Arum) sina nitenan. Garapanana dina waktu harita beunang disebutkeun lumayan, sok sanajan masih kaku; lantaran anu biasana nyieun wayang kulit ayeuna ngawaratah nyieun wayang Golek. Nya kitu deui basana dina ngadalang oge masih keneh make basa Jawa Tegal.

Sabada paparentahan Adipati Wiranata Koesoema III diganti ku Adipati Wiranata Koesoema IV ti taun 1846; Mama Anting sina nyoba-nyoba ngadalang dina basa Sunda. Pangpangna dina paguneman wayang, ari kakawenna mah tetep dina basa Jawa Kuno atawa basa Kawi.

Ku urang kasawang kumaha ngatogna Mama Anting waktu ngadalang, lantaran urang Tegal anu biasana ngadalang dina basa Jawa Tegal, tur can lila matuhna di Bandung anu geus tangtu dina ngomong sapopoena oge tidadalagor. Tapi sok sanajan kitu, ku urang kudu diaku yen Mama Anting anu naratas jalan ngadalang dina basa Sunda teh ku pangjurung bupati Bandung Adipati Wiranata Koesoema IV, anu maksudna malar masyarakat urang leuwih ngarti kana sagala anu dipedar dina pidangan wayang nepi ka bubuk leutikna.

Salah saurang murid Mama Anting anu kaitung intelek dina waktu harita, nya eta Bradjanata, wedalan Sakola Praja atawa "Holand Inlandse Kweekschool", putra camat Kendal, Leles Garut, estu pituin urang Sunda. Nya anjeunna pisan anu nyarungsum memeres basa jeung sastra Sunda geusan pintonan wayang teh. Jaba ti basa teh, ditambahan tina widang seni ibing katut pirigan gamelanana deuih, malah kungsi nyoba-nyoba make basa Malayu anu husus ngomongna buta Cakil. Nu matak nepi ka ayeuna buta Cakil ngomongna teh dina basa Malayu.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ti mimiti harita padalangan urang beuki dipikaresep jeung dipireueus sarta beuki nerekab di Pasundan. Dalang Brajanata garapanana leuwih nyongcolang ti anu lian, sabab jaba ti pendidikan sakolana leuwih ti dalang sejen teh diwuwuh ku meunang peuseuhan ti tilu dalang jadug nya eta ti Ki Rumyang, Ki Dipa Guna (Ki Gubyar anu nyebarkeun dalang di Purwakarta), jeung ti Mama Anting. Brajanata boga murid saurang ngaranna Sastra alias Artadja ti Ciparay. Artadja ngamuridkeun deui ka Sukarta, Sumirta, jeung Entjang. Ti Sumirta terus ka murid-muridna deui nya eta R. Surjalaga, E. Mursad Tanuwijaya, Momo Sumirta, jeung Rusman Nandang Barmaya anu sing sarwa bisa, kiwari ngancik di kampung Palasari Pameungpeuk Banjaran Bandung sarta jadi guru Padalangan jeung Karawitan di SMKI (Sekolah Menengah Karawitan Indonesia) di Bandung. Jaba ti Bradjanata, loba keneh murid Mama Anting teh nya eta: Martani, Uwar, Surawisastra, Rasjam, H. Makbul jeung'Sa'i; anu saterusna eta para dalang teh pada ngamuridkeun deui, anu jujutanana sakumaha di handap ieu:

Martani, muridna Utje, Utje ngamuridkeun deui ka Undang.

Uwar boga murid Sukatma Cipatat, Sukatma ngamuridkeun deui ka Endang, ti Endang ka Oho, Oho boga murid Tata.

Surawisastra ngamuridkeun deui ka:

Madtasik ka Sukanda terus ka Wira

Madasim muridna Juhara

putrana: *Entang* boga murid Sumanta, Sumanta ngamuridkeun deui ka Udi, ti Udi ka Oyo.

Sukar teu ngarundaykeun terus pupus.

Elan Surawisastra boga murid:

Adjat Sudradjat

Rasidi

Endjum

Ajub.

Rasja boga murid *Madhuri,* anu saterusna Madhuri boga murid Dajat, jeung Atje, Sudia.

Madhuri boga anak Sudia (Cibeureum/Madalaherang Sumedang). Murid Sudia di antarana: Sunarya Cipan-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

car, Kandar ti Wado, Oom Kusam, Ojo Adisuryono, lyam, Yaya, Eyet, Endan, Yaya Sunarya Mandalaherang, jeung anakna pribadi nya eta Suwarya, jeung rearea deui.

H. Makbul anu katelah dalang Suwanda boga murid *Murtamad* biasa disebut bah *Tamad.* Bah Tamad ngamuridkeun deui kaAtmadjaCigebar jeung Entjep Tamsur Sumpena sarta Isak anakna. Ti *Karta* Emed ngabogaan murid nya eta Tamyar, ti *Wira* ngabogaan murid Sapaat Suanda ti Cibek Soreang.

Sukatma Bandung ngamuridkeun ka RU Partasuwanda, Soma Sonjaya, Suhaya Atmadja, Udju S.R., Gunawan Djajakusumah Engkin Sukatma Muda.

Ti Djuhari boga anak *A. Sunarja,* Sunarja boga anak nu jaradi dalang di antarana: Ade Kosasih, Asep Sunandar Sunarya jeung Ugan.

Ti Mama Aksan ngamuridkeun ka Emon (anak pribadi), hmon ngabogaan anak nu jadi dalang nya eta Oman Suganda.

Sa'i ngamuridkeun ka *Apek Gunawijaya* anu ngamuridkeun deui ka Nana Suganda, Rukanda, Handiwijaya, Ita Suhara Jabong, ti Hadi Sudarma ngamaridkeun deui ka Andi.

Perlu diberendelkeun di dieu yen dalang RU Partasuwanda boga murid Parta S anu ngamuridkeurt deui ka Ujang Parta Suwanda. Sarta dalang Suhaya Atmaja boga murid Adiwijaya, Aming Wiganda, AS Surawijaya, Hadi Cucu Suwanda, Mahmud Partasuhaya, Nandang Karba, Amung Sutarya.

Garapan dalang Bradjanata anu naratas padalangan dina basa Sunda nerekab nepi ka wewengkon:

Di *Purwakarta* jeung *Karawang*

Nu nyebarkeun sejak padalangan eta, nya eta dalang Ki Dipaguna anu katelah Ki Gubyar; anu tetep tumetep di Karawang sarta ngarundaykeun murid di Karawang. Di *Sukabumi* aya dalang anu sapaguron jeung dalang Gubyar nya eta dalang *Ketuwon* anu ngamuridkeun ka:

I. Aa Isra ngamuridkeun ka RE Lirayana, ti Lirayana neretelan ka R. Wawan D.; Udin jeung Yoyo; sarta Andja Waskita.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

2. *Dalang Kempul* ngabogaan murid dalang Usup, Usup ngabogaan anak Rasta jeung Ratim. Rasta ngabogaan anak Otong Rasta. Otong Rasta ngabogaan anak nu jadi dalang nya eta Atik.

Di Garut dalang Gubyar boga murid nya eta Ende Kayat anu katelah dalang Bintang. Ende Kayat ngabogaan murid: dalang Kentar atawa H. Durahman, Koncar, Undjuh Prawira, jeung Atmadja Tasikmalaya.

Dalang Kentar ngamuridkeun deui ka dalang Dion nu nelah Kentar Saputra, nu bumen-bumen di Parakan Muncang Ranca Ekek, Aso Trenggana, Takrib anu di Nagreg, jeung Tjutju Komara di kampung Pangkurisan Leles[9]).

Dalang Koncar ngamuridkeun ka Amar.

Dalang Undjuh Prawira boga murid Sastra, Otong jeung Asam Undjuh Prawira.

Dalang Atmadja Tasikmalaya ngamuridkeun ka Endong.

Di Tambun Bekasi

Dina taun 1912 dalang Aa Isra ti Sukabumi ngamuridkeun di Banten di antarana ka ngaran Nisan anu biasa ngagarap wayang Kulit. Dalang Nisan ngamuridkeun deui ka dalang Kapang di Tambun Bekasi. Ki dalang Kapang bumen-bumen terus di Kampung Pulo desa Busalen, kacamatan Tambun Kabupaten Bekasi.

PARA DALANG NU KUNGSI NANJUNG

Di antara para dalang anu kasebut di luhur kungsi nanjung jadi kacapangan balarea^di antarana wae:

2. Sukatma Bandung

Sanggeus dalang Suwanda (H. Makbul) tilar dunya, muridna anu ngaran Sukatma Bandung neruskeun hanca garapanana, sarta terus nanjung. Kalolobaanana anu kungsi nanggap ngarasa sugema.

Jaba ti eta Sukatma teh binangkit nyieun wayang. Keureutanana

9) Wawancara jeung Tjutju Komara di Pangkurisan Leles.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kacida alusna alam harita mah. Ngaharibarib keureutan wayang mang Ardi ti Cibiru, muridna ki dalang Darman ti Tegal tea.

Dalang Sukatma teh kacida kapakena ku masyarakat, ti kalangan rayat murba beda ti dalang anu saentragan nya eta dalang turunan ti Mama Aksan ti Cililin nu katelah dalang Emon; anu kapake ku kalangan gegeden hususna ku menak-menak di Bandung.

2. Sukatma Cipatat

Sukatma Bandung kaitung lila oge nanjungna teh, tapi sanggeus aya dalang Sukatma ti Cipatat anu waktu harita kaasup dalang ngora tur kasep; Sukatma Bandung manggungna mimiti ngurangan, eleh sorot ku ti Cipatat tea.

Dalang Sukatma Cipatat kasohor ngeunah haleuangna, kawantu murid Aa Isra ti Sukabumi. Ngawud dina haleuang kakawen jeung ceurik Rahwana atawa Banondari sanggian Aa Isra mah, estu matak dedengeeun, malah milu ceurik nu lalajo teh. Katurug-turug eta dalang teh bisa ngalap hate masyarakat anu keur edan politik waktu sabada rame jeung mekarna huru-hara PKI di Madiun dina taun 1927. Padahal lamun ditengetan mah larapna basa anu dikedalkeun ku eta dalang teh kurang merenah. Upamana wae Kresna ka Arjuna nyebut bung, nya kitu deui Arjuna ka Srikandi nyebut Zus; tapi katarimana ku anu lalajo asa payus wae, nepi ka dikaleprokan sagala rupa. Komo lamun nurutkeun kana ukuran galur jeung takeran jejer mah, kacida papalingpangna. Nu ngabaku mah, kapan Kresna ka Arjuna teh nyebutna oge "Yayi kaipe" atawa "Yayi dipati"; sabalikna Arjuna ka Kresna nyebutna "raka batara". Nya kitu deui Srikandi ka dewi Wara Subadra nyebutna "raka ratu".

Pangaruhna ka para dalang di Bandung loba anu ngabeo ka Sukatma Cipatat teh. Tapi da nya kitu lantaran dalang Cipatat eta keur nanjung, dalang-dalang nu sejen mah katembong jeung kadengena teu weleh rasa camplang.

Takrim Ujungberung

Dalang Takrim ti Ujungberung nya eta seuweuna dalang Arsip-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Arsip muridna dalang Darman ti Tegal bisa ngalindih kalunguhan dalang Sukatma Cipatat.

Mimitina dalang Takrim dijeujeuhkeun ngadalangna teh didagangkeun ku patih pangsiunan Tasikmalaya Juragan Itjak Sastranagara. Munggaran ngadalang teh dipake nyumbang ka besanna, wadana kota Bandung (Juragan Endung Suriaputra). Ka dua kalina Takrim dipanggungkeun deui dina raraga pesta pakumpulan "Tatali Wargi Sumedang" nu tempatna di pandopo kawadanan kota Bandung, kiduleun Tegal lega, medar lalakon "Jaka Trawelu". Nya ti mimiti harita masyarakat kota Bandung katarikna ku dalang Takrim teh.

Daya tarik dalang Takrim nya eta dina cepeng wayangna, pangpangna dina waktu ngigelkeun Topeng jeung Gatotgaca, estu unggul ti batur. Jeung aya usaha dina dangdanan nayaga sasawit/saragam; hiji pamanggih yen nayaga oge kacida diperhatikeunana ku anu lalajo teh dina kaayaan kitu mah. Dangdanan nayaga waktu harita nya eta kabeh make bendo, takwa salur jeung samping dilamban. Ari dalang dibendona beda ti nayaga, didodot jeung make jas tutup. Ari disindenanana ku Nyi Gagak, anu waktu harita keur meujeuhna nanjung deuih. Atuh ku urang oge kasawang kumaha pogotna anu lalajo teh.

Sabada Nyi Gagak kapeto nyindenan ku Bupati Bandung Kangjeng Hasan Sumadipradja, geusan ngareuah-reuah pesta dina raraga Kongres papanahan nu diayakeun di lapang Tegalega, hayang di dalangan ku Takrim. Nya ti mimiti harita Takrim teh remen ngeusian panggung dina Pesta Taunan, Silaturahmi Lebaran, kongres di gedong "Himpunan Saudara", di gedong sakola Pasundan, jeung dina kariaan-kariaan di Bandung ti harita mindeng aya panggilan ka wewengkon' sejen, di antarana ka Banten, Cirebon, jeung Jakarta. Dina mangsa-mangsa nanjungna dalang Takrim, datang pangusaha-pangusaha pelat Gramaphone, menta Nyi Gagak dalang Takrim direkam "piringan hitam". Pangusaha maskape "His Master Voice" wani mayar sababaraha rebu rupia jaman duit kencring tea atuh matak jadi dangdanan. Tapi ku lantaran Takrim henteu haripeut ku teuteureuyeun haretop ku papacokeun, anu disawangna teh kaayaan anu bakal

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

datang, sangkan ajen dirina tetep jeung bener-benér jadi dalang panggung nu mashur.

Beuki lila Takrim beuki seungit wae, malah mindeng amprok manggung jeung dalang Sukatma Cipatat tea. Dina enas-enasna mah eta dua dalang teh silih jajal pangabisa pada ngaluarkeun wewesen sirikna sagala rupa elmu panemu diketrukkeun. Tapi da can waktuna kudu aya nu kasoran, atuh nu lalajo sarua reana, sarua pogotna, nepi ka matak bingung kudu ka mana nya lalajo da duanana oge pilih bobot pilih tanding.

Dina hiji mangsa dalang Sukatma ngawayang di daerah panggungan Takrim, dina waktu harita Sukatma kawiwirangan lantaran wanci tengah peuting eta dalang teh ngadadak peura mani haroshos. Sabalikna waktu Takrim mulang manggung ti Cianjur wewengkon panggungan Sukatma, dina kareta api keneh Takrim ngadadak nyeri panon, saharita panonna nepi ka bucat ngadadak. Tapi masih keneh bagja bisa ditambaan ku dalang Atmaja Cigebar. Ngan teu bisa sacara bihari deui, saukur reyem-reyem henteu awas pisan. Sok sanajan kitu Takrim masih keneh ngayonan Sukatma Cipatat.

Dina hiji waktu aya panitia Kongkurs nanggap eta dua dalang di Buahbatu. Peuting kahiji Takrim manggung nu lalajo kacida lobana mani jejel daratang ti mana-mana. Dina peuting kadua anu kudu manggung teh Sukatma Cipatat, tapi teu datang, sarta taya bewara naon nu jadi alesanana.

Geusan ngajaga wiwirang, panitia nyieun kawijaksanaan, dina maleman dalang Sukatma Cipatat manggung diganti ku dalang Atmadja Cigebar, sarta kasaluyuan ku dalang Takrim. Waktu harita dalang Atmadja teh disindenan ku Dasimah.

Naha naon anu jadi lantaran, atawa siasat kumaha, dalang Takrim anu waktu harita kacida sohorna jeung cikotna teh kaelehkeun ku dalang Atmadja Cigebar, anu can loba kacaritakeunana waktu harita mah. Nya ti mimiti harita dalang Takrim jadi mundur.

4. Dalang Atmadja Cigebar

Ti mimiti unggul kongkur di Buahbatu tea, Atmadja beuki nan-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

jung bae, Wahyu Cakraningrat anu asalna ti Takrim nyurup-nitis ka eta dalang. Loba nu lalajo kaedanan, deungdeuleueun jeung dedengeeun lamun tas lalajo dalang Atmadja teh. Padahal lamun ngalenyepan basa jeung sastra padalanganana mah mani pabeulit pisan, sok mindeng ngadaban maneh, salah larap undak-usuk basa. Tapi ari katarimana ku anu lalajo mah payus jeung asa merenah wae. Pangpangna katarik ku loba ngabojegna jeung merangkeun wayang. Jadi waktu harita mah ngawayang teh asal loba ngabodor jeung marangkeunana tangtu loba nu mikaresep.

Ka behdieunakeun, loba anu meredih sangkan Atmadja siaran di radio. Eta pamenta balarea teh ditedunan, anu antukna Atmadja remen siaran di radio. leu teh hiji kauntungan, lantaran beuki loba nu naranggap. Pangpangna ku anu baroga hajat nyunatan, rendengan ambrengan, dina saban samen sakola-sakola, kongres-kongres, silaturahmi lebaran, dina nyalametkeun wangunan-wangunan kayaning kantor-kantor, imah-imah jeung rea-rea deui. Upadi dina bulan Rayagung mah meh taya peuting anu kaliwat, terus ngacacang ngeusian panggung nu geus malanjeran/nyeureuhan.

Dina hiji mangsa dalang Atmadja kapapancenan manggung di Pandeglang dina raraga mieling tepung taun ka 40 ngadegna bupati RAA Wiria Atmadja. Waktu harita disindenan ku Nyi Warnasari hiji pasinden anu kacida mashurna. Atuh anu lalajo teh mani pajejel, katurug-turug medar carita Bajing akiring, hiji lalakon karesep eta dalang. Di dieu bakal bisa kasawang kumaha ramena di eta tempat.

Ku maju-majuna Atmadja Cigebar mangaruhan dalang-dalang sejenna milu maju jeung kabawakeun payu.

5. R. Umar Partasuwanda aimarhum

Jaba ti Atmadja Cigebar anu ngaguru ka Abah Murtamad teh oge ka Sukatma Bandung nya eta R. Umar Parta Suwanda aimarhum anu lahir tanggal 11 Januari 1904 di Leuwi Panjang. Estu dalang motekar, pangaweruh padalangan onjoy ti batur, lantaran kungsi ngumbara atawa neangan pangalaman jeung pangaweruh padalangan di Surakarta.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pangalamanana dipake bahan geusaa ngaronjatkeun padalangan di Pasundan. Dina tahun 1944 nyieun pintonan wayang anyar anu disebut wayang Modern. Pidanganana teh kawas sandiwara make layar dekor mangrupa gambar pamandangan kaendahan alam, layar jalan, layar karaton, jeung rea-rea deui. Digarapna ku sababaraha dalang, sangkan dina hiji adegan/jejer bisa manggungkeun sababaraha wayang cara para pamaen sandiwara. Nu nulis kungsi nyaksian ,eta pintonan dina taun 1951 di kampung Jambatan anu waktu harita mah dipake asrama Tantara Zipur Dayeuhkolot, eta tempat teh ayeuna mah katelahna Doci. Di gedong Sandiwara Sinar Muda di Jambatan Dayeuhkolot harita, Pa Parta Suwanda ngalalakonkeun Bangbang Kombayana. Anu lalajo mani jejel, atuh teu wudu duit karcis teu sirikna numpuk.

Dina lalakon Pandu Bergola, Parta Suwanda nembongkeun kamonesanana dina adegan laut, kumaha paudag-udagna lauk-lauk dina jero laut ku urang bisa katembong. Dina lalakon Mintaraga, nembrakkeun pangabisana dina adegan Sela-patangkep. Pating jelegurna jeung pating dorokdokna lawang Sawarga dieceskeun ku dekor jeung aliran listrik/teknik listrik. Sedihna Kombayana anu geus tanpa-daksa jadi Dorna, kacipta keneh nyaung-nyaung hateupna eurih, keur pada ngadeugdeug ku murid-muridna, pangpangna Arjuna sapanakawan.

Jaman Jepang Pa Ata (Parta Suwanda) bisa nyieun pintonan wayang anyar anu katelah *wayang Catur* anu waktuna ngan ukur 3 jam. Lamun di Jawa Tengah mah disebutna pakeliran padat. Tapi pintonan ieu teh ngan saukur siaran di RRI wungkul, di masyarakat mah kurang dipikaresep, lantaran teu diwayangan ukur carita wungkul saperti Pantun.

Hojah kitu teh geusan nedunan pamenta RRI anu disedek-sedek ku masyarakat sangkan aya pidangan wayang, lantaran harita pidangan wayang kungsi kandeg ku "jam malam" (teu meunang aya raramean, tatabeuhan liwat ti jam 24.00, sedengkeun ngawayang tara bisa digelarkeun lamun teu sapeuting jeput).

Ngawayangna Pa Ata sok dibarengan ku istrina nya eta ibu Ursih atawa Arnesah tea. Garapanana bisa ngungkulan dalang Atmadja Cigebar. Kaseungitan Atmadja pindah ka R. Umar Partasuwanda.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Jaba ti ngawayang jeung motekarna saperti anu geus dicaritakeun di luhur, dina taun 1960 geus nyieun buku padalangan anu judulna Ringkesan Pustaka Raja Purwa. Pangaruh tina wayang Modern, di daerah-daerah loba pidangan wayang anu make listrik disebutna oge wayang teknik. Tapi eta wangunan anyar teh kurang dipikaresep ku anu lalajo, lantaran ingkar teuing tina galur.

Parta Suwanda kasebut ahli dina karawitan, loba lagu-lagu anu disanggina di antarana: lagu Jalan-jalan, Jambal roti, Oray welang, Ganda wesi, Ustrali kabur, Renvill, Pangungsi jeung rea-rea deui. Dina taun 1966 anjeunna ngantunkeun alam dunya.

6. Apek Güna Widjaja

Dalang Apek Gunawidjaja lahir dina tanggal 11 Pebruari 1910 di Citepus Bandung. Guguru ngadalang mimitina ka Adis dina taun 1930, ka dalang Sukatma taun 1938, ka dalang Isra dina taun 1940, ari mimitina pisan mah ti dalang Sa'i.

Apek Gunawidjaja kasohor dalang *raja basa,* lantaran loba ngaguar elmu pangaweruh bagbagan padalangan, basa Jawa kuna, boh basa Jawa sapopo'e. leu oge kungsi jadi catur urang lembur jadi senen kalemekan. Dalang Apek teh ceuk sawareh turunan Ciña nu matak dina bobodoran si Dewalana sok basa Cicinaan. Eta sababna ti kalangan turunan Ciña oge loba nu ngahaja nanggap eta dalang. Dina ngalarapkeun basa Kawi estu payus anu pinuh ku mamanis, lantaran manehna kungsi ngumbara di Jawa Tengah. Nya kitu deui dina ngedalkeun basa Sunda teu leupas tina purwakanti anu mawa nyari dina pidangan ngawayang mah. Cindekna dina basa mah boh basa Kawi, Jawa anyar, boh dina basa Sunda taya kapetolanana.

7. Koncar Kayat Dipaguna

Dalang Koncar Kayat Dipaguna atawa biasa disebut Ende, Kayat, lahir di Tarogong Garut, dina tanggal 13 April 1884, padumukanana di kampung Pasar Kemis RT 20 RK II desa Tarogong, Kacamatan Tarogong, Kabupaten Garut.

Eta dalang geus meunang bintang ti nagara, kulantaran kitu katelah "Dalang Bintang". Jaba ti ngadalang, Ende Kayat remen

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nganggit tari/ibingan Sunda, pangpangna Topeng Kcncar, atawa Topeng Koncaran.

8. Elan Surawisastra

Elan Surawisastra putrana Bapa Surawisastr . ti Kajaksan lahir tanggal 21 Agustus 1916 di Kajaksan Bandur padumukanana di Jalan Gumuruh, Kodya Bandung.

Aki Elan kasohor dalang binangkit dina tubah tabeuh gamelan, kayaning gambang, kendang, saron, bonang, jeung apal kana lalaguan. Malah dina murwana ge sok misah ti batur karesepna teh kana Bendra atawa Sungsang. Katurug-turug dina murwa jeung kakawen mah pangonjoyna, ngeunaan sora jeung surupan tara silung.

Ari ngigelkeun wayang ngedekeun. leu teh kapaksa lantaran leungeun anu katuhu potong. Tapi sok sanajan kitu dina garapan henteu ngajadikeun kandeg. Malah loba murid-muridna anu ngedekeun. Lamun ngabojeg mindeng nonjolkeun si Gareng. Kulantaran kitu katelah Raja Gareng. Cara lanceukna dalang Sukar Surawisastra almarhum.

9. Abeng Sunarya

Sunarya putrana Djuhari, dilahirkeun di Manggahang, dina tanggal 2 Januari 1920. Padumukanan di kampung Giri Harja Jelekong Kacamatan Ciparay.

Sunarya kacida kapakena ku masyarakat, loba masyarakat anu ngarasa dedengeun tina masalah antawacana, bisa ngabedakeun omongan hiji-hijina wayang. Dina omonganana eces tembres, upamana wae antawacana Gatotgaca, Ontareja, Jakatawan, Satiaki dina saadegan, kapan anu sejen mah sok rajeun ngagebleg. Saterusna masih keneh loba dalang anu ngabogaan ngaran di dunya padalangan di Priangan kayaning: Djuhari, Koncar Kayat Dipaguna, Suhaya Atmadja, M. Tasman Emon Salman, R.E. Sulaeman, M. Elan Surawisastra, R. Gunawan Djajakusumah, M. Taryat, A. Sunarya, Engkin Sukatma Muda, Adiwidjaja, Entjep Tamsur Sumpena, Adjat Sudradjat, Ganda Atmadja, A. Hidayat (Udaya Sumedang), Sudia Sumedang, Lili, H.O. Kosasih (Camat Banjaran), Usro Mulya Atmadja, Isak Atmadjasaputra, Nandang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Barmaya, Cucu Hadi Suwanda. Mahmud Partasuhaya, Nandang Karba, Aman Rochmana, Usep Kurnia, Ledong Sastra, Ateng Éuhiat, Ade Kosasih Sunarya, Dede Amung Sutarya, Asep Sunandar Sunarya, Jamar Madya, Endang Taryana, Tjetjep Supriadi, Sapaat Suwanda, Dion di Parakan Muncang, Aming Wiganda, Oman Suganda, Djudju Sain, Warsa, Sonjaya, Amung Sutarya, Ayub, jeung rea-rea deui. Di antara dalang-daiang kasebut biodatana bisa ditingali dina lampiran.

Para Dalang Jeung Juru Kawih

Nurutkeun Moch. Afandi dina buku Daya Suara: pidangan wayang golek di Pasuhdan dina jaman dalang Mondo, Mayat (Persut), Konca, Kewet jeung Suwanda (murid-muridna Ki Gubyar) acan make juru-kawih cara ayeuna. Jadi nu lalajo teh estuning nengetkeun wewesen, kaparigelan dalang, boh dina basana, merangkeunana, kakawenna, antawacanana, ngabojegna, luangna jeung sapapadana. Cindekna pintonan wayang waktu harita mah teu diselangan ku ngadengekeun sora juru sekar.

Tapi ka behdieunakeun, sanggeus dalang Baradjanata moyan jeung loba manggungna, mimiti ngawayang teh make disindenan, sebutanana oge ronggeng meneh. Atuh pagelaran wayang teh beuki dipiresep wae. Jadi anu lalajo teh jaba ti ngalenyepan kaparigelan dalang Baradjanata teh, bisa ngararasakeun ni'matna sora Nyi Arwat, suarawati nu munggaran di dunya padalangan di urang. Antukna dalang Baradjanata teh kasohor pisan.

Ti harita ngawayang teh sok dibarengan ku juru kawih, malah mangrupa pasangan anu hese dipisahkeun. Leuwih ti kitu beunang disebutkeun yen antara dalang jeung juru kawih teh ibarat gula jeung amisna, kembang jeung seungitna, damar jeung caangna, loro-loro ning tunggal cenah ceuk para dalang mah. Dalang Suwanda oge ngabogaan pasangan nya eta Ny. Arnesah (lain Arnesah garwana Umar Parta Suwanda, tapi Arnesah anu beh ditu). Dalang Koncar Kayat Dipaguna dibarengan ku sinden Nyi Mene, dalang penyu ti Subang juru sekarna Sukarsih. Suarawati-suarawati anu saentragan Arnesah teh nya eta Nyi Iti Narem ti Ujungberung.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ka dieunakeun mah loba sinden anu mindeng kadenge dina radio (Nirom) di antarana: Nyi Kasijah, Mursih, Endjuh, Wasil, Almah, Djudju, Ajat, Narum, Epon, Emeh (Sukar Muda), Emeh Cikalong, Nyi Ene jeung rea-rea deui, pangpangna kadenge dina. "siaran" di Vorl di Bandung atawa Voro di Jakarta.

Dina entragan ka III, sing tarojol para juru kawih: Nyi Asmara, Suki, Ursih (Arnesah garwana dalang R. Umar Partasuwanda), Atjih, Asmanah, Tjonoh, Momah, Iti, Ener, Mintarsih, Euis Suwarni (Satia garwana dalang Taryat ti Gandasoli), Idah, Kuraesin, Narmi, Memeh, Imik, Mimi, Empat, Aisah, Uliah, Wati, Erah, Sulami, Kartini (garwana Adis), Oyeh, Rohanah, Yaya, Katem (Nyi Warnasari katelah ku perkumpulan nya eta "Päkumpulan Warnasari") jeung Nyi Anah. Ceuk Moch. Affandi mah jumlah juru sekar waktu harita nepi ka 40 urang. Ari jumlah dalang aya 150 urang. Jadi lamun dibandingkeun mah juru sekar teh masih keneh can sabanding.

Ku sabab jumlah dalang jeung jumlah suarawati teh can saimbang, atuh dina prungna ngawayang teh sok loba dalang anu parasea marebutkeun sinden (pasinden), malah aya nu nepi ka cilaka sagala rupa. Geusan ngurangan eta balai, nya ti harita dalang teh sok ngawin pasinden, nu dipalar sangkan teu parebut ari geus ditalian ku hukum tikah mah. Dalang-dalang anu kawin ka juru kawih teh di antarana:

Parta Suwanda	ka Nyi Ursih (Arnesah)
Takrim	Kasijah (Nyi Gagak)
Muchtar	Wari
Elan Surawisästra	Eneh Sukar Muda (Sekar Muda)
Entah Bogor	Katem (Nyi Warnasari)
Dalang Taryat	Euis Suwarni
Sukatma Cipatat	Uri
Suhaja Atmadja	Idah
Soma	Epon
Udin	Imik Suarsih
Endong Tasik	Uliah
E. Tamsur Sumpena	Dasimah
Udaya Sumedang	Ute Mulyati
Sudia Sumedang	Engka Rostika

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Aya deui pasinden anu kawin ka tukang Rebab di antarana:

Dasimah ka Soma
Kuraesin ka Anang
Kartini ka Adis
Idas ka Wiratma
Tjonoh ka Endang
Onah ka Aman Rochmana

Kabiasaan anu di luhur ditiru ku dalang-dalang kiwari upamana wae:

Dede Amung Sutarya ngawin Umay Mutiara
Asep Sunandar Sunarya kungsi ka Euis Garnewi

Sangkan leuwih payus, luyu jeung warna swarana nya pasinden-pasinden teh dilalandi ngalap tina sora manuk contona:

Nyi Epon dilandi si Heulang
Nyi Iting dilandi si Kalong
Nyi Ene dilandi si Beo
Nyi Asmara dilandi si Ciung
Nyi Idah dilandi si Nyi Koreak
Nyi Suki dilandi si Nyi Ekek
Nyi Kasiah dilandi Gagak

Imik Suarsih dilandi si Heulang Muda

Pasinden-pasinden nu sejen sok dilalandi ku sebutan minangka pangeling-eling dirina masing-masing, misalna:

Nyi Katem diganti ku Nyi Warnasari (ngalap tina ngaran pakumpulanana "Warnasari")
Nyi Emeh dilandi Nyi Sekar Muda (Sukar Muda)
Nyi Atjih ti Garut disebut Nyi Pangungsi
Nyi Imik Suarsih sok disebut Nyi Arnesah Muda (kungsi nga-guru ka Arnesah).

Lalandian anu saperti di luhur dina saentragan mah teu diparake deui pikeun ngalandi juru-juru kawih mangsa kamari. Tapi Kiwari mah età lalandian teh ditarurutan deui ku suara-suarawati Nyi: Pecut, si Geureuleung, si Heulang, jeung rea-rea deui.

Jaba ti boga pàsinden anu matuh teh, aya di antara para dalang anu ngabogaan lalakon atawa carita anu matuh sok disarebut

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kostumna ceuk barudak ayeuna mah, tapi ari ceuk istilah baheula mah disebut nambang larasna. Contona saperti dalang-dalang:

Pa Mendo (Pijer nambang)	larasna carita Sugriwa
Takrim Cibiru	Batara Rama
Suwanda Bandung	Gedong Sadasa
Elan Surawisastra	Pergiwa-Pergiwati
Sukatma Cipatat	Cahya Nurasa
Wiratma	Dursilawati
Atmadja Cigebar	Jaka Gintiri
Sunarya Jelekong	Ulun Umbul
Entjep Tamsur Sumpena	Sanghiang Talaga Pancuran jeung Jayarantunan
Udaya Sumedang	Babad Lokapala
Sudia Sumedang	Parta Krama
Usro Mulyaatmadja	Arjuna Lengkara
Ateng Ruhiat	Laela Sari
Ganda Atmadja	Dursilawati
Wiratma	Mustakaweni
Adjat Sudradjat	Jaka Gintiri
Tjutju Hadisuwanda	Babad Alas Amer
Mahmud Partasuhaya	Dewa Ruci jeung rea-rea deui.

JAMAN MERDEKA

Sabadana nagara urang Merdika, dina dunya padalangan aya sababaraha wujud pidangan pawayangan di antarana:

1. Wayang Catur
2. Wayang Pakuan
3. Wayang Pantun
4. Wayang Sandiwara
5. Sandiwara Boneka.

1. Wayang Catur

Anu dimaksud wayang catur teh nya eta pidangan carita wayang anu teu diwayangan, tegesna ngan ukur carita wungkul. Teu aya bedana ti Pantun ditambul, ngan babón carita wungkul jeung tatabeuhanana bedana teh. Wayang Catur mah tina carita Mahabarata atawa Ramayana jeung dipirigna ku gamelan sapuratina.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ari Pantun mah anu dipintonkeunana carita Pantun upamana Malang Sari, Munding Liman, Munding Laya, Ciung Wanara, Sumur Bandung jeung rea-rea deui, sarta dipirig ku kacapi rebab/tarawangsa suling, atawa nu panglengkepna teh ku celempungan.

Ngawujudna wayang catur di urang ku alpukahna Jawatan Radio Jepang geusan nyumponan pamenta masyarakat urang anu teras ngadesek malar pintonan wayang disiarkeun sakumaha sasari deui. Lantaran waktu harita aya "jam malam" teu meunang ngayakeun hiburan leuwih ti jam 24.00 (dua belas peuting) kasieunan pamarentah Jepang bisi aya panarajang musuh. Sedengkeun ari pagelaran wayang di urang sok sapeuting jeput wae. Nya ti harita Radio Jepang-ngembarkeun saha-saha anu bisa nyieun pagelaran wayang dina waktu anu singset, teu nepi ka sapeuting jeput, bisa siaran di Radio.

Waktu harita aya anu sanggup nedunan eta syarat teh, nya eta dalang R. Umar Parta Suwanda (Pa Ata) bisa ngawayang dina waktu 3 jam bisa tamat. Ti harita pawayangan di urang teh bisa hirup deui, teu saperti saacanna nepi ka matak mugagkeun para dalang jeung nayagá, teu bisa nareangan kipayah pikeun pangabutuh sapopoe.

Tapi ayeuna mah wayang catur teh ngiles, kurang dipikaresep deui ku masyarakat, lantaran euweuh tingalieunana, ngan saukur dengekeuneun sarua jeung ngadengekeun wayang dina radio.

2. Wayang Pakuan

Dina raraga tatahar Seminar Padalangan, aya utusan (R. Malkan, R.U. Partasuwanda, Adjat Sudrajat) ka Jakarta geusan laporan kasiagaan jeung kasayagian Seminar Padalangan sa Jawa Barat ka Menteri PDK, Prof. Dr. Prijono. Nya dina tanggal **26** nepi ka **29** Pebruari **1964** dilaksanakeunana eta seminar padalangan teh.

Heuleut sababaraha minggu ti harita, di bumina dalang M. Suhaja Atmadja, diayakeun gempungan para dalang. Anu disawalakeun hiji ihtiar geusan ngawujudkeun pintonan wayang wangunan anyar. Dina eta sawala R.A, Darya ngasongkeun carita

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sulanjana geusan diolah diwujudkeun pidangan wayang (Waktu harita R.A. Darya jadi sesepuh Yayasan Padalangan Jawa Barat). leu teh pikeun nyumponan kahayang Menteri PDK waktu Seminar tea.

Sanggeus sinopsis jeung skenario Sulanjana R.A. Darya diolah, dina bulan Nopember 1964, wayang Pakuan teh dipentaskeun; dina raraga ngaresmikeun "Sanggar Padalangan" di RRI jalan Cianjur No. 6 Bandung. Dalang munggaran nya eta Elan Surawisastra. Pamirig eta wayang, gamelan Pelog.

Pidangan wayang Pakuan anu kadua, dina bulan Desember 1964 di Gedong Yayasan Pusat Kebudayaan di Jalan Naripan No. 7 Bandung, dalangna M. Suhajaatmadja; dipirig ku gamelan Pelog.

Pidangan katilu di gedong Mandala Wangsit Siliwangi di Jalan Lembong Bandung. Dina raraga mieling Kodam VI Siliwangi ka 19, dina tanggal 30 Mei 1965. Kitu nurutkeun tulisan K.S. Kostaman dina "Warta Wayang" no. 4/5 kaca 6.

Wangunan Wayang Pakuan ampir sarua jeung wayang Cepak Cirebon atawa wayang Bendo nu digarap ku Saderek Otong titingal bapa Rasta Cimahi. Keureutan wayang nyeples jalma lamun dibandingkan jeung wayang Golek Purwa. Taktak-taktak wayang Pakuan atawa wayang Bendo leuwih panjang di batan wayang Golek Purwa.

Lalakon anu dipidangkeun, nyaritakeun raja-raja Pajajaran, atawa ratu Pakuan, nu matak pidanganana disebut Wayang Pakuan.

Kakawen, pamirig, jeung lalaguanana diwangun dina surupan Pelog. Saterusna, aya Wayang Pajajaran geusan sarana da'wah Lettu Syarif Sukadi, BA; dalangna Ono Suryana ti Jalan Kurdi II, Cigereleng Bandung. leu wayang husus pikeun Roh-Dam Siliwangi.

3. Wayang Pantun

Dina tahun 1970, aya wayang make sumber carita tina Pantun,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nya disebut "Wayang Pantun". Nu nyiptakeunana nya eta Mang Soma ti Gunung Leutik, Ciparay.

Wangunan saperti wayang Pakuan, dangdanana niron nu dipake ku raja-raja Pajajaran, upamana wae make pasmen karajaan. Ari tatabeuhanana make gamelan salendro dilengkepan ku kaeapi geusan ngarajah.

Dina tanggal 20 April 1974 nu nulis kungsi nyaksian pidangan eta wayang dina carita "Kebo Mulih Pakandangan" hartina balik ka jati mulang ka asal. Eta pintonan mieling kota Bandung, sarta ngembarkeun ka balarea yen paparentahan kabupaten Bandung anu asalna ti Bandung kidul teh ayeuna balik deui ka Bandung kidul nya eta ka Bale Endah (Kebo mulih pakandangan)

4. Wayang Sandiwara

Ari gagasan mah ti taun 1962 keneh, tapi ngawujudna mah kakara taun 1980, sanggeus ayana saresehan Sandiwara sa Jawa Barat, Saderek Endang Sulaeman geus midangkeun wayang Sandiwara. Kitü oge ukur di wewengkonna nya eta di Padalarang.

Anu disebut wayang sandiwara teh, nya eta wangunan wayang anyar nyutat tina carita sandiwàra sarta ngagunakeun tata-cara sandiwara. Pidanganana make layar, gambar-gambar pamandangan kayaning leuweung, layar karaton, layar paseban, jeung layar di jalan. Ari wayangna niron tina tata cara pakean jeung keureutanana sakumaha para pamaen Sandiwara. Nu nyiptana teh nya età Saderek Endang Sulaeman. Hanjakal pisan nepi ka danget ieu masyarakat Bandung jeung sabudeureunana can bisa ningali pidangan età wayang.

5. Sandiwara Boneka

Sanggeus mindeng ningali pidangan si Unyil dina TVRI, muncul pidangan sandiwara boneka dina raraga PKSD sa-Jawa Barat.

C. MUNDURNA AJEN SENI PADALANGAN DI PRIANGAN

Di luhur geus disebutkeun yen ajen seni padalangan di urang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

beuki mundur wae. Hai ieu dilantarankeun ku rupa-rupa masalah di antarana:

1. Pribadi dalang sorangan
2. Pangaruh kasenian deungeun
3. Pangaruh tehnik modern
4. Lingkungan masyarakat.

1. Pribadi dalang sorangan

Dumasar kana rasa rumasa jeung pangkuan para dalang di urang, netelakeun yen nyorosodna ajen seni padalangan teh dilantarankeun ku bongan sorangan, pangpangna sikep jeung lakulampah pribadi kayaning:

a. Kurang asak jeujeuhan
b. Kurang latihan
c. Kurang hubungan.

a. Kurang asak jeujeuhan

Loba di antara para dalang anu geus kasarung, kurang jeujeuhan, jeung rasa maneh. Rasa aing pedah payu, pedah loba nu mibutuh, pedah loba anu nanggap; nepi ka poho kana temah wadi. Geus teu inget ka batur, pokona asal untung, mucekil pikeun dirina pribadi. Sifat hawek, kadedemes, kakas-kekes kana rejeki teh geus teu dihiding deui. Antukna komara jeung wibawa dalang teh leungit sama sekali. Conto pagawean goreng kana ngahak milik sarerea upamana: lamun pareng meunang berekat, parawanten, cangkrub cai jeung kauntungan tina sampingan sejen, sok diringkid ku sorangan. Teu inget kana pangabutuh nu sejen, tampala inget ka anak buah mah, ka nayaga atawa ka pakacarna. Malah tampolana mah aya dalang nu sok papaehan, sok dapon untung manehna sorangan. Misalna ngawayang di nu hajat bari ngabohong ka nayaga. Majarkeun teh aing mah ngawayang teh dihiras, ngeduk sumur, ripuh; padahal dibayarna kacida gedena. leu teh hiji alesan malar mayar ka nayaga saeutik, keur manehna gede untungna. Aya deui meunang duit tina tebasan (duit pangganti parawanten atawa ruruba ngaruat), tara nepi ka nayaga atawa ka Juru Sekar mah. Nu matak loba para juru gen-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ding anu ngarasa ripuh ngadunungan ka dalang anu kacida payuna.

Beuki beh dieu beuki meuweuh, kurnaha carana jeung jalanna wae oge, sok dapon manehna untung. Jalan anu kacida gampangna nya eta neangan pangalungan, atawa sok ngobral lagu. Malah sakapeung mah cui dogdog tinggal igei, anu tadina mah nanggap wayang, diganti ku nanggap pasinden, nepi ka lalakon teh leungit kaganggu ku meredelna para panongton nu marenta lagu. Beuki dieu kabiasaan kitu teh beuki angot, ahirna wibawa dalang dielehkeun ku Pasinden. Malah diukna oge Pasinden teh di luhureun ki dalang.

Aya di antara dalang-dalang anu ngahaja "marilu payu" ka sinden, padahal kacida salahna lamun dalang bisa dijajah ku pasinden. Contona pidangan ngawayang dialas ku nyi Juru Sekar, lalakon diandeg ku nyi suarawati. Cindekna kakawasaan dalang teh geus euweuh, pindah kumaha ceuk kapalay nyi ronggeng.

Lian ti eta, aya dalang anu ngasrog-ngasrog maneh, sangkan ditabeuh atawa ditanggap. Kajeun teuing teu diburuhan oge, asal kuring dipindangkeun. leu mere angin kana ajen padalangan, jadi mundur.

Dina jaman kiwari loba para dalang hayang payu ku alatan para sponsor, upamana wae ku perusahaan Jamu Jago, Jarum, Batre ABC, perusahaan obat-obatan. Ku akibat "pesanan sponsor" loba dalang anu poho kana tetekon padalangan anu disebut Panca Curiga. Upamana wae wayang Gatotgaca paeh atavva boga kanyeri bisa cageur deui lantaran diulasan ku Afitson. Kapan eta teh hiji pagawéan dalang anu kacida gagabahna. Tapi dalah dikumaha da eta dalang teh hirupna ti Afitson kapaksa we kudu ngalaksanakeun sagala pamenta eta sponsor. Sok mindeng ngadengekeun siaran ti RRI, lalakon atawa siaran dihaja diselang heula ku propaganda obat-obatan, upamana wae diganti ku lagu "Saha" anu rumpakana diganti ku rumpaka Afitson. leu oge nurunkeun ajen seni padalangan.

Sababaraha dalang anu ngubur maneh, ku lantaran mindeng direkam. Baheula mah kapan dalang Takrim geus sababaraha kali perusahaan Piringan Hitam hayang ngarekam, tapi tetep mugen

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

teu daekeun. leu teh ngajaga ka pikahareupeun. Lamun sorana direkam, atuh anu hayang ngadengekeun teh kari muter we. Mangkaning ari rekaman tea bisa diputer sababaraha kali, bisa muter sabosenna. Tungtungna moal aya anu panasaraneun kana sora eta dalang. Diganda aya jelema oge anu hayang ngadenge atawa nanggap dalang si A cenah eta teh dalang kasohor. Sangkan enteng teu loba ngaluarkeun waragad, urang meuli kasetna wae di toko.

Mindeng nyaksian boh dina Televisi boh ngadengekeun siaran wayang di radio amateur, pidanganana teh kalolobaanana kurang aya pulunganeunana. leu teh dilantarankeun ku dalang-dalang anu dialajar keneh, hayang gancang-gancang katanggar. Acan ge hatam geus dipidangkeun manten, ahirna tutung atahan. Hal ieu meubeut meulit ka dalang-dalang anu geus baroga ngaran. Ceuk sangkaan anu aya di wewengkon deungeun mah geuning kitu we ajen seni padalangan urang teh.

Sagala rupa anu dipedar di luhur ngebrehkeun kurangna jeu-jeuhan, anu pamustunganana ngaruntagkeun ajen seni padalang-an/pawayangan urang ayeuna.

b. Kurang latihan

Geus jadi kabiasaan para dalang di urang, lamun rek manggung teh, tara make latihan heula. Latihan dicukupkeun di panggung wae. Anu karitu teh biasana para dalang anu geus kaasup nganggap yen dirina geus teu kudu ngayakeun deui latihan. Kabiasaan kitu teh sok ditarurutan ku murid-murid anu kakara lelengkah halu. Majarkeun teh urang latihan bari leumpang wae. Kajaba lamun maranehna rek nyanghareupan siáran, sok ngahaja ngumpulkeun para nayaga katut Juru Sekarna pikeun ngayakeun latihan. Padahal lamun ku urang dilenyepan, kacida hadena lamun loba para dalang mibanda rasa kawajiban pikeun ningkatkeun diri boh dina kagiatan latihan kaparigelan, boh dina bucu-baca buku pangaweruh geusan nambahan kanyaho dina garapan ngawayang. Upadi latihanana mayeng jeung langgeng mah, boh saminggu sakali, boh sabulan dua kali. Tinangtu garapanana teh bakal leuwih ningkat.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Naon sababna para dalang hoream latihan? leu ku urang oge geus bisa kasawang. Di antarana maranehna teu boga waragad geusan ngajamin jeung ngongkosan para nayaga jeung Juru Sekar, komo pikeun nayaga anu papencaran jeung jarauh mah. Lamun teu kitu, da pikarunyaeun, para nayaga anu teu dipikiran keur rasiko dapurna pikeun poe anu dipake latihan harita, rek ti mana kulawargana bisa dahar, da puguh salakina teu bisa digawe. Hiji hal anu kurang bisa dirasakeun mangpaatna ku sababaraha dalang, nya eta ngalalajoanan pidangan dalang sejen. Teu saeutik di antara para dalang ngarasa hiña atawa handap ajen dirina lamun kudu ngalalajoanan garapan dalang sejen, komo lamun nu ngawayang teh aya disahandapeunana mah. Malah sakapeung mah aya rasa diri, naha si A teh make nanggap dalang si eta, lain nanggap aing. Sabab moal aya anu nyaruaan kana kabisa aing mah.

Anggapan anu sarupa kitu asa kurang payus, sabab mungguh jalma mah teu aya nu nyongcolang tina sagala widang. Lamun onjoy ti salah-sahiji widang bakal kurang di widang sejen. Komo lamun inget kana babasan mah anu kieu unina: Luang mah lain tina daluang wungkul tapi ti pada urang. Jadi kacida alusna lamun di antara para dalang geus bisa ngabiasakeun diri ngalalajoanan manggungna nu sejen. Hiji ciri manehna hayang nambahan luang, hayang leuwih maju. Cindekna ngalalajoanan batur teh hiji latihan anu kacida gede mangpaatna. Komo lamun nepi kabisa ngalenyepan jeung nitenan pidanganana, mana anu goreng, mana anu alusna, mana anu kudu dipinconto, mana anu kudu dipulungan jeung mana anu kudu disingkiran; sarta nu mana anu kudu diomean.

c. Kurang Hubungan

Dina lagu pupuh Pucung aya rumpaka anu kieu:
"Utamana jalma kudu loba batur
keur silih tulungan
silih titipkeun nya diri
budi akal lantaran ti pada jalma.
Rumpaka di luhur, netelakeun yen urang hirup kumbuh teh

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kudu loba batur. Geusan paheuyeuk-heuyeuk leungeun, silih simbeuh ku kadeudeuh jeung sili tukeur pangalaman sarta papahaman. Nya kitu deui para dalang kudu loba batur, geusan hubungan. Urang bakal ngarasa kurang pangabetah lamun dipencilkeun ti nu sejen. Urang bakal ngarasa kacida rugina lamun kurang hubungan, teu saeutik para dalang anu geus moyan (boga ngaran) teu bisa maju lantaran kurang hubungan.

Sabalikna, sok sanajan dalang anu kurang dipake jeung dipikaresep ku masyarakat, tapi manehna loba hubungan anu kacida hadena. Sok loba anu ngadagangkeun, loba nu ngalus-ngalus, ahirna eta dalang teh bisa payu jeung dipikaresep, sarta lamun manehna dibarengan ku rapekan daek ningkatkeun diri, bisa-bisa jadi dalang anu boga ngaran cara nu lian. Ku lobana hubungan ngaran jeung garapan ngawayangna patatalepa ka emper-emper ka wewengkon sejen, akibatna eta dalang teh bakal kasohor ka sejen dayeuh.

Lamun geus loba hubungan, kacida hadena lamun dibarengan ku rancingeus. Karancingeusan ieu ngandung harti anu jembar nya eta iceus, giat, daek. Iceusna kudu nyaho kana kaayaan wewengkon anu rek disorang, naon karesepna di eta wewengkon, jeung kumaha kuduna lamun manggung di eta tempat. Giat hartina gancang ngalampahkeun sagala konsep anu aya hubunganana jeung kaiceusan tadi. Daek di dieu hartina daek tatanya, ngalenyepan geusan nalungtik kahayang masyarakat di eta tempat. Kalayan menta saran atawa pituduh ti urang dinya, pangpangna ti jelema anu kapercaya atawa jalma anu dipikolot ku urang dinya. Ku daekna tatanya, kadang kala urang sok meunang katerangan anu di luar dugaan urang. Upama wae, pacaduan, jalma anu hasud, jeung sakalian urang bakal dibere pangjagaan malar diri urang teu kacanir bangban atawa bobor karahayuan. Lantaran teu saeutik dalang bisa tiguling ku lantaran diheureuyan ku anu sirik pidik atawa nu nyoba kana wewesan batin ki dalang. Jadi mundurmajuna ajen seni padalangan/pawayangan di urang teh gumantung kana pribadi dalang sorangan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

2. Pangaruh Kasenian deungeun

Dina mangsa kasenian deungeun acan loba jeung nyebar ka wewengkon urang; kasenian urang kacida dipimeumeutna ku masyarakat urang, kayaning *Longser, Sandiwara, Ogel* atawa *Reog, Pantun, Doblang, Wayang Golek,* jeung rupa-rupa kamonesan sejenna. Saupamana aya jalma anu rek kariaan, manehna asa ngarasa kurang reugreug jeung kurang púas lamun teu direrenceng ku tatanggapan. Lamun aya rendengan ambrengan, bakal cawerang lamun teu dibarengan ku nanggap wayang.

Sakapeung mah dina eta kariaan teh nu hajat ngagunakeun kasempetan pikeun nembongkeun ka beungharanana nya eta saantero kasenian sok ditanggap, tepi ka tujuh peuting terus-terusan. Anu dipalar eta nu hajat teh katanggar kajegudanana. Lamun eta jalma resep pisan kana wayang, saantero dalang anu ka asup sohor, ditanggap. Upamana malem ieu nanggap dalang **Sunarya,** isukna dalang **Elan Surawisastra,** malem pagetona nanggap dalang Aming Wiganda jeung rea-rea deui.

Tapi dina danget ieu, kaayaan anu saperti di luhur teh ngan ukur jadi panineungan wungkul. Para nonoman geus loba nu incah tina karesep kolotna, loba para jajaka anu miresep kana kasenian deungeun kayaning cacaca, agógo, ajojing, jeung kasenian deungeun sejenna anu ngabalukarkeun seni talari mundur. Katurug-turug kolot-kolot anu miresep kana wayang narungtutan mulang ka alam padang, sedengkeun para nonoman anu raresep kana kasenian deungeun terus-terusan murudul, kalayan mere pangaruh ka barudak leutik sangkan resep kana eta kasenian. Jadi teu matak heran lamun pawayangan/padalangan di urang pada naringgalkeun teh.

Aya anu boga pamadegan yen pintonan wayang teh, geus teu luyu deui jeung kahayang barudak ngora ayeuna. Lantaran wangunan pindangan tongoy wae dina titincakan anu heubeul. Jadi wayang golek mah lain kadaharan barudak ngora ayeuna, tapi pikeun indung-bapana atawa ninina jeung akina anu geus tilar dunya atawa nu geus tinggaleun jaman. Memang bener kitu kasenian deungeun teh kayaning disco, agogo, volksong teh bisa meuli hate para rumaja, bisa ngalayanan jeung mepende. Kapan dina

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

waditra-waditrana oge sing sarwa mahal jeung sing pararonyoyna, ku saliwatan oge jelema teh geus katarik. Katambah-tambah wirahma eta kasenian teh luyu jeung wirahma para rumaja anu keur menter beger.

Sabenerna di antara para dalang aya oge anu motekar, kumaha carana pidanganana sangkan dipikaresep ku barudak ngora ayeuna. Timbul kabiasaan geusan ngudag-ngudag pasaran, ahirna irama agogo, ajojing jeung disco teh diparake dina pidangan wayang golek. Pangpangna dina ngigelkeun panakawan (Gareng, Dawala, Cepot) atawa para danawa. Malah juru sekarna oge make rumpaka iinggrisan sok sanajan teu bisa ngucapkeunana oge. Asupna agogo, ajojing, disco dina pidangan wayang golek, nimbulkeun kurang payus. Lantaran can aya pangropea anu asak bener-béner. Jadi asupna eta kasenian-kasenian deungeun teh estuning satorojolna. Masalah ieu pisan anu ngurangan ajen seni padalangan/pawayangan urang teh. Padahal lamun eta unsur-unsur kasenian deungeun teh ngan saukur dijadikeun sambara pikeun mere mamanis kana pidangan wayang golek, tinangtu kamotekaran teh bakal mere sari kana pidangan sarta teu matak jadi mamala.

3. Pangaruh Tehnik Modern

Ku nerekabna jeung sumebarna alat-alat modern ka saban desa sarta jalma-jalma geus bisa ngarasakeun ni'mat eta barang, ahirna beuki haroream migawe barang-barang atawa masalah anu barabe jeung hararese teh. Kapan ayeuna mah hayang sagala rupa oge kari mencet "tombol" teu kudu hese-hese. Nya kitu deui masalah hiburan oge, kari muter kaset atawa Televisi, teu kudu indit ka panglalajoan sagala rupa.

Loba jalma anu ngarasa seunggah jeung hoream rek indit nyumponan ondangan pikeun lalajo/hiburan, komo lamun mayar, hujan, poek jeung jauh tempatna mah, turta hararese kendaraanana. Dina kaayaan sarupa kitu, boro-boro para seniman dalah masyarakat anu salilana rariweuh ku pagawean nyasatna kacida perlu hiburan, mikir dua kali. Sakapeung mah pangagung anu dibutuhkeun papayungan oge sangkan para seniman

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sumanget dina enggoning ngagarap widangna, tara katingali, biasana sok ngawakilkeun. Nya kitu deui para "pembina kasenian" ari teu dianggap penting-penting teuing mah, hoream rek ngadatangan teh. Ti batan nginditan lalajo mah angguran hiburan di imah, tinggal muterkeun kaset-kaset, televisi atawa vidio tape. Di dieu jentre pisan yen pangaruh alat-alat modem teh kacida gedena geusan ngurangan apresiasi, jeung ngurangan kana sumanget para seniman dina ngolah senina. Ahirna ajen seni kaluli-luli. leu teh mangrupa hiji tangtangan pikeun para dalang Stawa nu mikir kumaha seni sangkan dipikaresep, dipielat, jeung dipibeurat.

Di antara para dalang aya nu boga hujah, kumaha carana ngamangpaatkeun alat-alat modem dina dunya pawayangan. Nya lahir naon anu disebut. **wayang Teknik** nya età pidangan wayang anu ngagunakeun, ngamangpaatkeun aliran listrik. Contona dina waktu merangkeun wayang, diaduna keris atawa gada teh sok aya singburicakna cahaya. Si Gareng make pépestolan bisa ngaluarkeun cahaya. Nyakitu deui Bukbis bisa ngaluarkeun sinar tina panonna, nepi ka nu kasorot ku panonna bisa paeh saharita. Pidangan anu sarupa kitu teh kacida dipikaresepna ku barudak mah. Tapi matak hanjakal henteu bisa lana hirupna wayang tehnik teh.

Aya deui karya pawayangan niron-niron pidangan sandiwara boh pakeanana, layarna, dekorna, wangunan pentas 3 dimensi. Saperti anu geus dilaksanakeun ku siswa-siswi SMKI (Sekolah Menengah Karawitan Indonesia) mun baheula mah disebut Kokar. Età pidangan digarap ku sababaraha dalang, mun teu salah mah aya sapuluh dalang. Nu 9 dalang di jero panggung, dijadikeun 3 tempat nya età, 3 urang di hareup, 3 urang di tengah jeung 3 urang di pangtukangna. Ari nu saurang deui ngahiji jeung nayaga minangka dalangna anu mere komando ka para pangrawit. Dina mangsa badaya atawa ngigelkeun wayang-wayang, diwangun ku simultan (rampak, saharita), katingalina hirup. Upamana para patih magelaran, bareng sawaktu, anu sahiji ti beulah katuhu anu sejenna ti beulah kenca, cindekna wayang-wayang anu sakarakter midangna bisa dibarengkeun. Ngeunaan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dekor oge leuwih maju dibandingkeun jeung dekor wayang nodern anu dilalayahan ku Pa Ata (R. Umar Partasuwanda). Utamana dina dekor karaton, jentre aya hambalanana, antara paseban jeung sitinggil teh aya badana. Nu lalajo boh kolot boh budak pada bengong, teu nyana yen pidangan wayang teh bisa alus. Tapi matak hanjakal pidangan anu saperti kitu teh jauh bisa katurutan ku dalang-dalang. Lantaran jaba ti merlukeun waktu lila keur latihan teh, oge waragad jeung ruruba anu pohara pisan. Jadi ceuk babasan mah kudu beunghar memeh tandukan. Hamo aya nu bisa nurutan lamun lain ngahaja ngayakeun pintonan kitu, bari diwaragadan ku Pamarentah.

4. Lingkungan Masyarakat

Tumuwuhna seni gumantung kana lingkungan masyarakat. Lamun masyarakat kampung anu hirupna tina tatanen, tinangtu bakal ngarasa perluna ayana seni, pangpangna pikeun ngaron-jatkeun hasil tatanenna. Upamana wae, saban rek netepkeun pare teu tinggal ti talari; saban rek metembeyan, rek ngawur teu kendat ti talari. Seni jeung talari kacida pisan implutna. Wayang Golek kacida diperelukeunana dina mangsa ngaruat, hahajatan, kariaan, jeung salametan. Nurutkeun talari lamun aya budak ugang-aging (nanggung bugang), nunggal, talaga tangkal kausar (budak kembar awewe), pancuran emas (budak kembar lalaki), imah atawa dayeuh narik-kolot kudu diruat, boh ku wayang boh ku pantun kumaha kadada-kadugana. Dina mangsa-mangsa kitu para dalang di kampung bakal panen, komo lamun nyanghareupan bulan Rayagung mah loba nu hajat ngawinkeun, tinangtu maremana. Kitu kaayaan masyarakat kampung di mangsa alam ka tukang. Tapi kulantaran ayeuna mah masyarakat kampung oge geus loba nu ngota, boh ku ayana jalma nu ngota ayana di kampung, boh ku ayana pangaruh kota jadi ngota. leu bakal mere pengaruh kana kakuatan adat talari. Saperti di masyarakat kota, arang-langka make aya jalma nu ngaruat. Di kota mah teu aya nu ngahaja nang-gap wayang dina raraga nyalametkeun budak nunggal atawa budah kembar. Nya kitu deui di kampung-kampung anu geus ngota, carang pisan anu kuat kana tradisi jeung talari teh,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

malahan dina danget ieu mah loba anu col kana età kabiasaan teh. Masalah ieu bakal ngurangan kana manggungna wayang. Para dalang di età kampung bakal ngarasa hoream kana garapanana, bakal kurang suhud ngamumulenà seni, antukna ajen seni bakal nyorosod teu puguh-puguh.

Ku urang ayeuna karasa pisan, yen angkatan ngora loba anu geus kurang perhatian kana tatanggapan wayang. Leuwih resep kana bioskop, jeung seni asing sejenna, lantaran kahayangna jeung jiwana geus nyampak ku età seni. Seni pawayangan geus dianggap kurang cocog deui jeung jiwa rasa barudak ngora ayeuna. Masalah ieu saeutik gedena baris ngamangaruhan kana nyorosodna ajen seni Pawayangan/Padalangan urang.

D. USAHA GEUSAN NINGKATKEUN AJEN SENI

Rupa-rupa kagiatan geusan ngaronjatkeun ajen seni, boh dilaksanakeun ku Lembaga Pendidikan Kasenian, Organisasi-organisasi Kasenian, Pamarentah Daerah, boh ku Departemen Pendidikan dan Kebudayaan. Usaha-usaha anu geus dilaksanakeun kayaning ngayakeun:

1. Panataran
2. Binojakrama Padalangan
3. Sawala/Saresehan
4. Ngaluarkeun Buku atawa Diktat
5. Pakumpulan/Organisasi-organisasi
6. Pagelaran
7. Panalungtikan.

1. Panataran

Geus ti beh ditu mula, pamarentah atawa Lembaga-lembaga ngalaksanakeun panataran-panataran para Dalang di urang, geusan ngaronjatkeun kaparigelan, pangaweruh tina widang garapanana. Ari lilana panataran teh gumantung kana tujuan kurikulum anu dijieun ku para panitia, aya ngan ukur saminggu, sabulan, 3 bulan jeung aya oge anu salila 6 bulan.

Saperti anu geus ka alaman ku nu nulis, dina bulan Juli 1972 Yayasan Padalangan Pusat Jawa Barat, ngayakeun Panatar-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

an/Aplikasi para dalang sa-Jawa Barat, salila 6 bulan tempatna di Jalan Diponegoro no. 61 'di Bandung. Ari mata pelajaranana anu dibikeun di antarana: Agama, Pancasila, Basa Indonesia, Basa Sunda, Antawacana, Sabet, Sajarah Padalangan, Kakawen, Basa jeung Sastra Padalangan, cara-cara nyieun wayang, Ilmu Karawitan, Ilmu Tari/Koreografi, Seni Rupa, Antropologi, Pakem Padalangan, Kamasyarakatan, Seni Drama, Panca Curiga, Etika Padalangan jeung rea-rea deui. Malah make ijazah sagala rupa anu ditapak-jalakan ku panitia, Drs. Adjum Djunaedi sesepuh Yayasan Padalangan Pusat Jawa Barat jeung Drs. Budiaman minangka "Kepala Kantor Pembinaan Pendidikan Kesenian Jawa Barat" titi-mangsana 30 Desember 1972.

Samemeh mangsa kampanye Pemilu 1982, ngahaja pamarentah ngayakeun panataran para dalang sa Jawa Barat heula, keur "nyukseskeun Pemilu 1982". Pangpangna dina mere panerangan-panerangan ka masyarakat. Dina cara mere paneranganana sangkan ulah togmol kitu wae, tapi dibalibirkeun boh dina antawacana atawa paguneman boh dina lalakon anu dipedar teu lesot tina kode etika padalangan jeung Panca Curiga (sindir, silib, simbul, siloka jeung sasmita). Hai ieu oge, dina ngalarapkeurfana merelukeun pangalaman jeung pangaweruh. Ku cara-cara mere papatah, panerangan ka masyarakat teu togmol oge geus mere atikan atawa didikan geusan ngaronjatkeun ajen seni padalang-an/pawayangan urang.

2. Binojakrama Padalangan

Binojakrama padalangan teh dina mangsa ieu mah mangrupa pasanggiri/lomba seni Padalangan anu di ayakeun pikeun mieling lahirna Yayasan Padalangan Pusat Jawa Barat. leu kagiatan hiji usaha keur nanjeurkeun jeung mekarkeun sarta ngaronjatkeun ajen seni Padalangan. Loba di antara para dalang anu hayang ningkatkeun garapanana jeung hayang nembongkeun wewesenna dina binojakrama. Dina danget ieu geus numpuk para dalang pinilih teh (tingali lampiran).

Akibat tina meunangna binojakrama, ajen dirina ningkat, pasaran di masyarakat jadi onjoy. Sarta, lamun arinyana hayang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tetep dina kalungguhanana kudu terus motekar jeung ihtiar malar garapanana leuwih nanjung jeung ningkat. Sabalikna lamun eleh tina binojakrama pasaranana di wewengkona oge sok milu nyorosod. Kitu di antrana hasil usaha tina ngayakeun binojakarama teh.

Iwal ti kitu masyarakat loba nu miwanoh deui kana pagelaran wayang Golek Purwa. Lantaran dina prakprakanana età kagiatan teh katingalina ku masyarakat mah beunang disebutkeun dipupujuhkeun ku pamarentah. Kapan kitu, ari anggapan masyarakat mah, lamun età seni jolna ti para menak, atawa samangsa-mangsa para menak resepeun, tinangtu masyarakat oge bakal pipilueun.

Dina raraga mieling lahirna Yayasan Padalangan Pusat Jawa Barat teh, sok aya kagiatan sejen, kayaning mamerkeun bukubuku padalangan, demonstrasi anu nyarieunan wayang, mamerkeun wangunan-wangunan wayang, jeung arak-arakan seni padalangan/pawayangan urang. leu kabeh ngarojong kana ngangsrod "apresiasi masyarakat". Tapi matak harendeg, lantaran beuki beh dieu anu marilu binojakrama teh beuki ngarangrangan. Hai ieu dilantarankeun ku sangkaan-sangkaan jeung tuduhan-tuduhan ka Panitia Pasanggiri para dalang anu kurang payus, pangpangna pikeun para patandang anu ngarasa dilicikan ku para Juri atawa girang pangajen. Balukarna kana pasanggiri sarupa kitu loba anu kurang sapuk. Saperti kajadian dina Binojakarama Padalangan bulan Mei 1982, tina 24 kabupaten jeung kodya teh ukur 13 utusan daerah anu milu kana età saembara pilih tea. Mundur majuna età usaha teh gumantung ka urang sarerea. Samalah aya nu miharep, kacida alusna lamun Binojakrama Padalangan teh dibalikeun deui kana harti anu munggaran, nya età ngariung-mungpulung bari balakecrakan dina raraga mieling ngawujudna Yayasan Padalangan di Jawa Barat. Cindekna teu aya sifat parebut *gelarpinilih* atawa gelar juara. Lamun kitu mah jigana bakal obyag deui marilu kana età Binojakrama teh.

3. Sawala

Jaba ti kagiatan-kagiatan anu di luhur, dina binojakrama aya hiji kagiatan anu mandiri nya età sawala atawa saresehan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Mindeng kagiatan sawala dilaksanakeun, malah ti samemeh ayana binojakrama oge geus dipitembeyan.

Dina eta kagiatan, anu disawalakeun iwal ti kumaha carana, kumaha lengkah saterusna jeung rek dibawa ka mana padalangan/pawayangan di urang teh. Hasil atawa kacindekan-kacindekan tina eta saresehan loba anu can dilaksanakeun lantaran masih keneh kauger ku waktu, waragad jeung kamampuhan-kamampuhan sarta kaayaan di urang. Loba gagasan anu alus teu bisa digarap lantaran waragad atawa hese ngalaksanakeunana. Hal ieu teu matak jadi heran dalah dikumaha, da sagala rupa oge kudu ku aya sarana jeung prasarana.

Tapi jentre, yen ayana kagiatan saresehan teh geusan ngamajukeun ajen seni Padalangan/Pawayangan di urang.

4. Buku-buku

Usaha sejen, geusan nambahan pangaweruh dina widang padalangan, nya eta ngayakeun jeung ngaluarkeun buku-buku atawa Diktat.

Dina taun 1976 aya sawala/saresehan Padalangan sa Jawa Barat. Di antarana aya hiji kaputusan yen Proyek Penunjang Peningkatan Kebudayaan Jawa Barat kacida alusna lamun ngaluarkeun buku. Nya dina taun 1978 aya dua buku/diktat terbitan Lembaga Kesenian Bandung, nya eta karangan R. Gunawan Djajakusumah: Pengenalan Wayang Golek Purwa di Jawa Barat, saterusna disundakeun ku Saderek Tisna Sopandi dina taun 1981. Diktat ka dua nya eta Pengetahuan Padalangan di Jawa Barat karya sim kuring. Eta ka dua buku/diktat dibagi-bagikeun ka daerah-daerah sa Jawa Barat. Malah nepi ka saluareun Jawa Barat kayaning, ka Jawa Tengah, Jawa Timur, jeung Bali.

Dina taun 1981, Pusat Olah Seni Pawayangan ngaluarkeun deui dua diktat nya eta karya dalang Elan Surawisastra: Barata Yuda kanda Jawa Barat, jeung Penuntun Pengajaran Padalangan Jawa Barat karya Saderek Yoyo Risyaman.

Dina taun .1980, Sekretariat Nasional Pewayangan Indonesia geus nyieun "Konsep Tuntunan Padalangan Wayang Golek Sunda", karangan A.S Pradjakusumah.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Proyek Penelitian dan Pencatatan Kebudayaan Daerah Jawa Barat, nyusun konsep diktat padalangan "Sejarah Perkembangan Seni Pewayangan di Jawa Barat, karya Drs. R.M. Edy Azhari, Drs. Nana Darmana jeung anu nulis.

Geusan lingkungan mahasiswa ASTI Bandung, nyieun diktat Apresiasi Padalangan, Bandung 1978, susunan nu nulis. Disusul . ku Saderek Uwas Achmad Wijaya nyusun diktat Pemanggungan Wayang Golek di Priangan.

Tapi nya kitu nepi ka danget ieu eta diktat-diktat anu di luhur teh can bisa dijadikeun buku, alatan can aya Penerbit anu wani nyitak, utamana mah can aya waragad. Cindekna nepi ka ayeuna mah karek Buku Padalangan karya M.A. Salmun dikaluarkeun ku Baiai Pustaka taun 1961; jeung karya R.U. Partasuwanda: Ringkesan Pustaka Raja Purwa, taun 1960. Ari nu sejen-sejenna mah karek mangrupa Diktat-diktat.

5. Pakumpulan/Organisasi

Dina raraga ngamumule Seni Sunda umumnya, seni Padalangan/Pawayangan di urang, timbul Organisasi-organisasi Seni Padalangan/Pawayangan di antarana:

a. PPDB atawa PAKSI
b. BKMP
c. Yayasan Padalangan Pusat Jawa Barat
d. Yayasan Pusat Oleh Seni Pawayangan Jawa Barat
e. Persatuan Pedalangan Indonesia (PEPADI).

a. PPDB/PAKSI

Dina tanggal 9 Desember 1954 di Jawa Barat aya Musyawarah, hasil tina eta musyawarah lahir organisasi Padalangan anu disebut Persatuan Padalangan Djawa Barat, disingketkeun PPDB. Eta organisasi teh disesepuhan ku dalang Suhajaatmadja jeung R. Gunawan Djajakoesoemah.

Heuleut dua taun ti harita, pakumpulan PPDB teh dirobah jadi Persatuan Ahli Kesenian Sunda Indonesia, disingkat PAKSI, disesepuhan ku dalang Suhajaatmadja, R. Gunawan Djajakoesoemah, jeung HM Sugandi.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

b. BKMP

Dina tanggal 8 April 1958, Saderek R. Umar Partasuwanda, Rahman Sainan jeung Saderek R.h. SukarnEtsarta sawatara tokoh sesepuh padalangan sejenna, ngadegkeun pakumpulan Pádalangan anu disebut "Badan Koordinasi Musyawarah Padalangan" (BKMP) di Bandung.

c. Yayasan Pusat Padalangan Jawa Barat

Di antara para tokoh atawa sesepuh padalangan ngabogaan niat rek ngahijikeun kakuatan geusan nanjeurkeun ajen seni jeung ngumpulkeun bakat-bakat hasrat-hasrat dina widang padalangan pikeun dipacang-pacang pancen dina salah sahiji wadah. Nya dina tanggal 15 Maret 1961 kalayan akta notaris no. 127, ngawujud hiji beungkeutan anu disebut Yayasan Padalangan Pusat Jawa Barat **anu diluluguan ku Saderek R. Achmad Darja,** R. **Malkan** Suta**diradja, Djudju Sain,** K.S. **Kostaman, Undang Odjoh, R. Adang Natakusumah, Saderek Ukan Sukarjam, hntjang Suhaja Putra, Suhajaatmadja aim., R.U. Partasuwanda aim.**

Ku ayana Yayasan Padalangan Pusat Jawa Barat, Organisasi-organisasi saperti PPDB, PAKSI, BKMP balubar terus ngagabungkeun diri kana eta Yayasan. Di daerah-daerah boh di kabupaten-kabupaten atawa di kodya-kodya saantero Jawa Barat abyag ngadegkeun cabang-cabang eta Yayasan.

Ku sabab di antara para sesepuh Padalangan loba anu mulih ka jati mulang ka asal, nya dina taun 1977 ngayakeun musyawarah kapangurusan, Nurutkeun kaputusan musyawarah nu diayakeun dina tanggal 14 Pebruari 1977 susunan pangurus saperti kieu:

Panasehat	:	R. Achmad Darja
Sesepuh	:	Adjum Djunaedi, BA
Sekretaris I	:	E. Suparman
Sekretaris II	:	Uwas Achmad Widjaja
Bendahara I	:	K.S. Kostaman
Bendahara II	:	M. Suhari Gandamihardja.

d. Yayasan Pusat Olah Seni Pawayangan

Dumasar kana surat keputusan Kepala Kantor Pembinaan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kasenian Propinsi Jawa Barat nomor: 2360/A.IV/KPK/1973, tanggal 15 Nopember 1973, di Jawa Barat ngadeg organisasi seni padalangan anu disebut Badan Pusat Olah Seni Pawayangan Jawa Barat. Arti pangurus-pangurusna nya eta:

Sesepuh	R. Gunawan Djajakoesoemah
Wawakil	Elan Surawisastra
Sekretaris	Atot Rasoma
Bendahara	Ny. Tini Kartini
Sie Pendidikan	Nunung Suwaya
Sie Teknik	Engkin Sukatma Muda
Pembantu Umum	Oo Setia Sendjaja.

Dina tanggal 9 Agustus 1975, make akte notaris no. 21, eta organisasi teh robah ngaranna jadi Yayasan Pusat Olah Seni Pawayangan Jawa Barat, anu boga tujuan geusan ngamumule sarta ngaronjatkeun Seni Pawayangan di Jawa Barat. Susunan pangurusna:

Penasehat	Drs. Barli
Sesepuh Umum	R. Gunawan Djajakoesoemah alm.
Sesepuh I	M. Elan Surawisastra
Sesepuh	Engkin Sukatma Muda alm.
Sekretaris Umum	Atot Rasoma
Sekretaris I	Uwas Achmad Widjaja
Bendahara	Ny. Tini Kartini
Pembantu Umum	Oo Setia Sendjaja.

Anggota Pangurus:

1. Drs. Ganda Yahya
2. Drs. Baskara
3. K.S. Kostaman
4. Adjat Sudradjat
5. Eutik Muchtar
6. Tatang Asmara
7. Onong Nugraha
8. HR. Tjutju Hadisuwanda
9. S. Adiwidjaja
10. Aming Sutisna, BcHk.

Dina tanggal 20 Mei 1980, Sesepuh Umum. R. Gunawan Djaja-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

koesoemah tilar dunya. Kalungguhan Sesepuh Umum diserenkeun **ka Saderek Llan Surawisastra. Sesepuh II ku Adjat Sudradjat lantaran dina tanggal-9 Pebruari 1979, Saderek tngkin Sukatma Muda ngantunkeun. Ari Panasehat ditambahan ku R. Hadian Surya Adiningrat.**

e. Persatuan Pedalangan Indonesia (PEPADI)

Dina tanggal 14 nepi ka 15 April 1971 di Jogyakarta diayakeun musyawarah para dalang sa Jawa jeung Madura. Dina eta sarasehan aya hiji kasaluyuan geusan ngawujudkeun organisasi padalangan nu disebut Persatuan Pedalangan Indonesia, disingget PEPADI, anu ngarangkum para dalang sa Jawa jeung Madura, mibanda komisaris-komisaris di daerah-daerah Tingkat Propinsi atawa daerah Istimewa, sarta di Kabupaten-kabupaten jeung di Kodya-kodya.

Dina tanggal 2 jeung 3 Januari 1972, diayakeun rapat kerja Padalangan. Dina eta raker ditetepkeun susunan Pengurus Pepadi Jawa — Madura, anu disesepuhan ku Saderek BPH. Murdaningrat, kalungguhanana di Jogyakarta.

Dina tanggal 31 Juli 1975, di Jogyakarta geus ditetepkeun yen Pepadi Jawa — Madura teh jadi Pepadi Nasional, Ketua Umum Kol. Sampurno, SH; Pembina Jenderal Surono, Panasehat Prof. Dr. Ida Bagus Mantra (harita jadi Direktur Jenderal Kebudayaan).

Surat Keputusan Ketua Pusat Nomer: 25/S.K./VIII/1975, Saderek Adjum Djunaedi, BA diangkat jadi Ketua Komisaris I Pepadi Jawa Barat. Ari dina SK Ketua Umum Pepadi Pusat nomer: 05/SK.XI/1976, tanggal 16 Nopember 1976, netelakeun yen Ketua Umum ngangkat Komisaris Pepadi Jawa Barat Drs. Nana Darmana (Kepala Bidang Kesenian Kanwil P dan K Jawa Barat), ngaganti Saderek Adjum Djunaedi, BA., anu ayeuna nyepeng kalungguhan Komisaris II Pepadi Jawa Barat.

Enoch Atmadibrata jadi Komisaris III ti Pemda Jawa Barat, Endang Suparma jadi Sekretaris I - ti Yayasan Padalangan Pusat Jawa Barat.

Uwas Achmad Widjaja Sekretaris II — ti Kanwil P dan K Jawa

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Barat, Lili Sugondo jadi Bendahara — ti Yayasan Pusat Padalangan Jawa Barat, K.S. Kostaman Bidang Pendidikan — ti Yayasan Padalangan Pusat Jawa Barat, R. Gunawan Djajakoesoemah jadi Bidang Tehnik — ti Yayasan Pusat Olah Seni Pawayangan Jawa Barat. Età susunan pangurus Pepadi Jawa Barat anu di luhur teh pariode 1976 nepi ka 1980.

Nepi ka danget ieu di Organisasi Padalangan di Jawa Barat teh aya 3 pakumpulan anu kawilang gede, nya età: Yayasan Padalangan, Yayasan Pusat Olah Seni Pawayangan, jeung Pepadi. Malar ulah pacorok-kokod nya aya ugeran pancen masing-masing; di antarana:,

1. *Yayasan Padalangan Pusat Jawa Barat;* ngagem pancen dina widang fisik materil di antarana:
   1.1 Ngayakeun Panataran Seniman/seniwati Padalangan;
   1.2. Ngaronjatkeun tehnik garapan Seniman/seniwati Padalangan;
   1.3. Binojakrama Padalangan.

2. *Yayasan Pusat Olah Seni Pewayangan Jawa Barat,* dina widang mental-spiritual, nya età:
   2.1. Ngayakeun kagiatan-kagiatan dina raraga ngaronjatkeun ajen seni Padalangan (nyusun carita-carita jeung nyieun wayang);
   2.2. Ngainventarisasikeun jeung ngadokumentasikeun 'itinggal jeung sajarah pawayangan;
   2.3. Nyusun buku-buku Pawayangan/Padalangan Jawa Barat.

3. *Pepadi Komda Jawa Barat*
   3.1. Husus di Jawa Barat, mengrupakeun Koordinator Organisasi Yayasan Pusat Oleh Seni Pawayangan Jawa Barat jeung Yayasan Padalangan Pusat Jawa Barat.
   3.2. Pepadi Jawa Barat ngindung ka BKKNI Jawa Barat (Badan Koordinator Kesenian Nasional Indonesia).

Kagiatan-kagiatan anu geus dilaksanakeun ku 3 organisasi Padalangan anu di luhur di antarana:

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

1. *Yayasan Padalangan Pusat Jawa Barat,* geus ngalaksanakeun:
   1.1. Taun 1961-1963 ngayakeun aplikasi/kursus Padalangan di Bandung;
   1.2 Taun 1964 antara tanggal 28 jeung 29 Pebruari 1964, ngayakeun Seminar Padalangan sa Jawa Barat nu diluuhan ku 900 jalma, Menteri P dan K, jawatan/instansi, Pamarentah Tk. I/Tk. II Kabupaten Kodya Bandung.
   1.3. 1964-1973 Aplikasi/kursus Padalangan salila 6 bulan unggal taun, tempatna di Bandung, Jalan Diponegoro 61 Bandung.
   1.4. Taun 1974 — 1975 ngayakeun Panataran-panataran di Tk. I Jawa Barat, atawa di Tk. II Kabupaten-kabupaten jeung Kodya-kodya sa Jawa Barat.
   1.5. Tahun 1976 — 1977, ngayakeun Diskusi-diskusi, Saresehan-saresehan Padalangan di Tingkat Propinsi Jawa Barat.
   1.6. Ti taun 1961 nepi ka ayeuna, unggal taun ngayakeun Binojakrama Padalangan, iwal taun 1971 teu diayakeun lantaran bantrok jeung ayana Pamilu 1971.

2. *Yayasan Pusat Oleh Seni Pawayangan di Jawa Barat,* geus ngalaksanakeun:
   2.1. Taun 1975 ngayakeun brosur-brosur, diktat-diktat Pangaweruh Padalangan;
   2.2. Tanggal 11 nepi ka 24 April 1976, ngalaksapakeun/ngistrenan pangurus Yayasan Pusat Olah Seni Pawayangan di tiap kabupaten jeung kodya sa Jawa Barat.
   2.3. Taun 1977/1978, nyieun dua buku Padalangan, judulna: Pengenalan Wayang Golek Purwa di Jawa Barat, jeung Pengetahuan Pedalangan di Jawa Barat.
   2.4. Tanggal 15 nepi ka 29 April 1978, ngayakeun "Penyuluhan-Bimbingan Tehnik Pawayangan dan Karawitan" di saban kabupaten jeung kotamadya sa Jawa Barat. Babarengan jeung Yayasan Padalangan Pusat Jawa Barat sarta Pepadi Jawa Barat;
   2.5. Dina tanggal 21 nepi ka 29 Juli 1978, ngaluuhan Kongres

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Senawangi (Sekretariat Nasional Wayang Indonesia) di Jakarta. Dina raraga Pekan Wayang Indonesia ka III.

2.6. Dina taun 1981 nyieun buku/diktat: Barata Yuda Kanda Jawa Barat, jeung Panungtun Pangajaran Padalangan di Jawa Barat.

Kagiatan-kagiatan Pepadi Jawa Barat anu geus dilaksanakeun:

3.1. Tanggal 31 Juli 1975, ngaluuhan Kongres atawa Munas Pepadi ka III di Jogyakarta. Nu jadi utusan ti Pepadi Komda Jawa Barat: R. Gunawan Djajakoesoemah, Drs. Adjum Djunaedi jeung Enoch Atmadibrata.

3.2. Ngaluluguan safari dalang dina raraga Kampanye ka Kabupaten-kabupaten jeung Kodya-kodya di sakuliah Jawa Barat, dina taun 1977.

3.3. Dina tanggal 19 nepi ka 24 Pebruari 1977, milu saresehan Dalang sa Indonesia di Pandaan Jawa Timur. Ngirimkeun 14 dalang.

3.4. Tanggal 17-19 Oktober 1977, milu Saresehan Pepadi sa Indonesia di Hotel Prianger, Bandung.

3.5. 5-7 Desember 1977, ngabina pangurus Pepadi di Tk. II Kabupaten-kabupaten jeung Kodya-kodya sa Jawa Barat, di Bandung.

3.6. Tanggal 24-27 Mei 1978, ngayakeun Festival Dalang Bocah sa Jawa Barat, dina raraga mapag Festival Dalang Bocah Nasional.

3.7. Tanggal 19-23 Juli, ngirimkeun para patandang dalang bocah kana Festival Dalang Bocah tahapan Nasional dina raraga Pekan Wayang Indonesia ka III di Jakarta. Waktu harita dalang Terampil III Dalang Terbaik III, Dalang Paporit III, nya eta Deden Tirayana.

3.8. 22-29 Juli 1978, ilubiung dina Kongres/Saresehan dina raraga Pekan Wayang Indonesia ka III, di Jakarta. Nu milu saresehan dalang 4 urang, nu milu Kongres Padalangan/Pawayangan 20 urang.

3.9. Taun 1979, milu saresehan jeung pasanggiri Juru Kawih sa Jawa Barat di Bandung.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

3.10 Tanggal 6-9 Pebruari 1980, milu Muñas Pepadi sa Indonesia di Surakarta, midangkeun dalang Asep Sunandar Sunarya.

6. Pagelaran

Salah sahiji kagiatan geusan ngalaksanakeun hasil kaputusan sawala Padalangan taun 1976, nya eta ngayakeun pagelaran anu nguriling ka saban daerah di Jawa Barat. Para dalang anu kapapancenan ngacacang ka saban wewengkon diatur ku panitia, malar walatra.

Sanggeus ditatar para dalang dipanggungkeun di unggal wewengkon pikeun kampanye dina raraga "nyukseskeun" pamarentahan Orde Baru.

Dina Pekan Studi Pagelaran Wayang Golek sa Jawa Barat, aya sawatara pidangan wayang golek anu digarap ku para dalang kasepuhan. leu hiji usaha pamarentah, sangkan para remaja bisa nyokot pidangan anu aralusna, terus dikokolakeun wuwuh payus jeung diluyukeun reujeung kahayang barudak rumaja ayeuna.

Kabeh usaha pagelaran saperti anu di luhur, maksudna pamarentah teh henteu api láin, henteu ngantep kitu wae ka para seniman/seniwati teh, tapi aya kadeudeuhna. Anu dipalar sangkan ajen seni Padalangan/Pawayangan di urang leuwih ngaronjat.

7. Panalungtikan

Kagiatan sejenna anu dilaksanakeun ku pamarentah nya eta ngayakeun panalungtikan. Ari anu ngalaksanakeun panalungtikan sok aya ti Bidang Kasenian Kanwil P dan K Propinsi Jawa Barat, aya ti Proyek Penunjang Peningkatan Kebudayaan Jawa Barat. Hasil tina eta panalungtikan sok didokumentasikeun, diarsipkeun sarta disebarkeun mangrupa diktat-diktat atawa artikel-artikel dina Buletin Kabudayaan (Kawit) atawa surat kabar sejenna.

Hasil tina panalungtikan padalangan di Jawa Barat, mere panerangan pikeun jalma anu mibutuh boh mangrupa pangaweruh, boh mangrupa pidangan anu bisa dijadikeun picontoeun kaparigelan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Majuna pangaweruh/ilmu ku ayana panalungtikan-panalungtikan, ku lantaran kitu, jentre pisan yen panalungtikan teh kacida pereluna jeung kacida alusna lamun mindeng ngayakeun panalungtikan.

Nya kitu deui, kapan nyusun buku ieu oge dipitembeyan ku ngayakeun panalungtikan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

BAB III

PATOKAN PADALANGAN SUNDA SEJAK PRIANGAN

A. KODE ETIKA PADALANGAN

Anu dimaksud Kode Etika Padalangan di dieu nya eta ugeran-ugeran ngeunáan tatakrama/sopan santun dina enggoning ngamumule, nanjeurkeun jeung ngaronjatkeun Seni Padalangan Sunda. Gurat badagna mah eta kode etik teh diwangun ku:

1. 'ÍCode Etika Seniman/Seniwati Padalangan
2. Panca Curiga
3. Tetekon Padalangan

1. Kode Etik Seniman/Seniwati Padalangan

Kode etik Seniman/Seniwati Padalangan biasa disebut Sapta Sila Kahormatan nya eta 7 kawajiban Seniman/Seniwati geusan ngamumule Garapanana sarta nanjeurkeun ajen senina.

Kasang Tukangna

Dina bulan Mei 1963 di Liogenteng Bandung, di bumina Mama dalang Suhaja Atmadja diayakeun gempungan pangùrus Yayasan Padalangan Pusat Jawa Barat, anu disesepuhan ku RA. Darja. Ngabadamikeun yen kacida perluna ngayakeun sawala pikeun nyieun akal tarekah malar ajen Seni Padalangan tetep nanjung. Sabab waktu harita loba seniman/seniwati anu incah tina tatakrama kayaning: Pasinden diuk luhureun dalang dikorsian, pacorokna seni Padalangan jeung seni Ibing, loba dalang ngan ukur jadi tukang nungguan nu marenta lagu, loba para dalang anu katumpangan sari-sari politik jadi sarana propaganda salah sahiji anu nimbulkeun pabentarna para seniman sorangan disagigireun di kalangan masyarakat.

Nya dina bulan Pebruari 1964, diayakeun "Seminar" para seni-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

man/seniwati Padalangan kurang leuwih 900 urang, pada ngabarandungan boh amanatna para pangagung boh ti para Pemrasaran sarta parä panyanggah nya eta R. Umar Partasuwanda, Elan Surawisastra, A. Sunarya, R. Gunawan Djajakoesoemah, Sorna Sondjaja, Ibu Idah Suhajaatmadja jeung Iyar Wiarsih. Eta sawala teh mangrupa hiji gempungan para seniman anu kacida gedena nepi ka danget ieu can manggihan deui riungan anu saperti kitu. Sarta kacindekan-kacindekan tina eta "seminar" teh bener-bener dijalankeun ku para seniman, sabab nya mareunang inyana nyieun eta kaputusan teh. Jadi asa pamohalan lamun dirumpak waktu harita.

Dina eta sawala ngahasilkeun kaputusan anu disebut Sapta Sila Kahormatan nya eta:

a. Seniman-Seniwati Padalangan teh Seniman sajati. Ku kituna wajib eukeurna ngajaga ajen kasenian anu digarapna.
b. Seniman-Seniwati Padalangan teh pangatik masyarakat. Ku kituna wajib eukeurna mere conto ka masyarakat anu mikaresep kana kasenianana, lain bae ku ucap tapi oge ku tingkah laku.
c. Seniman-Seniwati Padalangan teh kaasup juru penerang. Ku kituna wajib eukeurna dina wates-wates kamampuhanana mantuan pamarentah nepikeun jeung nyebarna sagala cita-cita nagara jeung bangsa ka masyarakat lingkunganana.
d. Seniman-Seniwati Padalangan teh sosiawan Indonesia. Ku kituna wajib eukeurna ngukuhan jiwa gotong-royong dina sagala rupa perkara.
e. Seniman-Seniwati Padalangan teh susilawan. Ku kituna wajib eukeurna ngajaga kasusilaan di lingkungan masyarakat.
f. Seniman-Seniwati Padalangan teh boga kapribadian. Ku kituna wajib eukeurna ngajaga jeung ngamumule kapribadian bangsana.
g. Seniman-Seniwati Padalangan teh setiawan. Ku kituna wajib eukeurna salawasna tunduk jeung ngahormat kana hukum-hukum nagara Republik Indonesia jeung kana adat-istiadat bangsana.

Kitu di antara anu diterangkeun ku K.S. Kostaman salah saurang pangurus Yayasan Padalangan Pusat Jawa Barat anu waktu harita

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

jadi Sekretaris Panitia Seminar kasebut. Kalayan inyana ngarucat deui, ngarah leuwih jentre cenah, anu kieu pok-pokanana:

Dina sila hiji disebutkeun, Seniman-Seniwati Padalangan teh *seniman sajati.* Ku kitunna jadi kawajiban eukeurna ngajaga sarta ngamumule ajen kasenian anu digarapna. Di dieu atra pisan yen sing saha anu ancrub ngagarap kasenian, ulah ngan ukur dapon wungkul, tapi kudu bener-bener nepi ka ajen seni teh luhur, boga komara, dangiangna tetap nyongcolang antukna bisa nunjang kapribadian kalayan ngabantu jembarna kamekaran kabudayaan bangsa. Katut ngabogaan ageman Panca Sila nu sila utamana "Ketuhanan Yang Maha Esa."

Sila kadua nandeskeun yen Seniman-Seniwati Padalangan teh pangatik Masyarakat. Cindekna kudu boga jiwa pangatik. Ari Pangatik tea lain ngan ukur prungna ngajar di sakola atawa di masyarakat sarta anu lalajo wungkul, tapi sapari-polah kudu cacap jeung bener-bener jadi conto di saban tempat jeung unggal waktu. Tegesna kalakuan sapopoe oge teu lepas tina panalingaan masyarakat.

Sila ka tilu netelakeun yen Seniman/Seniwati teh juru penerang. Ku kituna Seniman teh dina seuhseuhanana mah kudu bisa mere panerangan cita-cita jeung program pamarentah ka masyarakat umum. Jadi dina enggoning ngabantu pamarentah teh henteu dapon kitu wae, tapi dibarengan ku kumaha carana malar eta panerangan teh bisa katarima jeung kamangpaatkeun ku masyarakat, anu ahirna program kagiatan Pamarentah teh laluguna bisa kalaksanakeun.

Seniman-Seniwati teh Sosiawan Indonesia. Di dieu seniman kudu ajeg tetep ngukuhan jiwa gotong-royong, sapapait samamanis, sabagja sacilaka dina ngawujudkeun pangwangunan boh jasmani boh rohani; ceuk basa kiwari mah "membangun manusia seutuhnya".

Sila ka lima netelakeun yen Seniman/Seniwati padalangan teh *Seniman Susilawan.* Jadi seniman teh jaba mibanda jiwa pangatik, juru penerang, jiwa pamingpin jeung jiwa gotong-royong teh, oge kudu bisa ngajaga dirina dina widang kasusilaan bari jeung bisa

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ngajak masyarakat pikeun ngawujudkeun kasusilaan anu hade di lingkungan masyarakat.

Seniman-Seniwati kudu boga kapribadian. Tegesna seniman teh kudu mibanda kapribadian bangsa, kudu tetep dina tangtungan urang malar wibawa jeung komara tetep ngancik di diri urang.

Sila ka tujuh nandeskeun yen Seniman-Seniwati Padalangan teh setiawan. Di dieu seniman-seniwati kudu satia jeung gugon kana aturan-aturan, hukum-hukum atawa wet nagara anu keur dijalankeun ku pamarentah ayeuna. Ulah ngijing sila bengkok sembah, boga tanggung jawab anu kacida gedena yen seniman-seniwati teh ngarasa warga nagara Republik Indonesia. Jeung seniman teh boga tanggung jawab kana kamekaran Seni Budaya Bangsa.

Cindekna Seniman-Seniwati teh dimomotan ku sababaraha ugeran jeung katangtuan anu mangrupa kawajiban-kawajiban dina enggoning ngalaksanakeun pancen garapanana. Ana kitu mah jadi seniman teh teu babari, loba unak anikna anu kacida beurat geusan ngalaksanakeunana.

2. Panca Curiga

Geusan ngokolakeun garapan seni Padalangan tur nanjeurkeun ajen seni, R.A. Darya nyieun dasar-dasar etika dina padalangan anu disebut Panca Curiga atawa Panca S, anu hartina 5 seuseukeut (5 S) pikeun midangkeun garapan padalangan. Anu dimaksud 5 S teh nya eta:

a. Sindir

Kecap sindir di dieu, saharti jeung kecap atawa omongan anu henteu sacerewelna pikeun ngedalkeun ka teu ngeunah hate, atawa ngiritik ku kalimah-kalimah atawa kecap-kecap anu kudu dipesek deui. Dina pidangan padalangan ngahaja make sindir, malar henteu togmol teuing. Dina pidangan carita-carita aya oge anu sifatna nyindiran upamana wae, Kakawen Arjuna Wiwaha eta teh nyindiran Raja Airlangga anu senang-senang mangsa prajuritna jojoh patutunggalan di palagan juang. Aya deui sindir anu ngandung pujian, lain ngiritik atawa ngedalkeun kakuciwaan di antarana: sifat Gatotgaca anu sinatria dina lalampahan Barata Yuda

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ngabelaan Pandawa anu jiwana cengeng-lempeng ngabela bebeneran, anu ladina mah Gatotgaca teh rupana buta hejo bolongkotan, dirobah jadi ponggawa anu jujur jeung kasaktenna lain bantrak-bantrakeun. Hai ieu pikeun ningkatkeun ajen diri ku ngarobah wujud.

Jadi lamun ki dalang rek midangkeun pamuji atawa ngiritik, kudu make jalan sindir, ulah radikal. leu teh mere ajen seni anu luhur. Tegesna si anu lalajo teh di bere kasempetan mikir, na naon anu dikedalkeun ku ki dalang anu sakitu lantipna teh, naha età teh pujian atawa kiritikan? Jeung ka saha inyana ngiritik atawa muji teh.

b. Silib

Kecap silib oge sabenerna mah ampir saharti jeung sindir lamun dina kecap sapopoe mah. Tapi ari dina padalangan mah silib teh, nya età kecap anu disusup-susupkeun kana pidangan padalangan, anu dipalar ulah naragal teuing. Upamana dina paguneman panakawan anu ngabahas yen jalma anu ngalampahkeun salah mah buahna oge bakal cilaka, sabalikna jalma anu bebeng-lempeng, hasilna bakal salamet. Silib bisa oge disusupkeun dina hiji carita atawa lalakon. Contona Rahwana anu sok ngumbar amarah ngagugu hawa napsu; Ramawijaya anu ngalampahkeun sabar darana, ingkeun jeung kajeun ngabela hak jeung bebeneran. Para Pandawa salilana cicing dina hak jeung bebeneran. Para Pandawa salilana cicing dina erel nu lempeng jeung Kurawa salawasna hayang kumawasa, sirik-pidik. Età kabeh mere silib yen urang hirup di alam pawayangan teh rek kumaha? Rek ngajalankeun saperti Rahwana atawa rek cicing dina jalan anu bener?

c. Siloka

Dina kamus Basa Sunda Satjadibrata kecap siloka teh saharti jeung sindir. Aya deui anu dimaksud siloka tina seloka nya età sajak atawa dangding pikeun nyarita keun hiji lalakon. Upamana Ramayana diwangun ku seloka. Dina Padalangan mah nu disebut siloka teh sabangsa wangunan paribasa atawa pakeman basa. leu digunakeun ku dalang dina nyandra contona: Sang prabu silokane

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Eka Adhi dasa ñama purwa, eka = sawiji, adhi = linuwih, dasa = sapuluh, ñama = jenengan, jeung purwa = mimiti/wiwitan. Harti-harti anu di luhur acan mere harti tapi kudu dipesek deui, eta mah ngan ukur cangkangna wungkul. Ki dalang kudu bisa mere panerangan kana eta siloka nepi ka si anu lalajo teh bener-bener ngarti masalah naon anu dipedarna teh.

Biasana kecap-kecap siloka di Padalangan di urang nyutat tina basa Sangsakerta atawa bahasa Kawi/Jawa Kuno.

d. Sasmita

Sasmita oge nyutat tina bahasa Sangsakerta anu hartina misil atawa perlambang. Dina padalangan di urang oge sasmita teh mere perlambang. Upamana wae, ki dalang mere perlambang ka para nayaga sangkan ngagending dina lagu anu dipenta. Contona ki dalang menta lagu Gawil, ki dalang ngucapkeun: "Samedalipun R. Narayana kadya kuda ditorongaken", eta hartina menta lagu Gawil geusan mirig Narayana. Prabu Baladewa medal kadya macan-macanan, hartina ki dalang menta lagu Macan Ucul keur mirig Baladewa. Tegesna ki dalang barang penta teh henteu togmol, tapi make seni, nya eta ngagunakeun sasmita tea.

Aya deui kecap-kecap Sasmita dina panyandra dalang upamana: Dora sembada, dora = goroh, sembada = pantes. Hartina sok sanajan bohong oge dalang mah pantes wae.

e. Simbul

Nurutkeun Kamus Umum Basa Sunda LBSS dina kaca 478, Simbul teh tina kecap Walanda anu hartina lambang. Ari lambang tea, bisa diwangun ku gambar, barang atawa kecap-kecap/ kalimah-kalimah contona: Lambang Nagara urang manuk Galudra, lambang Devisi Siliwangi nya eta Maung Belang, diwangun ku kalimah Esa Hilang dua terbilang.

Dina dunya padalangan loba pisan lambang-lambang atawa simbul-simbul teh. Contona: Gugunungan atawa kayon ceuk Jawa mah mibanda perlambang anu jero, nya eta perlambang kahirupan urang. Gebog anu biasa disebut jagat nya eta perlambang alam dunya. Nya kitu deui tokoh-tokoh wayang ngabogaan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sifat karakter .anu beda-beda; upamana Samiaji lambang kasucian, Kresna lambang kaadilan jeung kawijaksanaan, Rahwana lambang kasarakahan jeung napsu angkara murka, Rama perlambang kaadilan, Suyudana lambang amarah, hawa napsu jeung rearea deui.

Di dieu dalang kudu bisa nerängkeun nepi ka jentrena tina hai lambang-lambang ka para panonton, sarta ulah salah larapna. Upadi lamun dalang bisa ngalarapkeun lambang-lambang dina kajadian sapopoe mah, bakal leuwih eces pikeun para panonton mah. Contona teu saeutik di antara para dalang biasa ngawujudkeun carita atawa ngawujudkeun ciciptan cukup rerempah, di antarana hujan, angin, seuneu diwujudkeun ku gugunungan; sukma-sukma dilambangkeun ku senjata, atawa cukup ku pagedongan nya eta ngagambarkeun adengan ku teu kudu diwujudkeun cukup ku dalang ngagalantangkeun gambaranana.

Dina enas-enasna mah sakabeh dalang o ge ti baheula tug nepi ka ayeuna geus biasa ngajalankeun Panca Curiga teh, ngan aya nu geus nyaho jeung acanna kana età istilah.

3. Tetekon Padalangan

Anu dimaksud tetekon padalangan di dieu nya età aturan-aturan dina tehnik garapan ngawayang; anu diwangun ku sababaraha hai:

a. Tehnik molahkeun wayang anu disebut "SabeV

Palaturan molahkeun wayang ngawengku kumaha carana nyepeng wayang, nancebkeun wayang kana jagat, ngibingkeun, merangkeun jeung ngobahkeun wayang luyu jeung wanda, harkat darajat sarta pasipatanana.

b. Tehnik ngaguar jeung ngadadarkeun carita, ngurung:

Awi carita	: Leunjeuran carita, sugih ku rupa-rupa lalakon wayang.
Amardi basa	: Ngagunakeun basa anu luhur ajenna.
Antawacana	: Tehnik pikeun ngabeda-bedakeun lentongna wayang dina paguneman, luyu jeung karakterna masing-masing wayang.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Amardawa lagu : Ngahaleuangkeun kakawen, suluk, renggan, murwa jeung sendon luyu antara suara haleuang, surupan gamelan jeung karakter, adegan wayang, sarta suasanana.

c. Basa jeung Sastra Padalangan, diwangun ku:

Parama kawi : Dalang kudu terang kana harti kecap-kecap basa Kawi/Jawa Kuno, boh saujr-atna boh harti rangkepan atawa sasmitana.

Kawi Raja : Dalang kudu terang kumaha pasang petana dina nataan ngaran raja, pakeanana, wangkinana, jajaten-wewesenna jeung tedakna, nagarana, sifat kalakuanana jeung rea-rea deui.

d. Tehnik hirupna wangkongan/paguneman atawa panghudang rasa, ngawengku:

Gereget . : Panghudang rasa amarah
enges : Panghudang rasa pikalucueun
renggep : saregep tur hegar
ngenes/nyeri : panghudang rasa sedih
banyol/bojegan : panghudang rasa hiburan, pikaseurieun boh ku wangkongan satarabasna boh make Panca S (Panca Curiga), dibantu ku paripolah wayang.

e. Karawitan Padalangan

Dalang kudu ngawasa gending-gending pamirig, surupan, patet, karakter lagu, sarta naek-nurunkeun lagu teu sagawayah.

Tetekon anu di luhur biasa disebut 12 Tetekon, ceuk Mang Adang Saleh Pradjakusumah mah disebutna teh Papagon Padalangan, anu engke bakal diwincik dina bahasan saterusna.

B. CARITA/LALAKON

Carita-carita atawa lalakon-lalakon anu dipedar ku para Dalang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

di urang nyokot tina carita Pakem Padalangan sok sanajan geus loba mengparna tina aslina. Arí babon-babonna mah tina 4 Pakem nya eta:

- 1. Babad Loka Pala/Arjuna Sasra Bahu
  2. Ramayana
  3. Mahabaratha
  4. Wayang Madya.

1. Babad Loka Pala

Istilah Babad Loka Pala teh ngan keur dina Padalangan urang wungkul da ari anu biasa di Jawa Tengah mah disebutna teh Lalakon Arjuna Sasra Bahu. leu lalakon beunang disebutkeun leuwih kolot batan Ramayana. Tapi lamun dilelekan mah ieu carita teh mangrupakeun carita anu nyambungkeun lalampahan Rahwana kana carita Ramayana, sok sanajan beda alur-caturna. Ngan kulantaran ku pinter-pinterna para bujangga, nepi ka carita Rahwana lahir, Sobali, Sugriwa, jeung Arjuna Sasra Bahu teh kawas nu nganteng teu aya hahalangna. Padahal ngan saukur liliwatan wungkul geusan Rahwana nuju kana carita Ramayana. Tapi ari antara Arjuna Sasra Bahu jeung Sobali sarta Sugriwa mah tunggal saaki ti Eriya, Arjuna Sasra Bahu teh kaperenah adi sabrayna ka Sobali Sugriwa teh, langka diamprokkeun. Anu jujutanana kieu:

Raja Dewasana di nagara Maespati puputra dua lanceukna ngaranna Eriya, adina Wesanggeni hiji pandita anu gentur tapana. Eriya boga anak dua anu cikal nya eta R. Karta Wirya nya putrana Arjuna Sasra Bahu. Ari adina ngaranna Resi Gotama, ngabogaan anu tilu nya eta Dewi Anjani, Guarsa, jeung Wilantara anu terus jaradi wanara lantaran kalakuan eta 3 anak resi Gotama teh sarakah parebut cupu.

Adi Eriya, pandita Wesanggeni ngabogaan dua budak, nu cikal ngaranna Suwandageni anu ngabogaan anak Somantri jeung Sukasrana. Nu bungsu ngaranna Jamadageni biasa disebut Rama Parasu (Rama nu sok maihawa kampak) atawa Rama Bargawa tukang ngajajal nu sejen, saban panggih jeung nu sejen terus dijajal nepi ka palastrana ahirna paeh ku Ragawa atawa Rama-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wijaya tea. Jadi Arjuna Sasra Bahu ka Somantri jeung Sukasrana teh pernah adi sabrayna mindo, tunggal sabuyut ti Dewasana. Cindekna leuwih deukeut ka Sobali jeung Sugriwa batan ka Somantri jeung Sukasrana. Ngan dina lebah kumawula mah, Sumantri anu leuwih deukeut ka Arjuna Sasra Bahu, nyasatna jadi patihna anu katelah patih Suwanda. Ringkesan lalakon Babad Loka Pala kira-kira kieu:

Somantri ku bapana, Suwandageni dititah ngabaktikeun diri, kumawula ka raja Maespati. Samemehna indit wanti-wanti heula, yen Somantri ulah takabur, ulah suaban, jeung ulah nyabit-nyabit kakulawargaan atawa panca kaki, bisi ngabalukarkeun anu teu dipiharep.

Sukasrana, adi Somantri anu goreng rupa, hayang milu kumawula ka raja, tapi dicaram pisan; lantaran ngarasa era dirina anu sakitu sampulurna mawa adi anil goreng dodonges. Ku jalan dibongohan, Sukasrana ditinggalkeun ku Somantri.

Arjuna Sasra Bahu di Maespati keur barembug nyawalakeun saha anu bisa miang ka Magada geusan milu saembara. Kabeh raja-raja bawahanana boh Narpati Sonda, Candra Maketu, Aria Maketu teu sanggupeun. Keur meujeuhna cing haruleng, Somantri datang maksud seba diri, tapi ku raja teu wara ditarima kitu wae, malah ditampik sapajodogan pisan. Somantri ngarasa nyeri hate, tapi barang rek balik, Somantri nyaho kana masalah anu keur dirundingkeun, turta nyanggupan kana eta pasoalan. Samemeh ngidinan kana eta kasanggupan, kapaksa Somantri kudu dijajal heula ku raja-raja bawahan Arjuna antukna Somantri tinekanan maksudna, lantaran geus bisa ngayonan jeung ngelehkeun raja-raja anu keur ngajajal tea.

Sanggeus Somantri meunang saembara sarta geus ngaboyong dewi Citrawati, di tengah perjalanan ngabogaan gerentes hate bet hayang ngajajal kadigjayaan Arjuna, lantaran kasieunan bisi anu jadi dunungan teh leuwih handap wewesenna ti inyana. Lamun eta sangkaan teu nyalahan, atuh kudu manehna jadi dunungan Arjuna.

Pamenta Somantri ku Arjuna dicumponan. Dina silih jajalna Somantri taluk ku ajian Triwikrama Arjuna. Somantri dipentes

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mindahkeun taman Sriwidari minangka hukumanana. Somantri indit ban mawa hate nu sedih tentaran samar kana bisa nedunan pamenta raja.

Di perjalanan Somantri panggih jeung adina anu ngahaja nyusul-nyusul Somantri. Ku pitulungna Sukasrana, taman Sriwidari bisa dipindahkeun ka Maespati. Tapi kulantaran hate Somantri tetep embung kapiluan ku adi, ahirna Somantri meunang supata ti adina sanggeus Sukasrana paeh ku leungeun Somantri ' sorangan anu satadina mah rek manah teh ngan saukur rek ngabobodo wungkul.

Arjuna jeung Citrawati rendengan ambrengan, kalayan lalayaran di walungan. Eta walungan teh dibendung ku Arjuna nagunakeun Triwikrama. Anu ahirna nagara Alengka kacaahan.

Ku kacaahanana Alengka Rahwana ambek, terus ngajorag ka Maespati. Somantri atawa patih Suwanda gugur di medan laga, ku alatan kasoran ku Rahwana jeung supata Sukasrana tea. Rahwana taluk ku Triwikrama Arjuna. Ngan hanjakal Arjuna teu wasa maehan, lantaran lalakon Rahwana masih keneh panjang, jeung lain bagianana Arjuna kudu mateni Dasamuka.

Pamungkas carita Arjuna Sasra Bahu nya eta, mokswana Arjuna ku Rama Parasu/Rama Bargawa.

Tah carita anu di luhur teh sok rajeun disebut Somantri Ngenger dina kanda padalangan di urang mah.

2. Ramayana

Carita Ramayana sok mindeng dipidangkeun dina pagelaran Wayang Golek di urang. Anu saujratna mah ieu lalakon diwangun ku kanda-kanda atawa bab/bagian nya eta:

a. Bala Kanda

Nyaritakeun Lava jeung Kuca anakna Rama, dagang dongeng. Anu didongengkeun teh nya eta lalampahan bapana, Rama tega ngusir atawa nundung Sinta anu keur kakandungan. Ku pitulungna Walmiki Sinta bisa ngamumule dua anakna Lava jeung Kuca tea. Antukna Rama sadar kana kalakuanana anu kurang jeujeuhan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

b. Ayodya Kanda

Dongengna Lava jeung Kuca, dipitembeyan ku nyaritakeun luluhur Rama, Raja Dasarata di nagara Ayodya rek ngistrenan Rama jadi raja. Tapi hanjakal dewi Kakeyi anu bela tumutur ka salaki nagih jangji, antukna Ragawa kudu leuleuweungan. Padahal Barata (anak Dasarata ti Kakeyi) teu ngahayang-hayang jadi raja.

c. Arania Kanda

Nyaritakeun lalampahan Sinta, Rama, jeung Laksmana di leuweung. Kungsi Barata nyusul nu leuleuweungan, ngalaporkeun yen sang raja gering parna sanggeus ditinggalkeun, sarta Rama, Sinta, Laksmana sina balik deui rek diistrenan jadi raja. Tapi Rama geus buleud hatena, ti batan balik deui leuwih hade neruskeun leuleuweungan. Pikeun nedunan pamenta bapana jeung ciri Barata yen geus panggih jeung inyana, Rama mere salampakna itung-itung ngawakilan manehna. Barata bari mawa kahandeueul hate balik deui ka Ayodya. leu babak dipungkas ku diiwatna Sinta ku Dasamuka, sarta Rama jeung Laksmana mangprung neangan sang prameswarina.

d. Kiskenda Kanda

Di Kiskenda, Subali keur perang jeung adina, Sugriwa. Alesanana papada marebutkeun hak jeung bebeneranana, pangpangna kalungguhan jeung Dewi Tara, pamajikan Sugriwa.

Subali ngarasa dilejokeun ku Sugriwa, lantaran sanggeus maehan Lembu Sura jeung Mahesa Sura, lawang Guha Kiskenda ditutup ku Sugriwa. Ari Sugriwa ngarasa bener nohonan amanat lanceukna, lantaran ceuk kayidna lamun ningali getih beureum campur jeung getih bodas hartina lanceukna kasoran, nya kitu deui kadua musuhna paraeh. Kulantaran kitu buru-buru wae tinggalkeun sarta terus ka Sawarga geura menta buruhanana. Sabenerna Sugriwa atah sasar, yen getih jeung polo musuhna teh, disangka getih beureum campur getih bodas, ngandung harti yen kadua musuhna jeung Sobali paraeh. Antukna nutup lawang Kiskenda, sarta terus ka Sawarga menta Dewi Tara minangka buruhanana.

Ku pitulungna Rama anu dipinangsarayaan ku Anoman utusan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sugriwa, Subali paeh dipanah ku Rama. Alesanana Rama daek nulungan Sugriwa, ka hiji ngadenge beja yen Sobali geus ngawiridkeun Ajian Panca Sona ka Dasamuka raja angkara murka, ka dua geus ngarebut kalungguhan jeung pamajikan dulurna, ka tilu Sugriwa teh sanasib jeung manehna, papada kaleungitan pamajikan.

Sanggeus Sobali paeh, Sugriwa katut sabalad-baladna ngabantu Rama geusan ngabasmi anu sarakah, Dasamuka raja Alengka.

e. Sundara Kanda

Laporan Anoman ka Rama anu diutus mikeun cincin ka Sinta, pangpangna nalungtik kaayaan di Alengka. Waktu Anoman di Taman Soka mere ali ka Sinta, jeung narima jawabanana Sinta nya età mere cucuk gelungna (Cunda Manik), kasaksian ku Anoman yen età ali teh masih meujeuhna keneh, hartina Sinta teh masih suci, can kagadabah ku raja Alengka. Dina balikna Anoman kungsi dikepung ku para buta waladia balad Alengka, ku kaparigelan jeung kasaktianana Anoman bisa lolos, ngabasmi nu ngarepung sarta bisa ngaduruk sabagian daerah Alengka.
Dina padalangan di urang ieu babak teh sok disebut Anoman Duta, nya età Anoman diutus geusan nalungtik kaayaan Sinta di Alengka, jeung kumaha kakuatan Alengka.

/. Yuda Kanda

Nyaritakeun peperangan antara Rama jeung Rahwana. Sok sanajan Rahwana ngabogaan sababaraha ajian jeung kakuatan sarta kawedukan, tapi lantaran aya dina jalan salah, aritukna Dasamuka teh kasoran ku panah Rama. Pamungkas ieu babak, Sinta, Trijata diboyong ka Ayodya.

g. Utara Kanda

Pikeun ngabersihkeun tudingan jeung tuduhan masyarakat, pangpangna ka anu cangcaya kana kasucian Sinta; nya diayakeun upacara *Labuh Geni,* nya età ngaduruk Sinta. Kulantaran Sinta teh hiji putri anu pengkuh jeung satia ka salaki, sanajan dibeuleum oge, henteu cecel henteu bocel ngabuktikeun yen Sinta teh masih tetep kasucianana. Ahirna sakabeh masyarakat anu nyarak-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sian waktu harita percaya kana kapengkuhan Sinta, nu matak Rama daek narima deui prameswarina.

leu babak sok rajeun di urang aya nu nyebutkeun Sinta Obong, atawa Sinta, Labuhgeni.

3. Mahabarata

Carita Mahabarata biasa disebut Asta Dasa Parwa, anu hartina 18 parwa/babak/bagian. Cindekna Mahabarata diwangun ku 18 bagian/babak di antarana:

a. Adi Parwa

Nyaritakeun luluhur Pandawa jeung Kurawa, di antarana nyaritakeun lalampahan Raja Duswanta (bapa Barata) anu ngarundaykeun turunanana.

b. Sabba Parwa

Ngadongengkeun pajemuhan gede antara Kurawa jeung Pandawa ngayakeun maen dadu. Anu ahirna Pandawa eleh maen, kapaksa kudu leuleuweungan salila 12 taun. Dina Padalangan di urang Sabha Parwa teh disebut Pandawa Dadu.

c. fVana Parwa

Lalampahan Pandawa dihukum salisa 12 taun di leuweung. leu teh hasil akal tarekah Sakuni anu biluk ka pihak Kurawa.

d. Wirata Parwa

Nyaritakeun lalampahan Pandawa di nagara Wirata, keur nyamar lantaran bisi katohyan ku pihak Kurawa, nyasatna dina mangsa keur dihukum.

e. Udyuga Parwa

Lalampahan usaha Pandawa ngayakeun hubungan jeung nagara sejen, misalna jeung Madura, Naraya.

/. Bisma Parwa

Ngadongengkeun wawanen Bisma nu ngorbankeun jiwana

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pikeun maehan Pandawa nyasatna incu sorangan anu aya dina jalan bebeng lempeng.

g. Drona Parwa

Amuk asorna Drona dina Perang Barata mingpin perang/ pasukan Kurawa, nepi ka loba ra'yat anu gugur. Tapi ku taktik Kresna dina eta peperangan, Drona ajal.

h. Karna Parwa

Perang tanding antara Arjuna jeung Dipati Karna bari tarumpak kareta. Kareta Karna dikusiran ku mitohana, Salya, Kulantaran Salya leuwih nyaah ka Pandawa, turta aya ka teu ngeunah ka nu jadi minantu, antukna Dipati Karna perlaya dina Baratayuda.
Dina padalangan Jawa Barat disebut Karna Tinanding.

i. Salya Parwa

Ajalna Salya ku Yudistira dibarengan ku supatana mitohana (Bagaspati). Lantaran dina lalampahan Narasoma kungsi maehan nu jadi mitoha sanggeus mibanda ajian Candrabirawa ti sang mitoha, alatanana ngarasa era boga mitoha rupa danawa.

j. Saupatika Parwa

Nyaritakeun Aswatama ka luar peuting mergasa Pancawala jeung Drestajumena dina mangsa talibra sare, maksudna males kanyeri lantaran Dorna, bapana dipaehan ku Drestajumena. Kalakuan kitu, katohyan ku Kresna, sarta disupata hirupna kasasar di jero taneuh.

k. Stri Parwa

Nyaritakeun randa-randa anu ditinggalkeun gugur ku salakirra dina Baratayuda, ngayakeun upacara minangka bela tumutur/ satia ka salakina nu geus euweuh di alam rame.

/. Santi Parwa

Yudistira ngayakeun upacara sangkan hate aya dina katengtreman, ieu teh ku ayana papatah Kresna ka Yudistira.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

m. Anusasana Parwa

Nyaritakeun wejangan/pepeling Bisma samemeh paeh, sangkan para Pandawa mulus rahayu dina enggoning ngaheuyeuk dayeuh ngolah nagara.

n. Aswameda Parwa

Pandawa ngayakeun korban kuda, malar meunang kasalametan/kabagjaan sepanjang ngajalankeun kawajiban paparentahanana.

o. Asramawasana Parwa

Lalampahan Destarata ngadeg raja di Astina salila 15 taun, minangka panyombo Pandawa lantaran Kurawa (turunanana) kabeh perlaya. Anu dipalar Destarata ulah sedih teuing ditinggalkeun ku kulawargana. Tapi kulantaran sindir sampirna Bima, Destarata hayang males kanyeri ka Bima rek ngagunakeun Basuketina. Tapi beunang dipalakiahan ku taktik Kresna. Destarata indit ninggalkeun nagara dibarengan ku Gendari, awahing ku wirang, sedih jeung nyeri.

Di leuweung maranehna palastra lantaran ku caah, ieu teh minangka wawales ka nu sarakah jeung hawek, hayang mibanda hak deungeun salawasna.

p. Mausala Parwa

Ceuk ramalan Kresna nagara jeung rayatna Meralaya bakal musna ku gada-gada anu laleutik (mausala = cokmar = gada leutik). Manehna marentahkeun sabakeh gada kudu diancurkeun. Tapi ku lantaran geus kitu kuduna, ahirna rayatna ditaritah pindah ka hiji tempat bari ngarinum anu matak mabok nepi ka silih paehanana. Nya kitu deui Kresna paeh ku paninggaran dipanah, lantaran disangkana peucang.

q. Mahasprahastanika Parwa:

Nyaritakeun lalampahan para Pandawa ngajugjug ka Gunung Himalaya geusan marokswana. Ngan Yudistira wungkul dibarengan ku anjing bisa nepi kana tujuan (puncak Himalaya), sabab ari dulur-dulurna mah geus miheulaan palastra sapanjang jalan dina

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

enggoning ngajugjug Himalaya. Ari Yudistira mah lantaran ka asup anu tara iren-pinastren, sabar darana, tara nganyerikeun batur mokswa digendeng ku Batara Darma anu ngarupakeun anjing. Cindekna Yudistira mah maotna teh jeung jasadna.

r. Swarga Rohana Parwa

Nyaritakeun para Pandawa di aherat. Samiaji neangan dulur-dulurna anu geus miheulaan, kapanggih arayana teh di Naraka lantaran ngabarogaan dosa ngan saeutik jadi kudu di Naraka heula. Ari Kurawa arayana di Sawarga heula, sabab dosana saudug-udug. Ku lantaran Yudistira mah teu hayang ngeunah sorangan, sok sanajan rek diperenahkeun di Sawarga oge teu daekeun ingkah ti dulur-dulurna nu araya di eta tempat, tegesna hayang babarengan. Ku alpukahna para dewa eta Naraka anu dicicingan ku para Pandawa robah jadi Sawarga, ari Sawarga anu di tempatan ku Kurawa dadak sakala jadi Naraka.

Dina carita Mahabarata aya bagian anu teu meunang dipidangkeun sakama-kama, nya eta bagian Barata Yuda atawa perang Barata.

Perang Barata mangrupakeun bagian tina carita Mahabarata, salah sahiji bagian carita anu kacida pangdipikaresepna ku para Dalang'atawa ku masyarakat/para panongton. Barata Yuda teh diwujudkeun ku sababaraha bagian di antarana:

1. Kresna Duta

Kresna jadi utusan Pandawa ka Astina, ngayakeun babadamian kumaha jadina, lamun pihak Kurawa tetep dina pamadeganana nya eta hayang ngawasa Astina salawasna. Tinangtu bakal tulusna perang dulur/Barata Yuda. Ku dongsokan Sakuni, Kurawa tetep dina kamurkaanana, anu ahirna mutuskeun leuwih hade jadi Barata Yuda wae.

2. Jaya Seta

Perlayana Seta pahlawan ti pihak Pandawa ku Bisma ti pihak Kurawa. Seta elehna ku Bisma pedah Seta geus ngalanggar kana jangjina, maehan hiji jalma anu ngahaja ngalicikan Seta dina eta peperangan, padahal Bisma teh ampir geus teu walakaya. Tapi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

bubuhan ajian Seta geus kupur, ahirna Bisma aya dina kameunangan.

3. Jaya Renyuan

Palastrana Abimanyu ku Jayadarata, karancang ku senjata Gagakrancang. Hal ieu hiji taktik Kresna, ti batan majukeun Arjuna anu kacida diperlukeunana dina sejen waktu geusan ngalawanan anu tangguh, leuwih hade ngorbankeun Abimanyu.

4. Jaya Tigasan

Arjuna ngarasa sedih jeung hayang males, ka Jayadarata anu geus maehan anakna. Ahirna Jayadarata paeh ku Arjuna pribadi.

5. Jaya Perbangsa

Kresna ngarasa paur ku kasaktianana konta senjata Karna. Lamun eta senjata teíep aya tinangtu bakal ngorbankeun mangpirang-pirang. Kulantaran kutu geusan ngayonan eta senjata Gatotgaca dipajukeun kana eta medan laga. Konta leungit bareng jeung nyawana Gatotgaca, nyasatna eta Konta teh Keris manjing warangka, lantaran warangka eta Konta teh nyampak dina puseurna Gatotgaca.

6. Jaya Jamba kan

Paehna Dursasana ku Bima. Bima ngarasa gemes ka Dursasana, lantaran geus maksa mirusa Drupadi nepi ka Drupadi kedal ucap, inyana moal disanggul deui samemeh dianggir ku getihna Dursasana. Nya dina kasempetan eta pisan Drupadi dianggir ku getihna Dursasana.

7. *Karna Tinanding*

Palastrana Karna putra Kuntinalibrata ti Batara Surya, ku Arjuna putrana Kunti ti Pandudewanata. Piisukaneunana prung perang, Kunti ngabejaan Karna yen anu rek jadi musuh teh dulur pribadi (dulur saindung), nya harita Karna nyaho yen ka Arjuna teh dulur. Tapi sok sanajan aya katerangan jeung panyaram anu jadi indung, Karna hiji Sinatria anu tara ingkar kana jangji jeung gede pisan sifat satriana, antukna Karna perang jeung Arjuna, dipungkas ku perlayana Karna.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

8. Jaya Lenglengan
Pupusna Salya anu jadi cukang lantaran Yudistira. Sok sanajan panah Samiaji teh teu dilelempeng ka Salya, tapi geus ugana kudu kitu, Salya palastra ku Darmakusumah teh dibantu ku supata Bagaspati (mitoha Salya lantaran geus neungteuinganan); Salya kasoranna ku teureuh Batara Darma. Cindekna Salya mah maotna teh ku ajianana sorangan.

9. Jaya Lenggakan
Pejahna Doma ku Drestajumena.

10. Jaya Sebitan
Paehna Sakuni ku Bima.

11. Jaya Pupuan
Perlayanà Suyudana ku Bima, ku jalan pingping kenca Suyudana digada ku Bima (pupu = pingping). Ceuk dina carita età tempat perniati. Suyudana teh teu kabaluran ku minyak Rengatala.

12. Jaya Gangsiran
Paehna Srikandi jeung Drestajumena dibongohan ku Aswatama waktu sare tibra ti peuting. Antukna Aswatama meunang hukuman linglung di jero taneuh.

13. Jaya Sunggal
Maotna Wirasangka ku Doma, jeung maotna Utara ku Salya.

14. Jaya Ampuwalikal
Maotna Irawan ku Kalasarenggi.

15. Jaya Perbata
Palastarana Bisma ku Srikandi. Dina lalampahan Dewa Brata, Bisma kungsi nampik kana putrì Saembaraanana, Ambalika, Amba. Nepi ka età putri nyupataan engke dina hiji waktu inyana bakal males pati nyurup ka hiji awewe anu mibanda sifat lalaki (Srikandi).

16. Jaya Lalewa
Satia, Sundari satia ka caroge, nepi ka ngayakeun labuh geni.

17. Jaya Gondolan
Paehna Burisrawa ku Satiaki/Padmanegara.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

18. Jaya Gitikan
Paehna Antareja ku polah sorangan.

19. Jaya Kalamancul
Paehna Ardawalika anu hayang males pati bapana anu paeh ku luluhur Pandawa, ku Arjuna.

20. Jaya Runiaga
Paehna Sutrikanti ku labuh geni tanda satia ka Adipati Karna.
21. Jaya Winangun
Arjuna ka angsonan ku Walmuka, Kresna teu ngeunaheun, antukna mulang ka Dwaraka.

4. Wayang Madya

Di antara para Dalang di urang aya oge anu sok resep ngaguar lalakon wayang tina Wayang Madya. Ari lalakon anu biasa dipidangkeun di antarana:

1) Bagawan Mayang Kara (Anoman Mokswa)
2) Gendrayana Lahir
3) Gendrayana ngadeg Raja
4) Babad Memenang.

Lalakon Mayangkara geus ditulis ringkesan carita, sangkan leuwih tetela 3 lalakon anu di luhur urang ringkeskeun deui. Saperti kieu:

Gendrayana Lahir

a) Nagara Astina

Sang raja Yudayana (Udayana), patih Dwara, patih Aria Sanjaharya Karsula. Nyawalakeun mokswana rama sang raja, Parikesit anu dipacok ku oray Naga Takcasila. Raja hayang males kanyeri ka età oray-oray. Patih nerangkeun yen età tempat anu loba kacida oray-orayna, nya età di gunung Candramuka urut Arjuna samade mangsa ditinggalkeun ku prameswarina (Bandowati maot). Kacindekan età sawala Raja Udayana merentahkeun sangkan arindit ka età tempat geusan numpes oray-oray. Dimimitian ku patih Danurweda kudu ngaduruk oray-oray.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

b) Adegan Datulaya

Di luar karajaan, patih Dwara ngatur-ngatur tugas geusan ngabasmi oray-oray, di antarana patih Danurweda, prabu Ramayana, Ramaprawa, prabu Prawasata, geus saged rek mariang.

c) Nagara Jongparang

Raja Kalaprahara, patih Barada, ngabadimikeun eyang Suwela perlaya ku raja Astina Udayana, anu maksudna hayang males ka eta raja Astina. Patih Pamugni ngabejaan yen raja Astina keur ngayakeun upacara ngabasmi oray-oray. Sang raja marentahkeun ka para danawa sangkan maranehna maehan Udayana.

d) Banyutinalang

Prabu Ramayana katut Jumput-celiput, nyaritakeun kahariwang/kasalempang yen lanceukna (Udayana) ka Gandamana rek ngabasmi oray. Ku kituna prabu Ramayana nyusul bisi kumaha onam.

e) Di Gunung Mahendra

Satutasna oray-oray di Gunung Candramuka paraeh, sang raja katut sabalad-balad terus ka Gunung Mahendra, panuduhan patih Danurweda yen di dinya loba oray. Di tempat itu kabeh balad-balad ngababad alas turta maraehan oray. Ari raja ningali oray anu kacida anehna, nya eta oray coreleng koneng emas. Eta oray teh terus lumpat ngaleor, diudag ku raja, nepi ka raja jauh pisan ninggalkeun para prajurit. Di hiji tempat oray udagan raja ngaleungit janggelek aya putri geulis. Raja kasengsrem ku eta putri, terus nuturkeun ka tempatna (karaton). Di dinya raja dikawinkeun ka eta putri anu ngaranna dewi Sarani putra pandita Sarana.

Sanggeus lila kakara raja inget yen manehna teh keur ngabasmi oray jeung para prajuritna. Nya menta idin rek balik heula. Pandita Sarana ngidinan ngan samemehna indit, raja dibere nyaho yen manehna teh raja oray, jeung pamajikanana anu anyar dikawin oge oray nya eta Naga Sarani.

Pandita Sarana ngawatek ajian Triwikrama, janggelek jadi oray

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

anu kacida gedena rek ngalegleg ka Udayana. Udayana taluk ka mitoha sarta jangji moal sakali-kali deui ngarogahala oray. Sanggeus ngedalkeun kitu, pandita Sarana balik deui ka wujud anu tadi, jadi pandita, sarta terus manehna ngawirid ajian kasaktian-kasaktian ka Udayana.

f) Di Nagara Gendara

Dewi Gendrawati (adi prabu Gendraprawa incu Sakuni) ngarasa bagja yen sang raja Udayana geus mulang deui, manehna anyar ngalahirkeun anak lalaki mulus, dingaranan R. Gendrayana. Ku bingahna pangeusi karajaan terus ngayakeun pesta.

Dina kaayaan pesta datang raja buta Kalaprahara anu rek males kanyeri ka Udayana. Timbul peperangan dipungkas ku paraehna balad-balad buta, jeung rajana Kalaprahara oge paeh.

Lalakon Gendrayana lahir kungsi dipedar ku dalang Lncep Tamsur Sumpena muridna Abah Murtamad anu terus ngaguru ka lanceuk sapaguruanana, nya eta dalang Atmadjati Cigebar tea.

LALAKON BABAD MEMENANG

a) Di Astina

Raja Sudarsono, patih Sonjaya, Brahma Ketu, patih Padmayana keur barembug ngeunaan lanceukna, R. Gendrayana leungit lebih ilang tanpa karana. Kacindekan para patih rek nareangan sang raja Gendrayana.

b) Nagara Iman-imantaka

Prabu Kala Drawajana barembug jenung para prajurit, masalah maotna bapana dipaehan ku Gendrayana. Kacindekan rek males pati ka Gendrayana. Tapi kulantara eta nu maehan bapana teh, euweuh di Astina, kapaksa raja marentah ka para prajurit sangkan neangan eta raja.

c) Di Alas Memenang

Di tengah leuweung Resi Buda keur tapa alatan nagarana direbut ku adina anu ngaran Aria Kanda. Ku pitulungna Batara Wisnu anu mere jimat Wuluh Gading, sarta mere pituduh kudu

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

babarengan jeung R. Gendrayana sang Resi terus mulang rek nga-laksanakeun parentah sang dewa.

d) Di Patapan Wukir Manikmaya

Pandita Sedana keur dipayunan ku muridna R. Sumeda, anu hayang ngabaktikeun dirina ka nagara Astina. Sang Pandita ngidinan, sarta mere papatah turta mere batur keueung di jalan: Ki Balas jeung Ki Geyot. Satutasna R. Sumeda indit, Susena (adina) indit nyusul lanceukna.

Di perjalanan Bangbang Sumeda amprok jeung balad buta ti Iman-imantaka anu rek males ka Gendrayana tea. Peperangan dipungkas ku bubarna para wadya balad buta ku Sumeda dibantu ku Bangbang Susena.

Di eta leuweung aya Resi Buda keur mikeun Wuluh Gading ka Gendrayana, katurug-turug aleutan Astina anu ngahaja neangan sang Raja geus nyarampak atuh kacida aratoheunana sakabeh anu araya di jero leuweung teh. Sang Resi hayang disampur-nakeun ku Gendrayana, ku bantuan keris Pamulang Geni, sang Resi mokswa. Sanggeus Resi mulih ka jati, sang Wisnu nitis ka Gendrayana. Sang raja ngabukbak eta leuweung, ahirna jadi nagara Widarba. Anu jadi raja R. Gendrayana.

Kaayaan kasinugrahan, terus pesta malah ti nagara Astina oge kabeh tamplok. Keur kitu datang raja Iman-imantaka anu rek mergasa Gendaraya, timbul tarung, raja Iman-imantaka perlaya ku Gendrayana. +)

Carita Babad Memenang biasa disebut Gendrayana ngadeg raja di Memenang, ieu lalakon kungsi dipidangkeun ku Dalang Usep Kurnia atawa Encep Tamsur Sumpena dina taun 1970 di Dayeuh-kolot Bandung.

Eta lalakon-lalakon anu di luhur ka asup lalakon Galur. Jaba ti lalakon galur, loba para dalang di urang anu medar carita-carita sempalan atawa lalakon karangan make tokoh-tokoh wayang tina carita galur.

*) Kenging nyutat tina "Buku Majang Madya" susunan R. Soetrisno.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

C. SUSUNAN BEDRIPAN/BABAK

Dina garapan ngawayang sapeuting jeput, ti'mimiti sabada Isa nepi ka samemeh subuh diwangun ku sababaraha bedripan/ babak, nya eta:

1. Tatalu

Tatalu nya eta hiji tanggara pikeun anu rek lalajo, ngembarkeun yen ngawayang rek dimimitian. Nu dipalar anu rek lalajo teh nareangan tempat masing-masing dumasar kana kahayangna, di mana anu kira-kira ngeunah jeung merenah di dinya maranehna cicing, geusan nyaraksian pidangan ki dalang. Iwal ti kitu tatalu teh mibanda fungsi pikeun para juru gending dina hal ngalatih jeung mecak-mecak kaparigelanana dina widang tabeuh sarta nyobaan ngeunah henteuna surupan eta gamelan. Upamana wae tukang rebab ngalesu ramo-ramona pikeun nengkep kawat. Nayaga anu sejenna nyoba-nyoba garapanana sangkan leuwih merenah jeung tumaninah ngagarapna. Lamun aya waditra anu kurang beres, harita keneh ngadadak dibenerkeun. Upamana wilahan saron rada katengkep ku paku ancakna, harita keneh pakuna diusahakeun sangkan ulah ngabekem sora saron. Sora bonang keupleuk, diusahakeun sangkan ngoncrang. Sora goong ngageber gancang ditambal boh ku sabun atawa malam lamun aya. Sora kendang kebluk ngahaja ditarikan sangkan ngoncrang. Gambang anu sumbang didadak disurupkeun heula. Cindekna dina tatalu teh mangrupakeun tatahar di panggung, jeung lamun aya anu kurang beres atawa sumbang ngadadak juru gending "ngadon kuriak heula".

Ku ayana tatalu sora-sora dina eta gamelan bakal katangen mana anu kira-kira kurang surup ku jalan mapay sora dina lagu anu ngarangkum loba patet. Di antarana lagu Jipang Wayang, lantaran lagu eta mah saban nada sok digoongan. Jadi lagu pikeun tatalu mah di antarana lagu Jipang wayang.

Sabada lagu Tatalu diteruskeun kana lagu pamapag ki Dalang jeung Jurukawih geusan unggah ka panggung, lagu Papalayon Gede. Gending ieu oge, mangrupakeun gending ciri wanci Jurukawih jeung Dalang sangkan buru-buru ka panggung. Nu lalajo

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

biasana kaleprok ngabageakeun ka nu unggah panggung, jeung ngarasa bungah lantaran nu dianti-anti geus nepi kana wanci.

Gending ditema ku gending Papalayon Solo naek kana gending Karatagan Gede, diteruskeun kana Karatagan biasa. Karatagan biasa eureun sakeudeung, sanggeus dalang mere tanggara ku cempala jeung kecrek; toroktok crek, gending temaan dina Kawitan atawa Bendra (kumaha kalangenana ki Dalang anu diluyukeun jeung adegan jejer).

2. Jejer

Anu disebut jejer di dieu nya eta adegan wayang anu munggaran. Jejer gumantung kana lalakon anu rek dipedar nyutat tina Ramayana, Mahabarata, Babad Loka Pala atawa Wayang Madya. Pikeun sakadar conto urang nyokot carita Anoman Mokswa tina Wayang Madya, atawa lalakon Bagawan mayang Kara. Anu dipake jejer:

Nagara : Sela Urna (nagara Buta), **Raja: Yaksa Dewa,**
Patih : Rudraksa jeung Ludra Paksi,
Nu disawalakeun : Sang raja keur kabungbulengan ku 3 putri Widarba anak raja Jayabaya. Dina kacindekanana, patih Rudraksa jeung Ludra Paksi katut para prajuritna miang ka nagara Widarba pikeun "nyanggakeun siripit taken sabada panglamar".

3. Paseban Jawi

Paseban Jawi hiji tempat gempungan para gegeden. Di dieu ka dua patih ngumpulkeun balad-baladna geusan tatahar miang ka Widarba. Brul sakabeh wadya balad arindit ka Widarba dikokojoan ku ka dua patih.

4. Jaranan

Kecap jaranan asalna tina jaran basa Jawa Tengah anu hartina kuda. Ieu adegan ngagambarkeun patih Rudraksa-Ludra Paksi katut baladna tarumpak kuda. Ari anu sejenna atawa para prajurit baris diwujudkeun ku wayang rampogan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

5. Bebegalan

Rombongan Sela Uma anu dipingpin ku patihna di tengah leuweung dibegal ku para diu jeung danawa, pangeusi eta leuweung. Timbul peperangan antara rombongan Sela Uma jeung begal pangeusi eta alas. Dipungkas ku palastrana eta begal, rombongan neruskeun lalampahanana.

6. Nagara Sejen

Keur ngawatesanan antara Bebegalan jeung Nagara Sejen, sok diselang nancebkeun gugunungan pertanda ganti adegan. Rengse gending diteruskeun kana kakawen "Gunung Kelir" atawa Kayu Agung. Dina ieu lalakon anu dimaksud nagara sejen teh:

Nagara : Widarba
Raja : Prabu Jayabaya
Patih : Suksara
Putra cikal R. Hamijaya.

Nii dibarembugkeun iwal ti 3 urang putrina (Susanti, Pramuni jeung Pramusti) loba nu mikahayang, ampir sakabeh raja ngalamar. Ku lantaran kitu raja mere kacindekan rek ngayakeun saembara pilih. Saha-saha anu bisa ngelehkeun patih Suksara jeung R. Hamijaya bakal dikawinkeun ka tilu putri, tempatna di alun-alun.

7. Perang Kembang

Perang kembang biasana antara jam 24.00 jeung jam 01.00. Dina perang kembang ieu maksudna sangkan nu lalajo rada cenghar ulah nepi ka kesel teuing. Lantaran kitu ilaharna dina susunan bedripan mah. Perang kembang diwangun ku perangna antara para patandang anu milu saembara pilih jeung anu disaembarakeun. Malah patih Rudraksa jeung patih Ludra Paksi oge milu tatandâng makalangan. Tapi kameunangan aya di pihak Widarba. Antukna patih utusan Sela Uma teh baralik reh ngalaporkeun kajadian anu dialaman di Widarba.

8. Patapan

Di Gunung Kondalisada, Bagawan Mayang Kara (Anoman anu

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

geus kacida kolotna), ngarasa bosen hirup awahing kalilaan teuing hirup ti mimiti lalakon Ramayana, terus Mahabarata ayeuna anjog kana Wayang Madya. Patekadanana rek miang ka Sawarga usui ka Jagatnata malar buru-buru dipundut kunu Rahayu diala kunu Maha Kawasa. Samemeh sukma Anoman indit manehna nitipkeun raga badagna ka catrikna. Sukma Anoman ngumbul ka Sawarga ninggalkeun kurungan ditungguan ku catrikna.

9. Nagara Sejen

Saban nagara sejen diselang ku nancebkeun gugunungan. Tapi lamun teu kaburu ku waktu mah sok diliwatkeun kana jagat, pertanda ganti babak.

Nagara sejen dina lalakon ieu, nagara Sawarga, Jagatnata marentahkeun kudu nutup lawang Selamatangkep, malar sukma Anoman teu bisa asup ka Sawarga. Sarta para Dewa kudu iatna, bisi aya kajadian anu teu dipiharep.

Mayang Kara bisa mukakeun lawang Sawarga, kalayan sakabeh dewa pada bubar katawuran. Antukna Anoman madep ka Jagatnata. Sang Girinata mere kacindekan yen lamun bener-bener Anoman hayang mokswa kudu bisa ngahijikeun nagara Widarba jeung Jawastina ku jalan ngawinkeun putra mahkota jeung putri-putri Widarba. Sanggeus meunang katerangan atawa pancen kitu inyana balik ka sarakanana. Terus rek ka nagara Jawastina.

10. Nagara Jawastina

Putra mahkota R. Erangbaya, R. Jayakirana kadatangan ku adina (R. Amingjaya nu kakara datang tatapa dibarengan ku para panakawan Semar, Cepot, Udawala, Gareng). Dina eta gempungan netelakeun ceuk bubukan tina tapa, nagara Jawastina bisa kawas sabihara-bihari deui para putra mahkota kudu gancang-gancang karawin. Lamun geus kitu kakara nagara, pangpangna rayatna bakal calageur tina bahaya panyakit anu keur dialaman.

Keur kitu datang Bagawan Mayang Kara anu nepikeun maksudna. Para putra mahkota kacida barungaheunana. Tilu sinatria teh diasupkeun kana susumping Anoman. Terus miang ka Widarba diaping ku para panakawan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

11. Widarba

Di alun-alun Widarba jojohna antara Suksara jeung Anoman, dipungkas ku elehna Suksara. Nya kitu deui R. Hamijaya teu kuat ngalawan Bagawan Mayang Kara. Pamustunganana Sasanti, Pramuni jeung Pramusti dibikeun ka Anoman.

12. Di Kaputren Widarba

Ka tilu putrì careurik, ngadenge beja yen arinyana rek dikawin ku Monyet bodas anu geus kolot. Keur paungku-ungku, jol Anoman nu surti kana età kajadian. Anoman ngabeubeutkeun susumpingna, pala putra mahkota kalaluar. Sang putri kacida aratoheunana sanggeus meunang katerangan anu dijujut ku Bagawan Mayang Kara. Keur jongjon-jongjon dina sagara kabungahan, datang R. Hamijaya. Sarta teu antaparah deui R. Hamijaya nangtang ka tilu putra mahkota, lantaran can tarima eleh jajaten ari ku tilu sinatria Jawastina mah. R. Angjaya tarung jeung R. Hamijaya, ahirna R. Hamijaya ngaku kana kaunggulan musuhna. Antukna di Widarba diayakeun rendengan ambrengan.

13. Perang Ruket

Keur meujeuhna rame-ramena pesta, kaayaan jadi paburisat, paburantak. Lantaran raja Sela Urna anu kapandeurian saembara kakara datang sarta nangtang-nangtang ka anu dijagokeun tea. Kulantaran Anoman ngarasa ditangtang, maju perang. \nmitina mah Yaksa Dewa kadeseh. Tapi sanggeus Batara Indra asup kana gada Yaksa Dewa, Anoman mokswa sapada harita. Prabu Jayabaya waspada permana tinggal, maju ngayonan wewesan Yaksa Dewa, anu ahirna raja buta teh palastra, sarta balad-balad buta bubar katawuran. Pepestaan ditunda heula, geusan ngurus jeung tumarimana ka jasana Anoman anu geus toh pati jiwa raga geusan ngabela nagara Jawastina jeung Widarba, nepi ka bisa ngahiji deui età dua nagara teh. Sanggeus kitu pesta diramekeun deui, kahiji mestakeun kawinan antara Sasanti ka Erangbaya, Pramuni ka Jayakirana jeung Pramusti ka R. Amingjaya, ka dua ngahijikeun nagara Jawastina jeung Widarba, katiluna ngajenengkeun raja R.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Erangbaya dilandi ngaranna jadi Prabu Jayadarma. Carita *Mayang Kara moskwa* tutug.

Cindekna dina unggal-unggal ngawayang kudu wae nyusun eta babak atawa bedripan. Jeung lamun ngawayang tradisi mah susunanana kudu saperti anu di luhur. Tapi ku jaman ayeuna mah lantaran ku waktu jeung sieun ngabosenkeun anu lalajo, aya sawatara bedripan anu teu dipidangkeun, di antarana Jaranan, kadangkala begalan oge carang digunakeun.

D. CEPENG WAYANG

Anu dimaksud Cepeng wayang di dieu saharti jeung Sabet Padalangan, nya eta metakeun jeung molahkeun wayang golek. Ari anu rek dibahas dina ieu buku di antarana:

1. 'Ngigelkeun Wayang
2. Merangkeun Wayang
3. Ngagerakkeun Kuda/Jaranan
4. Gerakna Gugunungan
5. Metakeun/nyetakeun Rerempah.

1. Ngigelkeun Wayang

Dina garapan sapopoe, para dalang Wayang Golek Purwa sejak Priangan, pangpangna di Bandung aya sawatara rupa ibingan dumasar kana watek atawa karakter wayang upamana:

a. Ibing Raja
b. Ibing Satria
c. Ibing Ponggawa
d. Ibing Putri
e. Ibing Danawa
f. Ibing Topeng
g. Ibing Parekan
h. Ibing Panakawan
i. Ibing Pandita.

a. Ibing Raja

Dina enas-enasna mah peranan Raja dina pidangan wayang golek anu pinuh ku komara, wibawa jeung kaagunganana, ngigel-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

na tara loba paningkah, cukup ku keupat wungkul. Misalna: Raja Astina, Suyudana, Drupada ku keupat atawa dileumpangkeun wungkul luyu jeung karakterna nya età ku gedig. Nya kitu deui Kresna ngan ukur ku keupat III, Samiaji ku keupat II, Arimbi ratu Pringgandani ukur ku keupat I. Kajaba età raja teh ngabogaan sifat angkara murka, sarakah; contona Dasamuka, Burisrawa, Dursasana, Raja Salawenagara (raja buta), Yaksa Dewa jeung sajabana sok onjoy ti anu sejen, dina waktu ka luarna oge make pirigan kendang pak-bang-bang (aya nu nyebutkeun gerakan babarongsayan), Kiprah, Capang, Ngumis, Galayar kalang atawa Lengkah dalapan.

Aya deui Raja ponggawa anu sok diigelkeun teh, di antarana Baladewa, Bahakeling, Raja Cumina, sok diigelkeun make gerakan Gedig, Capang, Ngumis, jeung Gedut.

b. Ibing Satria

Lamun ningali prak-prakan dalang midangkeun atawa ngigelkeun wayang Satria sok nempo heula kana karakter. Ari karakter Satria aya dua nya età:

1) Satria Lungguh
2) Satria Lanyak/Ladak.

1) Satria Lungguh

Anu ka asup Satria. Lungguh dina padalangan Wayang Golek misalna, Sakri, Sakutrem, Palasara, Ragawa, Pandudewanata, Arjuna, Abimanyu, pokona wayang-wayang anu andalemi, ampuh timpuh, kasep, panonna sipit, pangawakanana jalantir, kalawan sirahna tungkul.

Nurutkeun kabiasaan wayang-wayang anu mibanda karakter satria lungguh sok dipirig ku lagu-lagu lalamba, upamana lagu Banjar Sinom, Udan Mas, atawa lagu-lagu Sawilet, Palima, Banjaran jeung rea-rea deui.

Arik gerak-gerak poko ibinganana di antarana ti mimiti ka luar . Keupat dua, diteruskeun kana Adeg-adeg, Jangkung ilo, Mincid, Tindak tilu, atawa Lengkah opat, Engke gigir, Keupat dua, Mamandapan, dipungkas ku Sembahan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Gerak-gerak pokok ibingan anu di luhur gumantung kana waktu, jeung kaparigelan ki dalang katut tukang kendangna. Lantaran di urang mah antara ki dalang jeung tukang kendang teh kudu maneuh, kudu mangrupa pasangan. Teu saeutik para dalang teu bisa ngaluarkeun wewesenna tina hai ibingan ku sabab tukang kendangna lain pasanganana.

2) Satria Ladak

Satria Ladak sok biasa disebut Satria Lanyap nya eta Satria anu ringas, rancingeus, perlente, parigel ceuk basa Indonesiana mah satria nu "lincah" meureun. Upamana wae Santanu, Narasoma, Narayana, Aradea, Samba, Ekalaya, Drestajumena, Jayakirana, Wesanggeni, Somantri, Bangbang Guarsa jeung Wilantara barang jaradi monyet ngaranna jadi Sobali jeung Sugriwa.

Gending-gending pamirigna di antarana ku lagu Gawil' atawa gending-gending sawilet, Palima atawa Senggot.

Gerak-gerak pokona upamana: Keupat III, Sekar Tiba, Nyantana, Mincid Galayar, Jangkung-ilo, Ngalaras, Jalak Pengkor, Baksa, Mamandapan, Sembahan.

c. *Ibing Ponggawa*

Sacara gurat badagna Ibing Ponggawa oge aya dua karakter nya eta:

1) Ponggawa Lungguh/Tungkul
2) Ponggawa Dangah/Tanggah.

1) Ibing Ponggawa Lungguh

Nu kaasup Ponggawa Lungguh teh anu mibanda sirahna tungkul kayaning: Gatotgaca, Ontareja, Jakatawan, Banakeling, Indrajit, Brajamusti, Suksara, Bima. jeung rea-rea deui.

Lagu-lagu pirigan tari Ponggawa Lungguh, upamana: dina lagu Gedena, Gunung Sari, ari dina lagu Rerenggonganana, Waled, Bendrong, Macan Ucul, Sukabumian, Tumenggungan.

Ari gerak-gerak pokona dina ibing ponggawa lungguh, Keupat/ gedut, Capang, Ngumis, Laras Konda, Jangkungilo, Lengkah dalapan, Pakblang, Gedig, Mamandapan, jeung Sembahan. Samemeh mamandapan dimimitian ku baksa heula.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

2) Ponggawa Dangah

Wayang-wayang anu kagolongkeun Ponggawa Dangah: saperti Baladewa, Satiaki/Padmanegara, Tambak Ganggeng, Seta, Wisata,- Aswatama. Unggal ponggawa anu kumisan, panon kadongdong atawa panon kadelen, sirahna tanggah età ka asup Ponggawa Dangah. Ari lagu-lagu piriganana sarua jeung keur ibing ponggawa tungkul/lungguh.

Gerak-gerak pokona nya età: Gedut, Capang, Raraskonda, Lengkah Dalapan, Pakblang, Sonteng, Baksa, Mamandapan terus Sembah. Iwal Baladewa anu tara nyembah teh lantaran inyana mah hiji raja ti nagara Mandura nagara warisan ti ramana, Basudewa.

d. Ibing putrì

Wayang-wayang anu ka asup Putri lungguh teh nya età: Sinta, Subadra, Supraba, sakabeh putrì anu mibanda pasemon lungguh, ampuh-timpuh, sabar, dina sebutan sejen nya età Putri Oyi. Gending-gending pamirigna sok ku lagu-lagu sawilet; Palima, Bungur, Senggot atawa Sinyur.

Dina ibinganana teu loba paningkah, ngan ukur ku keupat kñhi-ji, baksa atawa mamandapan terus nyembah. Iwal Arimbi ratu Pringgandani tara nyembah lamun keur di Pringgandani mah, kitu ogé ari ka salakina mah ka Bima sok nyembah.

Putri dangah nya età putri-putri anu lincah, parigel, rancingeus, perlente; biasa disebut putri endel atawa ganjen. Wayang-wayang anu kaasup kana ieu golongan di antarana: Srikandi, Strikanti, Erawati jeung rea-rea deui.

Loba para dalang anu sok resep atawa rajeun ngigelkeun Srikandi, pangpangna dina mangsa meunang perang, geusan nembrakkeun kabungah hate. Upadi dina perang gending atawa perang tanding mah, di antrana Mustakaweni jeung Larasati, Pertiwi jeung Arimbi dina lalampahan Sinyaluri.

Lagu-lagu pamirig ibingan putri Dangah di antarana teh lagu Bungur,-Kajaksan, Bendrong-petit, jeung rea-rea deui. Ari gerak-gerak pokona: Keupat III, atawa Baksa, Adeg-adeg, Ulin soder, Mamandapan, Sembahan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

e. Ibing Danawa

Danawa nya eta buta-buta korowodan, atawa para cacah ti golongan bangsa buta; kayaning Prabakesah, Buta Terong, Buta Gendul atawa Buta Lndog, Buta Jengkol, jeung sabangsana.

Ku sabab wayang-wayang danawa teh mangrupakeun wayang hiburan, jadi boh rengkah-polah boh sorana oge pikalucueun. Gerak-gerakna dumasar kana kamotekaran dalangna, aya nu nyokot tina gerakan jurus-jurus, aya anu tina kuntaw, tina benjang jeung sabangsana! Aya deui anu husus tina gerak tari wayang sejen di antarana tina *kiprah, baksa, mamandapan* jeung *sembahan.* Dina enas-enasna mah gerakan-gerakan para danawa dipapaes disusurup malar anu lalajo kahibur ku eta pari-polah Danawa. Ngawud dina mangsa ayeuna mahabu ku rengkakna Jaipongan. Malah ti beh ditu keneh geus digarunakeun.

Aya deui danawa awewena anu disebut diu, upamana wae Sarpakanaka, Permoni. Ari petana mah ngan ukur ku *keupat, baksa, mamandapan* jeung *sembahan.*

/. Topeng

Topeng salah sahiji wayang pikeun ngahibur di karaton, pangpangna di nagara anu jadi jejer carita. Lamun jejer nagara Astina nya raja Astina anu dihibur ku eta *topeng,* lamun jejer teh nagara Amarta, anu dihibur teh raja Amarta. Eta *topeng* teh nya eta *topeng awewe,* anu sok disebut "Topeng Wadon Jatiswara" ceuk para dalang mah.

Loba para pangendang, anu ngarasa tunduh lamun henteu mirig ibingan topeng, kurang sumanget. Lantaran pintonan tepak-tepak kendang pirigan topeng, mangrupa kasempetan tukang kendang geusan nembongkeun sakabeh wewesen atawa kaparigelanana. Nya kitu deui wewesen para dalang oge bakal katangen dina metakeun/ngigelkeun topeng.

Lamun dalang geus bisa midangkeun ibing topeng, ngandung harti geus ka asup hatam tina hal ibingan. Nu matak teu saeutik para dalang anu tara ngigelkeun/ngaluarkeun topeng, lantaran kawilang pang hesena ngigelkeun topeng mah. Lamun topeng eta teu dipetakeun sok diganti ku hiburan seni suara, nya eta nanggap

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

juru kawih dina lagu 'Badaya' diteruskeun kana 'Batarubuh', lantaran ti baheula tug nepi ka ayeuna lagu atawa gending pamirig topeng mah teu aya robahna, arang langka anu ngaganti gending pamirig età topeng.

Ari gerak-gerak ibing topeng dipitembeyan ku keupat minangka maju beksan, terus kana adeg-adeg, capang, ulin soder, ciluk, gedut, gedig, jangkung — ilo, laras konda, galayar, mincid, baksa mamandapan, sembah dipungkas ku keupat deui minangka mundur beksan.

Aya deui anu disebut 'Topeng Kelana', ieu mah ka asup kana golongan raja buta, sawanda jeung gerak-gerak raja Menak Jingga, Dasamuka, Burisrawa, Dursasana, Yaksa Dewa jeung sabangsana. Ari igelanana geus dibahas dina golongan ibing raja di luhur tea.

g. Parekati

Anu disebut wayang Parekan teh, nya età wayang emban geulis biasa disebut mamayang. Ka luarna emban geulis mangrupa kasempetan dalang anu munggaran, pikeun mangsa nemboqgkeun kaparigelan tina bab ibingan. Ku ayana età ibingan, nu lalajo geus bisa nyawang kana kaparigelan ki dalang dina hai ibingan. Cohagna ibingan parekan teh manrupa benderà dalang dina hai ibingan.

Ari lagu piriganana, numutkeun kana lagu jejer, aya dina lagu Kawitan, Bendra, Golewang, Sungsang atawa lagu Renggong lalamba kayaning Renggong — Bandung, Renggong Coyor geusan lagu jejer lamun manggung ti beurang.

Gerak-gerak pokona, maju beksan diwangun ku keupat ka hiji, terus adeg-adeg, galeong, ngalaras, mincid, tindak tilu atawa lengkah opat, baksa, mamandapan dipungkas ku sembahan. Jaba ti età gerak-gerak aya dalang sok metakeun età parekan ku gerak-gerak niron tina gerak-gerak sapopoe, kumaha pasang petana mamayang anu keur beberesih di kadaton, beberes di karaton. Diteruskeun ngahias diri sorangan.

h. Panakawan

Lamun ditingali tina karakterna, sifatna panakawan teh aya dua rupa; aya nu ngadunungan ka nu:

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

1) Beurat beunghar, sangkan teu susah sandang pangan;
2) Sakti jeung wijaksana.

1) Panakawan anu ngadunungan ka nu beurat beunghar

Panakawan anu sok ngadunungan ka nu beurat beunghar di antarana:

Togog

Togog atawa Wijamantri salah sahiji panakawan atawa panasehat raja beunghar, kajeun teuing hirupna sarakah oge; anu dipalar seubeuh beuteung jeung hade pake. Dina padalangan urang Togog teh hiji tokoh anu aya di pihak nu salah, upamana ngadunungan ka Rahwana.

Gerakan-gerakan ibinganana teu sabaraha hese cukup ku keupat anu niron tina rengkak sapopoe. Leungeunan prasaja baganti antara kenca katuhu ka hareup jeung ka tukang. (prasaja = wangunan dampal leungeun anu meber ka hareup).

Sarawita

Dina Padalangan di urang mah Sarawita teh anakna Togog. Jadi teu matak salah lamun gerak igelna teu jauh-jauh teuing ti Togog. Tapi ari dina garapan ngawayang di urang mah arang langka anu ngaluarkeun Sarawita teh. Paling-paling oge ngan ukur Togog.

Aya deui anu ngaluarkeun Sarawita teh, ngaganti wayang anu babantu pandita di patapan, catrik. Biasa disebut si Camongkrong atawa si Unggeu. Ari ngigelna niru-niru gerak jalma sapopoe anu direka, disaluyukeun malar sieup jeung payus tur nyari.

2) Panakawan anu ngadunungan ka nu sakti

Panakawan anu ngadunungan ka nu sakti, kajeun sangsara balangsak asal sakti jeung wijaksana, di antarana:

Semar

Kaluarna Semar mere tanda yen wayang anu diapingna teh wayang anu mibanda karakter alus, gagah, lantip, sakti, wijaksana. Ngan sok dina kaayan sedih. Nu matak lagu-lagu piri-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ganana ngagambarkeun suasana sedih; di antarana Banjar Sinom, Udan Mas, Tablo, Kulu-kulu Bern, Kulu-kulu Barang.

Ngigelkeun Semar kawilang gampang, ngan ukur diwangun ku lengkah anu ngerecek, leungeun katuhu nunjuk ka hareup, nu kenca ka tukang.

Cepot

Umumna para dalang urang, dina ngigelkeun Cepot sok niron-niron jugul sandiwara make keupat bodor, jurus-jurus penca silat/maenpo. Biasana dipirig ku lagu Kembang Beureum. Tapi sanggeus aya sengkeran yen lagu Kembang Beureum teu meunang dipidangkeun, sok digantiku lagu-lagu sejen upamana lagu Buah Kawung, Awi Ngarambat tina gaya ketuk tilu jeung rea-rea deui.

Dawala

Gerak-gerak ibingan Dawala, aya anu niru tina kuntaw, jurus maenpo, keupat niru-niru satria dina keupat III, pokona gumantung ka kaparigelan dalang nu meta keunana. Lagu piriganana aya nu make lagu Dayung Sampan saperti anu biasa dipidangkeun ku dalang Atmadja Cigebar.

Gareng

Ari si Gareng sok rada mahiwal ti dulur-dulurna, nyokot gerak ti luar daerah. Upamana niru-niru gerak-gerak Bali, pangpangna brangbrengbrongna tatabeuhan ribut sada Bali. Malah aya dalang anu metakeun si Gareng dina serampang dua belas, dangdut, disco. Atuh dina jaman kiwari sok dipirig ku tepak kendang Jaipongan sagala rupa. Tapi sok sanajan kitu, asal ki dalangna bisa ngokolakeunana, moal matak caria, lucu jeung payus wae nu aya.

i. Pandita

Ka luarna pandita nu aya dipatapan atawa di padepokan, diigelkeun ukur ku keupat ka hiji atawa keupat kadua, nurutan tepak kendang pirigan keupat Satria Lungguh, atawa keupat kadua, nurutan tepak kendang pirigan keupat Satria Lungguh, atawa keupat putri, gerakanana diluyukeun jeung karakter pan-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dita, malar nyari tur sieup. Bisa jadi para dalang nyawang yen pandita dina mangsa jajakana ngabogaan karakter Satria Ladak atawa Satria Lungguh. Contona Bagawan Abiasa, Palasara, Resi Gotama eta kaasup anu mibanda wanda satria lungguh.

Ari pandita Dorna, anu kasohor pandita tukang ngadu dombakeun antara Kurawa jeung Pandawa dina padalangan Jawa Barat mah, sok make gerak-gerak anu mere simbul kana polah Dorna. Di antarana keupat Dorna anu mandiri, malah dina pamungkas sok disarenggakan ku para nayaga make rumpaka: Hey! hey! batu jajar.

Jaba ti wayang-wayang anu di luhur aya deui wayang-wayang anu di kaluarkeun sabada emban geulis, nya eta emban begang (Cangik) jeung emban bayuhyuh (Limbuk).

Cangik

Sanggeus mamayang atawa parekan rengse diigelkeun, ditema ku si Cangik. Ka luarna Cangik bareng jeung sora goong tina gending pamirig jejer, atawa bareng jeung kenongan lagu. Dalang mere tanggara ku kecrek c~c 7~c c G (c = sora kecrek, G = sora goong) bareng jeung goong kabeh sora anu tareuas tur ngarencring ditarabeuh mere pangaruh ka anu lalajo nepi ka matak kaget. Malah Cangikna oge siga nu ngarasa kaget, ngadegdeg kawas nu lilinieun dipirig ku ngelecerna kecrek. Saterusna keupat, jurus penca anu "distorsi" sarta make gerak-gerak jalma sapopoe.

Limbuk

Nyakitu deui emban Limbuk saperti Cangik, ngan kacirina leuwih kasar jeung mibanda tanaga anu leuwih rosa ti batan Cangik. Dina padalangan di Jawa Tengah mah, Limbuk teh anakna Cangik, nu matak pantes tanagana leuwih rosa ti batan Cangik.

2. Merangkeun Wayang

Nurutkeun pidangan garapan, merangkeun wayang teh aya sababaraha rupa, di antarana:

a. Perang Tanding
b. Perang Senjata

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

c. Perang Kasakten
d. Perang Ruket.

a. Perang Tanding

Perang tanding teh nya eta wangunan perang anu puguh aturanana, gumantung kana rubuhna gending pamirig. Sili teunggeul jeung sili gitik teh estu diatur pisan, kudu merenah keuna kana wirahma goong. Lolongkrang ti goong ka goong sejen sok dieusian ku tatandang heula, mangrupa ibingan boh ti pihak anu diteunggeul boh anu neunggeul. leu teh mere gambaran yen anu diteunggeul ngarasa kuat nepi ka ngibing, nya kitu deui anu neunggeul ngarasa puas, digambarkeun ku ibingan.

Dina prakprakanana merangkeun teh aya dua warna, lamun dina istilah Jawa Tengah mah nya eta:

1) Wireng
2) Petilan.

1) Wireng

Anu disebut wireng teh nya eta wangunan perang anu dipilampah ku wayang anu sakarakter, upamana satria lungguh jeung satria lungguh, putri lungguh jeung putri lungguh, satria ladak jeung satria ladak deui, ponggawa jeung ponggawa deui. Bisa oge antara satria lungguh jeung satria ladak, putri lungguh jeung putri dangah/lanyap. Lamun ditilik tina prakprakanana mah wireng teh bisa dibagi dua rupa nya eta: Wireng putri, Wireng putra.

Wireng Putri

Ciri-ciri wireng putri nya eta: Dangdanan sarua, gerakan sarua, teu aya nu eleh teu aya nu meunang (awor), misalna perang antara Larasati jeung Mustakaweni, Srikandi jeung Banowati, Pertiwi jeung Arimbi.

Gerak-gerakanana nyutat tina karakterna masing-masing, contona dina gerakan tatandang sok make keupat jeung adeg-adeg, mincid gerakan pikeun ngalaga nangtang musuh. Dina mangsa silih taksir jeung silih teangan permati masing-masing, duanana dipidangkeun make gerakan anu sarua, ngan beda "arah" lantaran pahareup-hareup. Dina lebah goong pamirig bagantian silih

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

teunggeul silih gitik jeung silih ludahan sarta silih jenggut/jambak (bubat/munjeng buuk).

Wir eng Putra

Wireng putra nya eta wujud perang putra, anu bisa diwangun ku sapasemon kayaning Gatotgaca jeung Ontareja, Gatotgaca jeung ponggawa sejenna, atawa ka anu beda pasemonna upamana Arjuna jeung Ekalaya, Arjuna jeung Karna, Arayana jeung Aradea dina Babad Cirriuna.

Larapna perang, ampir sarua jeung anu di luhur, bedana kü karakter jeung gending piriganana wungkul, anu ngagambarkeun leuwih gesit jeung anteb. Dina mangsa tatandang pikeun satria mah make mincid, laras, laras-konda jeung adeg-adeg. Sedengkeun keur Ponggawa mah make gerakan capang, mincid galayar atawa lengkah dalapan.

Petilan

Petilan wangunan perang anu beda karakter jeung beda "jenis kelaminna" upamana wae, Srikandi jeung buta cakil. Ari ciri-cirina geus tetela yen pasti aya anu asor.

b. Perang Senjata

Perang senjata nya eta perang nu ngagunakeun senjata, kayaning; keris, pendok, gada, panah, tumbak jeung sajabana. Eta kabehanana aya aturanana, henteu sagawayah. Upamana:

Perang Panah

Waktu ngaluarkeun panah atawa nyokot panah sok dikakawenan heula. Dina ngawengkang panah dipirig ku gending husus, nya kitu deui dina ngalepas panah. Ari gerakan-gerakanana di antarana ngayun panah, ngalelempeng sasaran, jeung ngalepas panah terus nyawang, terus nu manahna ngabalicet geusan ngabuktikeun keuna/henteuna kana sasaranana.

Perang Gada

Perang gada nya eta perang anu ngagunakeun gada. Bukbekna gada ngagunakeun kapelitan masing-masing. Tapi dina seuh-seuhanana di mana geus pada cape sok silih jajal, bagantian silih

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

gada. Saperti kajadian dina Baratayuda kumaha hebatna silih gadana antara Suyudana jeung Bima.

Perang Keris

Nya kitu deui dina ngagunakeun keris, ahirna mah sok silih tubles, sanggeus silih takis silih tubles, silih udag, papelit-pelit ngagunakeun keris, lantaran geus ngarasa bosen.

c. Perang Kasakten

Perang kasakten wangunan perang anu ngagunakeun kasaktian.-kasaktian, jimat-jimat jeung ajian-ajian. Upamana ngagunakeun kakuatan jasmani atawa rohani, mancala putra-mancala putri, pileumpeuhan, kahibaran kadugalan, katimbulan jeung rea-rea deui.

Dina metakeun wayang loba gerakan-gerakan anu ngahaja ngagambarkeun nu perang ngagunakeun kasaktian. Silih ungkulan senjata pusaka, silih ungangkeun dampal leungeun nandakeun keur adu jajaten.

d. Perang Ruket

Lamun dina perang geus ngalaksanakeun perang tanding, perang senjata jeung perang kasakten adu jajaten, sok diteruskeun kana perang ruket nya eta perang jogol silih sered, silih banting, silih tonjok, silih tampiling, pangpangna adu tanaga. Di dieu dalang metakeun wayang niru-niru gerakan jalma sapopoe, kumaha jogolna jalma diterapkeun kana wayang.

3. Gerakan Kuda

Sababaraha taun ka tukang katingali keneh aya dalang anu masih ngagunakeun Jaranan, nya eta para gegeden tarumpak kuda rek ngajugjug ka hiji tempat anu dituju. Pangpangna dina adegan Paseban Jawi. Di dieu dalang nembongkeun kaparigelan dina widang ngagunakeun jaranan.

Ari gerakan-gerakanana nyonto atawa niru kumaha polahna anu tarumpak kuda sapopoe, kayaning congklang, nyirig, mincid -jeung pilesan.

Lamun Kurawa rek indit-inditan, loba para gegedenna anu tarumpak kuda saperti Baladewa, Adipati Kama, Jayadrata,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Burisrawa, Aswatama. Malah pandita Dorna oge sok tumpak kuda, ngan sok diheureuykeun mahiwal ti nu lian. Upamana nu sejen mah nyanghareup, Dorna mah nukangan nyanghareup kana bujur kuda; batur mah tumpakna teli dina awakna, Dorna mah dina huluna atawa bujurna, antukna cilaka ku pola sorangan. Ari Dorna tumpak kuda, dina padalangan Pasundan mah mangrupakeun bojegan wungkul, jeung bisa netelakeun yen Konibayana teh kacida sarakahna.

4. Ngagerakkeun Gugunungan

Dina mangsa bedol kayon ceuk Jawa Tengah mah, Gugunungan teh sok dipolahkeun, misalna sabada mapatkeun rajahan dalang, diputer-puter 3 puteran. Malah aya anu diigelan sagala rupa, gutak-gitek nurutkeun wirahma lagu. Satutasna diigelkeun terus dipake nulis Bismillah jeung 3 cakra di tungtung gebog/jagat kenca katuhu, sanggeus kitu kakara diselehkeun kana tempatna biasana ditanceubkeun sina doyong dina jagat kencaeun (pongpok kenca jagat anu dipake magelaran wayang).

5. Ngagerakkeun Rerempah

Rerempah teh kayaning sanjata-sanjata, keris-keris, tumbak, **sasatoan, rampogan jeung rea-rea deui. Ari ngagerakkeunana età rerempah teh nya nu saperti geus dicaritakeun di luhur ngeunaan senjata, keris, gada, jeung jimat-jimat; aya oge sasatoan gerakanna teh niru-niru sato anu biasa katingali ku urang sapopoe. Sedengkeun rampogan anu mangrupa barisan prajurit bareng jeung nu tumpak kuda/jaranan tea.**

E. BASA JEUNG SASTRA PADALANGAN

Hasil-hasil Kasusastraan anu jadi bahan pidangan padalangan diwangunan lalakon, saperti anu geus dipedar di luhur di antarana: Arjuna Sasra Bahu/Babad Loka Pala, Ramayana, Mahabarata jeung Wayang Madya.

Jaba ti anu di luhur anu ka asup kana Basa jeung Kasusastraan Padalangan teh ngawengku:

1. Murwa

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

2. Nyandra
3. Kakawen
4. Sendon
5. Renggan
6. Paguneman
7. Rumpaka Lagu.

1. Murwa

Murwa teh hartina mimiti/munggaran dina kecap sapopoe mah. Ari dina dunya padalangan mah anu disebut Murwa teh salah sahiji wangunan kasusastraan garapan dalang anu rriunggaran, dipidangkeunana sok dilagukeun. Lamun dalang keur murwa, nu lalajo bakal nyaho kana kaparigelan ki dalang dina widang haleuang jeung kasusastraanana. Tegesna murwa teh mangrupa bandera dalang dina hal kasusastraan jeung haleuang. Kumaha getemna jeung halimpuna sora dalang jeung kumaha bener henteuna ngucapkeun rumpaka tina eta murwa; kabeh bakal jadi dengekeuneun nu lalajo.

Dina bahasan ieu nu nulis rek nguger maneh, lain ngajujut tina masalah haleuangna, tapi rumpakana. Lantaran bahasan haleuang mah aya dina bab Karawitan Padalangan. leu mah ngabahas anu aya patula-patalina jeung basa atawa kasusastraanana wungkul boh dina basa Kawina boh dina basa Sundana anu sok dipidangkeun dina ngawayang.

Lamün urang nitenan murwa anu sok dipintonkeun ku dalang aya dua rupa nya eta:

a. Murwa Umum
b. Murwa Husus.

a. Murwa Umum

Anu dimaksud Murwa Umum di dieu nya eta murwa anu biasa mere gambaran adegan kaayaan hiji tempat katut eusina sacara umum, sarta bisa digunakeü.n adegan mana wae. Contona:

Jejer Karaton: Kembang Sungsang

Kembang sungsang dinarjg kunang, tinaretes ing sosoca,
desang linu buirti bengkah, Salya pinanda mangwira yuda,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pejah dening kalimah ushada, aheng wira demah, kentra dening galudra.

Seta Lumangsa, sengit mangintrim, juru pisan tekeng gunung siniwi;

Ngambah Sopala, so kang so Jayadirata, kipin ripek, kasor ing rana gelar Sri Maha Digjaya, Partasuta, Bimanyu, Gatotgaca, gelaring supit.

Aya deui Kembang Sungsang anu rumpakana kieu:

Kembang Sungsang Gotaka Rawis wayang, rep kidep purwa mendra-mendra winulan;

Sosoroting kadya sang Dewangkara, kadya sang Hyang Latri, kabanjut gambira lawan ancala, sapucuking gunung si walang tunggal, pinanda-nanda pakon tinaretes asta gangga wira tanu patra, asta — tangan, gangga — banyu, wira — panulis, tanu — mangsi, patra — kalam.

Aya deui anu make rumpaka saperti di handap:

Dene utamaning nata, berbudi bawa laksana;
lire berbudi mangkapa, lila legawa ing dria;
Agung denya paring dana, anggeganjar saban dina;
lire kang bawa laksana, anetepi pangandika;

Lamun disundakeun mah kieu meureun:

Pikeun kasampurnaan raja, salilana mibanda budi luhur;
anu mibanda budi basa kitu, salawasna jembar panalarna;
mere sumbang gede mangpaatna, meunang pangwales unggal waktu;

bakal tetep mibanda wibawa, lamun henteu ingkar jangji.

Jadi rumpaka anu di luhur teh ngebrehkeun papatah atawa gambaran sifat-sifat raja anu hayang tetep dipihormat, tetep wibawana, kudu kitu.

Rumpaka Murwa sejen geusan ngaburu waktu ku lantaran waktuna samporet atawa ngawayang ti beurang, nya eta Murwa pondok biasa disebut murwa sibet; anu kieu rumpakna:

Cur mancur cahaya mancur,
murub mubyar panji lumawer.

Rumpaka-rumpaka Murwa di luhur bisa digunakeun dina adegan mana wae.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

b Murwa Husus

Anu dimaksud murwa husus nya eta murwa anu digunakeun pikeun salah sahiji adegan anu tangtu, upamana: *Murwa Arjuna* dina carita Bagawatgita

> Mulat mara sang Arjuna isnu, kamanungsan kasrepen ria tingkah mungguh nira para kadang taya wawang waneh,
> hana pwang anak ing yayah ibu len wenggeh paman makade nerepa Salya Bisma sira sang dwijanggeh guru.

Nu ngabasa Indonesiakeun rumpaka anu di luhur nya eta C. Hooykas, Iamun dina basa Sundana mah kira-kira kieu:

> Waktu ningali kakuatan tentara, Arjuna jadi leyur perasaanana, ngangres lantaran musuh-musuh teh baraya wungkul teu aya nu sejen aya kaponakan, paman, saperti Salya, Bisma, pangpangna Bisma jeung Dorna sasat guruna.

Rumpaka Murwa di luhur pikeun Arjuna waktu nyanghareupan perang dina Barata Yuda, ku lantaran ngarasa ngangres yen musuh-musuhna teh lain nu lian, tapi baraya-baraya kabeh, antukna teu aya niat hayang maju perang. Tapi ku alpukahna jeung papatahna Kresna anu nyebutkeun ulah luntur ku usum ulah laas ku mangsa, mang taun-taun, mang windu-windu urang disangsara dikakaya ku maranehna, ayeuna mangsana balitungan dosa rek ditinggalkeun. Jeung deui maranehanana geus gilig ngabogaan hasud keur ngabasmi Amarta, lamun Arjuna teu daek maju perang hartina teu nyaah ka dulur-dulur, jeung rahaya* Amarta bakal ancur, musna kabeh. Dina hal ieu kudu ngabela bebeneran. Antukna Arjuna daek ancrub ka palagan juang di Kuru Setra.

Jejer Sawarga

— Nihan sembah nireng hulun, ka purba ring sang Murbeng ret
— sahan nikang, rikanang sihing dasih maweh boga sawegung masih ring delahan
— dyan kanang mamudyengan ri jeng nayaka ring rat duteng nata kotama;
— mungguh hamanugrah len siswanta sagotro tan huwu minulya.*)

+) R. Soetrisno, Suluk Pedalangan, ASKI Sala, 1970, kaca 3.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pisundaeunana kira-kira kieu:

— Puja sareng puji kasanggakeun ka Mantenna nu nyiptakeun dunya miwah sagala-galana, nu micinta, panganut-Na,
— nu salamina maparen panganan, mininta tug dugi ka Aherat
— saterasna puja sareng puji disanggakeun ka ki Bujangga dunya nu diutus di dunya
—• mugi-mugi kenging pitulung Gusti Nu Maha Suci, pamungkas ditujukeun ka nu Nga agungkeuna Na.

Jejer Astina

— Lengleng ramya nikang, sasangka kumenyar, mangrengga Ruming puri
— mangkin tanpa siring, haleb ikang umah, mas lwir murubing langit
— tekwan sarwa manik, tawingna sinawung, sesat sekar sinuji
— ungwan Banowati yan amremalangen lan nata Duryadana.

Dina basa Sundana mah kurang leuwih kieu:

— ayem tengtrem daya panarik mangsa caang bulan ngahias kaendahan kaputren
— pikeun wisma kancana mah taya babandinganana, nembong-keun kaendahan saperti nyengceling ngajul ka langit
— sakabeh papan dijieun tina emas permata mangrupa sekar
— nya eta pisan pajuaran nu kacida endahna mangsa Banowati nuju leleson sareng raja Suyudana.

Jadi rumpaka di luhur teh nuduhkeun atawa ngagambarkeun kaendahan pajuaran dewi Banowati di kaputren Astina, tempat lelesonna Banowati jeung Suyudana.

Jejer Pandita

— Nian siwa amatur marang risang Maha Yogi, sang wipra kadi paran
— kersaning hyang Otipati, Yogya saliring warna, kang gumelar aning bumi
— mugi hulun tedakna tandya sang wiku anjarwi

Jejer Patamanan

— Kilyan sangkarita tan tamah arepa rehnya bale kancana
— cabhabra mahening pawl natar ika rok mutyara raras,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

— wai driya maranika bapra si pager tunjungnya manten luweng
— muntab hentene bapuranya macawinten surakanta jwula.

Rumpaka di luhur di basa Indonesiakeun ku C. Hooyckas, lamun di Sundakeun mah kira-kira kieu:

— Pating karelip herangna batu-batu karikil di buruan
— pacampur jeung mutiara, ngagoda hate
— batu-batu emas warnana bulao jeung batu marmer
— geusan pamager tarate di jero kulah, diwangun ku batu-batu beureum anu harerang. Batu-batu inten dina gapura saperti pahatan, herang kawas kaca Suryakanta.

Jadi rumpaka anu di luhur bisa dipake keur Jejer Patamanan mana wae, pokona anu disebut patamanan mah bisa make murwa anu di luhur. Upamana: Taman Soka, Taman di nagara Astina jeung rea-rea deui. Tapi da ngawayang dina carita Mahabarata mah arang langka anu make jejer (adegan mimiti) Patamanan, dina mangsa ayeuna mah.

Sunarya, dalang anu motekar, samemeh Murwa dipitembeyan ku rajah basa Sunda, contona anu disusun ku Malkan Sutaredja, Sugandi jeung Sunarya anu rumpakana kieu:

Kalayan Asmana Alloh anu sifat welas tur asih, kalayan sifatna Rosul, diaping ku para Nabi, dijaga ku para Malaikat hibar berkah para olia, pangjurung para Karuhun, kuring amit rek mandalangan.

Kuring dalang ki Kanda Buana, nu puguh indung bapana, ngadeg di pusering Jagat Pawayangan, ngawasa wayang sakotak anu rek dikotektak, ngawasa bari dikawasa ku Gusti Nu Murba Wisesa, nu ngadamel bumi — langit sagorombyaning alam. AnjeunNa nu Jemeneng bari teu aya nu ngajenengkeun, mula jadi ti memeh jadi sakabeh. AnjeunNa nu wajib ayana mustahil euweuhna, teu arah teu enggon, teu ibuan teu ramaan, teu putraan, jumeneng ngadeg ku AnjeunNa. AnjeunNa awit ngersakeun ngadamel Jan Banujan, teras ngadamel dunya katut sagorombyaning alani Kabir sarta alam Sagir, mangsana Jagat kosong wungkul awang-awang uwung-uwung taya manusia kumelip.

Ku Pangawasa AnjeunNa, lajeng midamel manusa cikal tina opat asal, Bumi, Cai, Seuneu, Angin.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Watek Burnì:

Sadrah sumerah, pasrah kana kersa nu ngersakeun. Dipihade mulang hade, dipigoreng mulang goreng. Mun diurus mere cukul, dipiara mere kaya, anu dibawa tamelar joledar pamulangna teh ku sangsara.

Manusa anu asalna taneuh, mun ilang caina, seuneu katut anginna tanwande mulih ka jati mulang ka asal. Jasad badag nu asalna tina taneuh awor deui jeung taneuh.

Watek Cai:

Handap asor bari balabah, tara aya cai ngapung ka luhur atawa palid ka tonggoh. Kajeun ngarayap dibelaan mapay ka handap; ahirna teu burung nepi ka sagara lega. Tukuh junun dina enggoning ngudag maksud. Dibelaan narutus gunung batu naratas tegal cadas, mun dibendung kajeun caah lebleban ti batan pegat nya lumampah. Cai sanggup mere hurip ka sanes kara nu hurip, tapi lamun cai datang amarahna matak ruksak sakur nu kelembak.

Watek Seuneu:

Angkuh adigung, barangasan. Teu bisa sor ka handap. Lir napsu teu aya kaseubeuhanana, karepna mangprung ngaberung.

Tapi sanajan kitu, manusa perlu ngabogaan seuneu sakadar sakirana anu mangpaat kana diri. Sabab lamun teu aya napsu, lir ibarat hawu anu taya seuneuna, tiis taya gawena teu ka arah paedahna.

Watek Angin:

Gaib sajeroning wujud, disebut euweuh da puguh karasa ayana, disebutkeun aya da sidik teu katingali buktina. Lir ibarat napsu anu teu katingali, leuwih leutik batan leutik, leuwih lembut batan lembut. Mun eta musna ti manusa, tanwande lebur papan kalawan tulis. Lebur kujur beak awak, leungit tanpa lebih ilang tanpa karana, kebo mulih pakandangan pucang labuh ka puhu. Balik ka jinis tadi mulang ka asal baheula. Cai balik ka cai, angin balik ka angin, seuneu jeung taneuh pada euweuh. Nya diri kudu balik ka Gustina (gugunungan dibalik-balik 5X). Gumelarna manusa cikal,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Adam nu disusui ku gumelarna Hawa. Adam jeung Hawa pupuhunan ti sakabeh pupuhunan manusia tug nepi ka kiwari. Tapi sanajan geus reuay manusa, mungguh kakawasaan Gusti Nu Maha Kawasa mah tetep angger teu ngurangan, langgeng dina sifat kawasana.
Sakur nu kumelip kawengku ku pangawasa AnjeunNa:
"Ti dasar sagara anu pangjero-jerona, nepi ka puncak gunung anu pangluhur-luhurna,
ti dasaring bumi nepi ka alak paul ti nu poekna nepi ka nu pangcaang-caangna teu leupas tina kakawasaanana".

Sarengna deui AnjeunNa teu kaewuhan dina ngadamel manusa-manusa sabada manusa cikal. Cekap ku sir rama sareng sir ibu, anu patepung dina "Kania puru" awor ngagulung sami ngahiji, anu engkena kapanjingan "Roh Idopi" lir aworna wianjana wianjani katut sandangana mangrupa sastra anu kabaca. Teu bisa misahkeun/nuduhkeun penting mendi, nu puguh mah mangrupa aksara.

Gumelarna manusa jadi warna-warna, panta-panta. Aya nu di kaler, aya nu di kidul, aya nu di kulon di wetan, kabeh pada mawa carita sewang-sewang, pada mawa carita dirina sajeroning iumampah ngumbara di alam pawenangan. Bari ka purwa ka wisesa ku Gusti Nu Murba Wisesa. Sanajan ratu Agung binantara moal leupas tina pangawasaan AnjeunNa. Ki dalang mah ngan darma nyaritakeun, suku sambung leumpang, biwir sambung lemek.

"Sad kula Ki Dalang Kanda Buana neda amit rek mandalangan medal asal carita, nu diawitan ti hiji nagara, nya età nagara .... Alengka dirja (gugunungan diturunkeun, pagelaran diawitan, embah geulis diibingkeun, Prabu Rahwana ka luar, diparek patih Prahasta, Kumbakarna, Wibiksana)

Satutasna ngaribing, gending ditaekkeun, ditema ku Murwa biasa.

Rumpaka pangrajah di luhur digarap ku A. Sunarya dina carita "Kumbakarna Palastra" (Gugurna Pahlawan Kumbakarna).

2. Nyandra

Sareresna Murwa, ditema ku Nyandra nya eta prolog dalang pikeun ngagambarkeun kaayaan adegan anu rek dicaritakeun,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

malar nu lalajo ngarti adegan naon, adegan mana jeung kumaha kaayaan eta adegan teh. Ari pidangan nyandra digalantangkeun bari ngagunakeun lentong jeung sejak padalangan, samalah mah dina padalangan di urang mah sok silih tempas jeung nayaga, sangkan kadengena leuwih hirup. Sedengkeun gending pirigan masjh dina gending anu tadi waktu murwa tea, ngan sorana hawar-hawar (sirep) ngahias, panyandra dalang. Istilah nyandra teh ngan dina padalangan urang wungkul, da ari di Cirebon mah disebutna tehi Ngeretawara atawa prasanta, di Jawa Tengah mah disebut janturan.

Lafnun murwa aya dua rupa, nyandra oge aya dua rupa nya eta:

a. Nyandra Umum
b. Nyandra Husus.

a. Nyandra Umum

Lamun tadi ngagunakeun murwa umum, nyandrana oge kudu nyandra umum nya eta nyandra anu bisa digunakeun ku saga-wayah adegan.

Sruh rep data pitaña, anenggih'nagri pundi ingkang ka eka adi dasa purwa, eka = sawiji, adi = wong aluwih, dasa = sapuluh, purwa = wiwitan.

Sanajan katah titahing dewa ikang kasongan ing akasa, kasang-ga pratiwi; kapit dening samudra kalih, katah ikang sami anggana laras, emboten wonten kados nagri ... (Nagara mana anu rek di-jadikeun bubuka carita, upamana Astina, Pandawa, Amarta, Alengka, Meralaya, Cumina jeung rea-rea deui). Sri nalendra ju-juluk ... (ngaran raja di nagara anu geus disebut tadi, lamun Astina rajana Suyudana, Amarta = Darmakusumah, Meralaya = Kresna, Alengka = Rahwana, jeung rea-rea deui). Mila kinarya bubukaning cinarita, jalaran nagri apanjang apunjung pasir wukir loh jinawi, gemah ripah kerta raharja.

Panjang = dawa pocapane, pungjung = duwur perbawane/ka-wibawane; pasir = samudra, wukir = gunung, dene nagara mungkuraken pegunungan ngeringake pasabinan, nengenaken banawi, ngayunakeun bendaran gede. Loh tegese tulus ikang sar-wa tinandur, jinawi = murah ingkang sarwa tinuku, gemah =

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang lumaku dagang rinten dalu tan ana pedote lebet tan ana sangsaya ning margi, aripah = kang jalma amangsa kang sami gria salebeting paraja, tansah jejel apipit pangersa, kabencukit tepung adu tritis.

Papan wijar katinggal saking rejaning nagri; kerta pertanda kaula dusun ingkang sami laku, tani aningu sapi kebo, tuwin bebek ayam, tanpa sinangsangan, yen harina haglar, hing pangonan, hing wand dalu wangsul marang kandang sewang-sewang; saling kalising durjana juti, raharja dene tebih marang muku tuwin abdi mantri bupati datan wonten lampah cecengilan; tansah atut tur rukun denira ngangkat karyaning ratu. Mila nagar ing ... keringan saking manca praja, dasar nagara gede obore, padang jagate, duwur kukuse, adoh koncarane, boten ing tanah Jawi ke kemawon, sanajan ing tanah sabrang sami suwita, babasan negari ingkang tebih tumiung, ingkang celak sami manglung, anguturi bulu bekti, ing saben mangsa hatur, putri panungkul, han gelondong pangareng areng, angsung pependutan ratu; peni-peni raja peni, guru bekal guru dadi.

Lamun kalimah-kalimah anu di luhur karasana panjang teuing bisa dipotong nepi ka apanjang apungjung; diteruskeun kana .... Apa silokane ingkang dados raja? apanjang apungjung, panjang = jembar; apungjung = duwur.

Ratu kaceluk ka eka adi dasa purna/nama; eka = sawiji, adi = wong aluwih, dasa = sapuluh, nama = jenengan. Kamasur lan katah naminipun, sang nata ajejuluk ... (disebutan sakabeh ngaran-ngaranna eta raja). Sang nata lenggah ing krosi gilang kencana, mawi makuta ... (ngaran-ngaran makuta anu dipake eta raja upamana Binokasri keur Kresna, Ramayana, Baladewa, Gelung keling keur raja Amarta (Darmakusumah), Sekar kelewih keur ratu Astina, Suyudana).

Asta gangga wira tanu patra; asta = tangan, gangga = banyu, wira = wong aluwih, tanu = mangsi, patra = kalam. Tanu lan patra dipun serat aksara kalih dasa sawiji-wijinipun; dados sekawan madhab:

ha na ca ra ka = wetan
da ta sa wa la = kidul

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pa da ja ya nya = kulon
ma ga ba ta nga = kaier

Inggih teges madhap papat kalima pancer. Wau nembe ami damel bubukaning cinarita, kawontenan ing sawijining nagara, yaiku nagari ... (nagara naon anu rek di jieun bubukaning carita), Sri nalendra ajujuluk ... (ngaran raja anu disebut nagarana tadi).

Aya deui Umum anu kieu:

Baeu! Sinareng nira kenya pertangga, watri gumanti sanghiang latri kapandut ima-ima gambura kalawan ancala. Gambura iku wiwitan, ancala sapucuking gunung, si Walang Tunggal pinanda-nanda peken tinares asta gangga wira tanu patra. Asta iku tangan, gangga iku banyu, wira = wong aluwih, tanu iku mangsa, patra iku kalam.

Patra kalawan tanu dipun damel aksara wilanjana wilanjani. Wilanjana iku cacarakan aksa Ha, wilanjani iku cacarakan aksa Alip. Aksara Alip dipun bucal dateng bagawat kilen, ados aksara telung dasa, Alip ba ta sa.

Aja nutugakeun aksara Alip, dede tempate ngurusakeun aksara Alip. Ngicalakeun aksara Alip, metuakeun aksara Ha. Aksara Ha dipun bucal dumateng Bagawat Wetan, tumiba ing tanah Jawa, dipun damel aksara kalih dasa, kalih = dua; dasa = sapuluh, aksara dua puluh dibagi papat madhab sawiji-wijine; ha na ca ra ka = iku wetan; da ta sa wa la iku kidul, pa da ja ya nya iku kulon; ma ga ba ta nga ya iku kaier.

Ha na ca ra ka iku kang ngongkon, da ta sa wa la iku kang di-kongkon, pa da ja ya nya iku ala-ala atine, ma ga ba ta nga iku ora kena disebut. Aksara sampun mati di belah kaier.

Ngicalakeun aksara kalih dasa, metuakeun malih aksara, Wilanjana Wilanjani; Wilanjana iku sir Rama, Wilanjani iku sir Ib'u. Sir kangjeng rama tumiba maring sir kangjeng ibu, manjing ing kenya puri. Kenya iku artine wadah, puri ja iku hartosipun keraton. Kraton pundi kang dados jejer? Kraton ... kang dianggo jejer.

Sinten.ikang jumeneng nalendra? Sri nalendra calik ing krosi gading gilang kencana mawi makuta binokasri tinaretes ing sosoca. Ngangge gelung gono, gelung gong sor, kelat bahu tempal dada, nyungklang ladrang kiai Jagapati, pendok kinukir ketuncar

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mawur, amar-amaranana sutra kuning, sutra petak, sutra ireng, sutra abrip, dodot gresik wayang.

Panjang punjung pasir wukur loh jinawi. Panjang iku dawa, punjung iku duwur, pasir iku tegal, wukir ya iku gunung, loh jinawi hartosipun katah, boten wonten sandang kalayan pangan, inten jumanten.

Wong mandalangan iku dora sembada, dora iku bohong, sembada iku pantes. Apa mulane dadi pantes? Ana buktine! Apa buktine? kang ana wayang purwa! wayang iku hartosipun bayangan/kalangkang purwa iku wiwitan.

Darma nuturkeun galur anu kapungkur, mapay laratan anu baheula, wong tua wiwitene, wong enom darma lakoni.
Ngan bedana nu baheula mah wayang diganti ku golek.

Naon hartina età basa golek, diugal igei diulak alek matina ngagolepak, ngagogol matane wong melek. Tapi kecap gelek ceuk basa Jawa mah golek'i hartina teangan. Teangan naonana, teangan asal-usulna, da golek teh henteu beda jeung jelema. His gagabah golek make disaruakeun jeung jalma. Apan golek mah kai, diukir, dicet jadi jejelemaan/boneka.

Naha boneka bisa ngomong sorangan jeung hirup? Da golek mah usik tanpa usik, obah tanpa obah, ari golek diomongkeunana età ku dalang.

Teu rumasa jadi dalang, rumasa soteh mandalangan, mangdalangkeun! Mandalangan naon? Mandalangan cenah. Nu boga hajat arek nyalametkeun, lumayan tamba sare sore-sore, gunung tanpa tutugan, moal aya monyet hideungna. Nu panjang dijeiun pondok, nu pondok dipegatkeun sebat kang genjotan.

Aya deui nyandra anu rumpakana kieu:

"Sayogyanipun Ki Pangringgitan, duk wicanten ingkang kala dingin, anggelarakeun Cahya Nurcahya, bibite kang nata wilayat. Harut marut lan ratu Banujan, Adam Hawa, Sis kang danu wirih, Anwas lan Anwar kang danu cita, anggelaraken Nurcahya, Nurrasa, Nursari, Nurjati, Sakuntu, Sakumbul, Parangawuyuh, Kanangsa, Manangsa lan Manumanangsa, anggeraleken malih sang Hyang Wetri Sanghyang Letri, Sanghyang Tunggal prepta kang wayang-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wayangan. Sangiang Wenang kang ngawenang rasa ingkang waci. Sanghiang Kuncung tungaling rasa, Semar-sana danar guling; Sem ya iku pangangen-angen nyamarakeun dat ingkang Maha Suci, Sangiang Rancasan kang anjulat sawarga wolu."

Atra yen rumpaka anu di luhur teh geusan Murwa para Dewa lantaran loba dewa-dewa anu disebutan dina età rumpaka. Tapi dina prakprakan ngawayang sok digunakeun dina adegan mana wae, ngan tina lebah sawarga wolu sok diteruskeun kana nyandra adegan nagara anu dihareupan. Upamana adegan nagara Astina, nagara Pandawa atawa Amarta, Meralaya, Alengka, Wirata jeung rea-rea deui. Dina età nyandra sok nataan nagara, ngaran raja, kasakten, anggoan, kalungguhan, kakayaan, kaadilan, kalakuan raja, jeung tokoh-tokoh anu keur aya dina età jejer.

Upama kabeneran yen Jejer teh adegan Sawarga sok diteruskeun kieu:

Sinten kang dadya ratu? Naminipun Batara Guru, batara iku pinter guru kang nuduhaken wong sajagat kabeh. Naminipun hiyang Jagatnata yang iku dikating tiang, Nata kang dados ratu wong sajagat kabeh. Naminipun malih Yang Giri nata, giri ya iku gunung, nata ya iku ratu. Apus gebang siwalang tunggal. Naminipun malih Hyang Otipati. O hartosipun kang ngabedaakeun mati lan urip, Kuluku Kendali wuluh, krudung sutra kemangi, astane papat, lan palenggahipun lembu andana andini. Kuluke panutup bayu, kurudung pangeprak rasa, asta papat tawisipun kang pancadria, ...

Lembu sana kang wiat, Lembu sini kang jagat muprat. Apa artine panca? Panca iku lima, dria angen-angen. Angen pundi? Angen sejahtra tumiek.

Pinarekan kabayan dewa. Dewa iku salira piyambak, kabayan iku utusan. Sinten kang miutus, sinten kang dipun utus? Wastanipun Batara Narada, hartosipun boten wonten.

Lampu wujud gumarting layang sami idopi, dalang iku wujud tunggal, wayang iku wujud birahi. Dalang kang nyurupi wayang, wayang kang dipun surupi ingkang dalang, dede dalang kang saiki, dalang sejati kang rupa hesti. Pinayungan langit pitu,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sinakseni marga papat dede lor, kidul, kilen lan wetan, tetapi iku ngarso, kiwa tengen, jaiku ayan sabitah.

Pedot tandaning pedot, genting tandaning genting, sebat kang genjotan.

Ucapan-ucapan nyandra di luhur kaasup nyandra Husus.

b. Nyandra Husus

Nyandra Husus nya età nyandra anu digunakeun pikeun mere gambaran kaayaan adegan anu tangtu, boh ngaran nagara, ngaran pangagungna jeung para inohongna. Atawa salah sahiji tempat, salah sahiji kajadian.

1) Nyandra Yudistira

Sruh rep data pitaña, anenggih negri pundi kang ka eka dasa purwa, eka yaiku sawiji, adi = wong aluwih, dasa sepuluh, purwa yaiku wiwitan.

Sanajan katah titahing dewa ingkang kasongan ing akasa, kasangga pratiwi, kapit dening samudra kalih, katah ingkang sami anggana raras, mboten wonten malih nagara Amarta.

Sri Nalendra ajujuluk Parabu Samiaji, Darmakesuma, Kontea, Panduputra, ya Darmaji yaiku Yudistira. Mila ajujuluk Samiaji; ikang sarwa linuhung, adii pramarta, boten wonten ka ala, dipun wastani Darmakesuma, tegesipun nata ingkang kados sekar, nungsemi rupanipun, gandanipun arum. Permila asmanipun Kontea, piyambaknipun atmajanipun Kunti Nalibrata. Kang kasebut Panduputra, nyatanipun putra sang Pandu. Ajujuluk Darmaji tegesipun sri nalendra pinandita, yen Prabu Yudistira sang nata mustikaning prajurit.

Sang nalendra ngangge busana, agelung keling, anting-anting rukmi, sumping retna pinulya, gubahan surengpati, kalung kebo minggah, dodot limar wilis, sabuk sutra suleman, curiga warangka Ladrang landesan tunggak semi, tinabur ing sosoca. Pendok emas sasaputan, tinangsangan sekar sinusun lan rinekan panca warna, lelepen berlian kembar.

2) Nyandra Bima

Punika tunggal Pandawa saking manggul pawenang, asmánipun Aria Bratasena, Wrekodara, Bima, Kesumayuda, Kesuma-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dilaga, Jayalaga, Bayu Suta, Pandotmaja, Maruta Suta, Bayunida.

Dipun wastani Bratasena, brata — tapa brata, sena = hamengku, piyambaknipun mangku tabrata wiwit lebet bungkusipun, kunical dateng Gandamayu, dipun amuk dening Liman Sena lan saged metu, miladipun wastanipun Bima Sena.

Wrekodara tegesipun anggadahi weteng kados weteng sewagon. Jodipati hartosipun ratuning kaprajuritan, Kesumayuda yaiku sekaripun ing ayuda. Jayalaga, piyambaknipun unggul ing ayuda. Bayu Suta tegesipun atmajanipun Dewa Bayu. Pandotmaja, piyambaknipun atmajanipun Pandudewanata, Maruta suta, tegesipun atmajanipun dewa Maruta. Mila kakasih Bima; piyambaknipun ageng piyambak, kados bapa-babunipun Pandawa. Mila dipun wastani Bayunida, karen angin, yen lumampah kados dipun iring braja.

Lelagon legawa tanpa samudana. Bebudine Arya Bratasena, angan tepi bener lan becik, sanajan tumeka ning pralaya lebur luluh bonten sumeggah. Ora watak Wrekodara oncat hing paprangan, rinubungan satru sakti sajuta pisan ora keguh.

Pranyata sakti sudira ing alaga. Raden Bratasena pikukuh tanggulang nagari Amarta. Sanajan nagar kantun saaubing pajeng, yen taksih wonten raden Bratasena ajeg adeging Harya Bratasena, panceg ora wurung kukuh adeging nagara praja Amarta.
Boten wonten mengsah ingkang kaconggah ngrebuti.

Sakala Harya Wrekodara lajeng mawi busana. Apa busananipun, mawi gelung makara tinandur rengga, endek ngarep duwur buri, ngagem pupuk retna dumilah, sumping jaroting asem wara sosoca, gegubahan pudaksinumpet, ngagem gelang candrakirana, lancingan cindeudaraga, cineplok parangkancana dapur sirah Nagaraja kxura, kampuh poleng bang bintulu, abang ireng kuning putih. Pangganggenipun Harya Bratasena sarwa sosoca paparing dewa sedaya ngasta perbawa.

Kuku Pancanaka, ingkang ginagem dados satunggal, ampuhe kagila-gila kados bajra tisna lungit, ora ana titah kang medal, dening pancanaka, yen kacocog misti lebur tanpa dadi. Apa tegesipun pancanaka? Panca lima, naka yaiku lalandep, yaiku

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

perlambange pancadria, rinagem dados sawiji, pranyata Bratasena sampun saged ngarajut pancadrianipun. Mar, ame saged sapatemon kalyan jiwanipun kang rungsit, yaiku Sangyang Dewa Ruci.

3) Nyandra Arjuna

Sang adipati Arjuna ajujuluk Pamadi, Palguna, prabu Kriti, Indratenaya, Kumbal Wali, Margana, Dananjaya, Jahnawi, Panduputra, Kuntadi, Mila dipun wastani Pamadi yaiku putra panengah Pandu, Arjuna tegesipun toya resik ing wadah, pranyata sinatria ing Madukara, minangka wewadahing rasa. Ajujuluk Palguna, wetonipun wonten wuku Palguna, tur saged mawrat mangsahing bandayuda. Dipun jenengipun Prabu Kriti, pranyata sanàtria Madukara antuk pasanggirining dewa, jurrtenengaken nata ing Tejamaya. Kumbal Wali piyambaknipun anggadah kuping ingkang landep. Indratenaya tegesipun atmajanipun Batara Indra. Dipun wastani Kuntadi, hartosipun putranipun dewi Kunti. Janaka, piyambakni dipun titisi Prabu Janaka, nalika ing lelampahan Baie sigala-gala, kalyan dipun titisi batara Wisnu ingkang sinigar dados kalih kalyan batara Kresna, mila kasebut loro-loroning tunggal, ya Arjuna ya Kresna, ya Kresna ya Arjuna, upamanipun geni lan urube, genina Arjuna urube Kresna, sekar lan sarine, sekare Arjuna, sarine ya Kresna.

Dasar sinatria Panengah Pandawa lalaki langit ialanang jagat, ngagem gelung supit urang anting-anting sosoca mubyar, sinumping retna pinanda parijata, kalung kebo monggah, kampug limar kemangi, warangka landrang landean tunggak semi, konggas gandane lir dewa manurun.

4) Nyandra Kresna

Sinten kang dados nalendra hing nagari Dwarawati? Boten wonten malih Sri Batara Kresna Harimurti, Narayana, Padmanaba, Madusudana, Kesawa, Janardana, Basudewaputra, Resi Jenggalamanik. Mila dipun wastani Sri Batara Kresna, batara wong pinter, Kresna hartosipun cemeng jawi lebet. Hari murti, hari jenengipun Batara Wisnu, murti pasuryan, dados piyambakipun titisan sang hyang Wisnu. Mila kakasih Narayana,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

naminipun nalika enem. Hartosipun Padmanaba, padma tegesipun sekar terate abang, naba yaiku wadah, dados pasuryanipun sri nata abrip kados padma. Basudewa putra tegesipun putranipun Prabu Basudewa ing nagara Madura. Mila kasebat Resi Jenggalamanik, tapa brata ing wukir Jenggalamanik.

Sliranipun lencir nanging kiat, wandanipun sumeh, pantes dados nata binarata. Sri nalendra linggih ing krosi gading gilang kancana mawi makuta binokasri tinaretes ing sosoca, murub mubyar kados kunang-kunang sakebonna. Mawi galudra mungkur acunduk sekar taji rineka tetesing tirta, jamang emas susun tiga, tinaretes retna mulya, sabuk sutra tali datu turiga jati, pucuking uncal jingga pinarada gumebyar hing pupu kiwa, tengen, tinangsangan ulur-ulur naga karangrang, sinumpingan rineka waderan, gelang nagabanda, kelat bahu naga mangsah, kroncong nagaraja, ngagem curiga tinatah tinatu rengga sinangsangan cinde pancawarna, mawi kampuh parang curiga. Sadaya pangganggenipun sang nata tinarenjek tinaretes sosoca karawista wonten inten kastuba, indranila, sangkep sakatahipun sosoca.

Piyambakipun wenang den ucapaken pambaganing Nata, sejatining ratu adi utama kalyan darma, awas mawas wosing-kawusanan pirsa saderenging winarah, sang Prabu pinunjul ing tri buwana, yen ing kasucian sang ratu salurung para brahmana, yen hing kasucian sang ratu salurung para brahmana, yen hing kadigjayaan angungkuli para jawata, yen ing daya prabawa angungkuli Sang hyang Pratanggapati, yen guna sarana saluhuring budi panjrana.

Sri Kresna angadahi kembang cangkok wijaya kesuma, prabawipun saged angwaraken ingkah gerah lan tiang pejah kang dereng wedal. Ngasto gambar lupian, kangge aningali ka dereng tumiba, mila piyambaknipun weruh sadurung winarah. Senjata Cakra wijaksana saged ang-mangsa mungsuh ingkang katah. Ngagem Triwikrama saged malih warni dados tiang ikang duwur lan ageng kang sami wukir.

5) Nyandra Gatotgaca

Sok sanajan Gatotgaca teh lain tangtungan raja, tapi ari dina

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ngawayang di urang mah sok make nyandra heula. Lantaran Gatotgaca teh sok mindeng dina adegan nu mandiri, upamana wae keur aya di Pringgandani di barengan ku pamanna Prabakesah papada ngadeuheus ka ratu Pringgandani (dewi Arimbi). Malah asa kurang apdol lamun dina adegan Gatotgaca tara make panyandra. Ari panyandrana kieu di antarana:

Raden Gatotgaca pranyata sinatria kang wiratama dibya sembada sakti sudira hing ayuda, hambeg prasaja, susila prigel, ing parikrama, ing solah cikat cakut terampil kaduknogaga. Nging jatnika anteng singer kurang pangandika, pasemon ngengreng gumriyeng haregu. Pasariran berwaprasta, ngagem cara sinatria, yen tinagkilwonten hing pura Pringgandani ngraksuk busana kaprabonan.

Mangkana Raden Gatotgaca arsa lumawat ngupayamaesadanu, satu kang pancal panggung, naging hemeng penggalih dereng prastawa ing dunungan.

Sakala raden Gatotgaca nata busananipun, sami ngasta prabawa paparingipun sanghyang Jagatkarana. Mawi busana gelung makara cinundarengga* tinurub kuluk busananda, jamang emas antakesuma tinaretes sosoca mulya, kinancing garuda mungkur, sinangga dening praba. Sumping ginubah surengpati sinangsangan ulur-ulur naga kararang, pending pirada retna mulya, gelang nagabanda kelatbahu nagamangsa, kroncong taksara krusa sami kencana sinoca, pamekak hatebah jaja, uncal uncal kumala agunda bara; ngagem cripu padacrema pentol nilawiduri; ngagen calaña cinde jalamprang, kampuh parang-rusak, linut kencana drawa ngumbar kuncang gedara jaja laring walang waleri. Sangkep pangagemanipun raden Gatotgaca, sarwa sosoca atap ngebaki salira. Ana manik indradi soca kastuba, kumala widuri intening samudra, cumerut nira mirah pakaja. Yen tinon saking Mandrawa busanane raden Gatotgaca pating gumebyar pating galebyur kady lintang wuluh katerangan ima. Saterusna nataan ngaran-ngaranna, jimat-jimatna, ajian-ajianana jeung perbawa jeung kawibawaanana.

6) Nyandra Patapan atawa Pandita

Sabenerna nyandra ieu pandita ka asup nyandra umum, sabab

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

bisa digunakeun pikeun patapan-patapan atawa pandita-pandita, resi-resi atawa bagawan-bagawan di mana wae ayana. Ari rumpakana kieu:

Gelis kang mangun catur sigra kang wara kocapa, sinten ingkang dipun darnel bubukaning cinarita, boten wonten malih ing patapan ... (gumantung kana jejer carita jeung lalakon galur sempalan tina Mahabarata, Ramayana atawa Arjuna Sasra Bahu), kang dados resi ajujuluk resi/bagawan/hajar/pandita/wiku ... (anu ngaresian di eta padepokan atawa patapan). Ingkang kuasa maringaken kadijayan marang para cantrik ing kang sami sinau ilmu ing pangenipun. Lenggah ing gelaran sinulam jebat kastori dipun adep para catrik sadaya. Dasar pandita/wiku dudu saweneh, satelasing kikir satedak gurinda boten wonten braja ingkang tumiba dateng salira piambak. Dipun parek kalyan ... (hiji sinatria atawa saha wae nu jadi murid kakasihna atawa anu baris di lalakonkeun dina eta carita) raden/patih srog tumungkul amarikelu kados kenyam patala lir sata manggih krama (sata = hayam, krama = hayam jago) jalaran ajrih aningal sang resi/pandita/bagawan. Lajeng sang resi/pandita ngandika leuleuy keudeuh, aris manis pangandikanipun ....

7) Nyandra lamun aya tamu

Lamun dina hiji adegan keur jongjon paguneman, ngadadak aya nu ngiberan yen ka eta tempat rek aya tamu. Dina prungna sok make nyandra heula saperti kieu di antarana:

Lah ingkanata wau, raden patih sampun nampani aturing mantri, yen ingkang karya gita punika sinuwun/patih/raja/resi/ utusan/sinatria (gumantung kana wujud tamu anu rek datang naha mangrupakeun utusan atawa maksud manehna pribadi), saking nagara ... (nagara manehna ti mana eta tamu nu rek datang teh). Ti dinya pribumi mere tanggara sangkan eta tamu teh disanghareupkeun. Si pribumi (raja, pandita atawa saha wae anu jadi pribumi) nyarita/marentahkeun: "patih/yayi/rade'n aku ta unjuk uninga sasinten kang dados dayu kaperenga tinundak datang kaula, lenggah ing lebet. Terus nu diparentahkeun indit ngebran tamu sina datang.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

8) Nyandra Kahirupan/Kahuripan

Lamun dina perang Barata, anu ngabuktikeun patina masing-masing geus ditangtukeun ku Nu Kawasa, upamana wae, Gatotgaca ku konta, Abimanyu ku Panah gagakrancang, Suyudana ku Bima, Bisma palastrana dina leungeun Srikandi, Doma ku Drestajumena, jrrd. Geus moal aya gunana deui naon anu disebut Kembang Cangkok Wijaya Kusuma teh, atawa jimat-jimat, ajian-ajian anu bisa ngawaraskeun anu gering atawa anu paeh. Tapi ari dina lalakon sejenna mah asal anu paeh jeung nu gering can nepi ka ugana, bisa dicageuran deui ku alatan jimat-jimat atawa ajian-ajian nu tadi kasebut tea. Pangpangna Kresna, Semar, Dewa, pandita anu sok bisa nyageurkeun teh.

Samemeh salah sahiji wayang nu paeh dihirupkeun deui ku alatan diungkulan jimat tea, ki dalang teh sok nyandra heula, ari rumpakana kieu:

Ku keukeuh-peuteukeuhna sang Resi/Pandita/Semar/Sri Kresna, sapanuhun ginuluran sapaneja tinekanan.

— Eka padma sari; eka sawiji, padma kembang, sari-raos, sok sanajan dina kaayaan maot, karasana lir anu sare tibra, lantaran teu boga dosa.
— Dwi martani dwi = dua, martani = hirup, atma jeung raga gumulung ngajadi hiji.
— Tri kaula busana; tri tilu, kaula = jalma, busana = raksukan; ragana manusa ibarat anggean, lamun geus teu dipake mah bakal ngalumburuk teu aya hargana.
— Catur wanara rukem; catur = opat, wanara = monyet, rukem tangkal kai gandarukem. Pating kurunyudna roh anu keur ngaraga lir polah monyet dina tangkal kai.
— Panca sura panggah; panca = lima, sura = wani, panggah = kuat; ku keukeuh-keukeuhna sang ..., sapanuhun ginuluran, sapaneja tinekanan. Saterasna ditema ku kakawen hilir-hilir ya merbangun. Satutasna kakawen kakara età wayang anu dihirupkeun teh digerakkeun atawa obah/tanghi.

Padahal lamun dicukcruk ti Jawa Tengah mah, età nyandra anu di luhur kacida mengparna, lantaran ucapan-ucapan anu di luhur teh

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

hiji aturan urang Jawa dina nginum arak bodas (ciu) anu perelena kieu:

Eka padma sari; eka = sawiji, padma = kembang, sari = raos, hartina lamun jalma karek nginum sasloki, karasana ibarat nyesep kembang anu masih keneh aya sarian.

Dwi Martani; dwi = dua, martani = someah = darehdeh, lamun nginum dua seloki eta jalma lakuna someah darehdeh bakal sagala daek,

Tri kaula busana; tri = tilu, kaula = jalma, busana = pakean, lamun meakeun tilu seloki, ingetanana geus ngurangan, ngarasa gagah, sok sanajan inyana teh badega upamana (rara-saanana make pakean anu aralus).

Catur wanara rukem; catur = opat, wanara = monyet, rukem = tangkal kai ganda rukem. Lamun geus 4 seloki, lampahna saperti monyet parebut buah dina tangkal kai.

Panca surapanggah; panca = lima, sura = wani, panggah = kuat, upama geus meakkeun 5 seloki, lalampahanana taya karingrang, wanian, nekad sok sanajan biasana mah mibanda hate nu murungkut.

Sad gunawiweka; sad = genep, guna/kaparigelan, wiweka = waspada; lamun geus 6 seloki, bakal kurang jeujeuhan, kurang waspada.

Sapta kukila warsa; sapta = tujuh, kukila = manuk, warsa = hujan, di mana jalma geus meakkeun 7 seloki, lampahna kawas manuk kahujanan, kulimis, mucicid katirisan.

Asta sacara-cara; asta = dalapan, sacara-cara = sakama-kama, upama geus nginum 8 seloki, ngomongna bakal benclang-benclung geus teu diungang-ungang deui.

Nawa gra lapa; nawa hartina salapan, gra = macan, lapa = leuleus. Mun geus meakeun 9 seloki, ibarat macan anu leuleus ku kalaparan.

Dasa buta mati; dasa = sapuluh, buta = danawa, mati = paeh, di mana geus nginum 10 seloki, eta jalma kawas buta/danawa paeh, ngabugigag henteu aya daya deui.

Tetela pisan yen rumpaka-rumpaka anu di luhur teh beda pisan jeung harti anu saujratna di Jawa. Bisa jadi loba di antara para

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dalang di urang, anu nyaho kana maksud urang Jawa nyusun eta aturan nginum arak bodas teh. Tapi teu matak jadi keungkang upama eta nyandra anu di luhur teh digunakeun pikeun nyandra kahirupan. Lantaran apan aya babasan lain koki lain masakan. Sarta kapan ari dalang mah beunang disebutkeun Dora Sembada. Kalayan kapan ari taksiran jalma mah masing-masing. Ngan geusan para dalang anu taya waktu tatanya kaguruna, bakal nyaho kana naon anu dimaksud ku rumpaka nyandra anu di luhur.

Iwal ti lima aturan (Panca sura panggah) aya deui nu sok dipake dina ngawayang di urang nya eta aturan anu katujuh: Sapta kukila warsa, robah jadi sapta kulina jalma, anu hartina supata, tujuh paturunan kuring moal kumawani.

9) Nyandra Kuda

Dina adegan jaranan, lamun wayang-wayang anu rek tumpak kuda, samemeh prung teh sok make panyandra heula, mere gambaran kana eta adegan anu rek dipaju. Rumpakana di antarana kieu:

"Ciak anitih aswa dipa, aswa = kuda, dipa = tutungangan. Arane kuda si Puspadenta, ulese kuda dawuk bang megantara, pakane kuda suket siluman taji malela, umben-umbene kuda arak putih arak api, ciu lan mandera. Lampahe kuda sajengkal tan ngambah lemah, pecut kuda kadya kuwung-kuwung mandek-mandek kadya jlarap.

Patine kuda ing ngisor endas gorokan, kalabang apit, klabang angling, satria manah, satria amanah, dangdang aling-aling, buntel mayit tumpur ludes satria pinayungan.

Jentre pisan sakabeh panyandra marake basa Jawa, nu dipalar manteb/anteb. Tapi ka beh dieunakeun aya usaha geusan Nyundakeun nyandra, di antarana aya nu ngagunakeun nyandra kieu:

Sruh rep data pitaña;

nagara ... ka asup eka adi dasa purwa, eka = sahiji, adi = nu leuwih, dasa = sapuluh, purwa - mimiti. Sok sanajan ti mana-mana seueur nu ngabuniaga, nanging diupamikeun milari nagara saratus teu aya dua, sarebu teu aya sapuluh. Hese milari ban-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dingan kasuburan kama'muran miwah karameanana.

Eta nagara teh estuning geus kajamparing ka angin-angin kakoncara ka mancanagara kaceluk ka kadang ewu ka loka ka janapria.

Panjang =seueur kakocapkeunana, punjung = luhur perbawa jeung kawibawaanana, pasir = samudra, wukir = gunung, loh - walunganana, jinawi = ngahuripkeun, gemah ripah kerta tur raharja hartina beurat beunghar loba sandang loba pangan.

Nagara mungkuran gunung, ngencaan pasawahan, ngatu.huan bagawan, mayunan palabuan gede.

Loh = subur sanes kanten nu dipelak. Jinawi = mirah sanes kanten nu digaleuh. Gemah = nu icalan siang wengi taya kendat-na jalaran patali marga gampang bari teu aya gangguan. Ripah - jalma-jalma ti manca nagara seueur anu ngalumbara bumen-bumen di lebet kota, dugi ka dedet, padedet pateep ereng kentengna, lir paadu suhunan tepung panyaweran. Kerta = para abdi ti pakampungan narutus ka padusunan sami ayem tengtrem sepi tingtrim. Tiis pikir salse hate junun ngolakeun tatanen. Ingon-ingon sapi mu'nding embe, domba hayam jeung sabang-sana, upami wengi mulang ka sakandang-kandangna. Raharja - sepi sirik pidik, suwung musuh nu ngadamel rurusuh, sepi sirik pidik bibiting iren pinastren. Para ponggawa mantri bopati samiuk tunduk junun ngarolah tugas sami ngajungjung ka-agungan nu jumeneng narpati.

Saha kakasih nu jeneng Raja? Kakasih ..., prabu ... Titis getih ... terah bagawan ..., seuweu siwi .... Anu kawentar gagah rongkah digjaya hese tandingna. Anu mawi sang prabu kakasihna .... Jalaran sir ibu jeung sir rama patepung di..., nya eta nalika nu jadi rama ..., (saterusna nataan ngaran-ngaran/dasa ñama tina eta wayang anu dijadikeun raja). Satutasna kitu nyebutan pakeanana, senjatana jeung ajian-ajianana.

Anu geus ngalaksanakeun rumpaka nyandra saperti kitu teh dalang A. Sunarya ti Giri Harja I ti Jelekong Ciparay Bandung.

Mimitina mah kana nyandra dina basa Sunda teh loba nu teu pati paranuju, lantaran kurang apdol cenah saperti ngadoa' make

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

basa Sunda teu make basa Arab. Tapi ari lila-lila mah loba anu marake nyandra dina basa Sunda. leu usaha geusan ningkatkeun apresiasi nu lalajo malar leuwih ngarti kana naon anu diucapkeun ku dalang. Tandesna ngomong ngagorolang teh lain ngan ukur papaes carita dalang dina ngawayang, tapi ngabogaan pungsi anu mandiri nepi ka nu lalajo bisa nelekan ngabandungan jeung ngamangpaatkeun kana eta caritaan dalang.

3. Kakawen

Kakawen asalna tina kecap Ka-kawi-an, kawi = basa kawi/ Jawa Kuno. Kakawen nya eta niru-niru basa Jawa Kuno. Nu matak dina kakawen anu sok biasa digarap dina ngawayang sok make basa Jawa.

Aya deui nu boga pamadegan yen kakawen teh tina Ka-kawih-an. Kawih nya eta salah sahiji wangunan lagu sekaran di Pasundan. Jadi kakawen teh nya eta lagu-lagu Sunda dina salah sahiji wangunan sekaran.

Kecap kakawen aya nu nyebutkeun saharti jeung kakawin, ngan robah vokalna wungkul. Kakawin Ramayana, Kakawin Arjuna Wiwaha jeung kakawin sejenna. Ari anu disebut kakawin teh nya eta hiji wangunan puisi Jawa anu pangkahot-kahótna beunang nyalin tina basa Sangsakerta ti India.

Dina padalangan Jawa atawa di sababaraha tempat di urang kakawen teh saharti jeung Suluk. Nu matak loba para dalang nuduhkeun barang anu kaasup kana kakawen teh sok disebut *Suluk.* Kecap suluk tina seloka hartina simbul-simbul, papatah, jeung panerangan-panerangan nu diwangun ku syair/puisi, kitu nurutkeun Dr. Seno Sastra Amidjaja dina buku Renungan Pertunjukan Wayang Kulit. Ari ceuk Prabu Harjono mah anu disebut Suluk teh lagu-lagu anu dipidangkeun ku dalang make rumpaka anu mere panerangan-panerangan ka masyarakat. Pamadegan ieu sarua jeung M.A. Salmun dina buku Padalangan, kaca 22.

Cindekna anu disebut Kakawen teh nya eta: Lagu-lagu sekaran anu dipidangkeun ku dalang, ngagunakeun basa Kawi/Jawa Kuno diwangunan puisi pikeun mere panerangan-panerangan, papatah atikan ka masyarakat.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Larapna kakawen satutusna nyandra. Jadi susunanana mah kieu: mimiti Murwa, ditema ku Nyandra. Sanggeus gending pamirig rengse diteruskeun kana Kakawen. Ngan dina kakawen munggaran mah disebutna sebrakan. Dina sebrakan aya lima rupa wangunan nya età: Saur Nira, Betet Ijo, Sendon Talutur, Talutur terus kana Lilir-lilir. Kalawan età Sebrakan sapuratina teh make surupan Salendro, jeung nyorog/madenda, saperti di handap ieu:

SEBRAKAN SAPURATINA

SAUR NIRA, Salendro T = 1 (da), Embat = bebas

4 4 4 4 4 4 4 3 2 1 2 3 2
sa ur ni ra tan a na pan jang

4 5 3 5 4 5 Ì 2
si ninggih sabda u ni nga

2 1 1 1 1 1 1 1 5 1 2 1
sa ur ni ra tan a na pan jang

1 5 4 3 5 4 5 1 2 3
si ning gih sabda u ni nga

2 1 1 1 1 1 1 1 1
wa la pa tra de ning a sih

4 4 4 3 2 1 2 3 2
ya dening a sih

5 5 5 5 4 5 4 3 4 5 4 5 1
wongasih o ra ke ta ra

Gending

. 1 1 1 5 4 3 2 3 (4)

BETET IJO, Surupan Salendro, embat bebas.

1 1 4 . 5 4 . 3
Be tet i jo

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

3 3 3' 5 4 5 5 4 3 4 5 1
ke po dang u les e ku ning

4 4 4 4 4 3 3 2 1 2
a bang ma tuk ke da wung

4 5 4 3 4 5 4 5 1
san dang ra wit

4 3 3 3 3 3 3 3 3 3 2 3
pu ter gu lu ne ya lu rik lu rik

2 1 1 1 1 1 1 1 5 5 1 2
da da ni ra ya ki na wung an

4 4 3 2 1 5 5 1 2
ya ki na wung an

5 5 5 5 1 5 4 4 4 3 3 4
ka di bo cah ma wi ka lung

Gending r/

. 1 1 1~5 2 4 4~3 2~3 (4)

SENDON/TELUTUR, Surupan Nyorog/Madenda, ukuran Galimber = 2 (mi)
Rumpaka: SRITINON

2 I 5 5 5 5 5
Sri ti non pa se wa kan

5 4 3 2 2 2 2 3 2 1
bu sa na ma ne ka war na

3 4 5 3 4 5 i 2 ' 2 1 5 + 1 2
ma ne ka war na duh gus ti

5 4 4 4 4 4 3 2 1 2 3 4
ke bak pus pi teng u di a na

2 1 5 5 5 5 5 5
miang hajrah sar wa rukma

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

5 4 3 2 2 2 2 3 3 1 '2 3 4 5 1 2
renggeng maniÄ na wa ta na ra wa ta

4 3 2 2 *221—5* + ' 232 Ì 2 3 4
narawungkang ma juwala na ju wa la

TALUTUR: Surupan Madenda/Nyorog, ukuran Panelu = 4/ti

2 1 5 + 1 2 3 2 3
Yen kembangkembang ma la ti
3 3 3 3 4 3 2 3 4 5
o jo den bu ang la rang
5 4 3 2 2 1 2 . 3 - 3 - 4 5
pe pen deman pu pung ku ran
2 Ì 5 5 5 5 5 5 4+ 3 4 5 1 2
tandur an e wu lugading wu lu gading

HILIR-LILIR, Salendro, ukuran L = 2/mi

2 3 4 4 4 4 3 4
Li lir ya mer ba ngun
3 3 4 2 4 3 4 5 1
Ii lir ya mer ba ngun
4 3 3 2 2 2 112 3 4
ka get den ni rangimpensare
2 1 1 5 4 3 2 4 5 1 2
sa re ne a nging sa le nyap
4 4 . 4 . 4 5 1 5 4 . 5 1 1
se wa la sa lin bu sa na

Nurutkeun kabiasaan di urang Sebrakan saperti anu di luhur teh diwangun ku kakawen, sendon jeung renggan. Anu ka asup Kakawen teh nya età saur nira, sedengkeun anu disebut renggan jeung sendon mah urang bahas anu mandiri dina pasal anu husus.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Rumpaka Kakawen Saur nira bisa diganti ku rumpaka sejen di antarana ku: Gedong Duwur, Kayu Agung, Toya Mijil, Gurtung Kelir, masing-masing rumpakana kieu:

Gedong Duwur

Gedong duwur kari samur
pagulingan sepi tingtrim
pepetetan samia murag
balingbing lan jeruk manis.

Anu pisundaeunana kira-kira kieu:

Gedong jangkung sepi jempling
pajuaran tiis tingtrim
pepetetan sami marurag
balingbing jeung jeruk manis.

Kayu Agung

Kayu agung babar wite
samia rembel godonge
samia rogol ya pangpange
sekar mekar ing galihe
pándele si pandan arum.

Pisundaeunana kieu:

Kai gede lebar tangkalna
sumedeng gomplok daunna
nya kitu loba regangna
kembangna bareukah dina tempatna
ngadalingding sarasa seungitna pandan.

Toya Mijil

Toya mijil saking-saking langit
gumuruh kadya maruta
lambake kang kilat tatit
gumur metu suara.

Hartina kira-kira kieu:

Cai ngucur ti langit
ngaguruhna sada angin

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lambakna burinyay kilat
ngaguruh ka luar sora.

Gunung Kelir

Gunung kelir gusti aling-aling
wong ngawayang, ki dalang inuting wayang
wayang manut maring dalang, ya maring dalang
kelire hayun sabita, hayun sabita.

Hartina kieu:

Gugunungan layarna panghalang
nu ngawayang, ki dalang dianut wayang
wayang tumut ka ki dalang, ya ki dalang
warnana bulan sapasi, bulan sapasi.

Aya deui rumpaka anu saperti kieu:

Tinungsang saya minuring suri
saking kebak rupi piningrat
duwur linuwuran pasmon
... sang prabu/wiku
wis pindra tunggil setinggil
pramadani dampar denta, ya dampar denta
tinaretes mas murub
lemek bludru ing kancana
ya ing kancana.

Rumpaka-rumpaka anu di luhur dihaleuangkeun make lagam anu sawanda, kurang leuwihna engang kumaha bujanggana ki dalang. Lamun dinotasikeun mah kira-kira kieu:

KAYU AGUNG

Surupan Salendro

2 1 . 1 1 ' 1 1 5 5 4 3 4 5 1 2 1
Ka yu a gung ba bar wi te

4 4 4 ' 4 4 4 3 2 13 2' 4 5 4 35 Ì 2
sa mia rembel go do nge ya go dorige

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

1 1 ' 1 1 1 1 5 1 1 1 1 5 4 3 4 5 1 2 3'
sa mi a rogol pangpange rogol pang pange

2 1 1 1 ' 1 1 5 1 2 ' 4 3 2 2 1 2
sekar mekar ing galihe yainggali he

5 5 5 ' 1 5 4 3 4 5 4
pándele si pandan a rum

1 5 2 1 2 4
si pandan a rum

Rumpaka-rumpaka anu di luhur, jaba digunakeun dina sebrakan, oge sok digunakeun pikeun ganti bedripan/babak, dina istilahna disebut Pagedongan.

Kakawen di luhur disebut Kakawen Umum lantaran bisa digunakeun dina adegan mana wae asal pikeun ganti bedripan. Aya deui kakawen umum di antarana:

Kakawen Satria:

Den ukir katon malela
ukiran komala retna
Satria tandang batara, tandang batara.

Kakawen Pandita:

Wiku-wiku yang begawan
terah brata mujasmedi.

Kakawen Kaputren:

Galak ulat kadi tatit abarung
kang pamalu alus manis malarkung
sembadageng kang dedeg kang mandarakung
agoreh pan dadya pantes malarkung.

Pihartieunana kira-kira kieu:

Keletna panon ibarat kilat
pasemon amis budi panarik ati
wanda jangkung leutik simpatik
matak kabita nu ninggal.

Kakawen Buta Danawa

Yaksa sakura kagiri-giri,
agengnya lir saprabata

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

abang kalawagar manguwuh ing mungsuh
aminta lawan anggrosur singa naba,
kadya wus nubruka.

Kakawen anu di luhur dihaleuangkeunana, gumantung kana pirigan, patet sarta laguna. Upamana adegan Satria dina lagu Salendro patet Manyura:

3 3 3 ' 3 3 3 2 4
Den u kir ka ton ma le la

5 5 5 5 ' 5 4 3 3 4 5 5 1 1
u kir an ko ma la ret na

3 3 3 [1] 3 3 3 5 4
Den u kir ka ton ma le la

1 5 4 1 5 1 2 3
u kir an ko ma la ret na

1 2 1 2 1 2 3 4
Sa tri a tandangbata ra

4 5 4 5 4 2 4 3
Sa tri a tandangbata ra

Lamun dina surupan Madenda kira-kira kieu notasina: Adegan Satria, dina Patet Manyura, surupan Madenda, ukuran B = 2 (mi); P = 4 (ti)

Empat bebas.

5 4 4 ' 4 3 2 3 4
Den u kir ka ton ma le la

5 1 2 ' 2 1 5 1 2
u kir an ko ma la re na

5 4 4 ' 4 4 4 5 4 3
Den u kir ka ton ma le la

5 1 2 ' 2 1 2 3 4
u kir na ko ma la ret na

2 3 2 3 2 3 4 5
sa tri a tandang ba ta ra

5 5+ 5 5+ 5 3 5 4
sa tri a tandang ba ta ra

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Anu ka asup kana lagu-lagu dina patet Manyura teh nya eta Rancag Sinyur, Sorong Dayung, Kulu-kulu Barang, Waled, Tumenggungan/Dermayonan/Kadipatenan, Banjar Sinom, Gunung Sari, Pangrawit, Golewang, jeung rea-rea deui.
Lamun dina patet Sanga saperti satutasna lagu Bungur, Kajaksan, Cangkurileung, Barlen Gede, Kastawa, Gorompol, eta kakawen anu di luhur teh kari nurunkeun sawilah anu tadina 3 (panelu) jadi 4 (Galimber) Salendro. Sedengkeun pikeun dina surupan Madenda atawa nyorog mah kari mindahkeun ukuran surupanana, anu asalna 4 = Panelu, jadi 4 (ti) = Galimber/G.

Aya deui haleuang lagu kakawen anu di luhur anu ngaharib-harib teh nya eta lamun lagu pirigan teh dina *Mitra* ngan make "Modulasi" karasa sada pindah patet. Notasina saperti di handap:

ADEGAN SATRIA

Empat bebas, Ngakawenan Lagu Mitra, Patet Singgul, Surupan Madenda.
Barang = 5 (la)

5 4 4 ' 4 3 2 3 4
Den u kir ka ton ma le la

5 1 2 ' 2 1 5 4 5
u kir an ko ma la ret na

Barang = 2 (mi),

2 1 5 ' 5 4 3 4 5
Den u kir ka ton ma le la

2 1 5 ' 2 1 2 3 4
u kir an ko ma la ret na

2 3 2 3 2 3 4 5
sa tri a tan dangba ta ra

5 5 + 5 5+ 5 3 5 4
sa tri a tandang ba ta ra

Tamba kawaranan mah urang cukupkeun sakitu heula masalah lagu kakawen, engke urang bahas anu husus dina bab Karawitan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ayeuna mah urang balik deui kana bahasan poko nya eta Bahasa jeung Sastra Padalangan.

Kaketwen Husus

Tetela di luhur geus rupa-rupa conto rumpaka pikeun kakawen umum, ayeuna urang bahas masalah kakawen Husus. Nya eta rumpaka-rumpaka geusan mere gambaran kaayaan adegan para tokoh pawayangan; upamana:

Adegan Pandawa

Wonten Pandawa lilima, rina Bin hulun
Arjuna kang enem dewe, Nakula lawan Sadewa.

Adegan Meralaya, Prabu Kresna

Kresna mulat tan tohor, tohor pakon ring sang Parta
Kresna ya mangadeg, mangijak sami tangan nira.

Adegan Arjuna

Arjuna prapta kalih wangunan
rineka kadya lenggeran
salira minda prabata
basmi lan tri loka.

Adegan Semar

Semar semar ya gegelar,
wayang Agung Simalindung
Semar semar ya gegelar, Semar Sana Danar Guling.

atawa:

Semar-Semar yang winangwong
Semar Kuncung pakuning alam
Semar-Semar ya gegelar, wayang agung sumalindung

Adegan Dorna

Dangiang Drona nginang, kaut bala jaya
kerepa ya kerepi, karana para sanjata
pada lumundur, parsasat kurawa pada lumaku.

Kumbakarna

Yaksa gora rupa, ri sedeng sang Kumbakarna lumaku
kang umila ingkang gambira mangarah
angisis siyung, ametu prabawa

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

gora mawalikan, lesusu aprakempa
Ditya Durbalarsa, mrih curnaning lawan,
wira tri lodra.

Gatotgaca

Lamun Gatotgaca rek indit-inditan sok ngawatek ajian-ajian anu dipibanda. Pangpangna Waringin Sungsang, anu ngabogaan kàkawen mandiri. Biasana samemeh Gatotgaca ngapung sok make kakawen Waringin Sungsang anu kieu:

WARINGIN SUNGSANG

Surupan Salendro,Embat Bebas, ukuran B = 1/da

3 2 3 2 3 4 4 5 5 1
Wa ri ngin sung sang

1 2 3 4 4 4 4 4 4 5 4
wa ya hi pun sampuntu ma ru na

3 3 3 ' •2 •3 4 4 5 4 5 1
tumraping a wak ma mi

1 4 3 2 2 2 ' 2 1 4 3 2 2 2
tur li nu ting wa tang pinan caksuji kembar

2 Í 1 1 1 1 1 2 3 3
pingpitu sa mi a mra pi

3 2 2 2 3 4
ademingsi ang

3 3• 3 2 3 2 3 4 4 5 5 1 2
a nget la ing! we ngi

4 4 4 4 4 5 1 5 4 4 3 4 5 1
ne tra ko ma la a di

Rumpaka sejen

Duksamana sube kanteling rasa,
netra kang dadi dingin
rambutku kekawat
batuku sela cendana

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

alisku alis rinuci
dom idepaning wang,
netra komala adi
Tangkep mata ingaranan waja perak
kedipku kilat tatit
balung endah singwang
lan wesi tarang kijang
utek isun wesi putih
lengkering mata
ran wesi ondar andir
Ernas pasung lungguhe ing lambe ing wang
ngisor duwur lambe marni
cangkem isun kawah
napas isun dahana
watuk guludug muni
dehemku gelap
bekuh isun mateni
Watu ireng lungguhe "ing janggut inwang,
untu nira ajeg wesi
ilat wesi salarak,
telak wesi mangangkang,
idungku tawa sekali,
gegusi inwang ran wesi purasani.
Sekrup waja lungguhe ing gulu inwang.
guluku wesi wluli,
bebahuku denta,
cecentong aku waja,
sikutku pukulan wesi,
hasta curiga tangan ingsung lir gunting.
Epek-epek ingaranan rajah cakra,
kuku waja sinangling jempolku trisula
panunggulku tricandra,
langgala jariji marni entik-entikan,
arane pasupati.

Wesi blabag lungguhe ing dada inwang,
igaku wesi sligi,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pundak wesi akas,
akas tan kena lebat,
ula-ula gada wesi,
iambusir waja, bokongsun jengkok wesi.
Kepeng waja lelungguhing gembung inwang,
pupuku gada wesi, getih ingsun getah,
perunggu purusa inwang,
usus isun rante wesi
jejantung ingwang ingaranan sanubari.
Sikil pacul dengkul paron tunggal waja,
entol-entol prunggu sari,
edom wulu ingwang, tembaga kulit ingwang,
otot kawat balung wesi,
sungsum gagala, wesi abang daging mami.
Sela tungkep lungguhe ing lambe ingwang,
ngisor duwur lambe mami,
cangkem ingsun ring kawah,
napas ingsun dahana, watukku geledug muni
dehemku gelap, bekuh ingsun mateni.
Ernas pasung lungguhe ing cungur ingwang,
tot mata kawat putih, selaka kuping ingwang,
perunggu yang pipilingan
pipiku kencana sariing uwang ingwang,
ingarana sekrup wesi.

Rengse kakawen ditema ku toroktokna cempala, kakara ki dalang nyandra cangcut tali wanda (siap/siaga) rek diapungkeun, anu kieu unina:

Sama raden Gatotgaca ningsetaken kawaca,
cangcut tali wanda, apekak madya anetepaken jamang.
Tandya jenggileng mulat hing antariksa,
harsa lumawat ing dirgantara,
Gatotgaca yen mesat ing gegana solahe rikat dadya
kilat, kesit kadya tatit,
kadya sang Garuda anggayuh gegana,
samana Gatotgaca mancat pratala,
dedel hing akasa, sumebat mawa prabawa.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

4. Sendon

Kecap sendon tina sendu anu hartina sedih. Istilah sendon dina Padalangan nya eta kakawen anu mibanda suasana/kaayaan sedih. Gunana sendon geusan mere gambaran adegan atawa tokoh wayang dina kaayaan sedih; anu diwangun ku rumpaka jeung lagu anu sedih, sarta surupanana oge Madenda anu bisa ngawujudkeun kaayaan sedih. Saperti dina sebrakan sapuratina tea, aya anu ka asup Sendon, nya eta dina **(Sri Tinon),** tapi ari harti rumpakana mah henteu pikasediheun, ngan laguna wungkul anu ngagambarkeun sedih teh. Rumpaka-rumpaka sejen anu bisa dihaleuangkeun make lagu sada sri tinon di antarana:

Rebeng-rebeng

Rebeng-rebeng cinanda layang kakerin
wis pinandak perlambange
perlambange sinungkemi.

Sendon Pananggalan ngagambarkeun kasedihan Sinta anu nunggu-nunggu sang Rama).

Siang pantara lasti, amung cipta pukulan
tan lian kaeksi mila katur sang cunda manik
prasasat hulun kang sumembah, munggweng padanta prabu
miang kagunanta singsim, sasat sampun prapti, katon hasta pukulun.

Pijar Meneng

Pijar meneng lagi lara ati nira sawang rawit
awor lan mega bodara
solendra katon pawarna

Hartina kira-kira kieu:

Ngahuleng ngaraga meneng, nuju gering ati,
siga mega anu mendung ku pihujaneun
katinggal sami ngahuleng.

Aya deui lagu sejen anu sedih teh dina rumpaka-rumpaka saperti di handap ieu:

Aja nangis, nangisi sing ora ana,
luh nira tumibeng pipi
kampung jingga pinarada

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Hartini:

Tong nangis, nangisan anu teu aya
cisoca mapay damis
kawas simbut dipapaes.

Angilo Kasmaran

Angilo, ya kasmaran, kasmaran rupa sajati
perlambang sinungkemi pring paesan tunggal,
duh kasmaran.

Yen Kembang

Yen kembang, kembang malati,
aja den buang den larang,
pependeman pupungkuran,
tanduran wuluh gading.

Angilo kaesa paksi

Angilo kaesa paksi, durung metu reganingsun
pinasti kersa Hyang Widi, Kersa Hyang Maha Kawasa.

Raratangis

Ngarangkul ngajakan nangis, bahaya sampun tumiba
sipat tingkah laku wadon, lagia kang nandang lara
takdir hing kersaning Widi,
Marasanga lan Marawolu
pranyata kang bakal kena, kang bakal kena.

5. Renggan

Renggan nya età rengga-an, hartina mere mamanis kana pidangan ngawayang dina wangunan kakawen, sangkan eta pintonan teh sieup. Pangpangna eta kakawen teh geusan mirig usikna wayang, dina salah sahiji adegan atawa suasana. Contona:

Renggan Hudang Sare

Lilir-lilir ya merbangun
kaget den nira ngimpen sare
sarene anging salenyap, sewala salin busana.

Renggan Kabungahan

Bingah amarwatasuta, bingah ka giri-giri

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

aningal dayu kang nembe rawuh
solendra katon pawarna.

Renggan Kaget

Kaget den nira ningali
ningali kang nembe rawuh
solendra katon pawarna.

Atawa kieu:

Kaget den nira midangu
sabda ingkang nembe kenal
solendra katon pawarna.

Renggan kaluarna Sukma

Nur cahya sekaring wawang,
sukma medal saking raga,
solendra katon pawarsa.

Renggan Danawa

Iblis pating puringis, setan pating paruringkak
denawa patulayah, wikwikong buta panggung
gerenjang ya gerenjing.

Renggan tamu datang

Datang ring kongkongan
lawang tinulungan.

Jaba ti renggan-renggan anu di. luhur, masih loba renggan sejen anu digunakeun geusan mere gambaran yen salah sahiji tokoh wayang keur dina kaayaan ngambek. Di antrana:

Ambek Arjuna

Arjuna prapta kalih winangun,
rineka kadya lenggeran
salira mindah prabata, basmi lan tri loka.

Ambekna Kresna

Takala Narpa Kresna, tan tulus salira ring resi wara diah nawisuta,
kang munggah kalihing tara, teher tumiangaken kang saro-tama tan warta magawe, pupug ring gumangan sang resi,
keleh mangga tatar, ujwala tahan swuh lumiat sang wara,
Sri Kandi karaning agupe ring läge.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

atawa:

Kresna mulat tan tohor, tohor pakon ring sang parta
Kresna yang mangadeg, mangijak sami tangan nira.

Ngambek Bima

Jat Bima Singa Naba, manua ya manoe
lir buaya mangap kiara ring ngarep
dik Parta sewuning bang Bima muka pundung.

Ngambek Gatotgaca

Iri kata sang Gatotgaca kinon
mapag arkasuta teka prawira Kresna
prapta maneher muji sakti nira,
kang inujaran wang wang isnu garjita.

Ngambek Suyudana

Karangkara wis wang wang,
Laksmana kakasihe Duryadana.

Ngambek Kama

Capang Kama ya narpati,
putra sang Batara Surya,
roh dedel saha nira,
Radea putra batara.

Ngambek Baladewa

Mang Indra Baladewa
Tinutus langgala nira
Mapag kroda ing Pandawa.

Ngambeg Sinatria

Lan pegang tingkah wijene,
satria kang mapag yuda

atawa: Lumiar panji lumawer,
cur mancur cahaya mancur.

Ngambek Raja Buta

Grap sigrap purnajiwa,
sang ... mangadeg,
kelat bahu pranga yuda
jajar ripik wong anira.

Ngambek Aswatama

Mangmäng Aswatama kamangmang,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

jaya wikantalen, Dursasana katon
mapag yuda putra Pandawa.

Ngambek Dursasana

Jat sang Dursasana, murka sanjata róbala,
mapag wira wunuh, angirid kadang kurawa.

Ngambek Abimanyu

Partasuta Abimanyu, napsu kang rinebut,
maring sang nata, kalayan perang Pandawa.

Ngambek Dorna

Dangiang Drona nginang, kaut balajaya,
kerepa ya kerepi, karana para sanjata,
pada lumundur, sasat Kurawa pada lumaku.

Satria ngalugas senjata

Singlar kapiotangkis, legawa melesat mumbul.

Keur mentangkeun Panah

Mentang sang gondewa, Dibya, bintala rinukti gading kayu-kayu kumuning anrus ing gigir prapting jaya sumarna manjing pakekesan ingkang darat prapta lancaran panah ten katon.

Ngambek Ponggawa/Indrajit

Indrajit mapulia, mapag baya ranggawayang.

Renggan keur Nyirep

Rep sirep si megandana, wong sarebu pada tumut,
salaksa wong serah nyawa.

Renggan malih warni/mindah rupa

Mungwang sasra saling rana
ya niru salin busana.

Ngambek Boma

Mulek sang Nalaka Sura, kanteb tibeng bantala
masuk nira kaguling ing mentala pejah.

5. Paguneman

Satutasna urang ngabandungan *Murwa, Nyandra, Kakawen, Renggan, Sendon* ditema ku ngabandungan paguneman. Anu dimaksud paguneman nya eta gunem-caturna atawa obrolanana wayang dina salah sahiji adegan. Tema atawa eusi tina paguneman bisa diwangun ku:

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Saembara

Upamana raja ngabogaan putri anu geulis kawanti-wanti, nepi ka loba anu ngalamar. Geusan ngajalankeun kaadilan nya ngayakeun saembara. Sing saha anu meunang bakal meunang eta putri. Biasana anu meunangkeun teh nya eta anu jadi pijodoeun-ana, sok sanajan rupa-rupa halangan, ahirna mah bakal katepi hasilna ka ala buahna.

Mating

Raja Amarta, Darmakusumah, keur nyawalakeun yen Jamus-layangna aya nu ngiwat. Kulantaran pusaka nagara aya nu maling, tinangtu bakal aya mamalana. Ku kituna kumaha carana malar eta jimat teh kapimilik deui ku anu boga.

Parepeh

Kaayaan nagara keur meujeuhna pagebug ku panyakit. Ceuk ilapat atawa bubukan tapa, lamun nagara hayang sabihara-bihari deui kudu diparepehan ku Semar, Kresna, si Cepot jeung sabang-sana. Antukna hasil tina eta sawala teh, kudu meunangkeun eta tumbal.

Ditampik

Upamana, Abimanyu lolos ti nagara, lantaran dicarekan ku bapana, Arjuna. Sabab Arjuna teu ngeunah boga anak ditampik ku awewe, ceuk pangarasana ari anu ngaran Arjuna mah can kungsi ditampik ku awewe teh. Hasil tina paguneman, Abimanyu kudu diteangan, keur mah nyerieun hatena katurug-turug dica-rekan.

Nyamar

Raja Amarta anu biasana katelah raja adii palamarta, tapi dina danget ieu mah jauh tina sifat jeung kalakuan anu biasa. Malah hayang ngalaksanakeun pagawean anu lain-lain, upamana hayang nandasa rahayatna anu teu baroga dosa. Ku ayana robahna sifat raja kitu, jadi bahan obrolan. Hasil tina eta biantara teh kudu usaha malar bisa ngarobah sifat atawa nyadarkeun. Padahal eta raja teh ngan ukur tangtunganana, lantaran ari eusina mah anu nyiliwuri atawa nyamur wungkul.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Rurusuh

Sang raja nyawalakeun yen nagarana bakal aya nu ngarurug, kulantaran kitu kudu tatan-tatan bisi kacanirbangban. Malah aya kalana kudu neangan akal atawa minangsaraya, malar nagarana aman tengtrem. Antukna salah sahiji kudu miang pikeun neangan akal atawa tatapa neneda bubukan.

Gering

Suyudana (raja Astina) keur ngabadamikeun yen adina anu ngaran Burisrawa keur gering pikir alatan mikahayang ka Subadra anu geus dikawin ku Arjuna. Dorna kapapancenan kudu bisa nga-laksanakeun kahayang adina, antukna balad-balad Astina ngaleut ngabandaleut riuturkeun maksud anu kapapancenan.

Sakabeh tema atawa eusi paguneman make basa lancarna dina wangunan:

1. Basa Jawa
2. Basa Sunda.

1. Basa Jawa

Sok sanajan teu paham oge kana basa Jawa, para dalang urang maksakeun maneh Jajawaan. Babakuna dina adegan karajaan, upamana:

Raja ngabageakeun:

Paman/Bopo Mas/Rayi/Kakang/ ... haturan serawuh pem-bage, mangga linggih setata kula.

Nu dibageakeun:

Pangandika slira/Angger/Sinuhun/Gusti prabu/ ... sampun kateda, katarima dening asta kalih, asta = tangan, kalih = dua, ditampi ku kiwa kalawan tengen, disimpen dina embun-embunan, dicatet dina ati sanubari.

Mila slira ngangkeranan kula/emang/abdi dalem wonten punapa.

Adegan Amarta

Darmakusumah : Rayi Aria haturan srawuh pembage kaula, mangga linggih setata kalian kaula rayi Aria!

Bratasena : Hm Darmaji! ujarmu dak terima maring aku. Aku jaluk ma'lum, aku ora bisa tatakrama, aku ora bisa nyembah!

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Darmakusumah : Boten dados punapa rayi Aria!
Yayi Arjuna haturan, mangga linggih setata kalian kaula rayi!

Arjuna : Raka prabu, pangandika salira sampun katerima kalian hasta kalih kiwa kalian tengen, ping kalih rayi nyanggakeun sembah pangabaktos, boh menawi wonten lepat mugia ngahapunten raka prabu! Permila slira ngangkeranan rayi dalem wonten punapa raka prabu!
Raka Aria! rayi panjenengan nyanggakeun sembah pangabaktos, raka Aria!

Darmakusumah : Rayi Dipati, pangbakti rayi katampi, mangke kakang arep babar sonjati rayi!

Bratasena : Jenet! ujarmu dak terima!

Lamun dina eta adegan aya Kresna.

Darmakusumah : Raka Batara haturan srawuh pembage, mangga lenggah satata kalian kaula raka Batara!

Kresna : Rayi prabu, pangbage slira katarima kasuwun kalingga murda, sing jadi nur cahya penonoban wong sejagat rayi prabu!

Darmakusumah : Sami-sami raka Batara!

Kresna : Rayi Aria, haturan rayi

Bratasena : Jaliteng ujarmu dak terima, aku jaluk ma'lum aku ora bisa tatakrama, aku ora bisa nyembah.

Kresna : Ooh! boten dados punapa rayi, amargi slira ngagem kuku pancanaka rayi! rayi kaipe haturan rayi!

Arjuna : Raka Betara sami-sami, rayi panjenengan nyanggakeun sembah pangbaktos raka Betara!

Jentre pisan yen paguneman di luhur teh make basa Jawa campur Sunda. Hal ieu bisa jadi dilantarankeun ku dalang urang kurang ngawasa basa Jawa anu sagemblengna, atawa nu matak direumbeuy kitu teh, sangkan anu lalajo henteu poekeun teuing naon anu diobrolkeun dina eta adegan teh. Buktina da ari saterusna mah sok ngagunakeun basa Sunda bae, angot dina lebah jejer carita/

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

paguneman mah make basa anu pikahartieun ku anu lalajo.
Anu matak dina padalangan Bali mah aya *penasar* (mun di urang mah para panakawan) maranehna nerangkeun maksud jeung tujuan caritaan dununganana anu make basa Kawi, terus ditarjamahkeun dina basa Bali anu sapopoe dipake, ahirna nu lalajo teh ngalartieun.

Sok sanajan make basa Sunda, tapi ari sebutan pancakaki mah tetep wae dina kabiasaanana. Upamana:
Gatotgaca ka Kresna nyebutna: Uwa Batara
Gatotgaca ka Yudistira nyebutna: Uwa Prabu
Gatotgaca ka Bima nyebutna: Kangjeng Rama
Gatotgaca ka Arjuna nyebutna: Rama paman atawa paman dipati.

Tegesna sebutan-sebutan Jaliteng, kaipe, raka Batara, rayi dipati, Jenet, Gatot, uwa prabu, uwa batara, paman dipati, rama paman, rama eyang, jeung rea-rea deui ulah salah larapna. Nya kitu deui Srikandi ka Subadra nyebutna raka ratu, sabalikna Subadra ka Srikandi nyebutna rayi ratu. Jadi ngagunakeun basa Jawa teh, dina,padalangan mah ngan ukur mamanis atawa papaes wungkul. Sok sanajan di antara para dalang anu sagemblengna bisa basa Jawa oge, moal nepi saendeng-endengna dina eta basa, sabab nu lalajo moal ngartieun ari ngawayang di urang mah.

2. Basa Sunda

Basa Sunda dina padalangan/pawayangan urang aya sababaraha tahapan di antarana:

a. Basa lemes
b. Basa cohag
c. Basa kasar.

a. Basa lemes

Basa lemes digunakeun dina paguneman raja-raja atawa para menakna, upamana:

Adegan Amarta
Samiaji : Raji Aria haturan sasumpingna salira!
Bima : Darmaji! Pangandikamu dak terima maring

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

aku, aku jaluk ma'lum, aku ora bisa tata-krama, ora bisa nyembah.

Samiaji : Rayi Aria taya bayana dewa, rayi, adi kakang, Arjuna .haturan, mangga lingihna kapayun rayi!

Arjuna : Raka prabu, pangandika salira katampi ku dua panangan, disuhun dina embun-embunan di-catet dina ati sanubari.
Sawangsulna rayi nyanggakeun sembah panga-baktos, bilih aya kalepatan ageng sinarengan alit mugia salira kersa ngahapunten raka prabu!

Samiaji : Sami-sami yayi, margi ari manusa mah tempat-na kasalahan.

Sanajan dina basa Sunda anu lemes oge ari paguneman Bima mah tetep wae dina basa Jawa anu kasar, ieu teh ngagambarkeun yen Bima teu bisa basa lemes, jauh kana undak usuk basa, gurat batu, jujur, tetep kana pamadeganana.

b. Basa cohag

Basa cohag dilarapkeunana dina paguneman wayang anu sapan-tar anu geus wanoh atawa sahandapeun. Contona:

Ontareja : Adi mas Gatotgaca kumaha pipetaeun urang ayeuna, naha perlu eta si Duratmaka teh di-laporkeun ka uwa'prabu atawa entong?

Gatotgaca : Kakang mas, ku pangemut rayi dalem, lang-kung sae dilaporkeun wae!

Ontareja : Naha moal aya mamalana, pangpangna ku kangjeng rama, naha urang ngajaga teh naon wae, nepi kapoosan kitu! Lain urang teh meunang wiwirang!

Gatotgaca : Leres ari kitu tea mah, nanging sing emut yen urang hirup di dunya teh henteu langgeng, sok aya apesna!

Ontareja : Jadi lamun kitu mah urang ayeuna kudu kumaha?

Gatotgaca : Ayeuna mah langkung sae, kakang mas kedah

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

langkung waspada dina ngalaksanakeun pancen, sawios rayi dalem anu bakal ngalaporkeun ieu kajadian.

Ontareja : Nya ari kitu mah hade! Ayeuna akang rek ngajaga deui!

Gatotgaca nyarita lemes ka Ontareja, lantaran ka saluhureun, ka lanceuk. Sabalikna Ontareja ka Gatotgaca nyaritana kasar, sabab ka sahandapeun, ka adi.

c. Basa Kasar

Basa kasar digunakeun dina pagunemanana cacah atawa para panakawan, ngawud dina mangsana ngambek atawa nyanghareupan musuh. Contona:

Si Cepot : Del, ari silaing ku naon eta lalampahan teh kawas nu teu eling wae?

Dawala : Naha ku naon kitu aka?

Cepot : Eta kalakuan teh, sok sanajan hujan oge, tong make niungkeun sarung! kapan kaboga silaing teh ngan sakitu-kituna!

Dawala : Aeh enya jadol, sugan teh dicalana!

Conto sejen : Dina adegan Rahwana keur ngambek lantaran Anoman geus ngaduruk sabagian Alengka.

Rahwana : Eee Indrajit! coba parentahkeun sakabeh balad urang sina nangkep si kunyuk kurang ajar! Larnun geus modar bawa ka dieu atawa ringkus bawa ka dieu, kaula hayang neuleu kana rupa eta mangkeluk. Ayeuna maneh geura indit.

Indrajit : Unjuk sumangga kangjeng rama, rampung dawuh tutas pangandika, abdi dalem seja pramios!

Rahwana : Bral! geura ringkus eta **mangkeluk** anu cucungah teh!

Jigana pikeun conto mah urang cukupkeun sakieu heuta wae.

6. Rumpaka Lagu

Sok sanajan rumpaka lagu teh lain garapan dalang tapi dina

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

seuhseuhana mah ngabantu kana pidangan wayang golek teh. Memang ari jaman dalang Bradjanata mah, pasinden Nyi Arwat teh ngan saukur panyelang lalakon wungkul. Tapi kapan ari pidangan ngawayang teh, antara dalang, pasinden, jeung pangrawit teh kudu gumulung, ulah pahare-hare.

Dina pidangan ngawayang juru kawih kudu ngarti jeung surti kana naon anu disanghareupan ku dalang. Pangpangna pasinden wayang teh kudu:

a. Sibet atawa kesit

Saperti anu geus didadarkeun ku Suarawati Iyar Wiarsih yen Pasinden teh kudu sibet atawa kesit; anu maksudna kudu apal kana wirahma gending, lantaran embat gending wayang mah henteu angger dina hiji tahapan embat/tempo, nurutkeun usikna wayang anu diigelkeun. Lamun gancang wirahmana, atawa kendor atuh si juru kawih oge kudu nyaluyukeun- kana eta wirahma. leu aya hubunganana jeung midangkeun rumpaka lagu anu keur digarap. Iwal ti kitu, oge kudu pageuh atawa cepel kana wirahma gending-gending tradisional. Lamun juru kawih tinggaleun wirahma bakal meunang wiwirang anu gede, malah bakal dipoyokan yen eta nyi Pasinden teh teu nyaho wirahma. Upadi eta Pasinden teh dibon ku salah sahiji dalang, sok sageuy mun eta dalang teh henteu ngarasa kapok.

b. Ringeus

Juru Sekar kudu ringeus kana kode boh sasmita dalang boh pangkat waditra saron, gambang atawa rebab, sangkan dina prungna gamelan disada, juru kawih teu gugulayap deui, lagu jeung rumpaka naon anu rek dipidangkeun teh. Lamun teu kitu tanwande nyi ronggeng teh bakal kacanir bangban. Loba juru kawih anu midangkeun rumpaka ngan ukur sisindiran saka inget, anu ngandung harti mintonkeun rumpaka anu henteu ngabantu kana adegan anu disanghareupan. Sok sanajan laguna bener tapi lamun rumpakana kurang payus jeung adegan atawa jejer, hai ieu bakal ngurangan kana ajen pidangan; lantaran antara dalang, juru kawih jeung nayaga teh kudu gumulung henteu pahare-hare.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

c. Apal kana sejak

Antara dalang jeung juru kawih beunang disebutkeun salaki jeung pamajikan. Hartina kudu silih kanyahokeun adat, kudu silih anteur katineung. Bedana teh ari juru sekar mah kacida alusna lamun loba dalang anu make teh, hartina eta suarawati teh geus bisa nganteur kana kahayangna para dalang, cindekna geus loba pangalamanana. Tapi ari pamajikan mah henteu kitu, tapi kudu taat ka saurang anu kitu anu alus teh.

Lamun waranggana henteu apal kana sejak atawa cara garapan ngawayang bakal karasa gejedna boh kana lalaguan anu dipiharep boh kana rumpaka anu dipikahayang. Lantaran antara salah sahiji dalang jeung dalang sejenna pada mibanda sejakna masing-masing. Upamana dalang Elan Surawisastra karesepna kana murwa dina lagu Sungsang atawa Bendra, ari dalang Suhaya atawa Adiwidjaja mah karesepna teh kana lagu Golewang, sedengkeun anu sejenna kana murwa dina lagu Kawitan. Atuh nyi juru sekar oge kudu bisa nganteur kana eta kahayang. Nya kitu deui dina lebah ngigelkeun wayang, contona dalang Sukatma Bandung mah karesepna dina lebah ngigelkeun Kresna teh ku lagu Kastawa, atawa dalang ti Cibiru dalang Takrim karesep ngibingkeun Gatotgaca teh dina lagu Gunung Sari, sedengkeun ka luarna si Dewala anu digarap 1 dalang Atmadja Cigebar mah kudu ku lagu Dayung Sampan. Nyi Pasinden teh kudu bisa nedunan eta kahayang boh laguna boh rumpakana. Lamun kitu asa piraku eta pidangan teh henteu bakal luyu jeung payus.

Nu matak kacida alusna lamun nyi juru sekar teh apal kana lalaguan jeung rumpaka geusan mirig adegan atawa wayang-wayang. Contona:

I) Murwa

Murwa dina lagu Kawitan anu lumrah diparake, rumpakana kieu:

1. Kawitan bubuka lagu
   lagu klasik anu asli
   warisan pujangga urang
   nu wajib di pusti-pusti
   diriksa didama-dama
   didamel jimat paripih.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

2. Kawitan jadi lulugu
reujeung mo' bisa kasilih
ku lagu anu sejenna
kawit teh diangge bibit
nu bisa nyebar turunan
keur ngawaris seuweu siwi.

3. *Piceun adat nu adigung
ganti sipat ku nu asih
ula arek pasalia
sumawon pahiri-hiri
sili hargaan ajenan
sili aping' sili jaring.

4. Kawitan teh lagu buhun
diangge dasar pamirig
dina pagelaran wayang
tangtu moal bireuk deui
keur pasinden jeung nayaga
jadi ciri anu pasti.

5. Cumeluk ka dulur-dulur
seniman jeung seniwati
mangga urang tatan-tatan
ngulik seni nu sajati
singkahan pangaruh lian
kapribadian sing bukti

6.**j** Silih asih silih jungjung
silih asah silih asih
bari ngemban tugas mulya
sambii ngabakti ku seni
ka bangsa jeung ka nagara
husus masyarakat RI

7. Persatuan sing ngawujud
sing samiuk jadi hiji
kedah emut pancen urang
panerangan jeung pangatik
keur masyarakat umumna
laksanakeun sing gumati.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

8. Ti danget ieu ka payun
mangga urang sami-sami
ngawujudkeun persatuan
gelar seniman sajati
ditihangan Panca Sila
jimat ampuh nagri R.I.*)

Aya deui rumpaka lagu dina Kawitan anu sejenna nya età geusan silaturahmi ka sugri anu nyaraksi. Anu rumpakna kieu:

RUMPAKA KAWITAN SILATURAHMI

1. Haturan wilujeng sumping
kaum dangu kadang wargi
ti kempelan seni Sunda
nyanggakeun silaturahmi
sim abdi saparakanca
danget ieu tos sayagi
sumeja ngiringan bingah
ku rupining seni kawih
bilih aya kalepatan
mugi ageung sihaksami.

2. Tina pangajakna jaman
kajurung ku ati suci
ilu-biung campur tangan
icikibung dina seni
isinna mah sakalintang
sanes teu nguji pangarti
rumaos dikabodoan
kana sae estu tebih
nanging tariking pangajak
teu kenging dipondah deui.

3. Sok aya bae lepatna
menggah ari dina seni
kawantu loba gogoda

*) Iyar Wiarsih: Pasinden jeung Rumpakana, Yayasan Kebudayaan Bandung, 1981, kaca 55. -——

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nu sok tumiba ka diri
kawantu tacan ahlina
ngulik budaya nu asli
nanging mantengna kahayang
laksana eusining ati
mekarkeun seni pusaka
nu wajib dipusti-pusti

4. Seni Sunda ti baheula
nu wajib dipusti-pusti
diraksa didama-dama
didamel jimat pangrapih
jalan luyu sauyunan
silih geuing silih aping
raket layeut babarengan
ibarat tatali gaib
mangga urang sami raksa
sangkan ngajadi utami.

5. Namung ulah pasalia
mun yakin micinta seni
pacuan rek dibinasa
sumawonna dipisengit
margi seni ngandung ma'na
siloka lahir jeung batin
mun lepat garapanana
dianggap teu ngandung harti
tangtu taya paedahna
da bonganna lepat tampi.

Rumpaka sejenna dina lagu Kawitan pamirig wayang golek saperti di handap ieu:

1. Kawitan lagu lulugu
gending kawih ti mimiti
haleuang gentra munggaran
dalang katut juru kawih
pon kitu para nayaga
sami seja ngabarakti.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

2. Panuhun langkung ti payun
   mugi ageung pangaksami
   dina kakiranganana
   mungguhing sipating jalmi
   mo luput ti kahilapan
   kitu Kersaning Yang Widi.

3. Mung awahing ku kajurung
   tariking pangajak ati
   kanyaah taya bandingna
   miasih seni pribadi
   warisan pujangga urang
   rumaksa bari mupusti.

4. Nyukcruk galur ti karuhun
   nyungsi seni nu bihari
   banda pusaka beheula
   digemuk diapik-apik
   sina mekar tambah jembar
   keur guareun seuweu-siwi.

5. Sina langgeng luhung nanjung
   ngadalingding ngiring musim
   sing nyambuang dangiangna
   pamrih sugih ku wawangi
   budaya tambah endahna
   sumebar tug jaman ahir.

Jaba rumpaka-rumpaka dina lagu Kawitan, aya deui Murwa dina lagu sejen; nya età dina lagu Bendra, Sungsang jeung Golewang anu biasa dipidangkeun ku para dalang kasepuhan, di antarana ku dalang Elan Surawisastra, Adiwidjaja, Taryat/H. Simun anu ayeuna masih jumeneng. Ari rumpaka anu dihariring-keun ku juru kawih di antarana kieu:

RUMPAKA DINA MURWA LAGU BENDRA

1. Bendra hiji judul lagu
   nu dikawihkeun mimiti
   pamuka jalan carita
   lalakon wayang nu asli

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

titinggal karuhun urang
nu wajib dipusti-pusti

2. Eling amanat karuhun
dina ngaraksana seni
seni wayang henteu salah
lambang hirup sarta hurip
keur mahluk sifat manusa
ti awal dugi ka ahir.

3. Nempuh hirup tong kaliru
singkiran budi nu manis
lamun ngajak jalan salah
pangaruh iblis nu bengis
singkahan pangajak setan
nu rek ngrurujit diri.

4. Dadasar hirup sing pengkuh
ulah babari kasangling
kabita ku dunya brana
matak malindes ka diri
badan anu katempuhan
batur mah ngan ukur seuri.

5. Rasa luhur tur adigung
Rahwana lambang nu bukti
mibanda sipat sarakah
Prakontea Samiaji
lambang insan anu sabar
anu luhung tur berbudi

6. Ari wanita pinunjul
istri sajati binangkit
Sutiragen nu katelah
wayang tuladan nu pasti
pikeun sakumna manusa
teu pameget henteu istri.

7. Bendra anu kapihatur
tawisna silaturahmi
ti para kanca sadaya
nayaga lan juru kawih

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

teu kantun ti bapa dalang
nu sami mintonkeun seni.

RUMPAKA PAMIRIG MURWA DINA LAGU SUNGSANG

1. Sungsang lagu nu munggaran
mirig pagelaran wayang
haleuang gentra ki dalang
sora getem handaruan.

2. Ditema para nayaga
senggak ngawirasuara
pon kitu juru sekarna
hegar ngahudang gumbira.

3. Gogonjakan sisindiran
silih tempas patembalan
rumpaka ngandung atikan
nuju kana karukunan.

4. Silale solale-lale
ulah arek papahare
leukeun rajin kana gawe
sangkan jadi jalma hade.

5. Hayu urang rempug jukung
seni Sunda urang jungjung
urang gemuk urang punjung
komarana sangkan nanjung.

KASTAWA DINA ADEGAN PANDAWA

1. Koncapa wonten ing nagara Pandawa (Amarta)
jujuluk kang dados nalendra
prabu Darmaji Prakontea
ya prabu Samiaji
sapara kadang santana
ingkang rayi raden Bratasena
ya raden Kusumayuda
Raden Bayu tenaya ya raden Bima.

2. Ya raden Kusumayuda
mila ajejeneng raden Bratasena

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

brata laku, sena hamengku
pranyata sinatria hamengkuni
sakabehing laku mukti siji
kabeh malu
mangasahakeun ras hakeun
misah siji kabeh milu.

3. Mila Pandawa sahayubing payung
mila jejuluk Kusumayuda
mapan mangke bakal dadi kembang bratayuda
mila ajejeneng Bayu tenaya
margi kapupulung putra ing sanghyang Batara Bayu.

RUMPAKA KASTAWA ADEGAN KRESNA/MERALAYA

1. Alokaning serat sang Sriwara Narpati
kang jejuluk kang prabu Padmanaba
danar-danar Sri Hari Murti
sang Wisnu Murti Prabu
menggah iku Batara Kresna
wis tetela Kresna slira Narpati
mimba pakuning arga.

2. Mila nami Padmanaba kang wawangi
dening danu wijaya kesuma
wis dadi panguriping wong
ikang mati lawan satru
talipurna kang puspita
adi sliring trima pantetelu
satria daweng wicana.

3. Bangbang awak tinulur raspati
sada jongrang semute ireng wicana
gandang-gandang gendongan jepung wong ayu
saketi tandane tanding
gebang iku panulise
suka niru suku jukung
solah ongwang pager wayang
toya mijil saking langit
sakelire gade edang.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kabeh rumpaka-rumpaka anu di luhur, lamun henteu paham nya bakal ngarasa kurang, jeung lamun aya jajaran anu kudu dibalikan deui, ti jajaran mana? Hai ieu juru kawih kudu ngabu-jangga sorangan, sangkan saban pada teh pas kana goong. Cin-dekna saban pada teh pikeun sagoongan.

Jaba ti rumpaka-rumpaka pikeun murwa dina masing-masing lagu saperti anu di luhur, aya deui rumpaka sejen pikeun mirig adegan husu sarta dina lagu husus. Di antarana:

RUMPAKA BANJAR SINOM ATAWA UDAN MAS ADEGAN ARJUNA

1. Guluyur putra den Pandu
   satria sosoca nagri
   estu permata nagara
   keur gagah tambih birahi
   matak gumbira nu ningal
   narik asih kana diri

2. Paroman lungguh tur timpuh
   salirana jangkung alit
   kasauran ramah tamah
   leleb anteb tur berbudi
   katurut para wilayat
   kakasihna para resi.

3. Estuning manahna pengkuh
   tara kersa jalir jangji
   tara ngaresak amanat
   papagon Gusti Yang Widhi
   estu dikukuhan pisan
   terahing andanawari.

4. Kakasihna anu matuh
   satria raden Pramadi
   putra panengah Pandawa
   rahaden Janaka aji
   ya satria Suryalaga
   raden Arjuna kakasih.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

5. Estu kakasihing ibu
ibu dalem dewi Kunti
nyata terahing kusuma
rembesing madu linuwih
ibu ratu rama raja
terahing ti sang narpati.

RUMPAKA KULU-KULU BEM ADEGAN SEMAR

1. Kacatur di Tepiswiring
Lurah Semar Badranaya
sapala putra ngagonyok
Semar nuju gandrung manah
pala putra ngabeberah
malar lipur nu keur bingung
sangkan lubar nu sangkawa.

2. Kaayan Tepiswiring
tempat kampung padusunan
palataranana sae
eta jasa Iura Semar
dibebenah malar betah
sina alus sangkan payus
supaya hegar tur kelar.

3. Lurah Semar keur prihatin
ngemutan sungkawa manah
dihibur ku sempal guyon
Kuda Pawana ngelingan
ulah loba sukan-sukan
urang ukur nunggu waktu
mana bekel urang mulang.

4. Kudu seuri dina sedih
bisa bungah dina susah
n'yaring hate waktu sare
dibarengan ku ihtiar
soal laksana henteuna
gumantung Gusti Yang Agung
nu ngatur urang sadaya.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

RUMPAKA LAGU BUDAYA PAMIRIG TARI BADAYA

1. Capang Topeng kewes pantes
ngarindat soca ka kiwa
taya emutan malindes
penghudang ka baia rea.

2. Baksarai bear budi
panangan dibulak balik
suka seuri jaler istri
ku ibing topeng katarik.

3. Pincid laras nu kahatur
midang di payuneun ratu
iklas ulah jeung takabur
urang ukur nunggu waktu.

4. Lengkah opat ati-ati
luak lieuk larak lirik
misobat anu gumati
jauh kana sirik pidik.

5. Pincid jalak reureundeukan
sejak di ibing wanita
sangkan jadi saaleutan
ka seni Sunda micinta

6. Pincid galang keur ponggawa
ibing topeng Jatiswara
entong rek asa jeung jiga
seni Sunda sing sawawa

7. Keupat kapengker ka payun
dua panangan baganti
seni Sunda nu kasuhun
cing ronjatkeun ajen seni

8. Mamandapan tawis ajrih
mungkur ti payuneun raja
ngolah seni masing tanjrih
akur jeung hate rumaja.

9. Sembah tawis pangabakti
tawis ibing tos lekasan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mun ngolah seni talari
pusaka banda warisan.

F. ANTAWACANA

Antawacana asal kecapna tina: anta - tungtung, wacana = kecap*), antawacana hartina tungtung kecap. Ari maksud antawacana dina padalangan mah nya eta: warna-warna sora, lentong atawa logat geusan ngabedakeun omongan hiji-hijina wayang dina pidangan ngawayang. Lagam Arjuna kudu beda jeung lagam Darmakusumah r.ya-kitu deui jeung Nakula Sadewa. Logat Bima kudu beda jeung logat Ontareja, Jakatawan atawa Gatotgaca. Lentong Kuntinalibrata kudu beda jeung lentong Subadra atawa Srikandi. Lantaran lamun sarua atawa ngagebleg mah bakal ngurangan ajen garapan. Tegesna dalang teh kudu bisa ngolah sora malar lagam atawa logat saban wayang jentre bedana.

Dina prak-prakanana mah Antawacana teh ngurung:

1. Warna Sora/Timbre
2. Surupan
3. Logat.

1. Warna Sora

Warna sora di dieu maksudna sora dalang anu direka jadi rupa-rupa sora pikeun ngabedakeun lagam/omongan hiji-hijina wayang. Anu biasa dipidangkeun dalang teh bisa ngolah sorana pribadi jadi 4 warna sora di antarana:

a. Sora Biasa
b. Sora Digangsa
c. Sora Bengek
d. Sora Palseto.

a. Sora Biasa

Anu dimaksud sora biasa di dieu nya eta sora dalang pribadi sakumaha biasa dina nyarita sapopoe. Atawa sora saujratna nu dipibanda ku dalang, ngan ngalagukeuna na anu beda teh.

*)M.A. Salmun: Padalangan, Balai Pustaka, Djakarta, 1942, kaca 188.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Umumna ieu warna sora teh sok digunakeun pikeun logat-logat wayang anu miwanda lungguh, pangpangna satria leyep/lenyep. jeung putri lungguh. Wayang-wayang anu biasa make sora biasa di antarana:

A mart a
Darmakusumah, Arjuna, Abimanyu, Drupadi
Ayodya
Ragawa, Laksamana, Sinta
Banyu Mudal
Bagawan Kesarpah, Arimbi
Cumina ^
Dewi Rukmini
Indra Prahasta Kunti Nalibrata, Darmakusumah, Arjuna, Pandudewanata
Kunti Nalibrata, Darmakusumah, Arjuna, Pandudewanata
Jawastina
Erangbaya, Jaya Kirana, Amingjaya
Maespati
Arjuna Sasra Bahu, Dewi Citra Wati
Ngawangga
Sutri Kanti, Warsasena
Madukara
Arjuna, Subadra, Srikandi, Abimanyu
Madura
Basudewa, Subadra
Sawarga
Jagatnata, Kamajaya, Ratih, Supraba
Parang Gelung
Anggraeni
Wirata
Drupada, Drupadi, Srikandi
Widarba
Jaya Baya, Pramesti, Sasanti, Pramuni.

Jaba ti anu di luhur, sora biasa teh sok digunakeun dina nyandra bari duluyukeun jeung surupan gamelan. Upamana make sora:

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Barang/B : Gelis kang mangun catur, sigra kang wara kocapa
Galimber/G : Sinten kang dipundamel bebukaning cinarita
Kenong/K : Boten wonten malih kejabi sri nalendra ...
Galimber/G : Linggih ing krosi gading gilang kencana mawi makuta ....

b. Sora Digangsa

Sora digangsa nya età sora anu dipengkek dina genggerong sarta digeremkeun. Wayang-wayang anu biasa ngagunakeun ieu sora umumna mah wayang-wayang mibanda panon bolotot (kadong-dong, kadelen), utamana raja ponggawa, ponggawa boh dangah boh anu tungkul. Saperti dina adegan:

Astino
Suyudana, Baladewa, Bandakeling, Wisata, Aswatama, Bisma, Salya

Banyu Mudai
Braja Lambatan, Braja Musti, Braja Denta, Braja Wisesa.
Cumino

Raja Cumina, Patih Cumina

Alengka
Prahasta, Jamumangli, Indrajit
Suralaya
Batara Bayu, Batara Indra, Batara Basuki
Pringgandani/Manggul Pawenang
Bima, Ontareja, Jakatawan, Gatotgaca.
Kiskenda
Lembu Sura, Mahesa Sura atawa Subali Sugriwa
Widarba

Sukasrana, Sukendra

Maespati
Candramaketu, Aria Maketu, Narpati Soda
Pancaladirja
Gandamanah.
Para Ponggawa Sejenna
Ramabargawa, Subala, Sópala, Saratimantra, Mongmong Murka,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Banjarpati, Anoman, Anggada, Seta, Satiaki, Udawa, Tambang Ganggang jeung rea-rea deui.

Lamun dalang anu teu bisa ngagangsa, pikeun midangkeun sora-sora ponggawa sok digeremkeun wungkul, sangkan katara antebna.

Iwal ti di luhur teh, aya kalana sora digangsa teh sok dipake dina nyandra, bagantian jeung sora biasa. leu teh geusan nga-hirupkeun suasana dina nyandra. Samangsa-mangsa nyandra dina sora Galimber sok digangsakeun.

c. Sora Bengek

Sora bengek nya eta sora anu dipengkek dina genggerong kalawan napas ditahan dina beuteung (diheujeunkeun), malar sora leutik anu dipiharep leuwih gampang.

Loba dalang-dalang anu ngagunakeun sora bengek, pikeun lagam sora wayang satria ladak/satria lanyap bari disaluyukeun kana surupan gamelan. Contona dina adegan:

Amaría

Kresna, Drestajumena, Nakula, Sadewa, kadangkala jeung Samba.

Astina

Dipati Kama, Sabdarembangan/Bangbang Komara/Lesmana. Beh dituna nya eta Santanu, Narasoma.

Paranggaruda

Nalaka Sura Boma

Paranggelung

Ekalaya/Palguna.

Para Satria Ladak sejenna

Arayana, Aradea, Bangbang Sagara, Citragada, Danaraja, Ekalaya, Ekradaya, Guarsa, Hamijaya, Janaka, Jayakirana, Kama, Kresna, Nilakanta, Palguna, Pandu Bergola, Rancasan, Santanu, Samba, Sencaka, Sencamuka, Somantri, Satrugna, Suwandageni, Sumitra, Sanjaya, Tirtasuta, Wisanggeni, Wilantara, Warsasena, Wisrawa, Bangbang Kombayana, Wirasangka.

Di sagigireun eta, sora bengek sok dipake geusan kakawen anu ngagunakeun sora leutik, anu biasa disebut kakawen bengek. Nya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ti dieu pisan istilah bengek teh. Kakawen bengek teh di antarana: Lilir-lilir, Betet Ijo, Kakawen Bungah, Kakawen Kaget, Rara-tangis, jeung rea-rea deui.

Aya di antara para dalang anu make sora bengek geusan nyoaraan Dorna.

d. Sora Palseto

Anu dimaksud sora palseto di dieu nya eta sora palsu. Saperti pasinden lamun rek midangkeun sora anu meluk sok make sora palsu, lantaran eta sora teh moal katepi/kaudag upama ngagunakeun sora biasa. Nu matak kurang-kurangna bisa midangkeun sora palseto mah, sok matak belang.

Wayang-wayang anu disoraan ku sorá palseto di antarana: Togog Wijamantri, Bilung, Sarawita, kadang-kadang aya dalang make palseto pikeun si Udel/Dawala, atawa buta-buta/danawa, nya kitu deui si Camongkrong mah.

2. Surupan

Di luhur geus disebutkeun yen dina enggoning ngabedakeun sora-sora wayang teh, jaba ti ngagunakeun sora sora biasa, digangsa, bengek teh, oge sok disaluyukeun jeung surupan gamelan. Tegesna surupan gamelan di dieu bisa ngabantu kana antawacana. Nu matak tukang gender/demung salawasna sok mere lelemah-sora ku jalan nyadakeun sora Barang jeung Galimber anu jadi jejer sora. leu teh maksudna mah ngajaga sora dalang sangkan ulah silung atawa sumbang.

Dumasar kana kabiasaan warna-warna sora anu di luhur teh, sok dibantu ku surupan. Utamana geusan ngajaga, bisi dina salah sahiji adegan aya sababaraha wayang anu sakarakter, sangkan ulah ngagebleg. Misalna:

Dina Sora Biasa, Adegan:

A marta

Darmakusumah dina sora Galimber

Arjuna make sora Kenong atawa Loloran

Abimanyu ngagunakeun sora Barang/Tugu.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Madukara
Arjuna dina sora Galimber
Abimanyu dina sora Loloran/Kenong
Subadra dina sora Barang.

Ayodya
Ragawa make sora Galimber
Laksamana ngagunakeun sora Kenong
Sinta make sora Barang dina ahirna/pamungkas make sora Galimber alit.

Madura
Basudewa dina sora Galimber
Subadra dina sora Barang ditungtungan ku sora Galimber alit.

Indra Prahasta
Pandudewanata ngagunakeun sora Galimber
Kuntinalibrata make sora Galimber alit.
Darmakusumah dina sora Kenong
Arjuna dina sora Barang.

Kaputren Sapta Arga
Kunti dina nada Loloran
Darmakusumah sora Barang
Drupadi make sora Galimber alit.

Widarba
Jayabaya make sora Galimber
Pramuni dina sora Loloran
Pramesti dina sora Barang
Sasanti dina sora Galimber alit.

Suralaya
Batara Guru dina Galimber
Kamajaya dina Loloran
Ratih dina sora Barang alit.

Maespati
Kartawirya make sora Galimber
Arjuna Sasra Bahu Loloran
Citrawati dina sora Barang.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Dina Sora Digangsa; Adegan:

Astina
Suyudana dibantu ku nada Galimber
Baladewa dina sora Kenong.

Pringgandani
Bima dina sora Barang Gede
Jakatawan dina Galimber
Ontareja dina sora Panelu
Gatotgaca dina sora Loloran gede
Padmanegara/Satiaki dina sora Kenong.

Kiskenda
Sugriwa dibantu ku sora Galimber
Anoman dina sora Barang Gede
Anggada make sora Kenong.

Banyu Mudal
Kesarpah dina sora Galimber
Brajamusti dina sora Barang Gede
Braja Lambatan dina Kenong
Braja Denta dina Kenong
Braja Denta dina sora Barang.

Lamun dina salah sahiji adegan anu diwangun ku sababaraha wayang anu sakarakter, pikeun ngabedakeun antawacanana ku jalan kieu:

Ponggawa ka 1 dipidangkeun ku sora Galimber
Ponggawa ka 2 dipidangkeun ku sora Loloran
Ponggawa ka 3 dipidangkeun ku sora Barang
Ponggawa ka 4 dipidangkeun ku sora Barang Gede
Ponggawa ka 5 dipidangkeun ku sora Panelu
Ponggawa ka 6 dipidangkeun ku sora[1] anu ka luar tina eta surupan.

3. Logat

Logat atawa lentongan nyarita diwangun ku lagu nyarita jeung warna sora. Aya kalana warna sora alus tapi laguna teu ninggang wirahma, atawa sabalikna aya anu ngalaguna ngeunah, tapi warna

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sorana teu pikabitaeun; tah lamun kitu matak nurunkeun ajen garapan. Tapi da nyakitu, kapan urang hirup teh henteu sampurna, pasti wae aya cawadeunana. Ku lantaran kitu dina hai ieu mah bisa dipilih naha nu alus warna sorana atawa alus ngalaguna. Keun wae atuh ari warna sora mah da età mah paparin ti Gusti Nu Maha Suci, tapi ari ngeunah ngalaguna mah kapan bisa dilatih. Kapan dina basa sapopoe oge sok sanajan kasar basana, garonggong sorana, tapi ari alus lentongna atawa laguna mah, moal matak peureus-peureus teuing, kadengena teh.

Umumna lentong nyarita wayang gumantang kana pasemon wayang. Lamun sirahna wayang Tungkul boh satria boh wanita atawa ponggawa sok anca atawa anead laer. Tapi lamun sirah età wayang tanggah netelakeun ladak, boh satria, wanita boh ponggawa, nyaritana sok terewes, capetang, teureugeus. Lamun raja buta sirahna dangah atawa tanggah nyaritana sok arap-ap areup-eup. Cohagna logat atawa lentongna nyaritana wayang gumantung kana tagog jeung dangongna wayang, anu netelakeun kana pasemon atawa wanda wayang. Saperti kieu:

Abiyasa	:	Ayem, titih rintih, tegas jeung pinuhku wibawa.
Abimanyu	:	Anead laer, halimpu jeung bentes.
Anoman	:	Anteb, kurang jelas pinuh wibawa.
Arjuna	:	Anead laer, lemes/halimpu jeung simpati
Bima	:	Kaku, kasar, tegas, tarik, anteb pinuh wibawa.
Bisma	:	Anteb, pinuh wibawa, kuat wibawana, anead laer.
Cakraningrat		Saperti Arjuna.
Cakrawati		Leuleus liat, halimpu, andalemi.
Darmakusumah	:	Saperti Arjuna leuwih mibanda wibawa, titih rintih.
Dasamuka	:	Kasar, gagap/arap-ap eureup-eup, tarik kurang bentes.
Dursasana	:	Ampir sarua jeung Dasamuka
Dursala	:	Capetang, teureugeus, tarik.
Dursilawati	:	Capetang, halimpu, serewel.
Duryudana	:	Anteb, anead laer, goronggong.
Ekalaya	:	Sarua jeung Dursala.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Erawati : Sada Dursilawati.
Erangbaya : Sarua jeung Arjuna.
Gatotgaca : Ampir sarua jeung Bima, ngan henteu kaku jeung henteu kasar.
Gotama : Sarua jeung Abiyasa.
Gandamanah : Sarua jeung Gatotgaca.
Irawan : Ampir sarua jeung Abimanyu, ngan henteu an-ead laer.
Jembawati : Sada Erawati.
Jembawan : Sada Anoman.
Kama : Capetang, terewes, simpati.
Kresna : Ampir sarua jeung Kama ngan boga wibawa, titih rintih.
Kangsa : Sarua jeung Dasamuka.
Kumbakarna : Anead laer, kasar, goronggong, tarik, bentes.
Laksmana : Ampir sarua jeung Arjuna.
Lesmana : Ampir sarua jeung Irawan.
Madrim : Saperti Cakrawati.
Maherah : Saperti Erawati.
Mustakaweni : Saperti Madrim.
Nalaka Sura Boma: Saperti Ekalaya.
Nilakresna Saperti Irawan.
Nilatama Saperti Jembawati.
Niwatakawaca Saperti Dasamuka, arap-ap areup-eup, kasar, beurat.
Ontareja Saperti Gatotgaca, ngan kurang anteb.
Palasara Saperti Arjuna.
Palguna Tingali Ekalaya.
Pandudewanata Saperti Arjuna.
Pandubergola Saperti Narayana.
Parikesit Saperti Arjuna.
Ragawa/Rama Saperti Arjuna.
Ramaparasu Saperti Bisma.
Rara Ireng Ancad laer, halimpu, narik ati.
Rancasan Saperti Arayana.
Setiaboma Saperti Jembawati.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Setiaki	Tereges, tegas, tarik.
Srikandi	Serewel, Terewes, darehdeh, tegas.
Subadra	Ancad laer, halimpu, lemes.
Setiaragen	Saperti Jembawati.
Trijata	Saperti Jembawati.
Udawa	Saperti Satiaki.
Unon	Saperti Subadra.
Warsasena	Saperti Lesmana.
Wisrawa	Saperti Ekalaya.
Sisrawana	Saperti Karna.
Yaksadewa	Saperti Dasamuka.
Yamadipati	Cempeng, heureuy, peura jeung kurang eces.

G. KARAWITAN PADALANGAN

Karawitan dina pidangan wayang, mangrupa salah sahiji seni anu kudu gumulung dina eta pintonan. Cindekna karawitan teh teu bisa dipisah-pisahkeun tina saparipolah atawa suasana lalakon anu digelarkeun. Ku sabab kitu dalang, juru kawih jeung juru gending teh kudu sauyunan, sajiwa, sarasa dina enggoning ngagarap karawitan geusan harmonisna eta pagelaran. Upamana dalang kudu mibanda sora anu bisa direka-reka malar nimbulkeun perbawa, suka, bungah, sedih, prihatin, jeung saterusna. Juru kawih kudu surti midangkeun rumpaka teh lain ngan ukur dapon, tapi kudu saluyu jeung kaayaan adegan. Juru gending salawasna kudu bisa maca kaayaan, lamun dina kaayaan adegan sedih tangtuna oge kudu bisa ngagending anu ngahudang rasa sedih. Cindekna antara dalang, pasinden, wiyaga ulah patoja iah.

Saterusna dina pedaran masalah karawitan padalangan wayang golek ieu, sangkan tetela urang ugeran wae, anu rek dibahas teh nya eta ngeunaan:

1. Susunan Waditra
2. Susunan Gending
3. Jalanna Gending
4. Nambang larasna Gending
5. Surupan, Patet jeung Lagon

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

6. Cempala jeung kecrek
7. Kakawen.

1. Susunan Waditra

Harmonisna pintonan wayang teh lain ngan saukur dengekeun-eun wungkul, tapi kudu aya tingalieunana. Upamana pakean nayaga, juru sekar ulah matak sareukseuk anu ningali. Antara bendo, baju, samping kudu sacekih/sasawit, angot pakean dalang mah. Antara kabaya, samping, karembong, jeung kantong kudu adu-manis.

Nya kitu deui waditra-waditra anu salilana disanghareupan, kudu puguh entep seureuhna, ulah pasolengkrah. Dumasar kana tradisi, nempatkeun waditra-waditra teh aya aturanana. Susunan tatabeuhan teh disaluyukeun antara harmonisna wangunan ancak j'eung kwalitas sora, sarta hubungan fungsi tabeuh saban waditra, saperti anu di handap nuduhkeun entep-seureuhna tatabeuhan dina pidangan wayang golek.

POSISI WADITRA-WADITRA GAMELAN WAYANG GOLEK GAYA PRIANGAN



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Lamun ku urang ditetek, naon sababna eta susunan waditra teh kitu? Hai ieu bisa disusud tina:

Fungsi Tabeuh

Antara Pasinden, wira-suara, rebab jeung gambang salawasna kudu padeukeut. Lantaran sakabehna midangkeun melodi/nga-lagu. Jadi dina hal ieu kaopat seniman teh loba patula-patalina dina garapanana. Ngawud ari pasinden mah kapan kudu ngahiji wae jeung rebab teh. Rebab kudu jeung gambang silih ayunkeun teh. Ari pasinden jeung tukang alok/wirasuara kudu silih tem-pasna, lantaran pada-pada boga bagian. Eta kabeh nyoko guesan ngarojong sangkan pa dalang ayem tengtrem jeung sumanget dina ngawayangna.

Bonang, gender/demung, saron I saron II jeung peking kudu sajajar. Ku sabab bonang jeung demung sawaktu-waktu sok digawe babarengan (nyaruk), saron I jeung saron II salilana patembalan, peking biasana ngeusian lolongkrang saron atawa bonang sarta demung.

Kendang, kenong, kempul jeung goong salawasna kudu dareukeut, ieu oge aya hubungan garapan. Pangpangna pamun-tangan kendang teh nya eta kenong, kempul jeung goong.

Wangunan Ancak

Demung/gender, saron I saron II jeung peking katara payusna lantaran sawangun ancakna teh, ngan ukuran anu beda, tapi katembong nyarapat.

Bonang jeung gambang, ancakna sapucuk. Ku lantaran kitu di-teundeunna sina paeunteung-eunteung.

Ari rebab diatur deukeut janturan, katingali pucukna mapakan makuta-makuta wayang.

Goong, kempul jeung kenong, anu ngabogaan beungeut pepen-clut/penclon ditempatkeun sina ngahiji.

Kendang kulanter mah katembongna nenggang, nu matak di-simpenna di tengah-tengah.

Dalang, pasinden, jeung wirasuara, ngagunduk jadi hiji, sabab henteu nyanghareupan waditra, iwal ti nyekel buku kata-kata.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Warna Sora

Ditilik tina warna-suara, urang bisa netelakeun, yen tatabeuhan teh geus di atur tempatna masing-masing. Upamana saantero waditra-waditra anu mibanda sora tina parunggu kayaning: bonang, panerus/gender, saron ka I saron ka II, peking, kenong, kempul jeung goong, disimpen nyabeulah di tarukang. Sedengkeun sora-sora anu kurang kuat upamana pasinden, wirasuara, rebab jeung gambang diatur sina di hareup.

Kendang kulantar disimpen di tengah-tengah, lantaran ku euweuh baturna, turta sorana kawilang kuat/tarik.

Di dieu jelas, yen sora-sora tatabeuhan tina ngalencring. Beda jeung warna sora tina kawat, kai jeung sorajelema anu mibanda kurang tarik. Upadi sora pasinden anu henteu ngabekas mah. Ari sora kulit,.contona kendang, jeung kulanter mibanda warna sora anu kaasup tarik.

Cindekna para karuhun urang baheula, ngatur tempat-tempat tatabeuhan teh estuning ku pangalaman rasa anu luyu jeung logika.

2. Susunan Gending

Samemeh prung manggung, gamelan mah geus disada, dina gending tatalu. Ari gending tatalu biasana dina lagu Jipang Wayang, atawa Jipang Karaton. Ieu gending mangrupa tanggara ka sakabeh jalma anu rek lalajo, yen pidangan wayang rek dimimitian.

Dina Pagelaran Study Padalangan Jawa Barat taun 1980, nu diayakeun di Yayasan Pusat Kebudayaan di Jalan Naripan no. 7 Bandung, kabandungan yen gending-gending tatalu teh beda-beda susunanana di antarana:

— Bayeman, Barong, Gagak Setra, Papalayon Wayang;
— Jipang, Banjar Mati, Papalayon Wayang;
— Jipang Panelu, Banjar Mati, Kadipatenan, Mitra;
— Jipang Karaton, Jipang Sukabumian, Gonjang;
— Jipang Wayang, Jipang Lontang, Mitra;
— Paksi Tuwung, Wani-wani, Jaran Mabur, Kalkum, Gendu;
— Bayeman, Kaloran, Jipang Walik, Jiro.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Tapi ari anu ilahar baheula mah gending-gending Tatalu teh kieu: Jipang Wayang, atawa Jipang Karaton, terus kana Papalayon Wayang. Gending Papalayon Wayangteh mere tanggara ka Dalang jeung Pasinden kudu-buru-buru unggah ka panggung, lantaran geus waktuna manggung sarta anu lalajo geus loba.

Satutasna gending Papalayon Wayang diteruskeun kana gending karatagan gede, ditema ku gending Karatagan biasa. Rengse gending tatalu disambung ku gending Jejer.

Gending Jejer teh rupa-rupa gumantung kana jejer carita anu dipake bubuka lalakon. Di antarana aya gending Kastawa, Kawitan, Banjar Sinom, Renggong Bandung, Golewang, Bendra jeung rea-rea deui.

Lamun Jejer Amarta biasana dipirig ku gending Kaswata, atawa Banjar Sinom, Astina biasana ku Gending Kawitan. Tapi upama manggung ti Beurang eta gending jejer teh sok sakahayang dalang atawa nu narabeuh, di antarana: Renggong Bandung, Gorompol, Golewang, Renggong Coyor, gending Renggong Garut jrrd.

Dina midangkeun gending jejer teh aya pereleanana gending saterusna, pangpangna ngatur gending-gending dua wilet jeung sawilet.

Gending Kawitan naek kana gending Badaya sawilet/duawilet atawa sawilet satengah, gumantung kana waktu jeung kamampuhan Nyi Siarawati.

Gending Kastawa sok diteruskeun kana gending Gegot, bungur atawa Kajaksan,

Gending Barong diteruskeun kana Bungur.

Gorombol naek kana Goget, Bungur atawa Kajaksan.

Golewang naek kana Sinyur.

Renggong Bandung naek kana Anggle, atawa Banjaran, sok aya oge kana gending Palima, gumantung rubuhna goong. Lamun kana Galimber naekna kana Banjaran, lamun kana kenong kana Palima, kana sora Barang kana Renggonggancang, atawa Karang Nunggal.

Renggong Coyor kana Renggong Gancang.

Banjar Sinom, naekna kana Kadipatenan atawa Tumenggungan.

Dina mangsa adegan jejer rengse, sok terus bubar, dipirig ku

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

gending Buharan, atawa Karatagan. Saterusna diturunkeun kana gending-gending jalan, kayaning Anggle, Banjaran, Bendrong, Palima jeung rea-rea deui.

3. Jalanna Gending

Ngeunaan jalanna gending, pangpangna jalanna gending jejer, mibanda patokan anu mandiri. Contona Gending Kawitan. Dina prak-prakanana kieu: Mimiti Karatagan tina duawilet teunang dua balikan, ditaekkeun kana sawilet digarap sababaraha balikan gumantung kana campala jeung kecrek anu dicekel ku dalang. Terus kana Karatagan gancang dina garapan ipis kandel. Terus eureun sarenghapan. Gending diteruskeun kana Kawitan Gancang, Bareng jeung goong munggaran dina Kawitan Gancang, Bareng jeung goong munggaran dina Kawitan kendor ki dalang nyabut gugunungan anu nanceb dina jagat. Lamun kawitan geus tilu balikan anu dipake mirig parekan, limbuk jeung Cangkik, gending digancangkeun keur mirig raja. Rengse raja diuk gending dikendorkeun deui, Nyi Jurusekar ngawih sabalikan, terus gending naek deui, geus naek kendor deui masih dina gending Kawitan geusan mirig dalang mangsa *murwa.* Rengse murwa diteruskeun kana nyandra, dina waktu murwa jeung nyandra gending kawitan ditabeuhna kudu angin-anginan (sirep) sangkan sora dalang henteu kasilep, malah leuwih sieup. Rengse nyandra, gending ditaekkeun kana Gending Kawitan Gancang. Dina madakeun ngagubrag kana gending Badaya. Gending ieu pikeun mirig ibingan wayang Tp (topeng) anu sok disebut Topeng Wadon Jatiswara. Lamun aya di antara para dalang anu can bisa ngigelkeun topeng, eta gending sok dieusian ku midangkeun haleuangna juru sekar dina lagu Badaya anu rumpakana ieu diantarana:

1. Topeng wadon Jatiswara
   ngalaga di tengah panggung
   ka sadaya pamiarsa
   nu sami-sami ngariung

2. Ngalirik ibing raspati
   Sikep gaya tur sembada

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

taliti jeung ati-ati
henteu pisan ngarasula

3. Pincid ka pengker ka gigir
paroman macan teunangan
lampah pinter tur henteu dir
nyimpen budi kaluhungan

4. Rampayak jeung pupunduran
panangan di kupat-kapit
ngahormat kanu mayunan
ibing topeng seja pamit

Eta rumpaka-rumpaka anu di luhur, dihaleuangkeun dina lagu Badaya jeung Batarubuh.

Niba dina goong pamungkas lagu Batarubuh, Kidalang midangkeun kakawen "Saur Nira", kitu di antarana jalanna gending Kawitan Nya kitu deui lamun dina gending-gending sejenna, teu pati jauh bedana ti anu geus dijalankeun di luhur.

4. Nambang Laras Gending

Nambang laras teh hartina kostum; nambang laras gending hartina kostum-kostum dalang dina ngagarap gending-gending. Lantaran saban dalang pada ngabogaan karesepna masing-masing dina masalah gending. Dina prakprakanana gending teh digunakeun dina:

a. Gending Murwa
b. Gending pirigan Igelwayang

a. Gending dina Murwa

Gending-gending dina murwa gumantung kana pangabisa, pangaresep dalang masing-masing. Karesep dalang dina masyalah gending disebutna Nambang Laras gending. Saperti dalang Elan Surawisastra ari murwa teh sok make gending Sungsang atawa Bendra. Beda jeung dalang Adiwijaya nambang laras dina murwa nya eta Golewang. Dalang Rusman Nandang Barmaya nambang larasna dina Murwa Gorompol. Ari dalang R. Tjutju Hadisuwanda dina Murwa Kastawa. Dalang Encep Tamsur Sumpena kostumna dina murwa Gunung Sari, sedengkeun dalang Ateng Ruhiat

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ti kampung Bojong Asih Dayeuhkolot Bandung nambang larasna dina Murwa Renggong Bandung. Dalang Usro Mulyaatmaja karesepna dina Murwa gending Renggong Gede. Dalang Dion Kentar Saputra ti Parakan Muncang, kostum Murwana dina gending Renggong Manis.

b. Gending Pirigan Igel Wayang

Di antara para dalang di urang teu sarua karesepna teh, aya nu resepeun ngibingkeun Topeng, Gatotgaca, Satria ladak, Satria lungguh, jeung aya deui anu resep ngibingkeun Baladewa. Saperti anu geus kasaksian yen dalang Atmadja Cigebar teh resep kana ngigdkeun Gatotgaca anu dipirig ku gending Gunung Sari atawa Waled. Dalang Sapaat Suwanda ti Cebek Soreang Kabupaten Bandung nambang larasna kana lagu Kawitan geusan mirig Parekan atawa Badaya pikeun mirig Topeng wadon. Dalang A. Sunarya ti Giriharja Jelekong nambang larasna gending-gending pikeun mirig wayang danawa/buta korowodan. Ari dalang Nandang Karba ti Rancamanyar Bojong Malaka, Bandung, karesepna kana gending Gawil pikeun mirig wayang Narayana, Karna atawa Satria Ladak sejenna. Dalang Isak Atmadja saputra ti Cigebar, Buahbatu karesepna kana gending Macan Ucul keur mirig Baladewa; sarua jeung Ki Sudia dalang ti Mandalaherang/Cibeureum Sumedang. Dalang Hudaya ti Lembur Tengah Sumedang karesepna kana Waled keur mirig Gatotgaca. Jigana pikeun sakadar conto mah urang cukupkeun sakieu heula.

5. Surupan Patet jeung Lagon

Ari anu sok disebut surupan urang mah nya eta susunan sora anu ... disusun puguh entep seureuhna, ti mimiti salah sahiji sora nepi ka sora ulangannana boh dina sora leutikna, boh dina sora nu gedena (sabeulit) sarta suarantara-suarantarana jeung jumlah sorana dina sabeulit (saoktaf) puguh aturannana. Dina istilah Musik mah disebut Tangganada, atawa laras dina basa Jawa, Saih ceuk karawitan Bali mah.

Sok sanajan dina pagelaran wayang di urang ngan saukur dipirig ku gamelan Salendro tapi dina pidanganana mah aya 4

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

surupanana nya eta Salendro, Nyorog jeung Kobongan atawa Mataraman (degung 3 = Barang).

Nurutkeun kabiasaan para dalang urang baheula, pirigan wayang dimimitian ku Salendro, langka aya anu ngawayang sore keneh midangkeun lagu make surupan Nyorog atawa melog. Tapi ari dina waktu ayeuna mah sore keneh oge si rebab teh geus ngajak kana surupan Nyerog. Lamun tukang rebab baheula, ngadenge sejak ayeuna, disebutna oge eta mah tukang rebab teh geus ngajak sare, can waktuna geus kana lagu-lagu sorog; atawa eta tukang rebab teh pamer kabisa (demonstrasi).

Lagu-lagu anu sok dipidangkeun dina surupan Salendro di antarana Kastawa, Kawitan, Gunung Sari, Bendra, Golewang, Renggong Bandung, Renggong Coyor, Renggong Garut, Gorompol, Renggong Gede, Barong Salendro jeung rea-rea deui.

Ari lagu-lagu sok dipidangkeun dina surupan nyorog nya eta: Banjar Sinom, Udang Mas, Sedih Prihatin, Jalantir, Pangrawit, Tablo, Kulu-kulu Bern, Kulu-kulu Barang, Papalayon Ciamis, jeung rea-rea deui. Sedengkeun lagu-lagu dina surupan Melog di antarana nya eta: Karanginan, Paksi Tawung, Barong Pelog, Renggong Bantenan, Renggong Cimande (Mataram), Kembang Gadung jeung rea-rea deui.

Dumasar kana kabiasaan nu ngawarayang baheula, susunan surupan anu dipidangkeun mimitina Salendro, terus kana nyorog, terus surupan Melog, atawa Mataram, dipungkas ku Nyorog atawa Salendro.

Patet

Anu disebut patet nya eta merenahna Patokaning laras jeung renaning laras dina salah sahiji surupan. Dina Kawitan Jawa Tengah mah biasa disebut Patet Fungsional. Nurutkeun teori, patet-patet di urang diwangun ku lima rupa nya eta: Patet Barang/Nem, Patet Loloran, Patet Manyura/Panelu, Patet Sanga, jeung Patet Singgul, atawa patet gede. Tapi para dalang atawa juru gending urang mah carang pisan anu nyaho kana ngaran-ngaran eta patet, maranehna mah ku bisa ngagarapna oge geus ngarasa pirang-pirang untung; lantaran tara tetelepek tea kaguruna masing-masing. Katurug-turug guruna oge teu nyaho.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Paling untung nayaga-nayaga di urang mah ngan saukur tilu ngaran patet nya eta patet Sanga, patet Gede, jeung patet Manyura atawa patet Barang. Lagu-lagu atawa gending anu kaasup kana:

Patet Nem/Barang di antarana: Renggong Bandung, Kulu-kulu Bern, Tablo Gawil, Kawitan, Renggong Cimande, Udan Mas, Renggong Angle, Karang Nunggal, Banjaran, Palima, Renggong Gancang, Bendrong, Macan Ucul atawa Gendu, jeung-rea-rea deui.

Patet Loloran: Catrik, Kembang Gadung, Cirebonan.

Patet Manyura: Golewang, Gunung Sari, Kulu-kulu Barang, Sinyur, Waled, Tumenggungan, Kadipat'enan Renggong Sanga/Sanga Gancang, Rancagan, Banjar Sinom.

Patet Sanga: Kastawa, Gorompol, Bendra, Bareong, Bungur, Cangkurileung, Kejaksan, Barten Gede, jeung rea-rea deui.

Patet Singgul: Jungjang, Mitra, Sulanjana jeung rea-rea deui.

Dina jaman baheula mah patet-patet teh kacida pisan mangaruhan kana pagelaran wayang Golek teh. Lamun aya anu ngawayang teu nurut kana aturan patet disebut eta nu ngawayang teh teu nyahoeun patet.

Dina ngawayang sapeuting jeput diwangun ku opat patet nya eta ti mimiti:

20.00 (jam dalapan sore) diwangun ku lalaguan anu mibanda patet Mahyura/Patet Panelu.

22.00-24.00 bisa midangkeun lagu-lagu dina patet Nem/Barang.

00.00-02.00 Mintonkeun lagu-lagu dina patet Sanga.

02.00-04.00 ngagelarkeun lagu-lagu dina patet Manyura.

Tapi kulantaran dina danget ieu mah eta patet-patet teh geus kurang mangaruhan kana kaayaan adegan wayang, pangpangna karakter patet teh kedeseh ku komposisi sora/gending/lagu-lagu, atawa ku nambang larasna gending adegan. Antukna masalah patet dina pidangan wayang Golek di urang geus teu dipalire deui. Utamana dina pidangan-pidangan wayang anu digarap ku dalang angkatan ngora, para dalang taruna jeung dalang madya.

Tong boro-boro di urang masalah patet anu geus teu dipuhit

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

deui dalah di hulowotana, Jawa Tengah oge geus teu pati digedekeun.

Lagon

Lagon atawa Modes nya eta susunan suarantara salah sahiji surupan atawa ukuran surupan dumasar kana suarantara kempyung (kungbem). Dina istilah karawitan Jawa Tengah mah disebut Patet dina harti Modalitas.

Nurutkeun ulikan RMA Kusumadinata, Boh dina surupan Salendro boh dina Pelog, Lagon teh aya 4 warna nya eta:

Mawar Lumayung : S . . G . . P . . . L . . B . . . S
Tunjung Mekar : L . . B . . . S . . G . . P . . . L
Dewining Taman : G . . P . . . L . . B . . . S . , G
Nara Dipa : B . . . S . . G . . P . . . L . . B

Katerangan:

S = Singgul/Penunggul
G = Galimber/Gulu/Jangga
P = Panelu/Dada
L = Loloran/Lima
B = Carang/Tugu/Nenem

Lagu-lagu atawa gending-gending anu kaasup kana Lagon:

Mawar Lumayung di antarana: Catrik, Bendrong Petit, Kembang Gadung, Kembang Jeruk Bungur, Kajaksan jeung rea-rea deui.

Tunjung Mekar contona: Banjaran Palima, Angle, Rancagan, Renggong Gancang, Bendrong, Kulu-Kulu Bern, Macan Ucul, Gendu, Karang Nunggal, Ombak Banyu jeung rea-rea deui.

Dewining Taman nya eta: Rancag, Sinyur, Waled, Gunung Sari, Paksi Tumenggungan Renggong Sanga, Kulu-Kulu Barang, Pangrawit jeung rea-rea deui.

Nara Dipa diantarana: Sulanjana, Solontongan, jungjang jeung rea-rea deui.

Jadi dina ngawayang jaman baheula mah jaba ti Patet teh, sok dumasar kana Lagon. Lantaran Lagon teh milu nangtukeun geusan ngahudang suasana adegan. Dina enas-enasna mah lagon teh teu pati jauh tina watek patet. Upama dibandingkeun jeung patet mah kira kira kieu:

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Mawar lumayung sawanda jeung patet sanga
Tunjung Mekar sawanda jeung patet nem
Dewining Taman sawanda jeung patet manyura
Nara Dipa sawanda jeung patet singgul.

6. Cempala jeung kecrek

Cempala jeung kecrek mangrupa alat pikeun mere tanggara dalang ka para juru gendingna. Lamun ki dalang rek naek-nurunkeun lagu, ngendorkeun jeung nagagancangkeun wirahma sok dibere iber ku cempala atawa kecrek. Pangpangna tukang saron pangbarep jeung tukang kendang anu kudu iceus atawa surti kana kode-kode eta dua waditra. Nya kitu deui dalang geus puguh, kudu ngawasa kana sakabeh kode cempala jeung kecrek. Cindekna eta kadua alat teh mangrupa sarana komunikasi antara ki dalang jeung para nayaga katut pasindenna.

Lamun dijujut mah cempala jeung kecrek teh mibanda pungsi anu mandiri-mandiri. Di antarana:

Cempala

Dina mangsa dalang keur nyandra atawa dina waktu paguneman, ki dalang sok ngagunakeun cempala anu maksudna:

— Minangka wates antara kalimah jeung kalimah;
— Panyelang ki dalang lamun ki dalang poho deui naon anu kudu dicaritakeun. Nu matak lamun dalang loba ngagunakeun toroktok ngandung harti yen dalang teh kacida aga-eugeuna dina paguneman teu bisa lancar;
— Mangrupakeun wates antara omongan salah sahiji wayang jeung wayang lianna;
— Mere tanggara dina ngamimi.tian mangkatan;
— Panyari dina nyandra;
— Mere gambaran ketegna jajantung nu keur nafsu atawa ngambek (gereget saut, dina padalangan Jawa Tengah).

Kecrek

Nya kitu deui kecrek oge mibanda kode-kode mandiri anu ngandung harti geusan:

— Ngiberan tukang kendang, malar nyaho wayang naon anu rek diigelkeun teh. Nepi ka juru kendang bisa ngabedakeun antara kode rek ngibingkeun satria, ponggawa, buta, Dorna jeung rea-rea deui;

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

— Ngatur embat, sangkan saron anu mere pangkat henteu gajlig sarta luyu jeung aturan gending. Upamana rek midangkeun gending lalamba mibanda kode anu beda jeung kode-kode gending sejenna. Pikeun tukang saron oge, geus surti deui, lamun embat kecrek kitu teh, manehna kudu mangkatan gending ieu;
— Pikeun ngeusian jeung mirig gerak tarian wayang, sangkan leuwih hirup/dinamis;
— Panyambung antara gerak ka gerak nu sejenna. Ngandung harti mere ancer-ancer ka tukang kendang ngeunaan susunan gerak tari;
— Pangaget, upamana ka luarna Semar, emban Cinot/Limbuk Cangik sok dibarengan ku kecrek jeung goong;
— Panganteb, contona dina mangsa ngageremna Gatotgaca, Bima, Suyudana, keur pamuas hate (sangkan ngalagena) ditungtungan ku kecrek jeung goong;
— Mere mamanis kana gerak tarian, pangpangna anu teu kaeusian ku wirahma kendang. Upamana dina keupat ka I, mamandapan jeung rea-rea deui.
— Pangdeudeul ekspresi gerak tarian. Kumaha kalemesan budi jeung pari polah Arjuna anu digambarkeun ku gerak tarian. Kumaha gagahna Gatotgaca anu diwujudkeun ku gerak tarian, jeung kumaha lucuna si Cepot anu diebrehkeun ku gerak ibinganana. Eta kabehannana ngebrehkeun ekspresi gerak tarian.
— Mirig sukma wayang atawa undur tina pasewakan.

Cempala jeung kecrek

Jaba ti anu di luhur, cempala jeung kecrek biasa dicaruk. Upamana dina:
— Naek nurunkeun gending;
— Naek nurunkeun wirahma;
— Ngeureunkeun gending;
— Mere mamanis gendingan;
— Mere tanggara geusan tukang saron mangsa mangkatan gending;

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

— Mirig salah sahiji adegan anu diomongkeun wungkul (Pagedongan dina padalangan/pawayangan Jawa Tengah);
— Mere gambaran campuhna peperangan, anu teu diwujudkeun ku adegan perang.

Serat Kanayagan/Titi Laras Cempala jeung Kecrek

Nepi ka mangsa ieu can aya serat kanayagan atawa notasi cempala jeung kecrek anu ngabaku atawa anu geus sumebar tur diaku ku balarea. Tapi pikeun saheulaanan mah, sarta tamba kawaranan teuing, teu aya gorengna lamun di dieu nyieun tanda-tanda pikeun ngawujudkeun sora cempala jeung kecrak. Anu kieu lambangna:

Cempala

Sora cempala diwangun ku dua sora nya eta: Sora tok dilambangkeun ku aksara T (tok); Sora toroktok dilambangkeun ku aksara TR (toroktok).

Kecrek

Sora crek diwangun ku aksara C nya eta sora kecrek ditakol; Sora jrek diwujudkeun ku aksara J nya eta sora kecrek anu dijejek. Sora erekcrek ku Cr. Jrekjrek ku tanda Jr.

Conto notasi Cempala jeung Kecrek

Tangara mangkatan gending:
— Sawilet : — Q~T R~T C~Ö C C C C C C Cr
— Lamamba : — O T R~**T** C

Tanggara ngeureunkeun gending

Lamun rek ngeureunkeun lagu dina gending Sawilet, cempala jeung kecrek dimimitian mere tanggara teh 3 parangan wiletan samemeh goong. Contona kieu:

/ O O O O / C OTR T NG_ /
CTR '

/ T CTR T CTR / TT ÖTR T N
CTR [1]

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

/ TC TRT CT CTR / TC TRT CT NG CTR/

/ TC TRT CT CT / CT C O N TT/

/ RT OC TT C / OTR T O NG NG /

Pikeun ngeureunkeun gending dua wilet atawa opat wilet/lalamba oge sarua dimimitian ku 3 perangan wiletan samemeh goong. Ari embatna beuki lila beuki ngagancangan. Serat kanayaganana kieu:

/ 0 O 0 O / 0 OTR T NG / CTR

/ T CTRT CTR/ T CTR T C /

/ ÖT R T OT / R T O N CT

/ R T CT R / T C T CT /

/ R T CT R / T C T NG / CT

/ R T cT R / T C T C /

/ T C T C / 0 0 O T /

/ ÖT R T C / C T T T /

/ O OT R T / 0 O O NG / O

Titi laras Kecrek dina pirigan Tañan

— Keupat I QJ JJ QJ embat lambat atawa .. JJ .. JJ
— Keupat II QJ JJ QJ JJ embat sedeng.
— Keupat III J J J J embat gancang.
— Mamandapan .~J J ."7 J atawa mincid.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

— Tari Raja Buta : Upamana Rahwana, Burisrawa jeung rea-rea deui.

NG
J J J / JJJ J J J J J J J J / J J J J O O O /
/ O n O J , J J / J . J J J OO /

— Tañan Dorna:
/ J J — . J J J / J J . J J J / J . J J /

— Ibingan Semar:
/ J J J J / J J J J J J / J J .
J . J J /

Jigana ari pikeun conto tamba kawaranan mah urang cukupkeun sakieu heula.

7. Kakawen

Anu baris dipedar tina bab kakawen di dieu lain basa jeung sastrana, tapi ieu mah lagu-lagu anu dihaleuangkeun ku dalang. Jadi mangrupakeun catetan lalaguan dina kakawen, sangkan ulah rampang-reumpeung teuing.

Sababaraha notasi kakawen anu geus ditulis dina bab anu ti heula nya eta di antarana: Sebrakan sapuratina, Betet ijo, Kayu Agung, Sri Tinon, Talutur, Kakawen Satria, jeung Waringin Sungsang. Cindekna urang neruskeun hanca anu katunda ti heula. Kakawen anu rek ditulis di antarana:

Kakawen Kaget, Surupan Salendro; 4 = Galimber

4 4 4 4 4 4 34 4 '4 4 4 4
da - tang ya ring kongk o n - an u- jar yu-ga

2 2 2 2 2 2 2 1 2 3
da - tang ya ring kongk o n - an

3 3 3 2 3 2 1 1 5 1 2 1
so- len- dra ka - ton pa- war- na

Lagu kakawen di luhur bisa make rumpaka pikeun sukma wayang kaluar tina kurungan anu kekecapannana kieu:

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Mur cahya sakare wawang, tinulungan medal saking
panglungguhan, sima ya ngebak sakabeh.

Atawa dilarapkeun pikeun kakawen nyokot/nampa salah sahiji barang anu pok-pokanana kieu:

Cinandak ya kamambran maduging laras,
Cinandak ya kamambran maduging laras,
lagia dening ngalaga.

Kakawen Kaget II, Surupan Salendro, embat bebas, 1 = barang

2 3 4 4 4 4 4 3 4 5 4
Ka-get den nira a pi -nga- li

4 4 4 4 3 2 4 5 1 1
ni-nga- li nu nem-be ra - wuh

4 4 5 5 1 1 2 2 2
ka-get den nira a- ning-ga -li

2 2 2 2 2 2 2 2
ni-nga-li nu nembe ra - wuh

5 4 4 . 1 5 * 4. 3 .4 .5 4
so-lendra kà""*ton pa war na

Lagu kakawen di luhur bisa dilarapkeun kana kakawen bungah, ngan beda rumpakana wungkul nya età:

Bingah amarwatasuta
Bingah ka giri-giri
lir godong sinawur toya

Atawa bisa digunakeun pikeun kakawen amprok, anu gugurita-nana, kieu:

Mawas pada katon,
pada tumerang ya anempuh
salira minda perwata

Kakawen Mundur, mungkur ti payuneun raja

Surupan Salendro Nem, embat bebas.

,4 4 4 4 4 4 4 3 4 5 4
dan muga ya l_u - mun - duT~

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

3 2 2 - 2 2 2 1^23
mi mi - ti ni - ra yang rana
3 3 2 3 2 1 5 1^2__^1
sirna ya ngebak saka beh

Kakawen Satria ngambek, Surupan Salendro Nem, embat bebas.

5 5 5 5 5 5 5 4 5 1 '
Lu-mi-yar pan-ji luma-^wer
1 1 1 1 5 4 3 4 4 5 4
cur mancur kacly """a kunang
3 3 4 4 4 5. 1 1
ambar - ganda kasto - ri
4 5 1 1 1 5 1 2 2
ke-bak sa rining wa wangen
2 2 2 2 2 2 2 2
lumi- yar Pan-ji lu-ma-wer
3 3 3 3 3 2_1 2__<3 4
cur mancur kadi a kunang
5 5 5.4 1' 1 1 I I I 5 4 3 4 5 4
ambar-eganda kastori kebak sarining~^awangen

Lagu ngambek ieu bisa digunakeun pikeun ngambek:

Kakawen Ngambek Arjuna

Dan lenyep ing netra
Dananjaya Sanghiang Rawi katewengan
katewengan awor lan mega bodara,

Atawa kieu:

Dan Partasuwanda Arjuna ya lumar
pawendon aji kesuma, satria tandang batara.

Atawa pikeun kakawen ngambek Karna, jeung kakawen ngalugas pakarang atawa nyokot jamparing.

Kakawen ngambek Gatotgaca

4 . 3 2 2 1 1 1 1 1 .1 5 1
I - ri kata sang Gatotgaca ki - non
4 3 2 1 1 1 1 1
ma-pag y u - d a arkatenaya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

4 4 4 4 5 1 2 2 2
Kresna kang i n u j a r a n wa-wang
3 3 3 3 2 1 2 3 4 4 4
as se - mu gar jita ma-rek

Rumpaka sejenna:

Kunang apa newu, Gatotgaca wawang Bimaputra
ringa ulun Gatotgaca mapag yuda.

Kakawen ngambek Baladewa

4 4 4 5 5 1 5 1 2 2 2
Mang Indra Ba-'la de-wa wa-wang
2 1 1 1 1 1 1 1
mangadeg ing danala — ga
2 2 2 2 2 2 2 2
tinu — tus langgala niru
3 3 3 3 3 2 *1* *2* 3 4
mapag kroda ing nga yu — dá

Eta lagu kakawen teh bisa digunakeun pikeun kakawen ngambek-
na Buta, atawa raja Buta kayaning Rahwana, Kangsa jeung rea-
Rumpakana anu kieu: rea deui.

Rag sigrap purna jiwa
Rap sigrap purna jiwa
Rahwana mangadeg
goraru panggakara perang rucita bala.

Kakawen Semar, Surupan Nyorog, patet Nem, embat bebas 5 = Loloran

2 1 5 5 5 5 ' 5 4 ' . 3 2 2 2 1
SemarSemar yagegelar wayang agung
2 í 5 5 5 5 5 5
Semar Se-mar ya ge-ge-lar
5 4 3 2 2 2 2 2 3 2 J
wayang A-gung ke - lir ang ra-ga suk-ma
3 5 i 2 2 í 5 1 2
Se-mar kuncung pa-ku-ning a-lam

Kakawen Putri nu tos babar, Surupan Nyorog, embat bebas-
Barang = 4

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

2 1 1 1 1 1 5^2
Rimat rimong pi-pi-lise
5 4 4 4 4 4 4 3 5 4
ku nir a-pu ya ma-yang ka-ton
2 1 2 2 11 3__2 2
Rimat rimong pi-pi-li-se
4 3 5 i i i i 1
ku-nir a-pu ma-yang ka-ton
1 5 *12* *2* *2 2 2*
Pending-e pending sa-la-ka
2 3 2 3 1 5 2 1
Pen-ding - e pen - ding sa-la-ka
!. . . 5 4 3 4 5 4 4

Lagu kakawen anu di luhur bisa dipake keur kakawen Panditaan anu rumpakan kieu:

Wiku wiku ya linuhung
ajar ingkang pandita,
Wiku wiku ya linuhung
Ajar ingkang pinandita
Para resi kang linuwih
rahayu mulya sajati

Atawa kakawen Putri sejenna

Putri ayu garwa dalem, sosoca sekar kadaton
Putri Ayu garwa dalem, sosoca sekar kadaton
mustikaning patamanan, kebek sekaring/sarining wawangen.

Jigana pikeun conto mah urang cukupkeun sakieu heula.

H. DRAMA PADALANGAN

Geus papada nyaho, yen Padalangan/pawayangan teh kaasup kana Teater Rakyat Tradisional. Malah aya deui anu nyebutkeun, yen padalangan teh ka asup kana Drama Total atawa Purna Drama. Hal ieu dilantarankeun dina pidanganana teu leupas tina unsur-unsur drama, pangpangna dina soal: .

1. Teori Penyutradaraan;

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

2. Seni Peran/Acting;
3. Diksi;
4. Konstruksi Pentas.

1. Teori Penyutradaraan

Claire Holt nyebutkeun, yen dalang teh bisa disebutkeun pamingpin atawa Sutradara. Kulantaran kitu, sok sanajan ki dalang henteu nyaho kana età teori penyutradaraan, tapi ari dina garapanana mah geus biasa dilaksanakeun. Saperti ku urang kasaksian yen dalang teh tukang ngatur saantero unsur anu geus gumulung dina pidangan wayang. Sakabeh nayaga, pasinden diatur ku ki dalang sangkan pintonannana hade.

Nurutkeun teori Gordon Craic, kacida alusna lamun nu jadi sutradara teh kudu dibarung ku jadi aktor/pamaen*). Tetela pisan età teori teh geus sapagodos, lantaran jaba ti jadi sutradara teh, dalang mah jadi pamaen, ngan dilarapkeun kana wayang, hartina dalang teh milu ngalalakon dina età carita. Upama manehna nyaritakeun sifat tabeat raja adii paramaría, sahenteuna ki dalang teh kudu bisa neuleumanana, nepi ka manehna bisa nepakeun età tabeat sifat raja ti dirina kana età wayang anu keur diulinkeun. Sagala rupa tingkah laku raja kudu bisa ditiru ku età dalang sarta diterapkeun ka età wayang. Di dieu ngandung harti yen dalang teh milu jadi pamaen. Lamun dalang keur nyaritakeun kagorengan hate, kaculikaan, kadengkian Dorna; nepi ka kabeh nu lalajo pada ijid kana età laku lampah. Saperti nu kaalaman ku dalang Atmadja Cigebar, kungsi Dornana dibeuli ku nu lalajo, sarta terus dicacag harita keneh. leu ngandung harti età dalang teh geus bisa ngawasa "peran" pamaen.'Cindekna teori panyutradaraan anu disodorkeun ku Gordon Craic teh aya kanyataannana.

Teori sejenna ngeunaan panyutradaraan nya età anu diasongkeun ku Laissez Farre anu nyebutkeun ngan ukur tungtunan wungkul.

Di dieu oge bisa dilaksanakeun tur biasa, dina mangsa ki dalang marentah ka para nayaga atawa pasinden ku jalan kode etika

*) RMA Harymawan: Dramaturgi, FKSS Yogyakarta, Yogyakarta, 1970, kaca 26.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

padalangan nya eta ku kode cempala jeung kecrak sarta Sasmita gending. Upamana ki dalang menta lagu-lagu cukup ngucapkeun kalimah-kalimah boh dihaleuangkeun boh digórolangkeun. Lamun dalang hayang naek nurunkeun lagu, inyana cukup ku mere kode cempala atawa kecrek. Harita keneh para nayaga surti sarta terus ngajalankeun parentah atawa kahayang eta dalang. Cindekna para nayaga atawa juru sekar pirigan pidangan wayang teh lain sakama-kama pirigan, tapi nurutkeun kahayang atawa konsep/rarancang dalang. Asa pamohalan lamun adegan sedih, dipirig ku lagu atawa gending anu mibanda suasana gumbira. Nya kitu deui kaayaan para nayaga, suarawati kudu milu sedih mirig eta adegan.

Teori-teori anu di luhur ku dalang mah geus bisa jeung biasa digarap, ngan teu nyaho yen .nu kitu teh ka asup kana Teori Penyutradaraan. Komo deui Teori Gordon Craic, lantaran dalang mah kitu pisan jaba ti jadi sutradara teh, manehna teh jadi pamaen. Sok sanajan dalang catur oge, kana eta teori teh cocog. Malah aya di antara para dalang, memeh bisa ngawayang teh dimimitian ku bisa nabeujb heula ti mimiti nabeuh goong, panerus, bonang, saron, gambang dipungkas bisa nabeuh kendang jeung rebab. Nu matak ari dalang anu sagala bisa mah moal kabobodo ku para nayaga, boh dina naek nurunkeun lagu, naek nurunkeun wirahma, merenah dina lebah-lebahna; boh dina ngahaleuangkeun kakawen ngalagena bisa nyaluyukeun antara kakawen lagu pirigan jeung teu incah tina patetna, sarta moal kapalingan surupan. Kadangkala aya dalang bari jeung bisa ngalakonkeun sagala rupa. Dalang anu kaasup sagala bisa teh di antarana dalang Elan Surawisastra, Nandang Barmaya, Aman Rochmana, Sapaat Suwanda ti Cebek Soreang, sarta dalang H. Kosasih camat Banjaran, jeung rea-rea deui.

Ngabina Tugas Sutradara

Kacida alusna lamun dalang jaba ti sagala bisa saperti anu diluhur teh, oge nyaho atawa ngawasa kana *tugas Sutradara* di antarana bisa ngawujudkeun:

a. Nada dasar;

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

b. Ngararancang cara jeung tehnik pidangan;
c. Nyusun mise en scene;
d. Pangaruh ka para nayaga jeung pasinden.

a. Nada Dasar

Anu dimaksud nada dasar di dieu, nya eta warna lalakon nu mere ciri kawajiban jeung salawasna natrat dina panyutradaraan. Warna lalakon mibanda sifat-sifat di antarana:

— Mangrupa hiburan anu lalajo;
— Mangrupa prinsip dasar dina lalakon;
— Ngurangan kasedih anu kaleuleuwihi;
— Hirupna lalakon.

Mangrupa Hiburan

Suasana hiburan di dieu ngandung sifat-sifat gumbira, lucu, pikaresepeun jeung bisa nganteur kahayang masyarakat. Nepi ka anu lalajo teh ngarasa puas jeung ngarasa ni'mat tina eta pintonan.

Mangrupa Prinsip Dasar Dina Lalakon

Ti awal mula, dalang teh kudu geus ngabogaan prinsif dasar, naon anu rek dilalakonkeun dina eta pagelaran teh. Jeung naon maksudna, sangkan kumaha anu lalajo teh? Naha nu lalajo teh rek dididik, dibere luang dina enggoning hirup kumbuh ku jalan ngalalakonkeun carita wayang? Cindekna dalang teh kudu siap bebekalan ti imah mula, sangkan dina prungna ngawayang henteu gugulayap deui. Ku jalan ieu ki dalang bakal leuwih mundel garapanana. Lantaran geus tatahar ti anggalna.

Di dieu dalang kudu iceus jeung ringeus, naon, kumaha karesepna masyarakat nu rek dipangwayangkeun teh? Ti lapisan masyarakat mana anu rek dipangmanggungkeun teh? Naha ti golongan, tani, agamá, dagang, jeung rea-rea deui. Nu matak kacida alusna lamun pisaminggueun deui atawa sababaraha poe deui rek manggung, kudu di langlang heula (orientasi).

Ngurangan Kasedikan nu Kaleuleuwihi

Teu saeutik di antara para dalang sok tonggoy dina salah sahiji suasana, kajongjonan. Utamana dina adegan sedih, sok terus

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nguplek wae dina eta suasana, sok digegedekeun. Hal ieu matak nimbulkeun kabosen jeung kakeuheul nu lalajo, pangpangna anu hayang hiburan. Geusan ngabalikkeun deui suasana, ki dalang kudu bisa mawa pidangan ulah nepi ka ngayayay karasana.

Hirupna Lalakon

Nu midangkeun wayang kudu bisa ngusahakeun, yen ngawayang teh kudu hirup. Usaha ieu bisa ku sababaraha cara. Di antarana nyusun adegan-adengan anu teu mengpar tina aturan tapi matak hirup ku ayana selang sekar. Anu dimaksud ku istilah "selang sekar" di dieu nya eta robah-robah suasana adegan antara sedih, bungah, lucu jeung hidmat anu disusun nepi ka henteu tonggoy dina salah sahiji adegan. Nya kitu deui dina paguneman ulah jongjon dina hiji masalah, tapi kudu saliwat-saliwat, ulah kaciri ngahajakeun.

b. Ngarancang Cara Jeung Teknik Pidangan

Jaba ti usaha-usaha anu di luhur, geusan ngahirupkeun pidangan, kacida alusna lamun dibarengan ku ngararancang cara jeung tehnik pagelaran. Anu dimaksud rarancang di dieu, nya eta ngatur-ngatur waktu pintonan, anu diluyukeun jeung jalanna lalakon. Di mana jeung iraha dalang bisa ningalikeun wewesenna tina widang merangkeun, ngigelkeun wayang, iraha bisa nyelapkeun falsafah hirup manusa, iraha bisa ngaguar dina bagbagan agama, di mana bisa ngabahas tina widang pendidikan? Di mana dalang bisa nempatkeun anu daria, jeung rea-rea deui. Eta kabeh kudu geus bisa dirarancang ti anggalna keneh.

Lamun geus ngawujud eta rarancang, kari mikiran tehnik pidangan anu aya hubunganana jeung pangabisa, kostum katut kakurangan diri pribadi. Nepi ka kakurangan pribadi teh, henteu kaciri ku anu lalajo, lantaran kasimbutan ku onjoyna ti anu lianna.

c. Pangaruh ka Para Nayaga Jeung Pasinden

Jaba ti ngalaksanakeun pancenna teh, para juru gending jeung pasinden, sakapeung mah sok milu lalajo garapan dalang. Malah aya nayaga anu ngarasa hayang buru-buru nepi ka hiji adegan anu

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dipikaresep ku manehna. Lantaran lamun geus nepi kana età adegan, bakal ngarasa leuwih pogot lalajona sarta sumanget dina garapannana. Masalah ieu teh salah sahiji pangaruh pangabisà dalang ka salah sahiji nayaga. Pangaruh anu kieu anu kudu terus dimumule sangkan età pidangan teh meunang dorongan ti para nayaga jeung jurusekar. Cohagna saincak-incak teh matak pagot boh ka anu narabeuh boh ka anu lalajo. Komo lamun età adegan anu dipiharep ku nu narabeuh tadi, dina saban pidangan beda-beda cara midangkeun jeung dina pagunemanana, henteu eta-eta keneh, henteu ngabosenkeun.

2. Seni Peran/Acting

Seni peran/acting dina pidangan wayang teh ngawengku sababaraha di antarana:

a) Konsentrasi;
b) Ingatan Emosi;
c) Pengamatan;
d) Laku Dramatik.

a) Konsentrasi

Anu dimaksud konsentrasi' teh nya età *museurkeun pikiran.* Lamun dalang rek ngaluarkeun wayang anu mibanda sifat sarakah, angkara murka, ki dalang kudu ngaleungitkeun sifat watak dirina pribadi, diganti ku jiwa saperti wayang tadi. Kumaha kasarakahan jeung kangkara-murkaan età wayang teh. Saolah-olah dalang teh jadi età wayang. Ku jalan età pikiran henteu mancawura, tinangtu età pidangan moal gagal. Kalayan si anu lalajo oge bakal meunteun, yen nu mintonkeun età wayang teh bener-bener bisa ngajiwaannana, nepi ka asa bener kitu kuduna nagelarkeun età tokoh wayang teh. Anu matak aya babasan: Sukma wayang maring dalang, sukma dalang dianuting wayang. Aya deui anu disebut loro-loroning tunggal tea. Ibarat gula jeung amisma, kembang jeung seungitna damar jeung caangna.

Jadi pamuseuran pikiran teh per-lu pisan dimumule jeung dironjatkeun sangkan bisa ngajiwaan kana garapan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

b) Ingatan Emosi

Lamun dalang rek mintonkeun adegan sedih atawa susah, manehna kudu bener-bener bisa nginget-nginget kajadian alam ka tukang mangsa manehna meunang kasedih atawa kasusah tea; nepi ka eta kajadian teh, asa harita rek manggungkeun wayang dina eta adegan, karandapanana teh. Asa kagugah deui mangsa-mangsa keur sedih teh. Eta kasedih teh bisa dilarapkeun kana eta pidangan. Cindekna urang bisa nepakeun kasedih kasusah urang kana eta wayang atawa adegan. Eta disebutna ingatan emosi teh.

Sakabeh dalang kudu kuat "ingatan emosina" sangkan bisa ngajiwaan kana pagelarannana. Nu matak loba anu lalajo murag-keurí cipanon, dina mangsa dalang mintonkeun adegan sedih, atawa nu lalajo ngarasa bungah mangsa dalang midangkeun adegan bungah, sarta anu lalajo bakal ambek atawa keuheul lamun ki dalang keur nembongkeun adegan pikacuaeun. Eta hartian pidangannana teh alus "sukses". Tapi sabalikna lamun ki dalang henteu bisa ngungkabkeun kajadian saperti anu di luhur, eta pidangan teh bakal gagal, kadangkala diparoyokan, digeuh-geuykeun sarta ditinggalkeun ku anu lalajo.

c) Pengamatan

Anu dimaksud pengamatan di dieu nya eta teuleuman rasa/ paneuleuman-rasa. Upamana, dalang rek midangkeun wayang raja, sok sanajan urang teh can ngalaman jeung ngarasa kumaha jadi raja, tapi tetep dalang mah kudu bisa ngarasakeun neuleuman kumaha gerak-.gerikna, rengkak-polah, tindak-tandukna nu jadi raja. Eta kabeh kudu bisa dilarapkeun kana eta wayang. Lamun dalang rek mintonkeun wayang Pandita, urang kudu bisa neuleuman tindak-tanduk, rasa jeung parasaan nu jadi pandita, sok sanajan urang teh teu ngalaman jadi eta pandita. Cindekna lamun jadi dalang mah kudu bisa neuleuman rasa saantero nu kulemip di alam dunya, utamana anu aya hubungan jeung pintonan wayang (ngadalang).

Nu matak teu aya gorengna lamun dalang ngabandungan jeung ngalenyepan garapan anu sejen. Urang bisa mulungan hal-hal anu kira-kira di anggap alus ku urang. Tapi lain ngandung harti yen

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

urang kudu jadi "duplikat", ngan ieu mah saukur neang luang jeung daluang ti papada urang. Ku jalan kitu, ki dalang bisa ningali kakurangan jeung kaonjoyan pidanganana, geusan pikiraneun urang.

d) Laku Dramatik.

Anu disebut laku dramatik di dieu nya eta hirupna pidangan dina salah sahiji adegan, nepi ka karasa eta pidangan teh teu matak ngabosenkeun nu lalajo. Malah atmasukma nu lalajo teh kaceot ku eta adegan.

leu laku dramatik teh bisa, diwangun ku sababaraha rupa cara. Di antarana ku jalan entep-seureuhna paguneman, nepi ka teu karasa pidangan teh geus ngambah puncakna/klimak. Tegesna anu nyaraksian teh ngarasa kabawa jeung saolah-olah milu dina eta pidangan.

Hirupna eta adegan, ku pinterna dalang dina ngatur antawacana, lentongna basa, jeung jejerna nu keur diobrolkeun sarta undak-usuk basana, bener larapna dibarengan ku selang-sekarna antara nu daria jeung hiburan. Eta kabeh bakal ngahudang laku dramatik dina ngawayang/ngadalang.

3. Diksi

Upama urang lalajo sandiwara atawa gending karasmen sok aya dubingan atawa "soman" ceuk istilah sandiwara mah, nu maraen teh ngan ukur petawatawa rengkak-polana wungkul, lantaran ucap-ucapanana mah, dilaksanakeun ku anu sejen. Hal ieu teh sarua wae jeung dalang anu nyaritana, anu oyag-oyaganana nya eta leungeun wayang anu digerakkeun ku eta dalang. Ku cara ngagerakkeun eta leungeun wayang, nu lalajo nyaho, yen anu keur nyarita teh nya eta wayang anu digerakkeun leungeuna. Jadi dina pintonan wayang mah, pikeun ngeceskeun wayang anu mana anu keur nyarita teh, nya eta ku jalan ngagerakkeun atawa ngobahkeun anggota badan. Dina ieu pintonan disebutna *diksi.* Lamun dalang keur midangkeun wayang. keur ngomong, tapi henteu ngoyagkeun leungeun atawa ngobahkeun badan wayang, hartina diksi kurang diperhatikeun.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Beda deui jeung isyarat wayang, ku ngobahkeun leungeunna. Upamana raja marentahkeun yen tamu sina asup, ku jalan ngagupaykeun leungeunna, Nu kitu disebut gesture.

Aya deui istilah sejen anu bisa dipake dina padalangan di antarana movment. Nya eta mindahkeun panyicingan wayang-wayang anu keur dipanggungkeun; contona si Cepot keur ngobrol jeung si Dawala kadang-kadang panyicinganana dipindahkeun. leu teh hiji usaha sangkan nu nyaraksian ulah nepi ka bosen. Kabiasaan anu kieu teh mindeng digarap ku para dalang, ngan istilahna wungkul anu teu dipalire teh. Tapi ari kana maksud jeung tujuan mindahkeun panyicingan wayang mah nyarahoeun pisan para dalang teh.

4. Kontruksi Pentas

Geus kitu galibna lamun arek lalajo wayang sangkan tumaninah, sok nareangan tempatna masing-masing di mana wae anu dianggap genah jeung merenah. Jadi nu lalajo wayang sok marerenahkeun maneh. Sok aya anu di hareupeun dalang, di kencaeun, di katuhueun jeung di tukangeun dalang caricingna anu lalajo teh. Jadi anu lalajo teh cicing di 4 madhab. Tapi lamun di rohangan anu negla mah turta eta panggung wayang aya di tengah-tengah, nu lalajo teh ngawangun buleudan. Aya deui wangunan sejen nya eta upama pintonan wayang teh di gedongan upamana di gedong Rumentang Siang, di Yayasan Pusat Kebudayaan di jalan Naripan Bandung, di gedong Auditorium ASTI/STKI Bandung di jalan Buahbatu 212 Bandung, nu lalajo teh ngawungkul di hareup.

Lamun urang lalajo wayang cicingna di hareup, eta gebog atawa jagat wayang teh, katingalina siga gurat panjang ngagendat. Tapi najan kitu ki dalang geus bisa ngatur kumaha carana sangkan nyicingkeun wayang ulah katara patumpuk. Saperti anu di handap ieu.

Nu lalajo

& &

a

b ~ & ' & 4 5

1 Z

dalang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Katerangan: a = jagat luar = paranti raja
b = jagat jero = paseban

Lamun anu di luhur teh ngagambarkeun adegan Amarta, wayang- wayang anu di pidangkeun teh nya eta:

1. = Sadewa
2. = Nakula
3. = Arjuna
4. = Darmakusumah/Raja Amarta
5. = Jayasena

Tapi lamun eta adegan teh Astina, wayang-wayang anu dipanggungkeun nya eta:

1. = Aswatama
2. = Jayadrata
3. = Dorna
5. = Baladewa
6. = Dipati Karna

Aya deui wayang-wayang anu disusun saperti kieu:

& - & & - &

_ &_____& _
_ 1 _ 2 _ 3_____4 _ 5 _ 6

Katerangan: Adegan Tumaritis katatamuan ku aleutan Astina

1. = Aswatama
2. = Jayaderata
3. = Dorna
4. = Semar
5. = Astrajingga
6. = Dawala

Lamun anu di luhur ngagambarkeun adegan di perjalanan Gatotgaca jeung ponggawa ti nagara sejen.

1. = Buta Gendul
2. = Buta Terong
3. = Patih/ponggawa utusan
4. = Gatotgaca
5. = Si Cepot
6. = Dawala

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ari adegan mimiti/jejer mah geus jadi kabiasaan wayang-wayang anu dipanggungkeun teh saperti kieu:



Lamun anu di luhur teh jejer nagara Amarta, wayang-wayang anu di panggungkeun teh nya età:

1. Nakula, 2. Sadewa, 3. Arjuna, 4. Samiaji, 5. Bima. Adegan Astina, wayang-wayang nu dipanggungkeun teh di antarana:
1 = Sakuni, 2 = Xarna, 3 = Baladewa, 4 = Suyudana, 5 = Dorna.

Ari dina jejer Meralaya mah wayang-wayang anu dipanggungkeun teh:

1 = Udawa
2 = Samba
3 = Satiaki/Padmanegara
4 = Kresna
5 = Parekan

Dina adegan Resi Gotama, kieu:

1. Sugriwa = Raden Jaka Wilantra
2. Sobali = Bangbang Guarsa
3. Anjani
4. Resi Gotama
5. Dewi Indraji

Pokona gambaran kontruksi pentas anu di luhur bisa jeung biasa dilarapkeun dina adegan mimiti wae, gumantung kana carita bubuka anu rek dipidangkeun tina saban lalakon.

Bisa jadi kabeneran wae dalang-dalang teh geus nyaraho kana nempat-nempatkeun wayang-wayang dina 'panggungan teh. Atawa bawaning ku tukuh kana tradisi pituduh nu jadi guru. Bisa jadi maranehna nyaho tempat-tempat anu kuat pikeun nempatkeun wayang-wayang anu luyu reujeung teori, ngan dina padalangan/pawayangan mah dibalikkeun wungkul. Ari kitu tea mah pantes, lantaran età wayang-wayang teh kudu pahareup-hareup jeung dalang. Cindekna rada beda jeung pidangan Sandiwara

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

atawa Drama anu teu kudu pahareup-hareup jeung dalang. Tapi lamun Sandiwara midangkeun carita wayang, kapaksa make dalang anu diukna di hareup bareng jeung juru gending. Sok sanajan kitu tetep keneh wae beda jeung kontruksi pawayangan, lantaran cicingna dalang samadhab jeung anu lalajo. Sedengkeun pidangan wayang mah dalang pahareup-hareup jeung anu narongton. Sangkan leuwih aces urang gambarkeun tempat-tempat anu kuat dina pentas, saperti anu di handap ieu:



Katerangan:

Panggung dibagi 3 wilayah kakuatan nya età wilayah hareup (a), wilayah tengah (b) jeung wilayah tukang (c).

Dina panggung wayang anu pangkuatna teh nya età Aj, tapi lantaran tehnik kurang harmonis, jadi wilayah anu pangkuatna teh dipindahkeun kana A2. Sedengkeun dina panggung Sandiwara mah luyu jeung teori, saperti kitu, nya età wilayah anu pangkuatna teh A.

Dina panggungan wayang mah wilayah anu pangkuatna teh pikeun nonjolkeun wayang anu keur nyarita bari dicepengan, teu ditancebkeun dina gebog, Ari dina panggung sandiwara mah, wilayah A teh geusan nonjolkeun peran anu pangpentingna dina età adegan. Upamana Raja, at^wa nu boga lalakon dina età adegan.

Dina enas-enasna mah, wilayah anu kuat pikeun tempat-tempat wayang teh teu pajauh jeung teori, ngan ukur tibalik arah wungkul.

A lur ·Pänggung

Upama urang rek indit-inditan boh kamana wae, pamangkatan teh ti imah. Tinangtu balikna oge ka imah deui. Panon poe tara salah nya surup. Nya kitu deui dina padalangan oge lamun wayang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

asup ti kenca, balikna oge atawa ka luarna oge ka beulah kenca deui. Lamun asup ti katuhu ka luarna oge ka beulah katuhu deui. Saperti anu di handap ieu:



Dalang

Tetela dalang nurutkeun tradisi teh, sok sanajan maranehna tara tetelepek naon sababna kudu kieu, naon sababna kitu, alur kapungkur luang ka tukang teh henteu ngan ukur kitu wae, tapi aya teori-teori anu mandiri. Malah leuwih ti kitu, dalang bisa ngaropea jagat anu ukur mangrupa gurat ngendat panjang, bisa jadi 3 dimensi (rohangan). Nya età jadi bagian darat, laut jeung langit. Lamun Satiaki meunang musuh anu dibeberik ku para putra Pandawa, kabeh anu geus ngabeberik teh sok dikumpulkeun. Mangsa datang sewang-sewang di antarana Gatotgaca turun ti jomantara, Jakatawan, ka luar ti dasar laut, Ontareja ka luar ti dasar bumi, saterusna maruru ka Satiaki. Mangsa daratangna ti masing-masing madhab, kalayan parigel dalang teh bisa ngabedakeun mana rohangan laut, rohangan darat jeung rohangan luhur/mega. Nepi ka anu narongton oge bakal ngarti kana maksud garapan età dalang. Leuwih ti kitu aya di antara dalang-dalang anu bisa ngaropea deui, nepi ka leuwih payus, alus jeung manis. Upamana Ontareja anu rek ka luar ti jero taneuh. Kabeneran palebah ka luarna età wayang teh aya wayang sejen keur ngajengjen di età tempat. Jadi dina waktu ngaburalukna Ontareja ti jero taneuh, wayang anu cicing tea, tijuralit lantaran ka dua sukuna kasurungkeun ku sirah Ontareja. Di dieu bakal leuwih kaciri hirupna età adegan teh. .Sabenerna mah masih loba conto-conto sejen dina masalah alur panggung, jeung pangropea para dalang nepi ka pidangan ngawayang leuwih hirup. Tapi urang cukupkeun sakieu heula.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

BAB IV
SILSILAH

Teu saeutik di antara para dalang urang ayeuna, anu kaliru atawa pacelon sarta pahili larapna boh tina:

A. Padumukan wayang-wayang;
B. Sanjata/gagaman wayang;
C. Silsilah wayang-wayang;
D. Silsilah para dalang di Priangan;
E. Dañar riwayat hirup para dalang;
F. Daftar para dalang pinilih.

A. PADUMUKAN WAYANG-WAYANG

Nu nulis mindeng pisan ngadenge boh obrolan para dalang boh nyaksian ngawayang anu:

1. Kaliru padumukan wayang-wayang;
2. Sieun salah.

1. Kaliru padumukan wayang-wayang

Teu saeutik di antarana para dalang di Pasundan, pangpangna dalang anu kurang atawa era tatanya tina hal padumukan wayang, antukna sok sabelong bentor. Upamana padumukan Narada di Sawarga atawa di Jongring Salaka satempat jeung Batara Guru. Wisata ti nagara Astina, Satiaki di Meralaya, Bima di Pringgandani, jeung sajabana. Lamun dilelekan mah, kacida kaliruna, lantaran eta teh lain tempatna. Sok sanajan bener di antara wayang-wayang nu di luhur dinesna di eta tempat. Tapi kapan eta mah tempat digawe lain padumukan manehna jeung kulawargana.

2. Sieun salah

Aya deui di antara dalang anu sieun salah atawa sieun disebut

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kaliru tea lamun manehna rek nyebutkeun padumukan wayang-wayang anu cindek mah. Kulantaran kitu aya hiji akal sangkeun ulah disebut salah atawa sieun kaliru tea, nya nyebutkeun padumukan wayang teh sok diradkeun wae. Contona: Gatotgaca, Jakatawan, Arjuna, Samiaji, Kresna, Bima, Arimbi, Abimanyu sok disebutkeun di Amarta wae. Nya kitu deui Baladewa, Dipati Karna, Dursasana, Dorna sok disebutkeun nagarana wae nya eta Astina. Memang eta teh bener kitu, jeung moal salah-salah teuing, lantaran ari nagarana mah bener kitu. Beda deui jeung nyebutkeun Narada padumukanana di Jongring salaka, età mah kacida salahna; lantaran ari Narada mah di Suduk Mangudal-udal. Tapi sanajan yen eta wayang teh nagarana bener di dinya, kacida alusna lamun dalang ngagambarkeun adegan padumukan wayang teh disebut padumukanana anu cindek, saperti di händap ieu:

NGARAN-NGARAN PADUMUKAN WAYANG-WAYANG

Abiasa Padumukanana di Sapta Arga/Sapta Rengga, dina padalangan urang.

Abimanyu Padumukanana di Palangkawati
Anantaboga Padumukanana di Saptapatala
Anggada Padumukanana di Kiskenda
Anila Padumukanana di Suwelagiri
Anjani Padumukanana di Arga Belah
Anoman Padumukanana di Kendalisada
Antaboga Padumukanana di Saptapatala
Aladara Padumukanana di Widara Kandang
Aradea Padumukanana di Tablakancana/Tabel Suket
Arayana Padumukanana di Widara Kandang
Arasoma Padumukanana di Mandaraka
Arimba Padumukanana di Pringgandani
Arimbi Padumukanana di Pringgandani
Arjuna Padumukanana di Madukara
Arjuna Sasrabahu Padumukanana di Mahespati
Asmara Padumukanana di Mayaretna
Aswatama Padumukanana di Ujung Lautan
Ardawalika Padumukanana di Saptapatala

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Bagaspati Padumukanana di Arga Dumilah/Arga Belah
Banyusuta Padumukanana di Tablakmanginten
Banapati Padumukanana di Ayodya
Banaputra Padumukanana di Ayodya
Banaspati Padumukanana di Arga Dumilah
Barata Padumukanana di Ayodya
Baratmaja Padumukanana di Atas Angin
Bargawa Padumukanana di Mahespati
Basudewa Padumukanana di Mandura
Baruna Padumukanana di Dasar Samudra
Basuketi Padumukanana di Wirata
Basuki Padumukanana di Saptapatala
Basukeswara Padumukanana di Wirata
Basukunti Padumukanana di Mandura
Basu Murti Padumukanana di Wirata
Basunanda Padumukanana di Meralaya
Bima Padumukanana di Manggulpawenang
Bisma Padumukanana di Astina
Bismaka Padumukanana di Kumina
Bisrawa Padumukanana di Sangela
Brahma Padumukanana di Agradahana/Dkuhsinageni
Brajadenta Padumukanana di Patapan Banumudal
Braja Lambatan Padumukanana di Patapan Banumudal
Braja'Musti Padumukanana di Patapan Banumudal
Braja Wikalpa Padumukanana di Patapan Banumudal
Brajawisesa Padumukanana di Pelebur Gangsa
Boma Narakasura Padumukanana di Trajutrisna
Burisrawa Padumukanana di Pangbutulan
Cepot Padumukanana di Karang Tumaritis
Citradarma Padumukanana di Magada
Citragada Padumukanana di Magada
Citrawati Padumukanana di Mantili
Citrawirya Padumukanana di Magada
Cakraningrat Padumukanana di Sawarga
Citrayuda Padumukanana di Astina
Dananjaya Padumukanana di Madukara

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Danaraja Padumukanana di Lokapala
Darmakusuma Padumukanana di Amarta
Dasamuka Padumukanana di Alengka
Dasarata Padumukanana di Ayodya
Dasawikrama Padumukanana di Lokapala
Destarata Padumukanana di Astina
Dewasrani Padumukanana di Tunggul Malaya
Dorawati Padumukanana di Meralaya
Drona Padumukanana di Sokalima
Drupada Padumukanana di Pancaladirja
Drupadi Padumukanana di Pancaladirja
Duryudana Padumukanana di Astina
Dursasana Padumukanana di Banjar Jumut
Durmagati Padumukanana di Sebralambangan
Dursilawati Padumukanana di Bandakeling/Kalingga
Dramayaka Padumukanana di Hima-hima maya
Durga Padumukanana di Setraganda Mayu
Ekalaya Padumukanana di Paranggelung
Ekawarna Padumukanana di Gandamadana
Endra Padumukanana di Kahendran
Erangbaya Padumukanana di Jawastina
Erawati Padumukanana di Mandura
Gagarmayang Padumukanana di Kahendran
Gandamaya Padumukanana di Pancaladirja
Gandamanah Padumukanana di Pancaladirja
Girinata Padumukanana di Jongringsalaka
Gatotgaca Padumukanana di Pringgandani
Ganesa Padumukanana di Gluntur Tinatar
Gohmuka Padumukanana di Lokapala
Gotama Padumukanana di Argabelah
Guarsa/Sobali Padumukanana di Argabelah/Keskinda
Hamjaya Padumukanana di Widarba
Hamingjaya Padumukanana di Jawastina
Harimurti Padumukanana di Untara Sagara
Harinyasroma/Bisma Padumukanana di Astina
Indra Padumukanana di Kahendran

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Indraji Padumukanana di Argabelah
Indrajit Padumukanana di Alengka
Irawan Padumukanana di Kahendran
Ismaya Padumukanana di Kahiyangan/Tejamaya
Jayabaya Padumukanana di Widarba
